# IУАЩХЬЭ МАХУЭ

Адыгэ тхакIуэхэм я журнал
1958 гъэ лъандэрэ къыдокI

2012 гъэ

3

Май – Июнь

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хъыбарегъащ Iэ Iуэхущ IапIэхэмкIэ и къэрал комитетымрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзымрэ къыдагъэкI

Редактор нэхъыщхьэм
и къалэнхэр зыгъэзащIэр

**Елгъэр Кашифщ**

*Редколлегием хэтхэр:*
Джэрыджэ Арсен, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид,
КхъуэIуфэ Хьэчим, Тхьэгъэзит Зубер, ХьэкIуащэ Андрей

Налшык
2012

# Iуащхьэмахуэ (Эльбрус)

На кабардинском языке

*Учредители:* Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по средствам массовой информации (360000,КБР, г.Нальчик, пр. Ленина, 5), Общественная организация Союз писателей Кабардино-Балкарской Республики (360000, КБР, г.Нальчик, пр. Ленина, 5, офис 501)

**И. о. главного редактора Кашиф Эльгаров**

Редакционная коллегия:
**Арсен Гергов, Хамид Кажаров, Хамид录Кармоков, Хачим Кауфов, Зубер Тхагазитов, Андрей Хакуашев**

Корректор – **Марина Жекамухова**
Компьютерный набор и верстка – **Зарета Князева**

Подписано к печати 08.06.12. Формат 70×108$^1/_{16}$. Бумага газетная. Печать офсетная. Усл. п. л. 12,2. Уч-изд. л. 11,5. Тираж 2000 экз. Заказ № 139. Цена в розницу – договорная.

Индекс издания: 73926
Регистрационный № Н-0036
Адрес редакции: КБР,г.Нальчик,пр.Ленина,5.

Отпечатано на ООО «Тетраграф». КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника Заурбека Бгажнокова

## КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ИТХЭР:

Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ щрикъум ирихьэлIэу
**Лохвицкий Михаил**. Уафэгъуагъуэ макъ. Повесть ........ 3

**Мыз Ахьмэд.** КIэртIоф гъэваитI. Рассказ ........ 26

### ЖЬАНТIЭ

**Елгъэр Кашиф.** УщIехъуэпсэн лIыгъэ зыхэлъа усакIуэшхуэ........ 37
**Отаров Керим.** Усэхэр........ 42
**Жьыщхьэ махуэ**........ 46
**Хьэнфэн Алим.** Усэхэр........ 47
**Елгъэр Кашиф.** Адыгэ литературэм лъэужьыфI къыхэзына........ 50
**КIэрэф Мухьэмэд**. Сэфар и щакIуэ хъыбархэм щыщхэр........ 54
**Литературэдж, публицист, зэдзэкIакIуэ Iэзэ**........ 68
**КIурашын БетIал.** Хъыбархэр........ 69
**Зи цIэр зэи ящымыгъупщэжынухэм ящыщщ**........ 73
**Теппеев Алим.** Рассказхэр........ 74
**IэщIагъэ куэдым хуэIэижьт**........ 79
**ХьэцIыкIу Хьэсэн.** Усэхэр........ 80
**Дэнэ щымылэжьами**........ 84
**Щокъуий Къадир.** Критикэр дзагуэу щытын хуейкъым........ 85
**Хэку зауэшхуэр ди ТекIуэныгъэкIэ зэриухрэ илъэс 67-рэ ирокъу**
**Коммодов Геннадий.** 175-нэ дивизэм Щхьэлыкъуэ щыщхэри хэтащ........ 91
**АфIэунэ Рае.** Зауэ гъуэгуанэхэми лэжьыгъэ IэнатIэхэми щыпэрытащ...... 95
**Гамзатов Расул.** Кърухэр........ 99

### КУЛЬТУРЭМ И ЛЪАХЭМ

**ХьэкIуащэ Андрей.** ЩоджэнцIыкIу Алий и тхыгъэ дызыщымыгъуэзар........ 100
**ЩоджэнцIыкIу Алий.** Лениным сызэрыIущIар........ 101
**Ержыб Аслъэн.** Илъэс пщIей гъуэгуанэм къриубыдэу... ........ 103
**Тхьэмокъуэ Женя.** Лъэпкъ гулъытэ зыхуэфащэщ........ 107
**Хъуэжэ Жаннэ.** Псэлъыхъубзэ........ 113
**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** «Губгъуэ зэрыджэр» гугъэфIкIэ къызоджэ... ........ 117
**Тхьэгъэпсэу Анатолэ.** Дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ дэрэ........ 121
Нарт Сосрыкъуэ и хъыбархэр........ 125

### ХЪУЭЖЭ И КУЭБЖЭ

**Нало Заур.** Хъыбархэр........ 135

*Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ щрикъум ирихъэлIэу*

ЛОХВИЦКИЙ Михаил

# УАФЭГЪУАГЪУЭ МАКЪ

*Повесть*

***Си адэшхуэ Лохвицкий (Аджыкъу-Джэрий) З. П. и фэеплъу***

*«ЦIыху псори зы лъэпкъыу щытащ,*
*иджы зэбгрыкIащ армыхъу...»*



Къэралым и ней зыщыхуа сэ, Кайсаров Яков, щIыпIэ пхыдзам, Тунгуз псыщхьэ е, тунгузхэр зэреджэмкIэ, Ангара, сыкъыщIыщыхутами къалэмыр къыщIэсщтами щхьэусыгъуэ зыбжанэ яIэщ. Сэ сагъэкъуэншащ дзэм сепцIыжауэ, пащтыхь унагъуэм хуэмыфащэ еспэсауэ пцIы къыстралъхьэри. Пэжыр жысIэмэ, щхьэусыгъуэ нэхъыщ-хьэр зыт, ар лъабжьэ хуэхъуащ абы къитэджыкIа псоми.

Сэ сытхакIуэкъым, письмо фIэкI нэгъуэщI гуэри стхакъым иджыри къэс, абы хуэшэрыуэ сыхъуауэ ялъытэми. Дауэ зэриублэр тхакIуэм и романыр е и повестыр, е гукъэкIыжхэр итхыжын мурад зыщIым дэнэ деж къыщыщIидзэр – абы сыщыгъуазэтэкъым. Си гукъэкIыжхэр стхыжын мурад сщIатэмэ, ар къызэмыхьэлъэкIынкIи хъунт. ГукъэкIыжхэр зытхыж куэд исщ нобэ Урысейм. Абыхэм зэраублэр мыращ: «Сэ мыпхуэдэ щIыпIэм сыкъыщалъхуащ...» Е: «Си адэшхуэр мыращ-моращ...» абыкIэ къы-щIэбдзэмэ, ущIихьэнурэ кIэи пэи иIэнукъым. Гу зэрылъыстамкIэ, апхуэдэ тхыгъэхэм нэхъ дихьэх хабзэр цIыху щхьэщытхъухэрщ: абыхэм къазэрыщыхъумкIэ, я гъащIэри я дуней тетыкIэри щIэблэм я дежкIэ щапхъэщ, гъуазэщ. Апхуэдэ гукъэкIыжхэр зэбгъэщхь хъунур Калугэ щыщ сатуущIэ, сыщымыуэмэ, Опришкин зи унэцIэм зыхуигъэувыжа фэеплъырщ. Абы скъарым къыхэщIыкIа мывэ упсам жор трищIыхьри, и гупэм дыщэпскIэ тритхэжат: «Фыкъызэплъ, Тхьэм и нэфI зыщыхуэнхэ, мыр зи фэеплъыр сэращ – Хэкум хуэлэжьэным зи гъащIэ псор щхьэузыхь хуэзыщIу цIыху-хэм пщIэшхуэ зыхуащIу псэуарщ». Дауи, сэ абы щапхъэ гуэри тесхыну сыхэткъым, къалэм къэсщтауэ щхьэгъубжэм сыщIыбгъэдэсри си щхьэр згъэфIэн щхьэкIэкъым.

Щхьэгъубжэм сыдэплъмэ, си нэм къыIуидзэр утхъуауэ ежэх Ангара псышхуэрщ, къалэмри зэрыжыIэмыдаIуэ: тхылъымпIэ напэ дапщэ зэфIэстхъыжурэ жэщ кIыфIым хэздзар! Гъуни нэзи зимыIэ губгъуэ нэщIым игъуэщыхьа цIыхум себгъэщхь хъунущ сэ. Тхыбзэм сыхуэмышэрыуэми, къалэмыр къыщысщтакIэ, сыщIегъуэжынкъым, си нэгу щIэкIамрэ си гум къинамрэ стхыжынщ, кIыхьи зезгъэщIынкъым, стхар зэзгъэзэхуэжу, къистхыкIыжуи зезгъэлIэлIэнкъым – зэрыхъуIамэ хъунщ. Езгъэлеяуэ е сщыгъупщаIауэ къызыфIэщIыни къыкъуэкIынщ – псори арэзы пхуэщIынукъым. Губгъэн къысхуэзыщIын къыфхэкIмэ, сызэрывэлъэIунур

зыщ: мы гукъэкIыжхэр фи пащхьэ изылъхьэр къалэмыр зыгъэшэрыуэф тхакIуэкъым – къуэды зытралъхьа, дзэ къулыкъур зрагъэбгына поручик щIалэщ. Псом ящхьэращи, пэжым фыщымыщтэ закъуэ – иредыдж ар е иреIэфI.

ТрезгъэтхыкIынщи, гъуэгу сыщытехьэкIэ, си гукъэкIыжхэм я зы экземпляр дзыхь зыхуэсщI гуэрым къыхуэзгъэнэнщ, ихъумэн щхьэкIэ. Япэ экземплярыр «Отечественные записки» журналым езгъэхьынщ. Хэт сыт жиIэми, сэ къызэрысщыхъумкIэ, ар зи пщIэр нэхъ лъагэ ди журналхэм ящыщщ нобэ. Традзэмэ, си мурадыр къызэхъулIауэ слъытэнущ, традзэми, гукъанэ яхуэсщIынукъым – апхуэдэ Iэджэ Iэрохьэ абы, псори пхутедзэн? Хэт ищIэрэ, си Iэрытхым зэгуэр щIэупщIэ иIэнкIи мэхъу. Дапщэщ щиIэнур – абы сыщыгъуазэкъым. Традзауэ сымылъагъуми, сигу къезгъэуэнукъым – сощIэж абы сыщыгугъыныр зэрыщхьэгъэпцIэжыр.

ЩIэх сытегушхуакъым мы тхыгъэм, Iэджэ зэпэслъытащ абы и ужь сихьэн ипэ. Ангара псыхъуэр хэщIапIэ схуэхъуа нэужь, тхылъ куэд зэхуэсхьэсауэ щытащ, абыхэм щыщ гуэрхэм щыгъуазэ сащIащ бгырыс лъэпкъхэм, псом хуэмыдэу шэрджэсхэм, кIэлъызэрахьэ леймрэ залымыгъэмрэ. Зэгуэрым ныскIэлъыкIуэгъащ зи нэIэм сыщIэтын хуей хьэтхауэ нэплъыснэIусыр. НыщIыскIэлъыкIуар игу сыкъэкIауэ аратэкъым, стемыплъэкъукIын хуейуэ и пщэ дэлъти аращ. Щежьэжым, зы тхылъ къыщыгъупщащ хьэтхауэм, Фадеев Р. А. иуцIырхъа тхылъырат ар – «60 лет Кавказской войны». А «тхакIуэм» и хъыбар зэхэсхат сэ, уеблэмэ, слъэгъуауи щытат, Кавказым и дзэпщ Барятинскэм деж сыщрихьэлIэри. Славян лъэпкъхэр псори Урысейм еувэлIэн хуейуэ илъытэрт абы. Кавказым щызетхьэ лIыгъэм тетхыхьын щIичэртэкъым. Щыслъэгъуам щыгъуэ гу зэрылъыстати, цIыху гурымыкъ гуэрт ар, и щхьэм имылъIами, и жьэр увыIэртэкъым, кIэщIу жысIэмэ, щхьэгъавэ гуэрт. Хьэтхауэм къыщыгъупща тхылъыр къысхуахьащ – сэр фIэкI абы къеджэфын истэкъым а куейм, адрейхэр щIэныгъэншэ защIэт. Тхылъым седжэн щIэздзащ, хьэлэмэт гуэр си гугъэри. Си нэгу щIэкIагъэххэт абы сызыщрихьэлIэ псори. СыкъыщыуIэбжьар мы псалъэхэм сынэса нэужьщ: «Дунейм текIуэдыкIыж лъэпкъым и иужьрей хьэдагъэт ар... Хы Iуфэр нэщI зэрыхъуар уигу къыщIеуэн щыIэкъым, аращ абыхэм яхуэфащэр». А псалъэхэр сигу техуакъым: тхылъыр хифIэсхуэри, Ангара и Iуфэм сыIухьащ. СыбэмпIати, псы Iуфэм сыIузэгъакъым. Iэпхлъэпх зысщIыжауэ щхьэ сис мы щIыпIэ пхыдзам?

СыкIуэсэн мурад щысщIар абы щыгъуэщ. СыкIуэсэн щхьэкIэ, гугъу сехьынутэкъым. ЩакIуэ сежьэурэ, мэзым мазэм щIигъукIэ сыщыщIэт къэхъурт, итIани зыми сыкъилъыхъуэртэкъым, си лъэужьыр зыми нихуртэкъым. Нобэ сыкIуэсами, си ужь щIэх нихьэнуIатэкъым – абы шэч къытесхьэртэкъым. Си анэ тхьэмыщкIэм къыщIэнауэ ахъшэ гуэри сиIэт – гъуэгу тхылъ зэзгъэпэщыным гугъу сыдехьынутэкъым...

Пхъэр ныскIэлъежьэрэ саубыдмэ, кIэ згъуэтауэ арат, гущIэгъу къыпхуащIынкIэ ущIэгугъэн щыIэкъым. Арат сызытегузэвыхьыр. Си нэгу щIэкIаи, сызыщыгъуази IэщIыб хъунут, щIыпIэ пхыдза садзрэ сикIуадэмэ. Сэ сщIэ псор хьэдрыхэ здэсхьакъэ итIанэ – сыхуит сэ абы, сыбэлэрыгъ хъурэ? Хьэуэ, сыхуиткъым: сщIэмрэ си нэгу щIэкIамрэ стхыжынщ япэ щIыкIэ – бэлэрыгъыпIэ зизгъахуэ хъунукъым апщIондэху...

* * *

Си ныбжьым ит цIыху гу пцIанэхэм сахуэдэт сэри, политикэм сыпэIэщIэт, хэсщIыкIи щыIэтэкъым, унафэ къытхуэзыщIхэм, дипломатием хьэжьпэжь хэхъухьахэм зэрахьэ хьэгъэщагъэхэр схузэхэхуртэкъым, газетхэм ятх псори си фIэщ хъурт, си нэр щIалагъэм къыщипхъуэрти. Дэ дызыщIапIыкIар дызрагъэдаIуэ псор ди гум идубыдэн зэрыхуейрт, ди щхьэр нэгъуэщI гупсысэхэм теткъутэ зэрымыхъунурат. Декабристхэм я щапхъэм пэIэщIэ дыхуащI зэпытт дэ, кадет щIалэхэр. 1825 гъэм и декабрь мазэм къэхъуауэ щытам и хъыбар традзэну хуиттэкъым газетхэр. Зи щхьэ палъахэм я цIэ-унэцIэ сщIэ фIэкI, нэгъуэщIкIэ сащыгъуазэтэкъым. Марлинский Александр и тхыгъэхэм седжауэ сыщыгъуазэт абы и унэцIэ дыдэм – Бестужев, зэхэсхат Кавказым къагъэкIуа нэужь, ар Ардылар деж щамыукIауэ, атIэ бгырысхэм яхыхьауэ. Апхуэдэ хъыбар щIэIуар абы и хьэдэр зэрамыгъуэтыжарагъэнт. Пащтыхьым IэщэкIэ пэува декабристым апхуэдэ хъыбар теIукIыныр зыхуэIуа щыIэтэкъым. Дэ, щIалэгъуалэм, ар нэхъ ди фIэщ хъурт, абы шэч къытетхьэ нэхърэ. Нэмыцэхэр зи нэ-зи псэ чиновникхэм шэрджэс Ардыларыр Адлеру зэрахъуэкIащ, апхуэдэцIэ зезыхьэ псы Богемием щежэх Эльбэ къызэрыхэхуэм щхьэкIэ е, хэт ищIэрэ, императорым и чэнджэщэгъу граф Адлерберг и гуапэ ящIын папщIэ.

А псор сигу къыщIэзгъэкIыжыр, зи ужь сихьэну Iуэхум щIэдзапIэ хуэхъункIэ согугъэри арщ. Зи ужь сихьэнум тегушхуэгъуафIэтэкъым а зэманым. СыщыщIалэм сытыт сэ Кавказым сызэрыщыгъуазэр? КIэщIу жысIэмэ, сызэрыщыгъуазэшхуэ щыIэтэкъым: абы щопсэу лъэпкъ Iэл Iэубыдып Iэншэхэр, гъунэгъухэр зыхъунщIэ абрэдж щхьэмыгъазэхэр, басурманкIэ зэджэ муслъымэн аслъыхэр – абыхэм кIэ иратыху, дэ, чыристэнхэм, псэхупIэ къыдатынукъым. Аращ дэ дыкъызыщIагъэтэджар. Сэ уэркъ унагъуэ сыкъихъуат, бгырыс Iэлхэм ялъ згъэжэн хуейуэ си пщэ къыдэхуэрт – арат абы щыгъуэ къызэрысщыхъур. КъинэмыщIауэ, шэрджэсхэр щхьэхынэ защIэт, акъыли гупсыси ядэплъагъуртэкъым. Марлинскэм жиIэр нэгъуэщIт: шэрджэсхэр цIыху щэныфIэщ, екIущ, губзыгъэхэщ, я щхьэ темылъ тралъхьэркъым, лэжьакIуэшхуэхэщ. Къэзакъ жылагъуэхэр зэрахъунщIэри, дилъ зэрагъажэри, псэхугъуэ къызэрыдамытри яхуэтшэчын хуейуэ къыттехуэрэ дэ, чыристэнхэм? ДыщычыристэнкIэ апхуэдэ гущIэгъу тхэлъын хуейщ дэ...

Кавказым сыкIуэн и пэ, си анэр слъагъун хуейти, Калугэ губернэм зыщысIэжьащ. Си анэм къызэрызжиIамкIэ, Калугэ дэс Щамил и цIэкIэ губернаторым Iэнэ къищтащ, езы Щамил къеблэгъэн идакъым, и гъусэхэр къигъэкIуащ. Ди анэм хуэIуэтэщIыртэкъым бгырысхэм ядилъэгъуа хабзэмрэ цIыхугъэмрэ. Сигу къокIыж и нэIуасэ гуэрым къысхуиIуэтэжа хъыбарри. 1861 гъэм сентябрым МамрыкъуэкIей къэкIуат пащтыхь дотэр – Александр ЕтIуанэр. Абы хуэзащ шэрджэс лIыкIуэхэр, елъэIуащ шэрджэсхэр я хэкум ирамыхун, зауэр ягъэувыIэн щхьэкIэ. ЛIыкIуэхэм къащIэгубжьащ пащтыхьыр: «Фхухэтха щIыпIэм фыIэпхъуэнщ е, хэкум фикIынщи, Тыркур егъэзыпIэ фщIынщ!» Ар жиIэщ, пащтыхьым и щIыбыр шэрджэс лIыкIуэхэм яхуигъазэри, IукIуэтащ. И гъусэхэм яжриIащ, и нэпсыр щIилъэщIыкIыурэ: «Си гъын къагъэкIуащ тхьэмыщкIэхэм». Офицерхэр итхьэкъуащ пащтыхьым хэлъ гущIэгъум, щIэх ягу ихуакъым абы далъэгъуа гумащIагъэр...

Троицкэ жылагъуэр Протвэ псым и Iуфэм Iусащ, ди адэм абы IэнатIэ щиIащ. Сэ сыщIалэ цIыкIут – илъэсибгъу сыхъуауэ арат – ди адэр дунейм щехыжам щыгъуэ. Воронцовэ-Дашковэ гуащэм, ЩIэнагъэмрэ гъуазджэм-

кIэ Урысей академиемими и япэ президенту щытам, и сэрей дэтащ ди жылэм, ар зезыхьэр ди адэрат. ЛIыжьхэм къызэраIуэтэжымкIэ, Воронцовэ-Дашковэрэ адмирал Нельсон хьэщыкъ зыхуэхъуауэ щыта Гамильтон Эммэрэ Италием щызэрыцIыхуауэ зэныбжьэгъут. Гамильтон гуащэр Троицкэм хьэщIапIэ къэкIуэгъауэ жаIэ. ЗэхалъхьагъэнкIи хъунщ а хъыбарыр, ауэ сэ сызыщыгъуазэращи, Троицкэм и гъунэгъуу ноби ущрохьэлIэ Гамильтон зи цIэ жылэ, ар Дашковэм игъэтIысауэ жаIэ. Гуащэм и сэрейм дыпэжыжьэтэкъым дэ. Сэрейр жыг хадэшхуэм хэтт, Екатеринэ ЕтIуанэм и цIэр зытратха мывэ пхъэбгъуи ущрихьэлIэрт хадэм, псы Iуфэм Iутт тхылъымпIэ щащI фабрикэ, абы пэмыжыжьэ члисэм щIэлът Дашковэм и хьэдэр. Жыг хадэр пабжьэ хъужакIэт, арат ар щIалэ цIыкIухэм кIуапIэ щIэтщIар. Пшапэр зэхэуамэ, мафIэхь цIыкIухэр къыхэлыдыкIырт къуацэ-чыцэм. Псыр интэкъым, ауэ къиуамэ, ухуэбэлэрыгъ хъунутэкъым. Кадет еджапIэм сыщIэтIысхьэн и пэ псым сыкIуэрейуэ щытащ, абы аштрамкIэ зэджэ псыдэр къыщытщыпырт. Цыжьбанэм хуэдэщ аштрамыр, ухуэмысакъмэ, укъиуIагъэххэщ. Псым зыщыдгъэпскIынкIэ дрикъуа нэужь, пхъэ сэшхуэрэ пхъэ фочкIэ дызэзауэрт. Сэшхуэри фочри тхуэзыщIыр зи ныбжь хэкIуэта унтер-офицер Кузьмин Тимофейт. Илъэс тIощIрэ тхукIэ къулыкъу щищIат абы Кавказым. Бгырысхэм я хъыбар сригъэдэIуауэ сщIэжыркъым сыщыцIыкIуам, сыкъыдэкIуэтея нэужь, кадет еджапIэм сыщIэтIысхьауэ, гъэмахуэм сыкъыщыкIуэжкIэ, Тимофей псэлъэгъу зэрысщIыным сыпылът. ЕджапIэр къэзухмэ, си лъэр Кавказым зэрынэсхусыным сыхуэпабгъэрт. Кавказым къулыкъукIэ сыщыдэкIуеину къысщыхъурт: сыщIалэмэ, офицер сыхъуамэ, сытыт ар щIысхуэмыфащэр! Зауэ гуащIэ щокIуэкI Кавказым, Iэщэ пхуэгъабзэ закъуэмэ, уи цIэр щIэх дыдэ Iунущ. Ар щыжесIэкIэ, Тимофей пыдыхьэшхыкI фIэкI, къыспидзыж щIагъуэ щыIэтэкъым.

Кавказ зауэр къызыхэкIамрэ ар зэрекIуэкIымкIэ сеупщI зэпытти, Тимофей зэгуэрым къызэрыкIащ:

– Жыжьэ къыщыщIэздзэмэ, мыращ, – жиIащ Тимофей. – Шэрджэсхэм я щхьэхуитыныгъэм пащI щыIакъым зэи, я хэкур зэрыпхъуакIуэхэм щахъумэурэ къэгъуэгурыкIуащ игъащIэм. Запорож къэзакъхэми щхьэхуэ зыщащIым, ар игу техуакъым пащтыхь гуащэ Екатеринэ, яхуэгубжьащ, яхэзэухьри, Кавказым игъэIэпхъуащ, шэрджэсхэм гъунэгъу яхуищIмэ, абыхэмрэ къэзакъхэмрэ зэпэувынщи, зэрышхыжынщ, жери. Пащтыхь гуащэр зэрыгугъауэ къыщIэкIакъым: къэзакъхэр шэрджэсхэм хэгъэрей яхуэхъуащ, я фащэмкIэ захуэпащ, я хабзэхэри зыхалъхьащ. Абы игъэпIейтеящ пащтыхь гуащэр. Сенатым унафэ ищIащ итIанэ: я джабэр щIэвуд шэрджэсхэм, ди пащтыхь гуащэм фемыпцIыж.

Къэзакъхэр шэрджэсхэм ираушт хъуащ.

Шэрджэсхэм щхьэкIэ сеупщIмэ, Тимофей пыдыхьэшхыкI фIэкI, къызжиIэшхуэ щыIэтэкъым.

– Лъэпкъ хъыжьэщ, я щхьэм удрагъэкIуеинукъым.

Абы къыфIигъэкIыртэкъым. Сэ нэхъ сызыхуеймсхутешэртэкъым – зауэр иращIылIэн хуей щIэхъуам. Тимофей зэрыжиIэмкIэ, зи ужь итар мэзыр, жыг хадэхэр иупщIыкIын, гъуэгу щIын, гъавэ хьэсэхэмрэ псэуалъэхэмрэ мафIэ едзын – нэгъуэщI Iуэху зэрихуатэкъым. Жыг хадэхэр щIраупщIыкIми, псэуалъэхэм мафIэ щIрадзми щымыгъуазэмэ, Тимофей илъэс тIощIрэ тхукIэ къуэгъэнапIэм къуэсауэ къыщIокI – шэч къытесхьащ абы и псалъэхэм. Гынымэ къыщIимыхьауэ жиIэрт илъэс тIощIрэ тхум и кIуэцIкIэ. Зэгуэрым, чэф къэхъури, сэлэт уэрэдыжь гуэр сригъэдэIуэгъащ Тимофей:

*Ей, шэрджэсхэ, зывмыхъунщIэ,*
*Фи афэ джанэм дыхуэгъэзащ,*
*Бгыщхьэм фиси, ар нэхъыфIщ,*
*Ди мыжурэм фыфIэтIу нэхъри!*
*Александр щхьэщэ хуэфщI,*
*Игу къыфщIэгъумэ, фи насыпщ,*
*Ди пащтыхьым зыхуэвгъэщхъ –*
*Абы зыри пэмылъэщ!..*

Сэлэт уэрэдыжьыр сщыгъупщэжыркъым абы лъандэрэ – Тимофей лъыгъажэ зауэм хэтауэ къыщIокI! Ди анэм деж езгъэблэгъащ Тимофей. Ди анэм цырибон къригъэфащ. Цырибоныр игъэщIейри, ди анэм фIыщIэ къыхуищIащ:

– Фи фадэр убагъуэ!

Уафэр гъуэгъуауэ къысщыхъуащ, Тимофей и макъыхъур си тхьэкIумэм къыщиIуэм.

Кадет еджапIэр къэзуха нэужь, правительствэм и политикэм нэхъ хэсщIыкI сыхъуащ. Дэ, офицер щIалэхэм, щIэныгъэншэхэм къагурыдгъэIуэфырт Инджылызыр Кавказым Iэджэ щIауэ къызэрыхуэпабгъэри къыщIыхуэпабгъэри: ар Азэжьейри, Персиери, Афганистанри, адэкIэ Индиери зыIэщIэбубыдэн папщIэ, лъэмыж пэлъытэт, я лъэр Кавказым щыфIагъанэмэ е бгырысхэр гъусэ къащIыфмэ, урыс къэралыр тегушхуэгъуафIэ ящIыфынут инджылызхэмрэ адрей ди жагъуэгъухэмрэ. Ди къэралыр абыхэм я IэмыщIэ идмыгъахуэмэ, ди бийхэр я гъуэм идукIыхьыжыфын къытщыхъурт. Къаплъэнэф жыхуаIэм сыхуэдэтэкъэ сэ абы щыгъуэ – ар ноби согъэщIагъуэ. Афганистанри, Персиери, Истамбыли, Индиери дэ ди пщIыхьэпIэми зэрыхэмыкIыр къыщызгурымыIуэкIэ, аратэкъэ къаплъэнэфкIэ укъызэджэ щIэхъунур! Лорд Пальмерстон зэщIэгъэстакIуэмрэ инджылыз пащтыхь гуащэ Викториерэ зыкIи къащхьэщыкIыртэкъым ди канцлер Нессельродерэ пащтыхь Николай Езанэмрэ – псори зыр зым къыпачауэ зэщхьыркъабзэт...

* * *

Тхьэнапэр къищтэри, ди анэм гъуэгу сытригъэуващ. Кавказырщ здэзунэтIар, сигу къокIыж Пушкиным и усэ сатырхэр: «Зыкъэт, Кавказ, Ермоловыр нокIуэ!» Урысейм папщIэ лIыгъэ зэрызесхьэным хуэхьэзыр сыхъуауэ къысщыхъурти, фIыщIэмрэ щытхъумрэ сыхуэпабгъэрт сэ.

Гъуэгури къуршхэри япэ щыслъэгъуа сыхьэтыр сигу ихужыркъым – дыгъуасэ хуэдэщ.

Шыгум дызэридзэурэ, бгы лъапэм дынэсащ, абдей дыкъыщыувыIэн хуей хъуащ, шыхэр зэтхъуэкIынути, ауэ зэкIэ шы ямыIэу къыщIэкIащ. Си кIэн къикIри, фельдъегер плIабгъуэ срихьэлIащ дыкъэувыIа къудейуэ. Абы и нэфI къысщыхуащ – и шыгум сригъэтIысхьэри сришэжьащ, сыздэкIуэм нэс уздэсшэнщ, жери. Бгыхэм соплъри защызгъэнщIыркъым. Фельдъегерым соупщI Кавказым щыхъыбархэмкIэ, ауэ ар щымщ, псалъэ къыпидзыжыркъым, и щхьэр щIэгуауэ бгъэдэсщ шыгухум. Сэри щым сыхъуащ, сыумэзэхауэ сисщ шыгум. Гъуэгуакъуэщ, шыгум дызэредзэ, зым жиIэр адрейм зэрызэхих щыIэкъым. Си фащэ щIэрыпсыр сабэ защIэ зэрыхъуами

гу лъыстэжыркъым, си гуи къеуэркъым, си нэр зытенар дызыблэж жыгей, бжей абрагъуэхэмрэ си щыпэлъагъу хъуэш жыг баринэхэмрэщ.

Мывалъэ гъуэгур бгы зэхуакухэм докI, къуэ кIуэцIыр къызэзэвэкI къысщохъу. ДыкIуатэурэ, дыгъэм пэлыд къурш хужьыпсым сыIуплъащ. Псыхъуэ зэвым дыдыхьащ. Шыгухум шыр къыжьэдикъуащ, гум елъэри, шы сокум уэзджынэ хищIащ. Дежьэжа нэужь, фельдъегерым сеупщIащ: «Шэрджэсхэм дапэщIэхуэнкIэ шынагъуэ?» – жысIэри. Ар зэрыщымт, жэуап къызитакъым. Зыгуэр къысщебзыщI, дауи, ара хъунт си упщIэхэм жэуап къыщIримытыр.

Сэ сыкъэгузэващ, сэшхуэ Iэпщэр скъузащ. Си кIэрахъуэр пхъуантэм дэлът. Куэд щIатэкъым ар къызэрызатрэ, ших ихуэрт. КIэрахъуэр пхъуантэм къызэрыдэзнам сыхущIегъуэжащ, ар си мыIэгъуэджэмэ, дауи къысщхьэпэжынут – узрихьэлIэнур дэнэ щыпщIэн? Мэз Iувым сыздыхэплъэм, сигу къэкIыжырт Амалат-бэч, Измаил-бей. Мэзым фоч уэ макъ къыхэIукIын къысфIэщIырт, шэрджэсхэр къыттеуэ хъужыкъуэмэ, сахуэгъэзат, сапэувынти, хьэлэч зэтесщIэнт. Шынэнти, кIэбгъу защIыжынт шэрджэсхэм – къызакунтэкъым. Шыгум сыкъелъэрэ сакIэлъыуэмэ, мэзым хэлъэдэжынтэкъэ! Шэрджэсхэр щIэзгъэIэрэ къэзгъэзэжмэ, – шыгухури фельдъегерри пабжьэм къыхэплъырт, я фэр пыкIауэ. «ГущIэгъу къытхуэщI, зиусхьэн, ди псэр ди лъэдакъэпэм нэсыжат, аращ пабжьэм зыщIыхэддзар. Уэ лIыгъэшхуэ пхэлъу укъыщIэкIащ...»

Шыгум сызэредзэри, си щхьэр си жагъуэщ, мэзми сыхэплъэжыфыр-



къым. Iэуэлъауэ макъ къэIуащ асыхьэтым – зыгуэрым кIакхъу щIича къысфIэщIащ. Зэрыхъуари сщIэркъым: шыгум сыкъелъэри пабжьэм сыхэлъэдащ, сыздэжэм сэшхуэр къэзгъэIэгъуэурэ.

– Дэнэ ужэрэ, зиусхьэн? – къыскIэлъыджащ шыгухур.

СыкъызэплъэкIри, шыгум гуплIэ шэрхъыр зэрыщIэжам гу лъыстащ.

– Си ныбэр къыхэлъэдащ, – жысIащ сэ, сыкъэувыIэри. – Иджыпсту...

Жыг къуагъым сыкъуэувэри джэ макъ къэIуху сыкъыкъуэкIакъым.

Фельдъегерымрэ шыгухумрэ саIуплъэжыфыркъым, соукIытэри: къэрабгъафэ къызаплъащ, дауи. Абы шэч къытесхьэркъым: ауан сыкъащIа нэхърэ нэхъ къэсщтэнт, къыскIэлъыуэрэ зэшэзэпIэ сащIатамэ.

Дыздежьам дынэса нэужь, зэхэсхащ бгы щхьэдэхыпIэм абрэдж гуп зэрыщызеуэр. Шыгухум шы сокум уэзджынэ щIыхищIар къызгурыIуащ итIанэ: сэ сигъэшынэн щхьэкIэтэкъым.

Дынэсри, зы ротэ си IэмыщIэ къралъхьащ, абы срипагэт сэ: схуэмыфащэтэмэ, ротэ псо си IэмыщIэ къралъхьэнтэкъым. Сытри сфIэгъэщIэгъуэнт, зыщIезгъэх си хабзэтэкъым, си къару илъыгъуэт, дэни сынэсырт. Сызыхэхуари дзыхь зыхуэпщI хъун защIэт. ЗыщызгъэнщIыртэкъым батальоным и унафэщI майор Офрейн и бгъэм къыхэлыдыкI Георгий орденым – лIышхуэм екIупст ар. ЗэрылIышхуэм нэмыщI, жьэхъу гуэрт майорыр, и пащхьэ уихьэн ушынэрт. Апхуэдэ зы орден щхьэкIэ си Iэр е си лъакъуэр хэслъхьэн тIэу сеплъынутэкъым, апхуэдизкIэ сехъуапсэрти. Бгым дыкъыщыщхьэдэхым щыгъуэ Iэнкун сыкъызэрыхъуар шыгухум е фельдъегерым яIуэтэжмэ, си напэр текIынути, арат сызытегузэвыхьыр. АфIэкIа къыздалъагъужынкъым къэрабгъагъэ, ар я фIэщ сщIын щхьэкIэ, зэзмыкун щыIэтэкъым, япэ зыкъизгъэщырти, я нэхъ Iуэху шынагъуэми сыхыхьэрт, сэлэтхэм сакъыхэкIыртэкъым, срагъусэ зэпытт. Сыкъытричырт: дапщэщ абрэджхэр къыщыттеуэнур – япэ сызрихьэлIэм и щхьэр пызгъэлъэтынут, лIыгъэ зэрысхэлъыр наIуэ ящысщIын папщIэ.

Си нэ къыхуикIми, лIыгъэ щызесхьэн Iуэху сызэрыхэмыхуэрт сигу къеуэр. Сызыхэтым сакъыхэжаныкIыртэкъым – ар уфIэмащIэт!

Си чэзури къэсащ, сыпэплъэурэ. УдзыпцIэм хэлъ хьэдэм сыIуащ зэгуэр. Хьэдэр щыслъагъум, си гур къекIуащ. Сэра зыукIар хьэмэ нэгъуэщI – ар къысхуэщIакъым. Хьэдэм сыщыщтэри, сыкъыбгъэдэкIыжауэ, унтерым сыкъилъэгъуащ:

– Хэбгъэбэгащ, зиусхьэн! Хуэфащэр епщIащ!

Си гур къызэрекIуам щхьэкIэ гузэвакъым унтерыр:

– Ягъэ кIынукъым, аращ япэ щIыкIэ зэрыхъур. Уесэжынущ.

ЛIыгъэ зэрызесхьам и щIыхькIэ къысщытхъуурэ, фадэр иракIыхащ офицерхэм пщыхьэщхьэм. Сэри чэф сыкъэхъуащ, сыдыхьэшх фIэкIа, псалъэ схужыIэжыркъым, псоми IэплIэ, ба яхузощI. Куэзыр дыджэгуащ итIанэ, тумэнитху сфIахьэхуащ, щIыхуэ къасщтэри, тумэниблрэ сомитхурэ езгъэхьэхуащ аргуэру. Пщыхьэщхьэм къэзакъ станицэм дыкIуащ, абы дыщыхьэщIащ...

Къулыкъур изохьэкI. Зы бгырыс зэрызукIам и гугъу сщIащ, а зыращ зауэм сыхэтыху сыукIар – сримыхьэлIауэ аракъым, абы и щхьэусыгъуэми фыщызгъэгъуэзэнщ нэхъ иужькIэ...

Щамил зыкъита нэужь, КъуэкIыпIэ Кавказым зауэр щыувыIащ.

1861 гъэ пщIондэ зэхэуэ гуэрхэр къыщыхъуащ Дагъыстанми Шэшэнми. Ди дзэпщхэм Псыжь адрыщIымкIэ зэрыщебгъэрыкIуэным зыхуагъэхьэзырырт. Псыжь адрыщI ис шэрджэсхэр ягъэбэяуамэ, ахэр Кавказым къыщхьэдэпхух хъунут, тафэм тебгъэтIысхьэн щхьэкIэ. Щымыгъуазэхэм ягу къэзгъэкIыжынщи, шэрджэсхэр лъэпкъ зыбжанэ хъурт: шапсыгъхэр, жанейхэр, бжьэдыгъухэр, натхъуэджхэр, къэбэрдейхэр, кIэмыргуейхэр, абазэхэхэр, убыххэр, нэгъуэщI лъэпкъ цIыкIухэри. Нэхъ лъэпкъышхуэ дыдэр шапсыгъхэрати, абыхэм къахэнэжа щыIэкъым иджы, убыххэми аращ къащыщIар.

Дызэрыщыгъуазэщи, бгырысхэм иращIылIа лъыгъажэ зауэр зыуб-

лар Ермоловыращ, иужькIэ абы пищащ Барятинскэм – аращ зауэм и кIэм иплъар. 1864 гъэм накъыгъэ мазэм и 21-м пщышхуэр, пащтыхьым и къуэшыр, Барятинскэм къехъуэхъуауэ щытащ бгырысхэм кIэ зэраритам щхьэкIэ. УIэгъэ сыхъуауэ си щхьэр си жагъуэт сэ а махуэм, уеблэмэ сыубжьытхэн схузэфIэкIыртэкъым. Шэтырым щызэхэтIысхьауэ, дзэпщхэр зыр зым ехъуэхъурт.

Ермоловым къызэрыщIидзари Барятинскэм зэриухари псоми дощIэ: мэзыр идупщIыкIыурэ, жылэхэм мафIэ еддзурэ, хадэхэр, псэуалъэхэр зэтедупщIатэурэ, кIэ еттыху, шэрджэсхэм я ужь дыкъикIакъым. Я лъапсэр



нэщI тщIыри, шэрджэсхэм едубыдылIащ Псыжь губгъуэ Iэпхъуэн хуейуэ, ар ямыдэмэ, я щхьэ зэрыхьщ, хэкур иребгыни, Тыркум иреIэпхъуэ. Къэзакъхэр ирагуэшащ шэрджэсхэр къызрахуа щIыналъэм. Псыжь губгъуэм имызагъэхэр кIуэсэжурэ хы Iуфэм зэрыхьыжырт е бгым итIысхьэжырт. Я щхьэр езыхьэжьэжхэм якIэлъыпхъэрурэ кърагъэгъазэрти, Псыжь губгъуэ ирагъэтIысхьэжырт...

Сэ фхуэсIуатэм фызыщымыгъуазэ хэлъкъым, аращ кIыхь зыщIезмыгъэщIыр. ТхакIуэ гуэрым, сыщымыуэмэ, Толстой си гугъэжщ, мэзыр ираупщIыкIыурэ бгырысхэм я гущIыIум дзэр зэрихьар итхыжащ...

Барятинскэм деж дгъэзэжынщи, ар Макиавелли къыпачауэ зэрещхъыркъабзэр зыщыдгъэгъупщэнкъым: абы зэрилъытэмкIэ, политикэ IуэхукIэ зи сэбэп къокIынкIэ хъуну псори щхьэпэщ. Барятинскэращ бгырыс лIакъуэлIэшхэр IупэфIэгъу къэщIын зэрыхуейр япэ зигу къэкIар – дыщэкIэ, ахъшэкIэ къыдэпхьэхыфынущ ахэр, къулыкъуи епт хъунущ, щIыкIи мылъкукIи къэгъэгугъэ, зыми ущымысхь, къыдэпшэхыф закъуэмэ. Ди полкым хэтащ я лъэпкъэгъухэм езэуэж шэрджэсхэри – поручик Кърымджэрийр, прапорщик Батийр. Кавказым щызауэ дзэм къулыкъу щащIащ

полковник Званбае, пщы Цициановым, Бебутовым, штаб-офицер Араблинский Мустэфа. Ди пащтыхым къыдэщIащ нэгъуэщIхэри.

Лабэ псыхъуэрэ Щхьэгуащэрэ деж дыщызауэу, – абы щыгъуэ подпоручик сыхъуакIэт – зы къуажэ дыдыхьащ. Сэлэтхэм унафэ яхуэтщIащ я джыдэхэр къагъэIэгъуэн хуейуэ. Сэ сызыхэт ротэм бгы джабэм кIэрыт жыг хадэр къриупщIыкIын хуейуэ къылъысащ. Абы и пэкIэ зэи слъэгъуатэкъым апхуэдэ хадэ телъыджэ: жызумейри, кхъужьейри, мыIэрысейри, къыпцIейри, балиейри, тут мэракIуейри, пхъэгулъейри, зэрыджейри, къущхьэмышхейри кIэрызт джабэм. Хадэм псы кърашэлIауэ щIагъэлъадэрт. ПсыIэрышэм сыбгъурытурэ сежьащ. Адрей джабэм и нэкIум сыкIэрыхьащ, ар хьэпцIий щагъэкI хьэсэт. Фельдфебелъ Кожевниковыр си ужь ниувати, ныслъэщIыхьащ.

– Сыт си ужьыр къыщIэпхур? – сеупщIащ абы.

– Ушынэркъэ уи закъуэ? – жиIащ абы. – Абрэджхэм уаIуэмэ, мэзым ущIахьэнщ.

Кожевниковым илъэс тIощIрэ тIурэ хъуауэ къулыкъу щищIэрт Кавказым, сэлэтхэм зэрахуэупсэ Георгийм хуэдэ кърататат, дагъуэ къыхуащIыртэкъым. МэкъумэшыщIэ унагъуэм къыщыхъуати, вэнкIи сэнкIи къикIуэтынутэкъым – апхуэдэ IэнатIэт щыщIалэм щыгъуэ зыбгъэдэтар.

И нэр щIиукъуэнцIауэ къызбгъурытт Кожевниковыр, сызыхилъхьэ щыIэтэкъым, пщIэ лей къызэрысхуищIым гу лъыстакIэт – срикъуэ фIэкI пщIэнутэкъым. Дзэ къулыкъум куэдрэ хэтахэм, гу зэралъыстати, офицер щIалэхэм пщIэ лей къытхуащIырт, дыкъахъумэрт, чэнджэщ дыщагъащIэртэкъым, щыуагъэ гуэр тIэщIэщIами, бзэгу къыткIэлъызэрахьэртэкъым.

– ЩIыпIэ дахэщ, – жиIащ Кожевниковым, зиплъыхьурэ. – Уетхьэкъу.

– Солъагъу, – жысIащ сэ. – Мор сыт хьэсэ?

– ХьэпцIий хьэсэщ. ПсэукIэ ящIэ, щхьэ яфIэтщ. Мывэ тыкъырхэр хамыгъэкъэбзыкIауэ, жылэ ясэнукъым. ЩIыр ягъэщабэ, ягъэпшэр, щIыгулъ фIыцIэ къахьри вагъэм тракъухь, итIанэщ жылэ щасэр.

НэгъуэщI гуэрхэми сригъэдэIуэн зэригуапэм гу лъыстащ, Кожевниковым сыхуеплъэкIри – щIыщIегъуэжаращ къызгурымыIуар: чысэ кърихри, тутын ишыхьащ...

Бгым дыкъехыжа нэужь, сэлэт гуп дарихьэлIащ, ахэр щхьэщытт удзыпцIэм хэлъ лIым. И фэкIэ шапсыгът ар. УIэгъэ хъуауэ къыщIэкIынут.

– Зыкъэптамэ, зэфIэкIат. Узыхэтар сыт? ХэкIуэдар уфIэмащIэ? – жиIащ сэлэтхэм ящыщ зым.

– Сыт и лажьэ абы? Сыт къыпыпхыжынур?

– ЛъапцIэщ абы нэхъеи, – жиIащ нэгъуэщI зыми.

– Си шырыкъур хуэхъумэ, естынщ. Арыншэми сэ схуэзэвщ. Сыти жыIэ, цIыхущ. ФфIэгуэныхь хъуркъэ?..

– Си кIагуэри изот. Цей тIорыси сиIэщ...

Зауэ нэужьым хьэлэл хъурт сэлэтхэр – ар я хабзэт.

Зэгуэрым ди полкыр къуажэ гуэрым екIуэлIащ. Къуажэр шапсыгъхэм ябгынакIэт. Пшапэр зэхэуа нэужь, сэлэтхэм мафIэ ящIри пщэфIэн щIадзащ. Кожевниковым фо хьэкIуэ къысIэщIилъхьащ, бжьэ матэ ирихьэлIати. МафIэ ящIауэ лы ягъажьэ сэлэтхэм, кхъуэщэр зрагъэтIылъэкIауэ.

Макъ гуэр къиIукIащ бгыщхьэмкIэ. Макъыр зэ къоIу, зэ зэпоуж. КIыфIым дыхэуvауэ, дызыпходэIукI – зыхуэтхьынур тщIэркъым. КъызэрыщIэкIамкIэ, шапсыгъхэм ябгына къуажэм азэн джэ макъ къыдэIукIырт – муIэзиныр къыдэнат къуажэм. Е къащыгъупща, е езым къуажэр ибгынэн

имыдарэ – жасы хъуати, азэн джэгъуэт. МуIэзинхэм я нэхъыбэр нэфщ е набгъэщ. Мыри арат. Тэрмэшыр едгъэпсэлъащ лIыжьым, дутIыпщыжынути, езым идакъым – азэнджапIэм аргуэру дэпщеижри азэн джэуэ щIидзэжащ. Тэрмэшым къыдгуригъэIуащ муIэзиным и псалъэр:

– Алыхьыр закъуэщ, Мухьэмэд бегъымбарыр абы и лIыкIуэщ.

Сигу щIэгъуащ лIыжь набгъэм, абы и азэн джэ макъыр си тхьэкIумэм итщ ноби...

Дыщышхэми си нэгум щIэкIыртэкъым нобэ идупщIыкIа жыг хадэр. Ар сигу къызэреуэр яжесIащ си гъусэхэм. Ахэр фадэм къигъэжанакIэт.



– Хадэр идупщIыкIащ, унэхэм мафIэ щIэддзащ. Дызезыхуар сыт: псори къэзакъхэм къахуэдгъэнамэ, нэхъыфIтэкъэ?

Ди командирым, Офрейн, и нэр къыстриубыдэри къызжьэхэплъащ:

– КъыбгурыIуэ щIагъуэ щыIэкъым уэ, подпоручик. Унафэ къытхуащIащи, догъэзащIэ. Дэр нэхърэ нэхъ делэ уи гугъэ унафэ къытхуэзыщIар? Я жыгхэри къахуэдгъэнатэмэ, я лъапсэми псы идмыгъэжыхьыжатэмэ, къагъэзэжынутэкъэ абыхэм – ар щхьэ къыбгурымыIуэрэ? КъыщIызэплъэкIыжын къахуэдгъэнакъым, аращ я щхьэр щIрахьэжьар – къытрагъэзэнукъым.

– ЩхьэжьыфI фIэтщ, жыпIэркъэ ар къэзыгупсысам! – жиIащ поручик Попов-Азотовым. – Шэч къытесхьэркъым: Ермоловымрэ Барятинскэмрэ мо бгыщхьэхэм ящыщ зым фэеплъ хутрагъэувэнщи, тратхэнщ: «ЖыгпыупщI щэджащэхэр».

Къабыл сщIыщакъым поручикым и псалъэр, сыкъигъэуIэбжьащ. Офрейн щIагъыбзэр къыгурыIуакъым, дауи. Фадэбжьэр игъэщIейри, поручикым щытхъуащ:

– Упсэу, поручик! Си гум укъишхыдыкIащ.

Попов-Азотовымрэ поручик Гайворонскэмрэ нэхъ фэзгъэцIыхунщ, си хъыбарым пысщэн и пэ.

ЦIыху нэщхъыдзэт Попов-Азотовыр, псэлъэгъуейт, и нэ нащхъуитIыр къыптриубыдэ фIэкIа, къолIэлIэщэнутэкъым. И бгъэм Георгий орденрэ медалрэ хэлът. Сэ щыгъуазэ сыхъуакIэт абы офицерыцIэр трахыжауэ зэрыщытам. Иужьым къыфIащыжащ, Ведено деж лIыгъэ щызэрихьати. ЩIытрахыжар, къызэрызжаIамкIэ, щIакIуэ кIапэ зэрытеуварат. Ныбжьэгъу иIэтэкъым, езыри ягъэныбжьэгъуртэкъым. И бзэр дыджт, итIани сэлэтхэм пщIэ къыхуащIырт.

Поручик Гайворонскэр цIыху къамылыфэт, нэ фIыцIэт, зэIэщIэлът. Хьэрэмыгъэ игу къэкIыфэ теттэкъым. УнагъуэкIэ къызыхэкIар щIибзыщIырат къызгурымыIуэр: зэм уэркът, зэм унэIут унагъуэ къыщыхъуауэ жиIэрт, зэми запорож къэзакъхэм я щылъху хъужырт. Сэлэтхэм ящысхьыртэкъым, иубэрэжьын тIэу еплъынутэкъым. Адрей офицерхэм я гугъу фхуэзмыщIкIэ ягъэ кIын си гугъэкъым – зэщхъыркъабзэщ псори...

Си хъыбарым тезгъэзэжынщ.

Фадэм дыщысхьакъым а пщыхьэщхьэм. Попов-Азотовым иригъэлеиIуати, чэф къэхъуащ. Чэф хъумэ, и жьэр увыIэртэкъым абы, щIичэртэкъым. Зыри пэплъагъэнукъым Попов-Азотовым къыхиIуам:

– Гарибальди пщIэ лей худощI, хуэфащэ ар абы?

– Зи гугъу пщIыр сцIыхуркъым, – жиIащ Офрейн.

– Генуе щыщ хыдзэлIщ, республикэм щIэбэг гуэрщ, Мадзини пэувахэм яхэтщ, – къыдгуригъэIуащ Попов-Азотовым. – Австрхэм щезауэм лIыгъэ зэрихьащ, и лъэр Америкэм нихусащ, Рио-Грандерэ Монтевидеорэ щызэуащ, республикэм щIэнэцIхэм яхыхьэри. Европэм къигъэзэжа нэужь, неаполитан генерал Ланди и дзэр зэхикъуташ – куэд щIакъым абы лъандэрэ.

– КъызгурыIуэркъым: республикэм щIэзэум и хъыбар дыщIебгъэдаIуэр сыт? – щIэупщIащ Офрейн.

– Ди правительствэр Гарибальди щIыдэщIыр согъэщIагъуэ. Ар мыбы къыщыхутатэмэ, бгырысхэм яхыхьэнти ядэзэуэнт.

Апхуэдизым зэрыщыгъуазэр згъэщIагъуэри, Попов-Азотовым жесIащ:

– Гарибальди дигу щIрихьыр ар австрхэм зэрезауэращ.

– Узахуэщ. Щхьэпылъэ тщIынт, Кавказым къэкIуауэ къытIэрыхьатэмэ.

Попов-Азотовыр пыдыхьэшхыкIащ.

– ИлъэситI-щы нэхъыбэ ихьыжынукъым зауэм, – жиIащ Офрейн.

– Аракъэ сигу темыхуэр, – къытхидзащ Гайворонскэм. – Дэ, офицерхэр, сыт дызэрыпсэунур итIанэ?

Попов-Азотовым фалъэр игъэщIейри, и Iупэр илъэщIыжащ.

– Уэ сыпхуэдатэмэ, Америкэм сыкIуэнт: зауэм укъыхэжанык Iащ уэ, Линкольн пэувахэм яхуэмыгъуэтыр уэ пхуэдэ лIыхъужьщ.

Абы къикIыр къагурыIуакъым офицерхэм. Сэ газетрэ журналрэ зыщызгъэщIэртэкъым, полк псом сэ зыра хъунт абыхэм еджэр, сызыщыгъуазэIамэ, ахэрат зи сэбэп къызэкIыр. Абы щхьэкIэ ауан сыкъащIырт офицерхэм – еджэн зэрысфIэфIыр ящызбзыщIын хуей хъуащ.

– Уэ, зиусхьэн поручик, мыбыи щыбгъуэтынущ гъуэгу. Абы ущIэхъуэпсмэ, уи унэцIэм «гай» псалъэр пыуд: Малороссием и мэ щоу абы, – чэнджэщ иритащ Попов-Азотовым поручик Гайворонскэм.

– Зиусхьэн! – Гайворонскэм и фэр зэкIуэкIащ. – Сэ си лъэпкъыр...

Попов-Азотовыр пэрыуащ абы, и псалъэр нригъэгъэсакъым, Офрейн зыхуригъэзэкIащ:

– Уэ куэдым ущыгъуазэщ. КъызжеIэт: Польшэм е Малороссием щыщ офицер дапщэ пцIыхурэ гъуэгу ягъуэтауэ?

– ЗакъуэтIакъуэщ, – жиIащ Офрейн. – Фэри зэрыфщIэщи, ди пащтыхьыр...

– Зэхэпха? – зыхуригъэзэкIащ Попов-Азотовым Гайворонскэм. – Ди унэцIэхэм куэд елъытащ. Сызахуэкъэ? – хуеплъэкIащ ар майорым. – Уи унэцIэр къащтэт! Офрейн! Сыт абы хэтлъагъуэр? ТэмакъкIыхьыгъэ, ерыщыгъэ, набдзэгубдзаплъагъэ – генерал ухъунумэ, аращ узыхуэныкъуэр.

Майорым и нэр къилыдыкIащ.

– Афэрым! Нобэ сигу фрохь псори!

Попов-Азотовым зыкъысхуригъэзэкIащ:

– Кай-са-ров! Тэтэр хъанхэм я щылъхум хуэфащэ унэцIэщ ар. Щхьэмыгъазэм и унэцIэщ. Пащтыхьымрэ къэралымрэ папщIэ лъы зыгъэжэфынум хуэфащэ унэцIэщ.

Псалъэ гуэри пэздзыжыфакъым Попов-Азотовым. Ауан сыкъызэрищIымрэ къызэрысщIэнакIэмрэ си гум ешыкъылIащ. Офицерхэр щым хъуащ. ДызэфIэнэжынкIэ шынагъуэ хъуат.

– Уэ-щэ? Уи унэцIэр-щэ? – афIэкIа схузэпыщэжакъым.

– Поповхэрэ Ивановхэрэщ Урысейр зэтезыIыгъэр! – къыжьэдэхуащ абы, аргуэруи пыдыхьэшхыкIащ. – Ди пащтыхъ дотэр гъащIэ кIыхь ухъу, Тхьэм куэдрэ тхуигъэпсэу. Абы и цIэкIэ дефэнщ мы бжьэм.

Псори къызэфIэуващ.

Сэ зысIэжьащ. Схуэмыфащэ къызапэсауэ къысщыхъури, сыкъыщичыным сынэсащ. Попов-Азотовым и псалъэ гуэрхэри къабыл сщIынут сэ. Си гум темыхуэнур абы и иужьрей псалъэрт. ЩIагъыбзэу къысщыхъуащ ар. Сыкъытричырт, сызэгуэпати. Апхуэдэу ди пащтыхьыр бгъэпуд хъунт! Поручикым зрадзын хьэзырт офицерхэм я нэхъыбэр. Ауэ сэ псом япэ сищащ. Попов-Азотовыр къызэIэдэкъауэри сыкъыхыфIихуащ.

– ЩIакIуэ кIапэ!

– Iэмал имыIэу! ЩIакIуэ кIапэ! – си нэр къыщипхъуауэ сыкIиящ сэ.

Офрейн къытщIэгубжьащ, дызэбгрихуащ, пщэдджыжь езым деж дыкIуэн хуейуэ унафэ къытхуищIащ. Гайворонскэр ныздэкIуэтащ.

– Псори уэращ дызителъхьэр, – жиIащ абы си Iэр къыщиубыдыжым. – УекIужыну яужь уихьэн си гугъэкъым.

– СекIужынукъым, абы щремыгугъ! – жысIащ сэ.

– Сэшхуэм ухуэIэрыхуэ? КIэрахъуэкIэ упэмыув, поручикыр шэрыуэщ, пцIащхъуэр къреудых.

Пщэдджыжьым сыкъыщыуушам япэ сызыIуплъар Попов-Азотовырщ. Ар шэнт щхьэгуэм тест, игу къысщIэгъуфэ зытригъэуауэ.

– Уи пщэдджыжь фIыуэ, Кайсаров. БжесIэнум къедаIуэ, укъэмытэмакъкIэщI. Чэфыр птеужагъэнщ, дауи.

Си щхьэр сщIащ – «стеужащ» жыхуэсIэт. Дыгъуасэ жиIар ищIэжу пIэрэ езым?

– Офрейн ущIегъуэжауэ жепIэмэ, щIакIуэ кIапэ дытеувэнкъым. УзукIыным сыщIэхъуэпсыркъым. Уи анэм зы къуэ си гугъэщ иIэр...

Поручикыр къыпхуэцIыхужынтэкъым. Ихъу-илъут зэрысцIыхур, иджы и цыр уауэ си пащхьэ ист. СыщIегъуэжауэ жесIэмэ, къэрабгъафэ къызиплъынути, Iэнкун сыкъэхъуащ, сыкъэшынауэ къызэрыщыхъунур

сщIэрти, заулкIэ зислъэфыхьащ. Офицерхэм фэ къызаплъыжынтэкъым, япэ сищрэ секIужамэ.

– Зи псалъэм хущIегъуэжын хуейр уэращ, зиусхьэн поручик. Уэращ пащтыхьым хуэмыфащэ езыпэсар.

Поручикыр пыдыхьэшхыкIащ.

– ЖысIам сыхущIегъуэжын нет сиIэкъым, – жиIащ абы. – Мыхъун лъэпкъ къызжьэдэкIауэ сщIэжыркъым, пащтыхьым и цIэкIэ сыхъуэхъуауэ аращ. ЖысIам сыхущIегъуэжмэ... КъыбгурыIуэрэ? Офицерхэм фэ къызаплъыжынукъым, бзэгу яхьынщи, дзэм сыхрагъэхунщ. Абы си нэ къыхуикIыркъым иджыпсту. Щхьэусыгъуэ сиIэщ.

– Сэ си щхьэкIэ сыкъэбгъэпудащ уэ. Аращ Офрейн жесIэнур.

Поручикыр зэхэуащ, нэщхъей къызэрыхъуами гу лъыстащ.

– Сыт сщIэн-тIэ, ирехъу апхуэдэу. ЩIакIуэ кIапэ жыпIэмэ, сыхьэзырщ, – жиIащ поручикым.

Гайворонскэм и псалъэр сигу къэкIыжащ: сэшхуэкIэ дызэзауэмэ, нэхъ фIэзахуэт абы. ТIум дязыр дунейм ехыжынут дызэпэувмэ – абы шэч къытесхьэртэкъым.

– ЩIакIуэ кIапэ дытеувэнущ! Аращ сызытемыкIынур! – жысIащ сэ.

– Уэращ абы хуитыр. Мы зымкIэ дызэгурыгъаIуэ: Офрейн жетIэнщ дызэкIужауэ. Кавказым щыхабзэ щIакIуэ кIапэщ къыхэтхынур. Ар дауэ къыпщыхъурэ?

Кавказым щызауэ офицерхэм я хабзэм сыщыгъуазэт сэ. ЩIакIуэ кIапэ теувэн хъумэ, бгырысхэр къащебгъэрыкIуэкIэ, офицер зэщыхьахэр зэбгъурыувэрти, бийм пежьэрт – зи ажал къэсам шэр къытехуэнут.

– Сыарэзыщ! КъызжеIэт, зиусхьэн поручик, ухущIегъуэжакъэ дыгъуэпшыхь къыдэппэса псалъэм?..

Си псалъэр нызигъэгъэсакъым поручикым, абы псори къыгурыIуат, си псалъэр и кIэм нэзмыгъэсами. Поручикым и фэр къихьэжащ, и дзэлыфэр итIащ.

– Уэ сыт хуиIуэху абы?

– Тхуэмыфащэ къыджепIащ дыгъуэпшыхь. Уэр дыдэми уи щхьэм хуэфащэкъым апхуэдэ псалъэ.

И нэр къыстриубыдэри къызэплъащ ар.

– Ди командирым деж сыщыппэплъэнущ.

Поручикымрэ сэрэ дызэкIужауэ жетIащ Офрейн. Ауэ офицерхэм я пащхьэ дыщрашэм щIакIуэ кIапэмкIэ дызэрызэгурыIуар ящыдбзыщIакъым.

ТхьэмахуитI хуэдэ дэкIауэ, бгырысхэр къыдэбгъэрыкIуащ. Сэ занщIэу къэслъыхъуэу щIэздзащ Попов-Азотовыр. Езыми сыкъилъыхъуэу къыщIэкIри, сыкъыщилъагъум, къызбгъэдыхьащ.

– Сыплъэфыжыфын? – къызэупщIащ поручикыр. Ар гушыIэртэкъым, и фIэщт. Сигу щIэгъуащ поручикым, къызэрызэлъэIуами сыщыгуфIыкIащ.

– Сэ сыплъэфыжын хуеймэ-щэ?

Сыхьэт никъуэ нэхъ дэкIатэкъым ар къыщыслъэфыжам. Бгырысхэм поручикым и бгъэм къыхэлыдыкI жорым къытрагъэпсагъэнт. Шэр поручикым и бгъэгум къихуэри, и блэгъукIэмкIэ пхылъэтыжащ. И псэм щеджэм ар зэрыхъуэнар зэхэсхащ.

Пщыхьэщхьэм офицерхэр къызэхъуэхъуащ, дунейм ехыжам и цIэкIэ зы фадэбжьэ яIэтащ.

– ЦIыху хахуэт, сыт хужытIэми. АбыкIэ зыдумысыжын хуейщ, – жиIащ Гайворонскэм. – Уэр щхьэкIэ жысIэнуращ, подпоручик: гъуэгуанэ хъуэпсэгъуэ къыпщIэлъщ.

Си гур зэгъэжатэкъым, си гъын къакIуэрт. Сигу щIэгъурт Попов-Азотовым, псоми ефIэкIыу щытауэ къысщыхъурт ар иджы. НэхъапэIуэкIэ дызэрыцIыхуатэмэ, ныбжьэгъу дызэхуэхъунри хэлът.

Дунейм ехыжам щхьэкIэ зыгуэрхэр къыщIигъужащ Гайворонскэм, къызэрыкIри. Си гущIэр кърисыкI къысфIэщIащ асыхьэтым.

– Поручикым щытхъу хубогъэш иджы, – жысIащ сэ, сыкъэтэмакъкIэщIакъым, зызэтесIыгъащ. – Уэ абы и пIэ уитатэмэ-щэ? Пхуэмыфащэ уэспэсмэ, уигу тебгъэхуэн? Ар схузэфIэкIынущ сэ...

Гайворонскэм и нэкIу хъурейр зэхэуащ, къыщытэджым шэнтыр щхьэпридзащ, жьэхэуэри.

– Апхуэдэ гушыIэ къыщезэгъыркъым мыбдеж. Фигу къызэвмыгъабгъэ, зиусхьэнхэ, си плъырыгъуэр къэсащ.

Ар щIэкIащ, щIэжауи жыпIэ хъунущ.

Офицерхэм сахэплъащ: хэт сыщыхьэн иджыри? Абыхэм зрагъэзэкIащ е я щхьэр щIагуащ.

Псынэм щхьэщыт мыIэрысей закъуэм и лъабжьэм щыщIэтлъхьащ Попов-Азотовым и хьэдэр. СщIэркъым къызыхэкIар: асыхьэтым сызэгупсысыр аратэкъым, си шэр зытехуа бгырыс щIалэщIэрт. И пщIантIэм дэзукIыхьат ар – арат ар сигу нэхъри къыщIеуэр. И унэ исыжащ ар, и унагъуэм яхэсыжащ – и анэм, и адэм, и къуэшхэм, и шыпхъухэм. Сэ жыжьэ сыкъикIри, и пщIантIэм дэзукIыхьащ лажьэ зимыIэ щIалэр... Попов-Азотоври си нэгум щIэкIыркъым: и псэр щыхэкIым сэращ Iуплъэжар, дунейм зэрехыжри къемыхьэлъэкIауэ къысщыхъуащ...

* * *

Абы лъандэрэ нэгъуэщI гуэр сыхъуауэ, нэрымылъагъу бжэщхьэIум себэкъуа хуэдэт, ар си блэкIамрэ си нобэмрэ я куутIым езгъэщхьащ. Гупсысэ мыфэмыц гуэрхэр си щхьэм къихьэурэ сызэгуагъэпырт. Протвэ псы хуэмри си нэгу къыщIыхьэрти, сигу къэкIыжырт аштрамлъыхъуэ дежьэурэ къыщыткIухьа махуэхэр. Си нэгу щIэмыкIыххэр Попов-Азотовырт: сэри сыкъуаншэт ар шэм зэрихьамкIэ? Сэри сихьат кIуэдыпIэ – шэм хэплъыхь ищIыркъым, ар сэри къыстехуэнкIэ хъуну щытакъэ? ЩIакIуэ кIапэм сэ сыхущIегъуэжатэмэ, езыри щIегъуэжынкIэ хъунутэкъэ? ТIури зы IэнатIэщ дызыIутар, ди акъыли зэтехуэ къысфIэщIырти, си гур згъэфIырт абыкIэ: Попов-Азотовыр сяпэ итащ, сэ къуаншагъэ зыдэслъагъужыртэкъым. Си щхьэр згъэфIми, си гур загъэртэкъым, си псэр пыIэртэкъым. Дзэ къулыкъури сфIэIэфIыжтэкъым сэ, гуитIщхьитI сыхуэхъуат абы, къысхуэупсэн хуэдэу ягъэIуами, си нэ къыхуикIыжыртэкъым Георгий и жорми. Апхуэдэ орденитI иIащ Попов-Азотовым, къыщхьэпакъым армыхъумэ.

Дзэм афIэкIа садемыжьэжын мурад сщIыри, Офрейн сечэнджэщащ, штабым сыщIэсмэ нэхъ къызэрысщтэр жесIащ.

– Делагъэщ ар! – гъумэтIымащ Офрейн, си мурадыр къысхуигъэдэхакъым.

Си пIэ сыкъинэжащ.

Попов-Азотовыр си нэгу щIэт зэпытт, си щхьэм икIыртэкъым. Зауэр хэкIыртэкъым абы и пщIыхьэпIэм – жэщи махуи. Арат къызгурымыIуэр – сыт и щхьэусыгъуэр? Попов-Азотовым Iыхьлыи благъи иIэтэкъы-

ми, абы къыщIэна тхылъхэр, Офрейн хуит зыкъезгъэщIри, сэ къэсщтащ. Тхылъ тIощIрыпщI хуэдиз хъурт, журнал гуэрхэри газет тIорысэ зыбжани хэлът Попов-Азотовым и библиотекэм. ТритхаIамэ, жысIэри зэIыспщIыкIащ ахэр – тритхаIауэ срихьэлIакъым.

Дзэ къулыкъум сыщыхыхьагъащIэм сыдэзыхьэхыу щытахэр сфIэмыIэфIыж хъуащ хуэм-хуэмурэ. Гу лъыстащ Офрейн Iэбэлъэбэн зэримыжагъуэм – ахъшащхьэм хэдыгъухь зэпытт, и нэр джылыртэкъым абы щхьэкIэ. Офрейн къыкIэрыхуртэкъым поручик Масловри, подпоручик Гнедовскэри, штабс-капитан Мордюковри – кIэзонэ ахъшэм хуэлъэт ахэр, мыхьэмыщх яIэтэкъым. Абы къыщынэртэкъым подпоручикыр – полковникым и физым хухэтт. Абыхэм яхуэдэ сызэрымыхъуам сыщогуфIыкIыж иджы – ар зи фIыгъэр е Тхьэращ, е тхылъхэращ. Си щхьэм хуэсхьыркъым...

ЩIакIуэр сыубгъурти, мафIэм сетIысылIэрт е сышэсырти, шууэ сежьэрт. Си щхьэм къыщихьи щыIэт: зызукIыжмэ, сыт ягъэ кIын? Абы и щхьэусыгъуэр сэр дыдэми къызгурыIуэжыртэкъым – апхуэдэ гупсысэр си щхьэм къыщIикIэрахъуэр. СызоплъэкIыжри, си нэгу къыщIохьэж нобэ: зызыукIыжыр мащIэтэкъым а зэманым. Сытыт къызыхэкIыр: ахъшэ куэд ирагъэхьэхуамэ, лей къатехьауэ ялъытамэ, фадэм итхьэкъуамэ – арат нэхъыбэм я щхьэусыгъуэр. И пэжыпIэр, и щхьэусыгъуэ дыдэр нэгъуэщIу къыщIэкIынт...

Шууэ сежьэурэ къэскIухьыныр хабзэ схуэхъуащ. Шым пащI псэущхьэ къигъэщIакъым.

Шыгушт япэ къыспэщIэхуар, уанэштэкъым. Шыгушым си нэ къыхуикIыщэртэкъым сэ. Адрей офицерхэми хуэдэу, шыфI уасэ зэзгъэпэщын щIэздзащ. ШыфI зиIэм йохъуапсэ псори. КъызэрыхэпхынурщI ямыщIэр. Полкым сыхэсыхьа нэужь, шым щыгъуазэхэм сечэнджэщащ, фельдфебель Кожевниковым деж сыкIуащ – шы лъэпкъыфIхэм щыгъуазэт ар. «Адыгэшым пэхъун щыIэкъым», – къызжиIащ абы. Аращ зи фIыщIэр, шы дэгъуэ къыспэщIэхуамэ. Си шыр щалъагъум, псоми я жьэр Iурыхуащ – апхуэдэш я щыпэлъагъут. Шыр къызэзыщар шэрджэс лIыжьт. Кожевниковым IэпэтэрмэшкIэ къыгуригъэIуащ абы: сэ сопIащIэ, шыр щIакъуэ хъуащ, сыздежьам сихьынукъым, жиIащ и Iэр дыгъэ къухьэпIэмкIэ ишийри. Сэ къызгурыIуащ: хы Iуфэращ здэпIащIэр: Ейск е Анапэ. КхъуафэкIэ Тыркум кIуэн мурад ищIащ, дауи. ЛIыжьым и жьакIэр зэщIэтхъуат, и нитIыр жант. Хэт мы лIыжьыр зэзгъэщхьыр – си нэIуасэ гуэр срихьэлIэжауэ къысщыхъуащ, абы сыщыIуплъэм.

Усабийуэ плъэгъуар пщыгъупщэркъым, игъащIэкIэ къонэ уигу. Илъэсищ е илъэситху ныбжьым ситт абы щыгъуэ. Зэгуэрым, гъатхэу, жыг хадэм сыкъикIыжри гъавэщIапIэмкIэ сунэтIащ. ВакIуэлIхэр ешати, зэхэтIысхьэжауэ зэхэст. Абыхэм ящыщ зы лIыжь жьакIэху къэтэджри къызбгъэдыхьащ, сыкъищтэри сиIэтащ. ПщIэнтIэпсымэр къыкIэрицыцыкIырт лIыжьым, и жьакIэм нэмыщI, и бгъэгуцри хужьыбзэт, и дзитI къэтт. И IэплIэм срикъузащ лIыжьым сыкъиIэтри. Сыкъэшынэри, сыкIиящ. СыщыкIийм, сригъэувэхыжащ. ЖэрыгъэкIэ сыщIэпхъуащ. СыкъызэплъэкIащ: къыскIэлъыжэрэ лIыжьыр. Ар и пIэм къикIакъым, къыскIэлъыплъа фIэкIа. И жагъуэ сщIауэ фэ тетт... Жэщым сепщIыхьащ лIыжьым, сыкъащтэри сыкIиящ, ар си нэгу къыщыщIыхьэжым. И жагъуэ зэрысщIар сигу къеуэжащ, сыукIытэжауэ пIэкум сыкъитIысхьащ. А жэщым и ужькIи зыбжанэрэ сепщIыхьащ лIыжьым, сепщIыхьыху къэси сигу хэщIырт, сфIэгуэныхь хъуурэ. Сымаджэ сыхъуауэ къыщыхъуащ ди анэм. Псы хущхъуэ къыстра-

утхащ, дохутыр къызагъэплъащ. Шэрджэс лIыжьыр абы ещхьыркъабзэт. Сеплъыфакъым шэрджэс лIыжьым, шыр къызэрызмыщэхунур жесIэри къыIузгъэзыкIыжащ.

Кожевниковыр скIэрыкIакъым, сыкъытригъэхьэху. Тхьэ щиIуэрт: шым уасэ иIэкъым, къыумыщэхумэ, ухущIегъуэжынщ, махуитI нэхъыбэ сыхуейкъым, шыр пхуэзгъэхъужынщ.

Иужьым къызэрыщIэкIамкIэ, шым сом щитI нэхъ мащIэ и уасэтэкъым. Сэ щIэстар сомитхущ. Шы щIакъуэм еплъурэ, лIыжьым зыгуэрхэр къыжриIэрт Кожевниковым. Ар пыгуфIыкIырт, и щхьэр ищIырт, лIыжьым хуеплъыхыурэ. ЛIыжьыр ежьэжащ. Шым зытIэщIиудырт, щыщырт. Ерагъмыгъуейуэщ зэрызэтетIыгъар, ихъу-илъырти. Къызэдзакъи пэтащ. ЛIыжьым и ужь соплъэри соукIытэ, себзэджэкIауэ къысщохъу, итIани си щхьэр согъэфI: сэрмырамэ, нэгъуэщI гуэрым ирищэнут шыр...

СщIэн согъуэт иджы. Кожевниковыр шым йоIэзэ, и лъакъуэм зыгуэрхэр щехуэ, псы хуабэкIэ толъэщIыхь, сэ шыр зызогъасэ, фошыгъу изот, сопсалъэ, содэхащIэ, и пщэм Iэ дэслъэурэ. И лъакъуэр хъужа нэужь, шыр псы хуабэкIэ згъэпскIын щIэздзащ, псы щIыIэкIи сытолъэщIыхь, и фэр нэхъ щIэх къихьэжын си гугъэщи. Шым Жьыбгъэт зэреджэр. МафIэм хуэдэт Жьыбгъэ, шы лъэпкъыфI къызэрыхэкIар фэуэ тетт.

Шым зыгуэр хэсщIыкI хъуа нэужь, сэ къэсщIащ Жьыбгъэ зэрыкъэбэрдеишыр – шагъдийуэ къыщIэкIащ: шагъдийм пащI щыIэкъым къэбэрдейхэм. Лъагэ дыдэтэкъым – жырыщтым нэхърэ нэхъ лъахъшэт, ауэ бэшэчт, укъигъэщIэхъунутэкъым, махуипщIкIэ Iус иумытми, зыхищIэнутэкъым.

Псыбафэтэкъым Жьыбгъэ – абы сигъэгузэващ: нэхъапэIуэкIэ сиIа шыбзым пэгунитIкIэ зигъэнщIынутэкъым. Адыгэш лъэпкъым псы куэд зэрырамытыр иужькIэщ къыщысщIар.

Къулыкъум сыкъыщыдэхуэм деж шэщым сыкIуэрт. Сынэмыс щIыкIэ сыкъищIэрти, шыр щыщырт, щIыр фIалъэкIэ къриудырт, и нитIыр лыдырт, мафIэр къыIурихырт. Фошыгъу кIанэр хуэсшиякъэ – къыздэджэгун щIидзэрт, къызэдзакъэ хуэдэуи зищIырт. Шым и гур хэзгъэхъуэн щхьэкIэ, хуэзмыщIэн щыIэтэкъым, сытелъэщIыхьырти, адыгэ уанэр теслъхьэрт, сытетIысхьэрти, быдапIэм сыдэшэсыкIырт. Шэщым щIэзэшыхьа шагъдийр зэрыджэгур щалъагъукIэ, къызэфыгъуэр мащIэтэкъым. ШыгъэцIыви щIопщи хуэныкъуэтэкъым Жьыбгъэ – аращ адыгэшым и хьэлыр.

Шым и жьэр хуит сщIыртэкъым сыхьэт ныкъуэ хуэдэкIэ, итIанэ сутIыпщырти, губгъуэм дилъадэрт. Жьыбгъэ зэ ущырт, зэми кIуэрт, иужькIэт зыщричыр. Дыщыгъуащи къэхъурт. ДыгъуэщауэкъысфIэщIмэ, шхуэмылакIэр шыпщэм дэздзэрти, езым сыкъихьыжырт. Дыкъызэрыгувам щхьэкIэ къыщыдэшхыди щыIэт Кожевниковыр, хъущIэрт, ауэ ар си тхьэкIумэм изгъэхьэртэкъым. Шэрджэсхэм зэзэмызэщ шым фоч щрагъэпщэр. Сэ сышынэртэкъым: къысщыщIынIауэ си фIэщ хъуртэкъым, губгъуэм дитми, мэзым дыщIэтми. «Зыгуэр къэхъу хъужыкъуэмэ, – си гур згъэфIырт сэ, – Жьыбгъэ укIыпIэ сыкъринэнукъым, сыкъихьыжынущ, сыуIэгъэми, шэ къыстехуэрэ си хьэдэр ихуами».

Ди полкым зэгуэр къэкIуащ дзэпщышхуэ Барятинскэмрэ генерал Евдокимовымрэ. Барятинскэм и пIэ ирагъэуват Кавказым и тет пщышхуэ Михаил Николаевич. Абы и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэт: Кавказ зауэр и кIэм нэблэгъати, – бгырысхэм ятекIуар пащтыхьым и къуэшыр арауэ ягъэIун хуейтэкъэ!

Полкыр зэрызохьэ, хэт мэпщафIэ, хэти шыхэм уанэ трелъхьэ – хьэщIэ лъапIэр къегъэблэгъэн хуейщ, зэрыхуэфащэкIэ.

СыхьэтитI хуэдэ дэкIри, гъуэгум тета плъырхэр къэсыжащ. ХьэщIэхэр къэблэгъащ!

Шыхэр я пIэ изэгъэжыркъым, дамэтелъхэр, орденхэр дыгъэм полыд. Евдокимовым и макъ къэIуащ:

– Си щхьэ тхъуар фхузогъэщхъ, лIыгъэ зефхьащ, дызэрыфщыгугъауэ фыкъыщIэкIащ!

«Ура!» – зэрогъэкIий псори. А псалъэр тэтэрыбзэм къыхэкIащ, сэ къызэрызжаIамкIэ. «Еуэ!» – аращ абы тэтэрыбзэкIэ къикIыр.

Дарго, Гергебиль деж, Польшэм лIыгъэ щызезыхьа Барятинскэм и Iупэр зэтехьэжыркъым, ди полкыр зауэм къызэрыхэжаныкIам щыгуфIыкIащ ар, пащтыхьым хъыбар зэрыригъэщIэнур къыджиIащ. Аргуэрыжьщи – «Ура!» Куэдым я нэпсым къызэпижыхьащ.

Щэтопхэр мэпIэнкI. Ди лIыгъэм дропагэ псори. Сэлэтхэм я пэ ситщ сэ, Жьыбгъэ сышэсауэ. Шыр щIоджэгукI, дунейр тIэу пкIэгъуэ хурикъунукъым. Си щхьэр исауэ сыздэкIуэжым, сеплъэкIри гу лъыстащ Евдокимовым Барятинскэм зыгуэр зэрыжриIэм. Си шыра хъунт зи гугъу ищIыр. НэгъуэщIхэми гу лъатащ абы. Дауэдапщэр зэфIэкIа нэужь, Гайворонскэм къыскIэщIидзащ:

– Уи кIэн къикIащ, Кайсаров, езы генерал-фельдмаршалым гу къыплъитащ.

Сэ сынэжэгужэщ. Гу къыплъатэныр пщIэшхуэкъэ! Жьыбгъэ шэщым сошэжри, фошыгъу кIанэ изот.

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуауэ, щIакIуэм зытезгъэукIурияуэ сыздэщылъым, Офрейн бауэбапщэу къыщIолъадэ. КъыщIолъадэри, зысхуэпэн хуейуэ къызжеIэ: езы дзэпщышхуэм среджэ! Сыкъыщолъэт, сыкъэщтауэ.

– СыкъыумыгъэщIэхъу закъуэ, си псэм хуэдэ, – жеIэ Офрейн. – Нэмыс зыхэгъэлъ, лей лъэпкъи къыхыумыIу, ди напэр тепхынщи, дыбгъэунэхъуащ.

ПщыIэм сыщIохьэ, Офрейни къысфIэIуэхужкъым. Iэнэр къаузэдакIэщ. ЖьантIэм дэсщ Барятинскэмрэ Евдокимовымрэ. Офицерхэр къысщогуфIыкI, я ныбжьэгъужь гуэр къахыхьэжа хуэдэ. Сэ сыIэнкунщ, си лъэр щIощIэ, сыкъыпыгуфIыкI пэтми. Захузогъэщхъ, си тэмакъыр щиубыдыкIауэ. Зыгуэрым и пащхьэ зыщызгъэщхъын си жагъуэт сэ.

– КъыдбгъэдэкIуатэ, поручик, – жери, генерал-фельдмаршалым Iэ къысхуещI.

Поручик? Ар щыуащ. Зэрыщыуар жесIэ хъуну? ЛIыщхьэхэм я нэм щIэпIу хъунукъым я щыуагъэр. Сызэрыщымщ, сабгъэдокIуатэ. Барятинскэми Евдокимовми зыкърагъэзэкI. Евдокимовым зыгуэр жеIэ. Барятинскэм и бгъэм хэлъ орденым хуэдэ си щыпэлъагъущи, си нэр къысхутечыркъым. И нэкIум сиплъэмэ, щIалафэ тетщ дзэпщым. ЗэрылIыгуащIэри, унафэ щIыным зэресари нэрылъагъущ. Евдокимовым и псалъэ зэхызох: полкым и командирыр къыпщытхъуащ, къыпхуэарэзыщ, къулыкъукIэ удригъэкIуэтеин мурад иIэщ дзэпщым.

Подпоручик цIэр къызэрысфIащрэ куэд щIакъым. Поручик цIэр къэзлэжьа сэ?..

– Поручик, – зэхызох дзэпщым и псалъэр, – хэгъэрей дызэхуэхъумэ, уи жагъуэ? ШыкIэ дызэгъэхъуажэ.

Офицерхэр щым хъуащ. Къызэфыгъуи къызэижи яхэтщ абыхэм –

я нэр къыстраубыдауэ къызоплъ. Апхуэдэурэщ къулыкъукIэ зэрыдрагъэкIуэтейр. ПщIэнтIэпс къызэкIуащ, си пIэм сижыхьауэ сыщытщ. Зыри пэздзыжыркъым, сыщымщ, дзэпщым и бгъэм къыхэлыдыкI орденым сеплъ зэпытщ. Евдокимовыр мыхъуатэмэ, сытыт сщIэнур? Дыхьэшхри, къыхиIуащ:

– Уи бзэр иубыдынкIи мэхъу, апхуэдиз щытхъу къыпхужаIэмэ. Сэри сыпщотхъу. Зауэм хыхьэмэ, бгъащхъуэщ, унэм исмэ, хъыджэбз укIытэхщ. Уи цIэкIэ, поручик!

Бжьэ къысIэщIагъэувэ, зыгуэрхэр жысIэнущи, псалъэр схузэпыщэркъым, сакъыхэкIыжын зэрыхуейри сщыгъупщащ. Си Iэблэм зыгуэр къыщекъум, зыкъэсщIэжащ, щIыбкIэ сыкъикIуэтурэ сыкъыщIэкIыжащ.

Офрейн и IэплIэм срекъузэ, сызэщIиубыдауэ...

* * *

Жьыбгъэ сызэрыпыкIам и гугъу фхуэзмыщIкIэ ягъэ кIынкъым, ар схуэхъумакъым сэ. Барятинскэм къысхуигъэна шым сеплъыну си нэ къыхуикIыртэкъым. Мазэ нэхъ дэзгъэкIакъым: штабым щIэс офицерхэм ящыщ зым пудыбзэу есщэжащ ар. Шыр зэрысщэжар къысхуагъэдэхакъым къулыкъу зыдэсщIэхэм, уеблэмэ къызэгиящ. Сымаджэ нэпцI зысщIри, зызгъэпсэхун си мурадати, полкым и командирым сиутIыпщакъым, Офрейн бзэгу ихьри.

Iуэху къыслъыкъуэкIри, штабым сыкIуэн хуей хъуащ. ИужькIи сыкIуащ: полкым сыхэмытмэ, жьы къабзэкIэ сыбауэмэ, си жагъуэтэкъым. Я нэм сыкъыфIэмынэми я жагъуэ хъунтэкъым къулыкъу зыдэсщIэ офицерхэм. Си пщэ къыдалъхьэIаурэ щIэх-щIэхыурэ сежьэмэ, нэхъ къащтэ хъунт абыхэм. Гъуэгу сыщытехьэкIэ зыщIызгъуIатэкъым, бгырысхэм гу къыслъатэмэ, фочыр къыщызагъапщэ щыIэт, уIэгъэ сыщыхъуаи къыхэкIащ.

Полковник Гейман и штабым, – куэд мыщIэу ар генерал хъуащ, – капитан Закурдаевым нэIуасэ сыщыхуэхъуащ. ЦIыху хьэрэмыншэ гуэрт ар, хы Iуфэм къулыкъу щищIэрт. Хы Iуфэм щежьэурэ, шэрджэсхэр Тыркум Iэпхъуэрт. Езэш хъунти, Закурдаевым сригъэблэгъащ, хьэщIэ усщIмэ си гуапэщ, жери. Хэт игу къэкIынт а дакъикъэм щыщIэдзауэ си гъащIэм зиублэрэкIынкIэ хъуну...

Дыгъэм ижьауэ лIыжь къамылыфэт Закурдаевыр. Езыр зэщIэтхъуами, и набдзэр фIыцIабзэт. Зыгуэрым езгъэщхьырт ар, зэзгъэщхьыр къысхуэщIэжыртэкъым армыхъумэ. Полкым къэзгъэзэжыным сыхуэпIащIэртэкъым, шызакъуэгум сызэридзэу хы Iуфэм къыщызджэдыхьынми си нэ къыхуикIыртэкъым.

– Унысхуеблэгъэн уи мурадкъым уэ сэ слъагъум, – къызэплъащ Закурдаевыр.

– Фадэ уиIэ, махъсымэ нэмыщI? Сынеблэгъэнщ, – арэзы сыхъуащ сэ.

Закурдаевыр нэщхъыфIэ къэхъужащ, къыщылъэтри си Iэр къиубыдащ:

– Ром нэгъунэ сиIэщ. Мадерэ жыпIэмэ, ари сиIэщ, тыркухэм я деж къыщысхъуэжауэ. Кахетием кърахауэ сани къыпхуэзгъуэтынщ, зиусхьэн. Дежьэрэ-тIэ?

Гъуэгур быркъуэшыркъуэтэкъыми, гугъу дехьакъым, шызакъуэгуми дызэридзэртэкъым. Дыпсалъэурэ гъуэгур хыдогъэщI. Си цIэм къыщIэ-

упщIати, жесIащ. Яковым есакъым, Яшэт нэхъыбэм къызэрызэджэр. «Афанасий – аращ укъызэрызэджэнур», – жиIащ езым. Куэд зылъэгъуа цIыхут Закурдаевыр, и гум илъыр къыпщибзыщIынутэкъым – дзыхь къызигъэзащ щIэх дыдэ. Зэзгъэщхьар сигу къэкIыжащ.

– Максим Максимыч? – игъэщIэгъуащ Закурдаевым.

– Лермонтовым и романым уеджа – «Ди зэманым и лIыхъужь?»

– Сыхунэсакъым. Хэт ар езыр – Максим Максимычыр?

– Уэ уэщхь гуэрщ, дзэм куэдрэ хэтауэ. ЦIыху хьэлэлт, хьэрэмыгъэншэт – аращ щIозгъэщхьар...

– Дзэм куэдрэ хэта псори зэщхьщ, – жиIащ Закурдаевым.

Сэ сыщIэупщIащ: Бестужев-Марлинскэм уримыхьэлIауэ пIэрэ, жысIэри.

– Хьэуэ, срихьэлIакъым. НэгъуэщI декабрист гуэрхэм сарихьэлIэгъащ, Марлинскэм сыхуэзакъым.

– Бгырысхэм яхыхьауэ жаIэ абы щхьэкIэ. Иджыри яхэтущ зэрагъэхъыбарыр, зыкъыдигъащIэркъым армыхъумэ. ЗэхэпхагъэнкIэ хъуну?

– Iэджэ ягъэхъыбар, апхуэдэ гуэри зэхэсхащ. Марлинскэри адрей декабристхэри хэкум епцIыжынутэкъым. Зауэм сащрихьэлIащ абыхэм ящыщ гуэрхэм – цIыху хахуэхэт, щхьэмыгъазэхэт. Уэркъым къыхэкIащ ахэр, я хэкум пащI щыIакъым. ИрагъэкIуэтэхыжри, сэлэтым нахусыжауэ щытащ. Зауэм къыхэжаныкIын хуей щIэхъуар аращ – офицерыцIэ зыфIрагъэщыжын щхьэкIэ. Мыхъуми, унтер. Псори зэщхь уи гугъэ? Щхьэхуещи яхэтащ, бзэгузехьи. Сэлэтхэр нэгъуэщIщ: бгырысхэм я дежкIэ зрырагъэхьэкIын тIэу еплъынукъым. Щамил гухьар мащIэ, топ яхуэзыщIар абы деж кIуэса сэлэтхэращ. Топи топыши. Я жылэхэм къыдэнауэ, иджыри щопсэу... Уешакъэ?

Сызэрыщхьэукъуэм гу лъитащ Закурдаевым.

– Бгырыс хэгъэрей сиIэщ сэ, – и псалъэм пищащ Закурдаевым. – ДифIхэм ящыщкъым. ХьэщIапIэ къысхуокIуэ, тыгъэ гуэрхэри къыздехь. Махъсымэ е, сэ сщIэрэ, фадэ гуащIэ гуэр хутезгъэувэмэ, къызоупщI: «Нобэ уи къан гъэшхэгъуэ?» – жери. «НтIэ» жысIэмэ, зы бжьэ ирифынущ, абы фIигъэкIынукъым, хэбгъэзыхьми. Фадэбжьэ ираф щхьэкIэ, бгырысхэр чэф хъуркъым. «Буза» псалъэр, шэрджэсхэм я бузар е, езыхэм зэрыжаIэщи, махъсымэр, къытхэзыхьар сэлэтхэращ: ефэ пэтми, загъэнщIыркъым...

– Ди мыфIхэм ящыщмэ, дауэ къыпкIэлъыкIуэрэ а уи хэгъэрейр? – сыщIэупщIащ сэ.

– Дэнэ щыпщIэн? Хэгъэрей схуэхъуащи, къыскIэлъокIуэ. Уэзырмэсщ и цIэр. И адэри сцIыхуу щытащ – ар Тыркум Iэпхъуащ. Уэрэд яус тIуми. ДжэгуакIуэкIэ йоджэ. Iэщэ зэрахьэркъым джэгуакIуэхэм, зауэм хыхьэми, Iэщэ здащтэркъым. Дзэм и пащхьэ йоувэри, зауэлIхэр ягъэгушхуэ, уэрэд жаIэурэ. Уэ укъызэупщIащ: дэ ди мыфIыр дауэ къызэрыпкIэлъыкIуэр? Ар уэрэ сэрэ къыдгурыIуэнукъым. Езыхэри къыдгурыIуэнукъым...

Гъуэгу дытетыху, шэрджэсхэм я хъыбар куэд сригъэдэIуащ Закурдаевым – езым и нэгу щIэкIаи IуэрыIуэтэжу зэхихаи къигъэнакъым. Уи фIэщ пщIы хъуни мыхъуни хэслъэгъуащ абы и хъыбархэм. Сэ щыгъуазэ сыхъуакIэт шэрджэсхэм я псэукIэмрэ я хабзэхэмрэ – абыхэм ятеухуа тхылъ мащIэ седжакъым сэ. Шапсыгъхэм щытепсэлъыхькIэ, Люлье Леонтий етх абыхэм лIакъуэлIэшрэ тепщэрэ ямыIауэ. Унафэр зыIэщIэлъыр тхьэмадэхэрат, ахэр жылэм хахырт, зэдэарэзыуэ. Шапсыгъхэм лъэхъуэщи хьэпси яIакъым – сэри щыхьэт сытехъуэфынущ абы. Я щхьэ хуитт, зым и IэмыщIи зралъхьэнутэкъым...

ЕпщыкIуиянэ лIэщIыгъуэм уэркъ унагъуэхэм, – ЩэрэлIокъуэхи яхэтащ абыхэм, – щIы нэхъыбэ зыIэщIэубыдэн мурад ящIауэ щытащ, лIыщIэ къащтэуи щIадзат. Ар ядакъым шапсыгъхэм –ЩэрэлIокъуэхэ зыхахуащ. ЩэрэлIокъуэхэ бжьэдыгъухэм яхыхьэжащ – абыхэм пщы, лIакъуэлIэш яIэт. Бжьэдыгъупщ Бат-Джэрии ЩэрэлIокъуэхи къагурыIуащ шапсыгъ лъхукъуэлIхэм езауэкIэ зэрапэмылъэщынур. Ар къащыгурыIуэм, Бытырбыху пащтыхь гуащэ Екатеринэ деж кIуащ. Пащтыхь гуащэм унафэ ищIри, Бат-Джэрий къэзакъ ротищрэ топрэ кърататащ. Шапсыгъхэм загъэхьэзыращ, зызэщIаузэдащ. Зэпэуври, лъыгъажэ зауэ зэращIылIащ. А зауэм и хъыбар куэд зэхэсхащ сэ. ЗэуапIэм къыщикIыжым щыгъуэ шапсыгъ шухэм зы бзылъхугъэ япежьащ. И къуэмрэ и щхьэгъусэмрэ щIэупщIащ бзылъхугъэр. «Дэ Бат-Джэрий дукIащ», – иратащ жэуап. «Шапсыгъ фызхэм зэ лъхуэгъуэм къыфщIэдгъэхъуэжыфынущ зауэм хэкIуэдам хуэдиз, бжэдыгъухэм Бат-Джэрий хуэдэ игъащIэкIэ ягъуэтыжынукъым», – жаIащ шапсыгъ фызхэм. Зэман дэкIри, шапсыгъ уэркъхэм пщIэ лъэпкъ ямыIэж хъуащ, нэхъ иужькIэ абазэхэхэми уэркъхэр лъэныкъуэ ирагъэзри, я унафэр я IэмыщIэ ираубыдэжащ.

Си нэгу щIэкIамрэ сызыхэхута Iуэхухэмрэ сащегупсыскIэ, си щхьэм соупщIыж: ди империем шапсыгъхэм я лъапсэм псы иригъэжыхьыжын мурад ищIауэ щIыщытам и щхьэусыгъуэхэм ящыщ зыуэ щымытауэ пIэрэ ар? Шапсыгъхэр лъэпкъ щхьэхуит хъуакIэт, я унафэр я IэмыщIэ ираубыдэжа нэужь. Бжьым щIэт урыс мыжьыкъым абыхэм щапхъэ трахмэ-щэ? Монголхэми, Македонием я дзэпщ Александри, кърым хъанми Iэрыубыд яхуэщIакъым шапсыгъхэр, игъащIэ лъандэрэ лъэпкъ щхьэхуитущ къызэрыгъуэгурыкIуар. Ди тхыдэтх къаплъэнэфхэм зэралъытэмкIэ, лъэпкъитI зэзауэмэ, хагуэр зызымыузэщIаращ, нэхъ къыкIэрыхуарщ – акъыл зиIэм и фIэщ хъунукъым ар, и щхьэм иригъэхьэнукъым...

Дэ дыщIытекIуар ди пащтыхьым и сэлэтхэр нэхъыбэти, аращ. КуэдкIэ, куэдыкIейкIэ нэхъыбэт!

Закурдаевым сеупщIащ:

– ШэрджэсыбзэкIэ упсалъэрэ, Афанасий Игнатьевич?

– ТIэкIу къызгуроIуэ, срипсэлъэфыркъым. Абыхэм я бзэр зэбгъэщIэн щхьэкIэ... Ар схузэфIэкIакъым. Шапсыгъ хьэщIэ къысхуэкIуэмэ, фIэхъус апщий, къеблагъэ зэрыжесIэнур сощIэ. НэгъуэщI псалъэ зыбгъупщIи сщIэ хъунщ. Сыхуэныкъуащэ хъуркъым: езы Уэзырмэс урысыбзэкIэ уэрсэрщ...

Уэзырмэс и цIэр си нэIуасэ къысщыхъуащ, жейм сыхилъафэ пэтрэ къэсщIэжащ ар пасэрей дзэпщ Рамзес и цIэм зэрещхьыр.

Шыхэр щызэтеувыIэм сыкъызэщыужащ.

– Дэндей? – зэхэсхащ Закурдаевыр зэрыупщIар.

– Плъэт, мес мобдежщ, чыцэм къыхонэIукI, – жиIащ сэлэт шыгухум, и чнутIыр ишийри.

– Сыт къэхъуар? – сыкъэщтащ сэ.

Закурдаевыр шыгум икIащ, сэри и ужь сиуващ. Си лъакъуэр ундэрэбжьати, сещIащ, шыгум сыкъыщикIым. МэракIуапцIэ пабжьэм щыхуэдунэтIым, щхьэпридзауэ пабжьэм хэлъ тарантасым дрихьэлIащ. Шы тлъэгъуакъым, и гущIыIу дэгъэзеяуэ зы хьэдэ удзым хэлът. Пощт сумкIи бгъэдэлът абы. Закурдаевым хьэдэм зыхуригъэзыхащ.

– Шэр и щхьэм къытехуащ. Щтауч фочщ къызэреуар.

Хьэдэм сыбгъэдэкIуэтащ. Си нэIуасэ къысщыхъуащ. Зэпэсплъыхьри, къэсцIыхужащ: гъусэ сызыхуэхъуауэ щыта фельдъегерырат къаукIар. Си

нэгу къыщIыхьэжащ псэлъэгъуейр, сыткIэ сеупщIми, жэуап къызитын зыфIэмыфIар. Ар нэгъуэщIым хэзгъэгъуэщэнутэкъым. И гущIыIу дэгъэзеяуэ удзым хэлъщ иджы, и нэр щIилъэфэжащ, и дзэ гъуэжьхэр къыIуоплъ. Къысщыдыхьэшх къысфIэщIащ, сыщеплъыпэм: зыри бжесIатэкъым, дапщэрэ укъызэупщIами – къысщIэнакIэ къысфIэщIащ. Сэ зезгъэзэкIащ.

– Шыгухур яубыдагъэнущ, – жиIащ Закурдаевым. – Дауэ ухъут? Хьэдэр мыбдей къыщыбнэ хъунукъым, тшэжынщ.

Сэлэтыр къыдбгъэдыхьащ. Капитаным жиIар зэхихати, ар гъумэтIымащ:

– ТшэжкIэ къэхъужынукъым. Шыр игъэщтэн фIэкIа. Мыбдеж щыщIэдвгъалъхьэ, зиусхьэн.

– Чыристэнщ. Дунейм ехыжам кIэлъызэрахьэ хабзэм тетущ щIэлъхьэн зэрыхуейр, – идакъым Закурдаевым. – СумкIэр шыгум илъхьэ. Шыхэр убыд.

Фельдъегерым и хьэдэр зэпэдубыдри шыгум итлъхьащ. Шыхэр ихъуилът, фIалъэ лъакъуэкIэ щIыр къраудырт. Хьэдэм мэкъу Iэгу трипIэри, Закурдаевым жиIащ:

– Хьэдэ си щыпэлъагъукъым сэ. Уэ ущымэхъашэмэ, сэлэтым бгъурытIысхьэ.

– Сыщымэхъашэкъым. Дэри аращ къытщIэлъыр.

– Щыгъэт, – къысхуидакъым Закурдаевым. – Мыбы сыкъыщацIыху сэ, си гугъу къащIынукъым, нэгъуэщI щIыпIэ къимыкIамэ. ЗэрыхъуIамэ, хъунщ.

Закурдаевыр шыгум итIысхьэжри, дежьэжащ. Хьэдэр шыгум зэредзэ, си лъакъуэм къыщыжьэхэуи къохъу. Iэджэм сегупсысащ, гъуэгум дытетыху: зы шэщ, зы шэ закъуэщ цIыхум и псэр хэзыудыр. Хьэуэ, си нэ къыхуикIыртэкъым ажалым, пэIэщIэ срырехъу...

Пшапэр зэхэуауэ дынэсащ плъырыпIэм. Хьэдэр сэлэтхэм шыгум иразащ.

Хы уалъэр Iуфэм къожалIэ, мэIэуэлъауэ. Хы Iуфэм кхъуафэхэр щызэхэтщи, си нэр къысхутечыркъым: сокIукI-сыкъокIукI. Закурдаевыр къызэгуоуащ: хы уи щыпэлъагъу! Мэ гурымыхь гуэр къысщIихьауэ къысщыхъуащ – бгыщхьэмкIэ къикIырт мэр: куэншыб идзыпIэ тпэгъунэгъу хъунт.

Сыхьэт ныкъуэ хуэдиз нэхъ дэкIатэкъым Iэнэ лъахъшэм дыщетIысылIам. Iэнэм кхъуей, танэл, бдзэжьей, нэгъуэщI гуэрхэри телът. МафIэм пэрыт шыуаным лымэ гуакIуэ кърех. Шагъыр зэрыт кхъуэщын къытрагъэуващ Iэнэм. Ром зэрыт бащырыбэр Iуихащ Закурдаевым.

– Фельдъегерыр си дежт къыздэкIуэр, пакет къысхуихьырт, – жиIащ абы. – Генерал Евдокимовыр ди Iуэху зытетым къыщIоупщIэ... КъытщымыщIIауэ дыкъэсащи, абы щхьэкIэ дефэнщ мы бжьэм.

Зы бжьэм нэгъуэщIи кIэлъытIэтащ. ЛIыжьым и гушыIэр зэпычыркъым. Си гур нэхъ кIэрыпщIэ хъуащ абы – къызыхэкIари сщIэркъым. И бзэрагъэнт – щIичэркъым, и жьафэр къехыркъым, зы гушыIэм етIуанэр къыкIэлъедз.

– ТхъапIэ фисщ, Афанасий Игнатьевич. Фи щхьэ закъуэ-фи лъакъуитIщ, хытIыгум фытесми ярейщ. ФыщIэгузэвэн флъагъуркъым, фотынш, – жысIащ сэ, фадэм сыкъигъэжанауэ.

– Фадэр уигу ирихьамэ, нэгъуэщI сыхуейкъым, Яшэ. Уи хьэлэлщ.

Закурдаевым и пщампIэр итIэтащ, кхъуэщыныр къищтэри шагъыр иригъэхъуащ.

Сигу ирихьати, зыри щызбзыщIакъым Закурдаевым, сызыхэтауэ хъуам щыгъуазэ сщIащ. Попов-Азотовымрэ сэрэ ди щIакIуэ кIапэм и гугъу хуэсщIати, къысхуигъэщIэгъуакъым, Iэджи къохъу, жери. Жьыбгъэ и хъыбарым шэч къытрихьащ, дзэпщыр уи шым къыхуэнат, жиIащ. Хъыбар здыхуэсIуатэм гу лъыстащ Закурдаевым жысIэр и фIэщ хъууэ зэрыщIидзам – игу къысщIэгъуауэ арагъэнт. Шагъырым хэдгъэщIыху, Закурдаевыр кIуэ пэтми нэхъ зэрызэхэуэми зыгуэрым тегузэвыхь зэрыхъуами гу лъыстащ. КIуэ пэтми нэхъ къызэрыкIырт ар, фадэкIэ зимыгъэнщIми ярейт, кIий-гуоуэ щIидзэрт, тIури мы гъащIэмкIэ дыарэзыуэ тхьэ щиIуэжырт.

ЛIыщIэр дызыхуэныкъуэIамэ щIэупщIащ. Закурдаевым зы ром Iэгубжьэ хуригъэхъуащ абы:

– ХьэщIэм ехъуэхъуи, ефэ, Иван. Сыт хъыбар?

– Хьэдэр ягъэхьэзыр, – жиIащ лIыщIэм. – Шэху уэздыгъэ пагъэнащ, зыщ ягъуэтар.

Ар щIэкIыжа нэужь, сэлэтхэм я капитаным пщIэ зэрыхуащIыр жысIащ.

– Дызэнэзэпсэщ, ди жагъуэ зэрыщIыркъым. Ныбжь яIэщ нэхъыбэм, зыр узыншэмэ, зыр никъуэдыкъуэщ. Я адэм сыпалъыт, – жери пыдыхьэшхыкIащ Закурдаевыр. – Сэ сызэрещIэкъуауэм гу лъыптащ уэ: си лъэдакъэм шэ къытехуащ. ЩIакъуэ сызэрыхъу лъандэрэ, зызумысыжынщи, щIакъуэ псоми сигу ящIогъу. Зи лъакъуэм шэ къытехуам нэ лейкIэ соплъ, къызэкъуэншэкIми, сахуэгубжьыркъым. Ар зэрымызахуагъэр къызгуроIуэ, итIани, нэгъуэщIу схузэфIэкIыркъым.

– Сэри щхьэ къысщIэгъурэ уигу? Шэр си блэгъукIэм къецырхъа къудейщ, – жысIащ.

– Сигу щIыпщIэгъури? – хэгупсысыхьащ Закурдаевыр, сыдэгушыIэн мурад фIэкIа симыIарэ пэт. – Сыноплъри, уэри усфIэщIакъуэщ, Яшэ, щIагъыбзэкIэ бжесIэмэ. Уигу къызумыгъабгъэ си жьэм сызэрыхуимытым щхьэкIэ. Сигу илъыр схуэбзыщIынукъым...

Сабий гъы макъ жыжьэу къыщыIуащ. ЩIэх дыдэуи зэпыужащ гъы макъыр. Шэч къытесхьэркъым: Закурдаевми зэхихащ гъы макъыр, зэхимыхыфэ зытригъауэри, хъыбар къыхидзащ:

– Урыс сэлэтым пэпщI хъун щыIэкъым! Зы хъыбар уезгъэдэIуэнщ, ауэ жыжьэ къыщыщIэздзэн хуейщ. – Лулэр илъэщIри, тутын ирикIутащ аргуэру. – Хы Iуфэм быдапIэхэр IутщIыхьащ абы щыгъуэ – щэщI гъэхэм я кIэм, плIыщI гъэхэм я пэщIэдзэм: Ардылар деж – Святой Дух, ТIуапсэ псыхъуэ – Вельяминовскэ, Сашэ псыхъуэ дэтщIыхьащ Головин, Лазарев, Александровскэ – тыркухэм я лъэр дубыдын щхьэкIэ. Бгырысхэри Iэпхлъэпх щIын хуейт, гъавэ, Iэщэ къаIэрыдгъэхьэнутэкъым, сату едгъэщIынутэкъым, я Iэщыр хы Iуфэм къедгъэхунутэкъыми. БыдапIэхэм удэзэшыхьырт, техьэгъуэм лъэрыщIыкI дызэтрищIэрт. Ардылар быдапIэм сэлэт мин дэсати, зыри къелакъым техьэгъуэм. ЩIымахуэм уэс куу къесати, шэрджэсхэм гъаблэр къащIэзэрыхьащ. Тэрмэш къытхуагъэкIуащ бгырысхэм: сабийхэмрэ бзылъхугъэхэмрэ зэтолIэ, шхын къыдэфт е фэкIэ, фокIэ, IэщкIэ къыдэфхъуэж. Тэрмэшхэр етхужьэжащ. Шэрджэсхэр къыттеуэ хъуащ итIанэ. Лазарев быдапIэм дэсауэ хъуар зэтраукIащ, ерыскъыуэ ягъуэтыр зэщIакъуащ. Вельяминовскэ быдапIэр яхъунщIащ абы и ужькIэ. Гъатхэм Михайловскэ быдапIэм чэзур къылъысащ. Абы дэс гарнизоным и Iэтащхьэр штабс-капитан Ликот. Офицер хахуэт, ткIийт Лико. Къыттеуэным зы махуэ нэхъ къэмынэжауэ, шапсыгъхэм тэрмэш

къытхуагъэкIуащ. Ерыскъы дыхуейщ, филъ дгъэжэным ди нэ къыхуикIыркъым, зыкъэфти, нэхъыфIщ, зыкъэвмытмэ, пщэдей дыфтеуэнущ, жиIащ тэрмэшым. Лико къэгубжьащ: «Урысхэм затыркъым, фыукI ар!» Тэрмэшыр и пIэ кърагъэкIакъым – яукIащ. Француз щылъхут Лико, и псэкIэ урыст. БыдапIэм сэлэт щитIрэ щэ ныкъуэрэ хуэдиз дэст, шапсыгъхэм япэувыфыну. Адрейхэр лъэрымыхьт – хэт сымаджэт, хэт уIэгъэт. Гыныр зыщIэлъ щIыунэр къагъэуэн хуейуэ унафэ ищIащ Лико, шапсыгъхэр блыным къыщхьэдэхмэ. Зы сэлэт къэуващ, Осипов Архип: «Си хэкум щхьэузыхь зыхуэсщIынущ, сэ къэзгъэуэнщ щIыунэр, сызыщывмыгъэгъупщэ». Ром бжьитI-щы ирагъэфащ ар, жор тращIащ. ЕтIуанэ махуэм шэрджэсхэр быдапIэм къыдэзэрыгуащи, щIыунэбжэр якъутэ, ерыскъыр зыщIэлъыр ара я гугъауэ. ЗэрыжиIати, Осиповым гыныр зыщIэлъ щIыунэр къигъэуащ, езыри хэкIуэдащ, тхьэмыщкIэр. Абы и ужькIэ, пащтыхьым унафэ ищIати, сэлэтхэр щрагъэувыкIкIэ, Осипов Архип и цIэри къраIуэ хъуащ. И цIэ къыщраIуэкIэ жаIэ: «Урысейм щхьэузыхь зыхуищIащ». Уи щхьэфэцым зресэ, ар щызэхэпхкIэ. Осиповым и цIэкIэ дефэнщ мы бжьэм, Яшэ!

Закурдаевым фалъэр игъэщIейри, и пащIэр илъэщIыжащ...

Сабий гъы макъ къэIуащ аргуэру. Закурдаевым сыхуеплъэкIащ – абы зыуи къридзакъым гъы макъыр, лулэм йокъури щысщ.

– Дыдейхэри хэкIуэда? – сыщIэупщIащ сэ.

– Сэлэт пщIей хуэдиз къелащ, Лико уIэгъэ хьэлъэ хъуащ. Шэрджэсхэм яукIакъым ахэр, яубыдри я жылэхэм яхуащ, итIанэ я цIыхухэмкIэ къыдахъуэжащ.

– Уэри уахэта абыхэм, Афанасий Игнатьевич?

– Хьэуэ. Тхьэм и нэфI къысщыхуа хъунт. Тхьэгъэпс Паисийщ хъыбарыр къысхуэзыIуэтэжар.

Ди псалъэмакъыр зэпыуащ.

Плъырхэр зэрогъэкIий, дзапэ уэрэд къыхадзащ.

Закурдаевыр къэскIащ.

– Хъыбар хьэлэмэт уезгъэдэIуэнщ иджы. Шапсыгъхэмрэ абазэхэхэмрэ быдапIэм къебгъэрыкIуащ. БыдапIэм и Iэтащхьэ Присыпкиным и щхьэгъусэр –цIыхубз хахуэт – щIытIым теуващ, шэр къызэрытелъэалъэми еплъакъым: жьауэр иIэтауэ тетщ щIытIым. Ар щалъагъум, шэрджэсхэр икIуэтыжащ, сыхьэт ныкъуэ хуэдэ дэкIа нэужь, Присыпкиным хъыбар къурагъэщIащ: дэ цIыхубзхэм дезауэркъым. Генерал Раевскэр гушыIэрт: сэлэтхэм я пIэкIэ офицер щхьэгъусэхэр едутIыпщын хуеящ шэрджэсхэм – икIуэтыжынурэ ди ужь икIынут...

Полкми щызэхэсхат а хъыбарыр, сигу ихужыртэкъым, сыщепщIыхьи къэхъурт, си напIэр зэтеслъхьамэ.

– Фи нэгу Iэджэ щIэкIащ фэ, дэри мащIэ тлъэгъуакъым.

– ФлъэгъуаIакъым фэ иджыри! – жиIащ Закурдаевым. Къэтэджри дзапэ уэрэд къыхидзащ. Уэрэдыр и кIэм нимыгъэс щIыкIэ зэпигъэури, блыным фIэлъ сурэтым бгъэдэкIуэтащ. Пащтыхьыр тхьэкIумэшхуэщ, и щхьэцыр сэмэгу лъэныкъуэкIэ телъэщIащ, и пащIэр попIиикI.

– ЖьакIэ игъэкIын мурад ищIауэ зэхэсхащ мыбы, – жиIащ Закурдаевым, пащтыхьыр ауан ищIын зэримыжагъуэр зыхэпщIэу.

– Ди пащтыхьыр ауан пщIы си гугъэщ, – жысIащ сэ, Лермонтовым и Максим Максимыч зэрезгъэщхьари сигу къэкIыжащ: пащтыхьым хуэдзэлэшхэнтэкъым ар.

ЩIэх жэуап къызитакъым Закурдаевым.

– Хъыбар езгъэщIэнумэ, и чэзу хъуакъэ? – жери сурэтым бгъэдэуващ

Закурдаевыр. – Зи пащтыхьыгъуэр кIыхь хъун дотэ. Си IэмыщIэ илъ кхъэм и Iуэхур щIагъуэ дыдэщ: дунейм ехыжар мащIэкъым, нэхъыбэжри я псэм йоджэ!

Фадэм пэлъэщагъэнукъым лIыжьыр, итIани сеупщIащ:

– Уи жьэм хуэсакъ, узэхэзыхIамэ, сыт пщIэжынур?

Закурдаевыр къызэплъэкIащ, ещIэкъуауэу Iэнэм бгъэдыхьэжащ, шэнт щхьэгуэм шэсыжащ. И щхьэр къыфIэхури къэгъащ.

– Щыгъэт, нэпсым зыри къыпхуищIэнукъым. Сыт уи лажьэр?

И нэпсыр щIилъэщIыкIыурэ, «скIэрыкI» жиIащ, тIэхъуфэхъу щхьэ сыкъэпщIа жыхуиIэт.

– Тахътэм итIысхьи, жей.

ЗыстIэщIакъым, сызэрыхуэпауэ ситIысхьащ тахътэм, щIэх дыди сыIурихащ. Си нэгу щIокI: къуэ зэвым сыкъыдэнащи, сыщIипIытIэным сынэсащ, зыгуэр къызэджэ хуэдэуи къысщыхъуащ. Попов-Азотовым и макъым езгъэщхьащ: «Къуэ зэвым удэсшэжынщ. НакIуэ...»

Сыкъызэщыуащ.

Пэшыр нэхут, дыгъэр къыдэкIуэтеяти.

*ЗэзыдзэкIар* ***Къэрмокъуэ Хьэмидщ.***
*Сурэтхэр зыщIар* ***Жылэ Толэщ.***
*(КъыкIэлъыкIуэнущ)*

МЫЗ Ахьмэд

# КIэртIоф гъэваитI

*Рассказ*



– Куэдрэ дызэбгъэжьэну, на? – и щхьэгъусэр къыIухьэри Зураб зыхэт гупсысэхэм къыхишащ. – Сыт щIауэ дис маршынэм!

– Зэ, зэ, – укъытримыч, дыкъызыкIэрыху щыIэкъым.

– АIей, мо щIалэр къытпоплъэ, емыкIукъэ?

– Хъунщ, хъун. КIуэ, кхъыIэ, итIысхьэж. Сэ иджыпсту...

Жанусэ, дауи, къыгурыIуат лIым и гум щыщIэри адэкIэ щIигъуаIакъым.

Зураб щытт и нэкIу иуэжам и нэпкъпэпкъыр ин щIэхъукIарэ зэрыцIыкIум нэхърэ нэхъ цIыкIуж хъуауэ. И пIэм ижыхьам ярейрэ «кIэзонэ» унэ зыфIищам еплъу, унагъуэ тIощIырыпщIым я зэхуэдэ пщIантIэжьым дэплъэу. Зы лъэныкъуэ-кIэ абы игу пыкIыртэкъым апхуэдиз илъэс щигъэкIуа и къалэ фэтэрыр, апхуэдиз хьэщIэ къыщыхуеблэгъа, апхуэдиз хъуэхъу щыжаIа, я нэхъ зэман гугъуми ерыскъыншэ щымыхъуа унэр. Къыхуеблагъэхэм абы щытхъупсу къэрагъэжэхым щIэи гъуни иIэтэкъым, «адыгэм ди щэнхабзэр,

къыддэгъуэгурыкIуэ ди хабзэ дахэхэр уафэм нэс зыIэтахэм уащыщщ», «уэ хуэдэу дахэу сценэм щыджэгурэ уэ уэщхьу уэрэдыжьхэр телъыджэу жызыIэрэ лъэпкъым диIэкъым, адыгэм уринабдзэщ, ПащIэ Бэчмырзэрэ Агънокъуэ Лашэрэ уахуэфащэщ», – къыжраIэурэ, и щхьэр лъагэу ирагъэлъагъужырт. И хьэщIэхэм фэрыщI закъуэтIакъуэ къахэкIми, абы жаIэм пэж гуэр зэрыхэлъыр ищIэжырт езы Зураби. Ар къыщацIыхурт адыгэр щыпсэу дэтхэнэ щIыналъэми. Дэнэ кIуэми я гуапэу, пщIэ лей къыхуащIу ирагъэблагъэрт. Псом хуэмыдэжу хамэ къэралхэм. Уеблэмэ ди къэфакIуэ гупым ящIыгъуу зы гъэ Йорданым кIуауэ абы я пащтыхьым «шэрджэсхэм апхуэдизу зи цIэ фIэтыр сывгъэлъагъумэ, си гуапэщ», – жери гъунэгъуу зригъэцIыхуауэ щытыгъат. КIуэаракъэ, сыт хуэдэ гуп хэхуэми, Iэнэм хъуэхъубжьэ къыщаIэтыхуи, унасыпыфIэщ къыжраIэрт. НасыпыфIэу пIэрэ-тIэ? ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, сыт щыгъуи Iэгуауэшхуэ къыхуаIэту театрым иджыри къэсыхункIэ щыджэгуащ, уэрэд жиIэу сценэми итащ, къуажэ-къуажэкIэрэ, Адыгейри Шэрджэс щIыналъэри хэту, къикIухьурэ уэрэдыжьу зэхуихьэсыжам и бжыгъэр ищIэжыркъым. Зэхуихьэсыжа къудейм къыщымынэу, къанэ щIагъуэ щымыIэу, езым игъэзащIэу пленкэм трыригъэтхащ.

Илъэс 80 щыхъум хузэхаша пшыхьыр-щэ?! Абы къекIуэлIар щIэхуэртэкъым театрым и унэ абрагъуэм. Езы президентри къэкIуат. КъэкIуам къыщымынэу, и къекIуэкIыкIам, лъэпкъым папщIэ зэфIигъэкIа лэжьыгъэшхуэм тепсэлъыхьат кIыхьу. Псом хуэмыдэу Iыхьэлейуэ и гуапэ хъуаращи, «тIэкIу сыщезэшам е гукъыдэж сыщимыIэм деж Зураб и уэрэдхэм содаIуэри, псори сщогъупщэж» жиIат. Абы иужькIэ, унащхьэр трачыным хуэдэу, Iэгу еуат къызэхуэсахэр... Зы лъэныкъуэкIи, абы зибжыж хъунут насыпыфIэу. Ауэ нэгъуэщI лъэныкъуэкIи, и къуитIыр зэримыIэжым и гупсысэр хуэкIуэрти... «ЛIыфI къуэфI хуэщкъым» жыхуиIэракъэ, нэхъыжьыр щIэпхъаджащIэхэм яхэпшахъуэри, иужьым зэпаубыдар Тхьэм ещIэ, и гъусэхэм яIэщIэкIуэдат, нэхъыщIэр фадэм хьэщыкъ хуэхъури, афIэкIа нэкуи-напIи иIэжакъым, зытекIуэдэжари аращ – ефауэ жэщыбгым къыздэкIуэжым, машинэ къыжьэхэуэри...

Тхьэм ещIэ, ара къыщIэкIынщ абы и унэжьымрэ и пщIантIэмрэ зэрилъагъужынур. АфIэкIа къэгъазэ иIэкъым. Сыт щхьа къигъэзэн, ныбжьэгъу, уэршэрэгъу ищIын дэсыжкъым. Псори кIуэжащ а зыри къыздимыкIыжым. Къуажэм нэхъ щытеунщ зи мыхъуми. Я хьэблэм дэсщ зауэм хэта лIыжьитI. Нэхъ къуажэкIэмкIи зы. Хэтам и закъуэтэкъым, нэмыцэIуэм пIалъэ кIэщIкIэ зэдисахэт. Пэжщ, а щым я зым, Хьэжбийм, щIагъуэу и гупэр хуигъазэртэкъым абы. ИгъащIэми къынтIэшынтIэжьу, сампIэимыхьэу, дыджыжьрэ щхьэхуещэу дунейм зэрытетым щхьэкIэ гу щIыIэ-псэ щIыIэу хущытт. Ауэ аратэкъым а лIыр Зураб фIыуэ щIимылъагъур. Абы и щхьэусыгъуэр нэгъуэщIт...

Аращи, къебгынэ апхуэдиз гуауи гуфIэгъуи зыщIилъэгъуа и унэжьыр. Хъунщ къалэм зэрыдэсар. Сыти жыIи, зауэм къызэрикIыжрэ щопсэу. Абы щыгъуэми фэтэр хьэхукIэ и фэм икIар сыт хуэдиз. Иужь илъэс тIощIырыпщIырщ унэ тэмэм щIэсыну, хуиту тхэну Iэмал щигъуэтар. Ауэ абы хыфIидзэжатэкъым и адэжь лъапсэри. ЩIымахуэр мыхъумэ, гъэ псом, щэбэт-тхьэмахуэ махуэхэм, кIуэжырт Жанхъуэтхьэблэ. Жыг хадэ бэлыхь иIэти, абы кърих хьерырт нэхъыбэу зыкъуэпсэукIыр. Пэжщ, иужь илъэс зыщыплIым езым хузехьэжыртэкъым и жыг хадэр. И къуэш быным ягурыIуауэ, зыхуей хуагъазэрт, кърахыр я зэхуэдитIу. И унэ фейцейри итыжтэкъым щIапIэм. Илъэс 75-р щыхуагъэлъапIэм район тхьэмадэм и

таучэлкIэ унэ хуащIыну къагъэгугъэри, илъэсым къриубыдэу псэуалъэ хъарзыни яухуат. АрщхьэкIэ ныкъуэцIалэ-ныкъуэтхьэщIу къанэри, куэд щIатэкъым и кIэм зэрынагъэсыжрэ. Ари зи фIыщIэр Тыркум къикIыу къыхуэкIуа хьэщIэрт – фабрикэшхуэ зыгъэлажьэ ди лъэпкъэгъу гуэрым и мылъкукIэ зыхуей хуагъэзэжат...

Аращ, зэфIэкIащ. АфIэкIа къэгъазэ иIэкъым. Ар жиIэ щхьэкIэ, хэт ищIэн, и пхъурщ унэр къызыхуигъанэри, абы и щIалэ нэхъыжьым къишэмэ... Ауэ апщIондэхукIэ псэуну езыр?

– Тхьэ, дыбогъэгувапэм, лIыжь! Ди хьэпшыпхэр зэрынашэсыжрэ нейзэман! – жиIэу Жанусэ къыщыджэм, Зураб хуэмурэ иунэтIащ къежьэу щыт машинэмкIэ.

Къуажэм Iэпхъуэжын ипэ зэщхьэгъусэхэр мащIэрэ тепсэлъыхьат а Iуэхум? Зэми тегушхуэхэрт, зэми дзыхь ящIыртэкъым. Иужьым, сытми, таучэлышхуэ зыхэлъу къэгъуэгурыкIуа лIым иукъуэдийри кIуэжыну трахуащ. ЛэжьапIэм IукIыжыну лъэIу тхылъ щитхам щыгъуэ щэнхабзэмкIэ министрри театрым и унафэщIри абы зэрэ-тIэурэ къелъэIуат:«IэщIыб думыщI, уэ ущымылэжьэжмэ, театрым зеиншафэ къытеуэнущ, комедие дгъэлъагъуэмэ, цIыхур нэхъыбэу къыщIэкIуэр уэращ», – жаIэу.

АрщхьэкIэ яхутечакъым, «Iэмал имыIэу сыщыджэгун хуейуэ вгъэувIамэ, сыкъэвгъуэтынщ, Жанхъуэтхьэблэ укIуэн щхьэкIэ псибл зэпыбупщIын хуейкъым», – жери.

Зэщхьэгъусэхэр къуажэм къыщысыжам я хьэпшыпхэр зэрылъа машинэр яунэщIакIэт, и пхъур яхэту, хьэблэ щIалэм унэлъащIэмрэ хьэкъущыкъумрэ унэм щIахьэрт. Зураб къызэрыIэпхъуэжар зэрызэхахыу, «ду» жоуэ абы и пщIантIэ щызэхуэсат хьэблэм дэс Iыхьлыри гъунэгъури. Къехъуэхъуну къыдыхьахэм щаIуплъэм, лIыжьыр нэщхъыфIэ къэхъужри, дей щIагъым щIэт тетIысхьэпIэм щетIысэхащ. ЛIы нэхъыжьыIуэхэм ябгъэдэсу зэманыфIкIи щысахэщ, жылэм къыщекIуэкIхэм щIагъэдэIуу.

Хьэпшыпхэр унэм щIагъэзэгъа нэужь, хъуэхъуакIуэ къыдыхьахэм я нэхъыжьым зыкъиIэтыжащ, «гъуэгу фытетащ, фешащ, зывгъэпсэху», – жери.

Гъунэгъухэр зэрыдэкIыжу зэщхьэгъусэхэм къабгъэдохьэ я нысэр – Зураб и шынэхъыжьым и къуэм и щхьэгъусэр:

– Шунэху (арат къызэреджэр), нанэ уэрэ нобэ махуэм фышха къыщIэкIынкъым, фынакIуэ, тIэкIу федзэкъэнщ.

Зураб къэмэжэлIат. Дыгъуасэ лъандэрэ дзэкъэгъуэ ехатэкъым и джийм. «НэгъуэщI мыхъуми, шей тIэкIу ефэ», – жиIэу нышэдибэ Жанусэ къелъэIуами, идатэкъым, «си гур зыми хуэкIуэркъым» жери.

– Уэлей, тIэкIу дышхэми хъунум. НакIуэ, фызыжь, ди нысэм тхуигъэхьэзырам зыхэдгъэкIыжынкъым.

ЗдыщIыхьам унагъуэм я нэхъыщIэр, зи школ кIуэгъуэ хъуа щIалэ цIыкIур, Iэнэм бгъэдэст зи фэр телъу гъэва кIэртIофым епэщэщу.

– Тхьэ, мы плъагъум джэд лыбжьэ тхуишхын имыдэ, – къэпсэлъащ нысэр, – кIэртIоф хьэлыуэмрэ кхъуеймрэщ и псэр зыхэлъыр. Кхъуейжьапхъэмрэ абырэ.

Сабийм IэщIэлъ кIэртIофышхуэм щыIуплъэм, Зураб зы меданкIэ Iэнкун къэхъуащ. Абы зэуэ и нэгу къыщIэувэжат нэмыцэIуэм щисым щыгъуэ къратауэ щыта кIэртIоф гъэваишхуитIыр. Ауэ ар хуейтэкъым гукъэкIыжхэм иджыпсту Iэпхплъэпх зригъэщIыну.

– ЩыIэжмэ, сэри зы кIэртIоф гъэва къысхутелъхьэт, Дыгъэнэху.

– Тхьэ, диIэмэ. Ауэ джэдлыбжьэ щыIэу...

– Абы щыщи зыӀудгъэхуэнкъэ.

Я нысэм дей къызэрыщӀэкӀыжу, Зураб и унэ кӀуэжри гъуэлъыпӀэм зригъэукӀуриящ. Жэщ кӀуам дахэ-дахэу емызэгъами, абы и жеин къакӀуэртэкъым. Ӏэнэм телъа кӀэртӀоф гъэвам ар ихьыжат а-адэ...

... Дунейкъутэжщи, зэпымыууэ къахэлъалъэ автоматышэм уи щхьэр къыуигъэӀэтыркъым. Укъыщылъэтуи дэнэ укӀуэн – тафэ нэщӀыжьым зы къуэгъэнапӀи иӀэкъым. Зауэр щекӀуэкӀ лъэныкъуэмкӀэ Зураб зыхэт гупыр яшэу гъуэгу здытетым, уафэм къехами ярейуэ, къыздикӀари къыздихуари ямыщӀэу, нэмыцэхэр къапэуври, хьэлэчыпцӀэр къыхалъхьат. Шэ пӀэнкӀ макъыр тӀэкӀу нэхъ кӀащхъэ зэрыхъуу, хъийм икӀауэ, щӀыбагъымкӀэ командирыр къыщокӀий, «вперед!» жери. Сыт «вперед», и нэхъыбэм Ӏэщэ яӀэщӀэлъкъым е нэгъуэщӀкъым. «Впередыр» хьэдрыхэ занщӀэу ухуэзышэ гъуэгущ. ЩӀэпхъуатэкъэ Ӏэджэ, лъэрыщӀыкӀ ящӀащ ахъумэ. Дыдейхэм ящыщу, автомат зыӀыгъхэм, зыгуэр зэрыхаукӀыкӀыу, ӀэщэншэхэмабыкӀэ задз зэрызекъуэу... ИкӀэм-икӀэжым, пщыхьэщхьэхуегъэзэкӀыу, ихъуреягъыр щым мэхъу. Ди гупым яухат я шэр. Куэд дэмыкӀыу нэмыцэхэм я лъэныкъуэмкӀэ урысыбзкӀэ къыщокӀий: «Псэууэ фыкъэнэну фыхуеймэ, фи Ӏэщэр вгъэтӀылъи, ди лъэныкъуэмкӀэ къэвунэтӀ, фыдгъэшхэнущ, фызыхуей фыхуэдгъэзэнущ, хьэуэ жыфӀэрэ, зы цӀыху къэмынэу фызэтедукӀэнущ», жаӀэу. МащӀэт Зураб щӀыгъуахэм ящыщу къэнэжар. Хьэкъуей тӀэкӀут.

КъаукӀат я командирри. АрщхьэкӀэ дыдейхэр щымт. Зыкъом дэкӀа нэужь, аргуэру къокӀий, «Фэ нэгъуэщӀ хэкӀыпӀэ фиӀэкъым, фыпсэуну фыхуеймэ, зыкъыдэфт, фыгупсысэну дакъикъитху фыдот, абы и ужькӀэ фи Ӏэр Ӏэтауэ ди лъэныкъуэмкӀэ фыкъемыжьэмэ, фызэтедукӀэнщ», – жари.

Псэр ӀэфӀщ. Куэд дэмыкӀыу дыдейхэм ящыщ зытӀущым зыкъаӀэтащ, ауэрэ абыхэм я ужь иуващ адрейхэри. Зураби ахэм якӀэлъежьащ ...

Зэм зы щӀыпӀэ яшэм, аргуэру нэгъуэщӀ лъэныкъуэ ягъэӀэпхъуэурэ, гъэрхэм я фэм икӀам ущӀэмыупщӀэ. Абы щыгъуэми махуэ псом зы дзэкъэгъуэ къыщрамыт къахуихуэу, мэжэщӀалӀэу ягъэвар сыт хуэдиз? Гъуэгум щыукӀуриям и гугъу умыщӀыххэ. Апхуэдэу лъэс защӀэу яхуурэ, Украинэм и зы къалэшхуэ гуэрым нахусщ, мафӀэгум Ӏуву иракӀутэри Германием яшащ. Абы зыкъомыфӀрэ щагъэлӀыщӀащ, Ӏуэ домбей гъущӀ кӀапсэ банэкӀэ кърагъэхухьу. Ауэ а щӀыпӀэм щызэхуахусар апхуэдизкӀэ куэдыщэ хъурти. Кавказым гъэр щыхъуахэр щхьэхуэ ящӀа нэужь, нэхъ зыхуей хуэзэ хъуат. Уеблэмэ, кърат щӀагъуэ щымыӀэми, Зураб сымэ щэ ягъашхэрт махуэм. Ауэ борщ папщӀэу хуагъэхьэзыр хъудырым нэхъыбэу хэлъыр кӀэртӀофыфэрэ жэгундэ тхьэмпэрэт, атӀэми, зи ныбэ из мыхъухэм ари ирафырт яфӀэфоупсу.

Гъэрхэр лагерым Ӏуэхуншэу дагъэстэкъым. Губгъуэм яшэурэ махуэ псом хьэчэхьэпсэу кърахуэкӀырт, кӀэрахъуэ, автомат къратурэ нэщанэ ирагъауэрт. Япэ зэманым Зураб сымэ къагурыӀуакъым абыкӀэ фашистхэм къыпахыну зыхуейр. Иужьым пщафӀэхэм ящыщ зым щэхуу къажриӀащ Ӏуэхур зыӀутыр: фронтым Ӏуашэу советыдзэм къыпащӀэгъэувэжыну арат я мурадыр.

Ауэрэ гъэрхэм хуитыныгъэ нэхъыбэ кърататщ. ӀэщӀагъэ зиӀэхэр – инженер, ухуакӀуэ, пхъащӀэ хуэдэхэр, къимыдэкӀэ нэхъ Ӏэчлъэчхэр – дашурэ ӀэнатӀэ зэмылӀэужьыгъуэхэм щагъэлажьэрт. Абы ищӀыӀужкӀэ, махуэ къэс жыхуиӀэм хуэдэу, зыгуэрхэр къакӀуэрти хэт зытӀущ, хэти зыплӀытху зэщӀикъуэрти я унэм ишэрт, Ӏуэху ирагъэщӀэну. А щӀыкӀэм тету, нэмыцэӀуэм и тхьэмадэми, хъумакӀуэхэм я нэхъыжьми гъэрхэр бэджэнду ятырт. А ягъэщӀыхьэхухэм зэ, тӀэу яхэхуат Зураби. Ахэр махуэ зытӀущкӀэ къы-

щамыутIыпщыж щыIэт. Языныкъуэхэм ахъшэ тIэкIу къыIэщIалъхьэрти, нэщанэ еуэну щыдамыш махуэхэм дэкIыурэ тыкуэнхэм щыщахуэрт.

Апхуэдэу здекIуэкIым, зэгуэрым нэмыцэIуэм кърахулIэ гъэр гупышхуэ. А махуэр уэтIпсытIти, цIыхур щхьэхуитт. «КъэбэрдеймкIэ къикIа яхэту пIэрэ?» жыхуиIэу, Зураб гупым гъунэгъу захуещI. Къашахэр сатыру ягъэувауэ нэмыцэ офицерыр, тэрмэш щIыгъуу, япкърыупщIыхьырт «узыхэтар сыт хуэдэ часть, укоммунист?» жиIэу. Коммунист къахэкIмэ, (хэт зиумысынт, ауэ бзэгузехьэ яхэтт яубыдахэми) абы и Iуэхур зэфIэкIат: лагерь щIыбагъымкIэ яшэрти, абдеж щаукIырт.

Гъэрхэм щахэплъэм, Зураб зэуэ нэжэгужэ къэхъуащ. Абы яхэтт и къуажэгъу гуп. Уеблэмэ школым къыдыщIэса зытIущи, а зытеплъэ мыхъу Хьэжбии. Иджы абы иIэт и бзэкIэ зэпсэлъэн, и губампIэр зриIуэтылIэн. ИкIи мохэр хуит зэрыхъуу ябгъэдэлъадэри IэплIэ яришэкIащ.

Зураб мэлъаIуэри, и къуажэгъухэр здаша унэм пщыхьэщхьэм мэIэпхъуэ. УэршэрынкIэ замыгъэнщIауэ щыгъуэлъыжхэм абы къопщылIэ Мэжид, и тхьэкIумэм къохъуцацэ:

– Хьэжбий зыми ди дзыхь едгъэзыркъым. Абы и бзэгум зылI хъарзынэ текIуэдащ. Партым узэрыхэтыр ищIэу пIэрэ?

Ар щызэхихым, Зураб и щIыфэр тхытхащ:

– Уэрей, ещIэм.

– Сыт-тIэ пщIэнур?

И дамэр дришея мыхъумэ, Зураб абы жриIэн игъуэтакъым.

Нэху щыху шыгъушыпсыпIэм хэлъащ ар. Гупсысэщ-гупсысэри а зыхэта гупым зыщIыгъуа нэхъ и ныбжьэгъуIуэм, украин щIалэ Николай, арэзы дэхъуну мурад ищIащ. Абы зэрэ-тIэурэ «дыгъэкIуасэ» къыжриIат. Ари партым хэтти, нобэ къамыщIэмэ, пщэдей къаумысынкIэ шынэрт. Зураб щIэпхъуэжыну щIытемыгушхуэр апхуэдэхэм къащыщIар ищIэжырти аращ. Къаубыдыжурэ яукIат ахэр. Абы щыгъуэми зэрылагеру зэхуашэсрэ, псоми ялъагъуу. Пэжщ, иужь мазэм апхуэдэ лъэпкъ къыщыхъуатэкъым мы къыздашам. Хамэ щIыналъэ ущыIэу, ихъуреягъыр зэрыщыту фашистым яIыгъыу, дэнэ укIуэнт ущIэпхъуэжу. Ауэ Николай псоми егупсысауэ щиIуэжырт. Абы зыми къаригъащIэртэкъым нэмыцэбзэкIэ уэрсэру зэрыпсалъэр. Шынэрт лагерым тэрмэшу щагъэлэжьэнкIэ.

ЕтIуанэ пщэдджыжьым Зураб абы зыбгъэдигъахуэри Iуэхур зытетыр гуригъэIуащ. Николай къызэрыжриIамкIэ, иджы кIуэсэну я Iуэхур нэхъ тынш хъунут. Нэхъ пасэу къашахэм псоми къыщатIэгъат нэмыцэ фащэ, «Кавказ легион» жиIэу тетуи, «зыми шэч къытхуищIынукъым» щыжиIэм, жэщыбгым зрачыну зэгурыIуахэщ...

А махуэм Зураб зыри къехъулIэртэкъым. Iэпэлъапэсыс хъури, автомат къудейр и чэзум хуэузэдакъым. Абы щхьэкIэ фашист «гъэсакIуэм» фIыуэ къыкъуилъхьащ. Гранатэ дзыным щынэсым, абыи бэлыхь къикI пэтащ: метр зыбгъупщI нэхъ жыжьэ хуэутIыпщакъым. Насып яIэти, къуэгъэнапIэм къуэтхэт, армыхъумэ... Абы иужькIэщ фашист офицерым Зураб накIэ-лъакIэ къыщищIар. Ар апхуэдизкIэ къэгубжьати, ешыху лъакъуэкIэ къеуэри, итIанэ губгъуэр къригъэжыхьащ, джэлэхункIэ. Лагерым и псэр къихьыжа нэужьи, офицерым «мыр ныщхьэбэ фымыгъашхэ, къилэжьакъым» жери пщафIэхэм я нэхъыжьым унафэ хуищIащ.

... Нэмыцэ шырыкъур зытехуа Iэпкълъэпкъыр бжьыбжьрэ узу жэщыбг пщIондэ хэлъащ Зураб. Абырэ Николайрэ ныжэбэ зэрыкIуэсэнур зыщIэр Мэжид и закъуэт. Ауэ ари, шхапIэм щыдежурнэти, къэсыжыртэкъым. Сытми, зэрызэгурыIуа зэманыр къэсауэ хуигъэфащэри, щэху цIыкIуу

зихуэпащ Зураб. ДаIуэри, Iэуи-лъауи щызэхимыхым, бжэмкIэ иунэтIащ. И щIэкIыгъуэмрэ Мэжид и къыщIыхьэжыгъуэмрэ зы щыхъум, и къуажэгъум абы къыIэщIелъхьэ кIэртIофышхуитI, я фэр телъу гъэвауэ:

– Мыр къыздэщтэ, хэт ищIэрэ, гъуэгуанэм ерыскъы щывмыгъуэтмэ, федзэкъэнщ. Гъуэгу махуэ, сыхьэтыфI Тхьэм фыхуишэ ...

Махуэ псом, зэрызагъэпсэху щIагъуэ щымыIэу, Польшэ щIыналъэр кIуэцIракъутыкIащ Зурабрэ Николайрэ. ЗдаунэтIар ящIэртэкъым а тIум, Iэмал зэриIэкIэ, я лагерым нэхъ пэжыжьэ зэрыхъуным иужь итхэт, здэкIуэм къуажэхэм, къалэ цIыкIухэм къыпакIухьу. А тIур нэхъ щIэгузавэр зыт: зэрыщIэпхъуэжар къащIэмэ, занщIэу къыкIэлъыпхъэрынут, дэнэкIи хъыбар ирагъэщIэнут. Ауэ я гур ирагъэфIырт «бэджэнду датауэ зыщIыпIэ дыщагъэлажьэ я гугъэнущ» жари.

КIыфI хъууэ щыхуежьэм, губгъуэм пщыIэжь гуэр иту къалъэгъуати, абы гъунэгъу зыхуащIри къызэтеувыIахэщ, щIэмысIамэ, нэху къыщекIыну я мураду. ЩIэсмэ, Николай жриIэнур зэригъэпэщат... ПщыIэр нэщIт. Iэнэ папщIэу зэраIулIа пхъэбгъум хьэкъущыкъу гуэрхэр тетт, зым шыгъу илъу. ЛъэныкъуэкIэ псы пэгун ныкъуэ щытт, фанер тепIауэ. КIэртIофитIыр зырызу яшхщ, (нэхъ ерыскъы IэфI игъащIэм ишхауэ ищIэжыркъым Зураб), псы фIыуэ тефыхьыжхэри, гъуэлъыпIэжь закъуэм зэлъэпагъыу игъуэлъхьащ щIалитIыр.

А жэщым фIы дыдэу жеящ тIури. Ужеинтэкъэ, абы и пэ жэщым уи напIэ зэтумылъхьамэ, гъэмахуэ жэщ хуабэм хьэуа щIыIэтыIэр Iэпкълъэпкъым и щIасэмэ... Нэху зэрыщу щIалитIыр гъуэгу тоувэж. Къэбущыхьу хамэщIым куэдрэ уит зэрымыхъунур къагурыIуэрт а тIум. ИкIи мурад ящIащ япэу къахуэзэ къалэшхуэм дыхьэу гъущI гъуэгу вокзалым кIуэну. Абы мафIэгу гуэрым щитIысхьэмэ, дэнэ хуейми къыщыщIредз. Германием къыщымыхутэ закъуэмэ ядэ.

А зыщIэхъуэпс дыдэри къайхъулIащ. КIыфI хъууэ щыхуежьэм зытехьа станцым цIыхур щызэрызехьэрт, бжьэ къэпщIауэ. Дунейр зи кIыхьагъ мафIэгужьым нэмыцэ сэлэтхэр итIысхьэрт. ГурыIуэгъуэт ахэр фронтым зэрашэр. ЩIалитIыр абыхэм яхыхьэри, къызыфIамыгъэIуэху хуэдэурэ, яхэдэIухьащ. Пэжщ, Зураб абы жаIэм щыщу зы псалъэ къыгурыIуэртэкъым, ауэ Николай зэхихащ мафIэгур УкраинэмкIэ зэрыкIуэр. Арати, икIэмкIэ щыIэ вагоным итIысхьэхэри, зы сыхьэт нэхъ дэмыкIыу ежьащ.

... Нэхущым мафIэгум Польшэр къибгынэри, гъунапкъэр зэпиупщIащ. Мо нэмыцэбзэ зымыщIэ Зураб щхьэукъуэу фэ зытригъэуат Николай и чэнджэщкIэ. Пэжу, а тIур щIагъуэу хъымпIар къащIыртэкъым. Ефэешхэу, къакъэ-пщIыпщIрэ уэрэдыжь кърашу зэхэст нэмыцэ сэлэтхэр. ЩIалэ защIэхэт, илъэс 18–20-м фIэмыкIыну. Нэхъ чэф хъуахэм ящыщ зээмызэ а тIум къабгъэдыхьэрти «фынытхыхьэ» жаIэрт, ауэ Николай ахэм тыншу яфIэкIырт, зыгуэр яжриIэрти.

Украинэм ихьэри, махуэ псом гъуэгу тетауэ, пшапэр зэхэуэу хуежьауэ, мафIэгур Запорожье къалэшхуэм нэсри къэувыIащ. Асыхьэтуи вагонхэм къызэрихащ мо гъуэгум тезэша сэлэт къомыр. Зурабрэ Николайри хуэм цIыкIуу лъэныкъуэегъэз защIри, макIуэ-мэлъей. Иджыт ахэр хуабжьу сакъын щыхуейр, мо ямыцIыхуитIыр фашистхэм япэщIэхуэмэ, къэумысыгъуей хъунутэкъым. Дыдейхэм яIущIэми, фIы хахынутэкъым, «гъэру бийм зефтащ» жаIэнурэ тутнакъэщым ирадзэнут. Ар фIыуэ ищIэрт взводым и командиру щыта украин щIалэм. Мурад ящIащ мы зэкIэ къалэр къабгынэу губгъуэ лъэныкъуэмкIэ яунэтIыну. Николай и адэ шыпхъур щыпсэу

Харьков пэгъунэгъу къуажэ цIыкIумрэ Запорожьерэ гъуэгуанэшхуэ я зэхуаку дэлът. Арат щIалитIыр пIалъэкIэ къыщыувыIэну зытраухуар...

ТхьэмахуищкIэ украиныщIыр къаущыхьащ а тIум. Уеблэмэ я фашист фащэри хьэрыкъуакIэ дадзэжат, а къыздакIухьым мэзым пхъашэ къэкIуауэ зыхуэза лIыжьым щыгъыныжь къахуихьри. ИкIэм-икIэжым, гъунэгъуу екIуэлIащ Николай и адэ шыпхъур зыдэс къуажэ цIыкIум. Ауэ жэщ мыхъуауэ дыхьэну дзыхь ящIакъым. Украин щIыналъэр зэрыщыту иIыгът бийм. ЗэрымыщIэкIэ нэмыцэм Iууэмэ, лIо ящIэнур? Тхылъкъым, нэгъуэщIкъым... Жэщыр хэкIуэта нэужь, зэгъуситIыр Iуохьэ къуажэбгъум пэмыжыжьэу щыт унэ лъэбышэ лъахъшэми, щэху цIыкIуу щхьэгъубжэм тоуIуэ. Заул докIри, абджынэр дзыхьмыщI-дзыхьмыщIу къыIуах.

– Ой, Миколэ!

Унэм щIашэри, мо мэжэщIалIитIыр фIыуэ къагъашхэ. Жэщыбг щыхъум, зы гъуэлъыпIэ закъуэт унэм нэщIу щIэтри, адрейхэм фызыжьым и къуэрылъху цIыкIухэр илът, Николай абы ягъэгъуэлъ, Зураб унащхьэм пIэ щыхуащI.

Къуажэми дэст фашистхэр, ауэ куэд хъуртэкъым. Абыхэм щIэх-щIэхыурэ унэхэр къащырт, партизан къалъыхъуэу. Ахэр мэзым щIэсти, пIалъэ-пIалъэкIэрэ ерыскъыхьэ къыдыхьэрт жылэм. Тхьэмахуэ и пэкIэ апхуэдэ зы къапэщIэхуати, абы лъандэрэ унэхэр нэхъыбэрэ къащу къаублат. Николай къыгурыIуащ мыбы зыщагъэгувэ зэрымыхъунур икIи нэху мыщ щIыкIэ мэзым кIуэуэ партизанхэм яхыхьэну траухуащ.

... Жэщыбг фIэкIауэ Зураб и тхьэкIумэм къоIуэ Iэуэлъауэ, псалъэмакъ гуэрхэр. Къыщолъэтри, пщIантIэ лъэныкъуэмкIэ иIэ унащхьэ щIыхьэпIэм къоплъых. Абы илъагъур узижагъуэнт: нэмыцитI, якъутэным хуэдэу, бжэм еуэрт «къыIуфх» жаIэу. «Емынэм къелар хъумбылейм ехьыж» жыхуаIэракъэ, апхуэдиз псэзэпылъхьэпIэм къыхэкIауэ... Автоматыр гъэпкIауэ иIыгъыу ещанэр пкIэлъейм къыщытеувэм, шыгъуэгу хадэм хэлъ бжэмкIэ елъэри, Зураб хадэм хэлъэдащ. Насып иIэти, унащхьэр лъахъшэт, армыхъумэ и лъакъуэр зэрищIыкIатэкъэ. ПщIантIэм дэтитIым абы и щIэпхъуэ макъыр зэхахыу щыкIэлъыуам кIасэ хъуакIэт. Мэзым нэсыхункIэ къызэплъэкIакъым Зураб...

Ауэрэ нэхутхьэху хъуащ. Сыт иджы адэкIэ ищIэнур? Николай нэмыцэм зэраубыдам шэч хэлъкъым. Дэни кIуэ, ихъуреягъкIэ бийм иIыгъщ. НэгъуэщI Iэмал иIэтэкъыми, партизанхэр къимыгъуэтми, мэзым нэхъ кууэ хыхьэри, ешыхункIэ къызэхиущыхьащ. ШэджагъуэхуегъэзэкI пщIондэ къикIухьа щхьэкIэ, зыри къыIэщIэлъэгъуакъым. Мо зэрылъэуджыджари, дыгъэ гуащIэри зэхыхьэжри, и напIэр зэтехьэу щыхуежьэм, хуей цIыкIу гуэрым нэсати, хэгъуэлъхьащ ар зыуфэбгъуа удзыпцIэ Iувым.

Уафэ лъащIэм уардэу щесырт зы бгъэ закъуэ. Абы ещхьу лъэтэфу щытамэ, иджыри къэс нэсыжатэкъэ и къуажэжьым! Нэсыжри и нэ къызыхуикI хъыджэбзым Iуплъатэкъэ. И нэхэр фIамыщIрэ и щхьэцри фIамыщIу. Дауи, а зэримылъэгъуа зэманым къриубыдэу зрича хъунщ и псэм щигъафIэм. Зэ закъуэ джэгум къыщигъэфа мыхъумэ, зэдэгушыIауи сытуи щыттэкъым. Ар зыкъомкIэ нэхъыщIэт езым нэхърэ, илъэс 17 хъуми арат. Фронтым дашын ипэ пщыхьэщхьэу я дей кIуэщ, къыщIригъэшри еупщIат, «Укъызэжьэн къэзгъэзэжыху?» – жери. Хъыджэбзым зыри къыпидзыжатэкъым, игъэкIэрахъуэри дэлъэдэжат...

– Руки вверх!

Я автоматхэр гъэпкIауэ лIы жьакIэ бацитI сэром хуэдэу къыщхьэщытт абы. Яшэщ я хэщIапIэми (ахэр партизант) къыздикIари, мы щIыпIэм

къызэрыщыхута щIыкIэри кърагъэIуэтащ. Зураб абыхэм ящIыгъуащ Украинэм бийр ирагъэкъэбзыкIыху. Пэжщ, тIасхъэщIэхи ягъэкIуакъым, Iэщэ иIыгъыу зэуакъым, хъэтI дахэ зэриIэр къыщащIэм, увыIэгъуэ имыIэу зыгуэрхэр ирагъэтхащ, Гитлер и сурэт зэкIэщIэшахэр ирагъэщIащ. Иужьым мо мэз зэмысам сымаджэ щIэхъухьри, гугъуехь мин телъу къигъэзэжащ и жылэжьым...

... Зураб и нэр къыщызэтрихам дыгъэ бзийхэр унэ кIуэцIым щыджэгурт. Жанусэ адрей пэшым щIэтт, телефонкIэ зыгуэрым епсалъэу. Щхьэгъусэм и Iэуэлъауэ щызэхихым, ар унэм къыщIоплъэ:

– Зэи уи мыхабзауэ, къулъшыкъу пщIондэ ухэлъаи?

– Уэлей, ЛъапIэ, игъащIэм зэ IэфIу сыжеямэ, ныжэбэрей жэщыр етIуанэм. Нэху щыхункIэ сыкъэпIэтIэуакъым.

– Алыхь, сэри зэ хьэмэрэ тIэу, афIэкI сыкъызэщымыуа ...

* * *

Зураб къуажэм зэрыIэпхъуэжрэ мазищ нэхъ дэмыкIауэ, гъэмахуэпэ мазэм зэхуэдитI ирищIыкIауэ, зы махуэ гуэрым и пщIантIэ къыдохьэж и пхъур, щIалитIри щIыгъуу.

– Мыдэ еплъ мыбыхэм! – и пхъурылъхуитIым IэплIэ ярешэкI лIыжьым. – Сыт иджыри къэсыхункIэ фыкъыщIэмыкIуэжар? Дадэжьымрэ нанэжьымрэ фахуэмеижу ара?

– Тхьэ, экзаменхэрам, армыхъу... – и сумкэр тетIысхьэпIэм трелъхьэ Нэфисэт. – Уэ дауэ ущыт, папэ?

– Уэлей, Алыхьым узэрелъэIуным сыхуэдэм.

– Тхьэ, уи фэр нэхъыфI хъуауэ си гугъэм.

– ЩIэмыхъунур сыт, хьэуар къабзэщ, Iэуэлъауэм си щхьэр игъэузыркъым. Зымахуэ Шэрэдж псыхъуэ сыдыхьэщ, километр зытIущ дэскъутейри къэскъутэхыжа уфIэщIыркъэ? Уи фIэщ хъункъым сэ абы гухэхъуэгъуэу щызгъуэтар.

– Сыту фIыт абыхэм нэс ущыкIуэфкIэ.

– Экзамен Iуэхур къэвухащ-тIэ?

– Псори итащ, тхьэ, хъарзынэу. Иджы мазэ дызыхуэкIуэм щIэддзэу академием зыхуэдгъэхьэзырынуращ.

– А жыхуиIара, агроном-садоводыра зытемыкIынур?

– Аращ, нэгъуэщI IэщIагъэ и ни и пи къиихьыркъым.

– Сыт и лажьэр? Уэлей, IэщIагъэ хъарзынэм. Си щхьэкIэ сыщогуфIыкIым абы зэрыхуеджэнум. Къиухмэ, мыбы къэкIуэжынщи, колхозым щылэжьэнщ. АпщIондэхукIэ дыпсэумэ, хъарзынэщ, дымыпсэужми, мы лъапсэр абы ейщ.

И пхъум зыри къыщыпимыдзыжым, Зураб щIоупщIэ:

– НэхъыщIэр-щэ? ЕпщIанэратэкъэ мы гъэм здэкIуэнур?

– Аращ ... Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм мыбы щыIэну жеIэ.

– Уэлей, фIытэм. Абы хуэдэкъэ дэ дыщIэлIэр.

– Мамэ дэсIэ?

– Ар нышэдибэ Дохъушыкъуей кIуащ, щIэупщIакIуэ. И шыпхъур тIэкIу гукъыдэмыжти... ЩыдэкIым «сщIэрIым нобэ сабийхэр къэкIуэжыну си гум щIыжиIэр» жиIэурэ ежьащ. Зигъэгувэну къыщIэкIынкъым.

Хьэкум тет лыбжьэр игъэхуэбэжри, щIалитIыр игъэшхащ Нэфисэт. Зураб идакъым, «куэд щIакъым Iэнэм сыкъызэрыпэрыкIрэ» жери. Дунейр

апхуэдизкIэ хуабэ къэхъуати, жьауапIэ ущIэсын мыхъумэ, Iуэху гуэри пщIантIэм щыблэжьыфынутэкъым.

– КъакIуэ, КIунэ, къэтIыси дыгъэуэршэр, – Зураб йоджэ и пхъум.

Нэфисэт фIэемыкIуу зыщрилъэфыхьым, «ТIыс уэ, тIыс, дэр-дэрщ» жери зыбгъуригъэтIысхьащ.

– СщIэркъым, КIунэ, сыноплъри, уи нэгур нэщхъейуэ къысфIощI. Уэ зы гуныкъуэгъуэ гуэр уиIэу къыщIэкIынущ.

Нэфисэт абы занщIэу жэуап иритакъым.

– ЖыIэ уэ, умыбзыщI. Гуныкъуэгъуэр уи закъуэ бгъэву уи гум абрэмывэу щIытебгъэлъын щыIэкъым. УкъызыгурыIуэн гуэрым удэгуашэмэ, уи псэр нэхъ тыншынущ.

– Мамэ щысу жысIамэ нэхъ къэсщтэнут, – щэтащ Нэфисэт. – Ауэ къыщымысыжакIэ... сщIэркъым, папэ, къызэрыпщыхъунур – къыздэпIыгъынуми къыздумыIыгъынуми. Абы зы махуэкъым, махуитIкъым сызэрегупсысар ... КIыхь сымыщIу жысIэнщи, а сызыхэсам я цIи я унэцIи щIалитIым зэрахьэну сфIэдурыскъым. Сыхуреныкъуэ я уни я лъапси – я мэ зыщыуа мылъкуи былыми сыхуейкъым. Зымахуэ бэзэрым зы цIыхубз тIорысэ къыщызэупщIащ. «Уэ зыщIыпIэ ущызоцIыху, хэтхэ уранысэ?» – жери. Сызыхэсар къыщищIэм, слъагъуурэ и нэгур къызэIыхьэри жиIаращ: «А-а, къэсщIэжащ, а къуитху зиIэ Хьэждаут уринысэу къыщIэкIынщ. Абы и щIалэ нэхъыщIэм ищIа бзаджэнаджагъэм хуэдэ игъащIэм къэхъуакъым. А гуIэгъуэ, аркъэ птулъкIэ уасэ къызэптакъым жыпIэу цIыху быукI хъун? Алыхьыр маплъэри плъапIэм итщ, мес-тIэ, къыщIэкIуа, езыри тутнакъэщым щIаукIыхьыжащ», – жиIэу кIыхьу иукъуэдиину щыхуежьэм, си щхьэр къыIусхащ... ЗАГС-м сыщыщIэупщIати, сабиитIыр арэзымэ, уэри акъылэгъу укъыздэхъумэ, я унэцIэр схъуэжыну сыхуиту къызжаIащ. Уэ бдэнумэ, папэ, мис иджы паспортыщIэ яту щIадзащи, абыхэм ди унэцIэр зэрахьэу зэрезгъэхъуэкIынут.

Ар щызэхихым, лIыжьым и нэпситIыр къедэIуакъым. И макъыр къызэфIэзэрыхьауэ пхъум йоупщI:

– ЩIалэхэр-щэ? Ахэр... арэзы?

– ТIури арэзыпсщ. Абыхэми ягу зэщыуащ. ИгъащIэм я адэм и псалъэ IэфI зэхахакъым. Абыи зыгуэру удэкIуэтэнт, и удын мащIэрэ къатехуа, лажьи сыти ямыIэу. Ефауэ къэкIуэжыхункIэ щIыбым щыдэту щытарщэ, мор гъуэлъыжу Iурихыхунк Iэ? А псор ящыгъупща уфIэщIрэ сабийхэм?

И пхъум и псалъэр щызэпигъэум, Зураб къотэдж:

– Си бгым къыхэдзэкъыкIыу щIидзащ, зызгъэукIуриинщи, тIэкIу сыщылъынщ...

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуауэ пщIантIэм къыдыхьэжа щхьэгъусэм и гуфIэ макъ щызэхихым, Зураб къотэджри дэкIуеипIэм къобэкъуэх. Жанусэ и пхъурылъхуитIым ябгъэдэтт, защимыгъэнщIу IэплIэ яришэкIыу.

– ПIытIунэ, – щIалэ нэхъыщIэм йоджэ Зураб, – мо хадэ цIыкIум ит адакъитIым я зыр къысхуэубыдыт. Нобэ ди махуэшхуэщ!

Адакъэр фIегъэжри, зэдэуэршэру щыс зэанэзэпхъум ябгъэдохьэ:

– ИIэт, ЛъапIэ, фыщымысу пщэфIапIэмкIэ фыкIуи джэдлыбжьэ тхуэфщIыт. ИтIанэ жэмыкуи, нэгъуэщI зыгуэрхэри къэвгъэхьэрычэт. А аркъэ нэхъыфIыIуэхэм ящыщ зыи къызыкъуэх. Мис а Сталиным и сурэтыр зытетыр къащтэ.

– Хэт, на, узыдефэнур?

– Си ныбжьэгъу лIыжьхэм тIэкIу садыщысынущ.

– Аркъэ зэромызэгъыр умыщIэжу ара? Уи юбилейм тIэкIу уеIубати, махуищкIэ уигъэсымэджащ.

– Аууей, уэлей, сэ абы хэсфыкIын щымыIэ, ауэ Iэнэм трырет.

– Сыт нобэ къэхъуар? Iэмал имыIэу ...

– Ноби? Нобэрей махуэр ямылейщ, ЛъапIэ! Нышэдибэ си набдзэ ижьыр щышхэм къэсщIат хуабжьу сызыщыгуфIыкIын хъыбар гуэр зэрызэхэсхынур! Си Iэпкълъэпкъыр зыкIэ псынщIэ хъуащи, уи фIэщ зэрыхъун, ЛъапIэ, илъэс 20-м сыкъихутэжауэ фIэкI сымыщIэ.

– Сыт хъыбар?

– Алыхьым тIиха щIалитIыр къыдитыжащ!

Жанусэ, ар къыгурымыIуэу, гъуэрыгъуэурэ зэадэзэпхъум йоплъ. Iуэхур зытетыр Зураб къыщыжриIэм, тетIысхьэпIэм макIуэри зэщыджэу магъ.

– Хьэдагъэ щIэпщIыр сыт, уанэ махуэрэ, угуфIэным и пIэкIэ? – и щхьэгъусэм бгъуротIысхьэ Зураб.

Зыкъомрэ щыму зэбгъэдэсащ а тIур.

– ПщIэрэ, ЛъапIэ, – щэху дыдэу кърегъэжьащ Зураб, – пэжыр жысIэнщи, нэхъапэм сэ Алыхьыр си фIэщ хъууэ щытакъым. Советскэ пропагандэм и къарур интэкъэ... Иджы шэчи шубыхьэи къытесхьэркъым дунейр Алыхь IэмыркIэ къызэрыхъуам. Ди къуитIыр тIихыжати, мес – къыдитыжащ. Нобэ сылIэми, уэредадэкIэ сыщIалъхьэ хъунущ. СиIэщ кхъаблэм къыщIэувэну къуитI, си унэцIэр дяпэкIэ зэрахьэну: УардэгъущI Мурат, УардэгъущI Хьэсэн... Иужь махуэхэм зэм-зэм сигу къэкIыр пщIэрэ, ЛъапIэ? «Фхуэфащэкъым» жиIэу япэрей ди къуитIыр Алыхьым тIимыхыжауэ пIэрэ?

– Алыхьым деж нэмысын псалъэ жумыIэ, Шунэху, ди щIалитIыр тхуэмыгъэсамэ...

– А цIыху хъунур хъуауэ къалъхум, уэлей... НтIэ, еплъ, КIунэ и къуитIым сыт гурыфIыгъуэу яIар зэрысабийрэ? ИтIани дыщэм хуэдэхэщ, цIыху хъури ежьэжакъэ тIури?

Зэщхьэгъусэхэр щым мэхъу заулкIэ.

– КъэзгъэщIа илъэс 80-м сроплъэжри, щыуагъэ, мыхъумыщIагъэ зыкъом злэжьащ сэ, дауи. Ауэ нобэр къыздэсым сызыхущIегъуэжыр зыщ: хьэжыщI сызэрымыкIуарщ. Мыбы дыкъызэрыIэпхъуэжрэ а гупсысэм зикI сиутIыпщыркъым. А щысхузэфIэкIынум, илъэс зыбгъупщI ипэкIэ, щхьэ семыжьарэт? Иджы... иджыри сыкIуэфынум, уэлей, ауэ си фIэщ хъуркъым а щIыпIэм сыщымыукIуриину. Апхуэдиз цIыху Iувым сахэтыфынукъым. Абы щхьа узыншагъэфI уиIэн хуейщ. А щIыналъэм хьэжыщI кIуэуэ щылIэр жэнэтым ихуэу жаIэми, си жылэжь сыщылIэжрэ сыщыщIалъхьэжмэ нэхъ къызощтэ.

И пхъур пщэфIапIэмкIэ къыщIэкIыу щилъагъум, Зураб къотэджыж:

– ЩIэх хьэзыр хъуну, КIунэ?

– Джэдлыбжьэр къытесхыжакIэщ. Иджы жэмыкуэр тезгъэувэнуращ.

ИтIанэ лIыжьыр куэбжэпэм деж щыт и къуэрылъхум йоджэ:

– Мыдэ къажэт, ПIытIунэ.

ЩIалэ цIыкIур и адэшхуэм къыбгъэдолъадэ.

– Мудархэ я унэр боцIыху уэ, пщIэжрэ, япэм зэ узгъэкIуати?

– Ы-ы, къэсщIэжащ, баш инышхуэ зыIыгъ лIыжьыратэIэ? Моуэ тIэкIу удэкIуейм...

– НтIэ, кIуэи: «Дадэ къыводжэ, Хьэжбий пщIыгъуу къакIуэ» – схужеIэ.

Зыщумыгъэгъупщэ: «Хьэжбий уи гъусэу» жыIэ.

– Игысту!

– Хьэжбии ущIеджэр сыт-тIэ? – къопсалъэ Жанусэ. – Абы къуищIауэ щытам иужькIэ... ДыкъыщыIэпхъуэжам къохъуэхъуну къыдыхьати, нэкIи пэкIи уеплъакъым.

Зураб щыгъупщэжатэкъым Хьэжбий и зэранкIэ илъэсипщIкIэ ягъэтIысынкIэ хъуну зэрыщытар. Нэмыцэ лагерым иса и къуажэгъухэм НКВД-р къащыпкърыупщIыхьым, УардэгъущIри а дыздэщыIам гъусэ щытхуэхъуащ жызыIар арат. КъемыупщIыхха, къыхамыгъэзыхьарэ мынэгъуэщIу. Абы иужькIэ Зураб ираджэурэ мащIэрэ и щIыфэр ягъэтхытха, «нэмыцэIуэм узэрисар щхьэ щIэпхъума?» – жаIэу. Уеблэмэ партизанхэм зэрахэтамкIэ тхылъ зэриIэри сэбэп къыхуэхъунутэкъым абы, и къуажэгъухэм къахь илъэсипщIыр къытракъуэнут, НКВД-м и лIыщхьэр мыхъуамэ. Абы игу къинат зауэм ипэкIэ адыгэ театрым игъэуvауэ щыта спектаклхэм Зураб телъыджэу зэрыщыджэгуари, уэрэдыжь Iэзэу зэрыжиIэри, «апхуэдэлI тутнакъ пщIы хъурэ» жери, къаутIыпщыжри афIэкIа и Iуэху къызэрахуэжакъым.

– Хьэжбии жыпIа? – и щхьэгъусэм дежкIэ зигъэзащ Зураб. – Ягъэ кIынкъым, нобэ хуэдэ махуэм и хьэтыркIэ къыдбгъэдрес. Ари цIыхущ...

Жьангъэ



# УщIехъуэпсэн лIыгъэ зыхэлъа усакIуэшхуэ

*Отаров Керим къызэральхурэ илъэси 100 ирокъу*

Ди республикэм и ТхакIуэхэм я союзым и жэрдэмкIэ 1955 гъэм еджакIуэ сызэрыкIуэгъам бэлыхьлажьэ къысхудэмыкIуами, абы и зэран къызэрызэмыкIами пцIы хэлъкъым. ТхакIуэ ухъуну урамыгъэджэфыну жаIэми, къыбдалъхуауэ, Алыхьым уи натIэм кърихтхауэ, къуэпс гуэр къызыдэжынкIэ хъун уи псэм щыпIэжьажьэмэ, абы зидзынымкIэ, зиузэщIынымкIэ къыпхуэщхьэпэу къыщIэкIынщ художественнэ литературэр зищIысыр къыбгурыIуэным ухуеджэнри. Пэжщ, абы щхьэкIэ Iэмалыншэу щыт хъункъым Литературэ институт къыумыухыныр. ТхакIуэшхуэхэм я цIэр къипIуэурэ, абы щыхьэт техъуэ щапхъэ куэд къыпхуэхьынущ.

А псом дыхэмыхьэу, иджыри къытызогъэзэжри, си щхьэкIэ сыхущIегъуэжыркъым М. Горькэм и цIэкIэ Мэзкуу дэт Литературэ институтым сызэрыщеджам: сытым хуэдиз тхакIуэшхуэ, усакIуэшхуэ сацщыхуэза сэ абы! Дуней псом щыцIэрыIуэ щIэныгъэлI инхэу дезыгъэджахэр-щэ?!

Ауэ, зэрыжаIэу, чутыр мыхъуамэ, а псоми сыхэкIыж пэтащ. ИкIи сыхэкIыжынут, а чуту къысхущIэкIа Къардэн Бубэ мыхъуамэ. А псор зэ-

рекIуэкIар мыбдеж къыщысIуэтэжынкъым – мы гукъэкIыжхэр зытеухуар нэгъуэщIщ: балъкъэр литературэм и зэхэублакIуэхэм ящыщ «КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ» цIэ лъапIэр зыфIащауэ щыта Отаров Керимщ.

Хэт сыт хуэдэуи сыкъыщрехъу, си ныбжьым ит, къыфIэбгъэкIмэ, сэр нэхърэ нэхъыжьыIуэу диIэж адыгэ тхакIуэхэм ящыщу сэ псом япэ абы сызэрыхуэзэгъар гуапэрэ IэфIу си гум къинэжащ. Апхуэдэу нобэми срогушхуэ. СрогуфIэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа балъкъэр усакIуэшхуэ Кулиев Къайсыни 1956 гъэм Мэзкуу сыщыхуэзауэ зэрыщытам. Ауэ япэ къэсцIыхуар Отаровырат.

Ар къыщыхъуар 1955 гъэм августым и кIэхэрат. Къардэн Бубэ лэжьыгъэ IуэхукIэ (абы щыгъуэ ар ди ТхакIуэ союзым и унафэщIт) Мэзкуу нэкIуати, уцIыхуфIынумэ – куэдрэ? ЕджакIуэ къэдгъэкIуа ди щIалэм и Iуэхур дауэ хъуауэ пIэрэ? – жери институтым ныдохьэ. СызэрыщIэхуам щыгуфIыкIат. Ауэ... а «ауэм» пытыр хъыбар кIыхьщи, абы и гугъум сыхэIэбэнкъым.



*Сурэтым:* ***Отаровыр дзэм щыхэта зэманым***

Сигу фIы схуищIыну, сиущиину, тIэкIуи къызэшхыдэну сыкъыдеш Бубэ. Езыр къыщыувыIа «Ленинградская» хьэщIэщым таксикIэ сешэ. КIыхьу «срегъаджэ» (ар а Iуэхуми хуэIэзэт: ди пединститутми щыкъулыкъущIэт. ИкIи щыегъэджакIуэт). СегъэхьэщIэ. Сегъэгушхуэ. Сызэришам хуэдэу, таксикIэ сыкъишэжынуи сыкъыщIишыжмэ...

Унэм дыкъызэрыщIэкIарауэ къызэщIоувыIыкI. И нэр тенауэ йоплъ щIакъуэ башыр зыщIэгъэкъуарэ, Iэлъэныкъуэ башыр зыIыгъыу абдеж щыт лIым. Сэ езы Бубэ соплъ.

– Зэ умыпIащIэт, – жери лIым дежкIэ егъазэ. – ЕмыкIу сыкъыумыщI, кхъыIэ. Уэ... уэ, сыщымыуэмэ, у-Отаров Керимкъэ? – худоплъей зыбгъэдыхьам.

– Ущыуэркъым: сы-Отаров Керимщ, – жэуап къет мобы.

– Сэ сы-Къардэн Бубэщ...

Абдеж сэ слъэгъуар пхужымыIэжыным хуэдизщ. Мо лIитIым зызэрашэкIауэ IэплIэ зэхуащI. Керим и щIакъуэ башыр и блэгущIэм къыщIэхуащ. Iэлъэныкъуэ башыр Бубэ и тхыцIэм щокIэзыз. Нэщхъеягъуэ

Iэджи зи нэгу щIэкIа, зауэм щыхэтахэм шынагъуэ нэхъыбэжми Iуплъа дыгъуасэрей сэлэтитIым я гум щыщIэр Тхьэм ещIэ. Ауэ къызэрыдзыхахэр нэрылъагъущ: тIуми я блэгъукIэхэр мэкIэзыз, я дамащхьэхэри холъэт. Ар щIэбгъэщIэгъуэни щыIэкъым – илъэс пщыкIутху нэсауэ зэрымылъэгъуа, зауэ мафIаем илыпщIа гъуэгуанэ хьэлъэхэр кърахьэлIэу зэхуэзэжа (пэжщ, Отаровым и куэ лъэныкъуэр пытыжккъым) лIитIым къыщIэдзыхэн щхьэусыгъуэр я гъунэжт.

Я IэплIэ зэхуэщIыныр яухат. Ауэ зэрыутIыпщхэртэкъым: зауэм и дамыгъэ жагъуэр зытелъ Керим лъакъуэ лъэныкъуэкIэ щытыфынутэкъым, ар ищIэрти арат Бубэ и ныбжьэгъур щIимыутIыпщыр. Сэ башыр къызощтэжри зейм изотыж. Я гур тIэкIу къызэрыгъуэтыжагъэнщи, Бубэ къыпыгуфIыкIыу тIуми къыдоплъ:

– Мыр ди ныбжьэгъу, ди къуэш балъкъэр усакIуэ Отаров Керимщ, – жери худоплъей я зэпсэлъэкIэхэмкIэ къэсцIыхуакIэ лIы щхьэпэлъагэм. Сэ къызоплъри: – Мыр ди усакIуэ щIалэщ. Литературэ институтым щIэтIысхьа къудейщ. ДяпэкIэ нэхъыфIу фызэрыцIыхунщ, – жи. Ауэ Керим фэ теткъым а псалъэхэм ягъэгуфIауэ: илъэс пщыкIузым щIигъукIэ узэIэбэкIыжмэ зи лъахэм ираша балъкъэрхэм къагъэзэжыну хуит ящIа щIыкIэтэкъым. И куэр пахын хуей щIэхъуа фэбжьышхуэм къыхигъэщIэхукIэ, Хэкум и хуитыныгъэм, къэзылъхуахэм папщIэ зауэ гъуэгуанэ шынагъуэр къезыхьэлIа, къэралым и дамыгъэ лъапIэхэр зи бгъэм къыхэлыдыкI сэлэт хахуэм етIуанэ хьэзабышхуэр къытепсыхат: парт, совет унафэщI лейзехьэхэм я гущIэгъуншагъэм къыхэкIыу ираша и лъэпкъым щIыгъуу, абыи лъахэр кърагъэбгынат. Ауэ щыхъукIи, ар дыгъуасэрей сэлэт къызэрыгуэкIтэкъым – зауэм кIуэным и пэкIэ (1934 гъэм) Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIат и рассказхэр щызэхуэхьэса и япэ тхылъыр, усэхэмрэ уэрэдхэмрэ зэрыт етIуанэ тхылъри 1938 гъэм дунейм къытехьат. Езыр СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым хагъэхьат. Зи творчествэми зи къулыкъу IэнатIэхэми зэфIэкIыфI щиIэу зыкъэзыгъэлъагъуэ Отаров Керим Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэу хахат 1938 гъэм...

Дауи, мис ахэрат тхакIуэ Къардэн Бубэ къыщIицIыхужар илъэс пщыкIутху нэсауэ имылъэгъуа, зи куэри пымытыж, Iэджэ щIауэ щIыпIэ пхыдзам щаIыгъ, я лъахэм къихьэжынуи хуитыныгъэ зрамытыжа лъэпкъым и бын нэхъыфIхэм ящыщ Отаров Керим. Мис а псори зэрыхузэхыхьэжари хэлъ хъунт ар щIэнэщхъейм. Бубэ цIыху набдзэгубдзаплъэти, дауи, гу лъимытэу къанэркъым и ныбжьэгъу нэхъыжьыр зэрыгукъыдэжыншэм:

– Керим, дэитIум тщIэнури? Мы студент щIалэр хуит къысхуэзыщIахэм псалъэ быдэ естащ щIэзмыгъэпхъуэжу (сэ апхуэдэ муради сиIат: а дакъикъэ дыдэхэм ирихьэлIэу Бубэ ди деж ныIумыхьамэ, зы «щы» цIыкIу къызэрысхьам щхьэкIэ стипендие къыщызамытыну институтым сыщIэмытIысхьэу, дзэм къулыкъу щысщIэну сыкIуэным тезухат; си тхылъхэри къаIысхыжакIэт) яхуэсшэжыну. Иджы «си лекцэхэм» я ужькIэ, апхуэдэ щхьэпсыншагъэ имылэжьыну сыщогугъри... Сэлам зэфхыж, сэ мыр езгъэжьэжынщ. Уэрэ сэрэ Iэджи дигу къэдгъэкIыжу дызэбгъэдэсынщ, – жери Бубэ къыздокIуатэ. Си жыпым къысфIырилъхьа таксиипщIэр Iейуэ апхуэдэ IуэхукIэ згъэкIуэдынт жи...

А япэ зэIущIэ нэужьым сэ Отаров Керим сыщыхуэзар 1957 гъэращ. Тхьэм и шыкуркIэ, ди къуэш балъкъэрхэр лъахэм къихьэжакIэт. Пасэу щIидзэри республикэм зыхуигъэхьэзырат Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъу Махуэшхуэр къэралым и къалащхьэми ехьэ-

жьауэ щыдэхыным. А гуфIэгъуэр зыIэтыну Мэзкуу нэкIуа тхакIуэхэм, щэнхабзэмрэ искусствэмрэ я лэжьакIуэхэм ящIыгъут Отаров Керими. Дауи, дызэрыцIыхужащ икIи дызэщыгуфIыкIащ. Ар иджы зыкIи ещхьыжтэкъым илъэситI и пэкIэ слъэгъуам: угъурлыфэ къызэрыщ и нэгушхуэм нурыр къыщхьэщихт. Никъуэдыкъуагъэ бгъэдэлъым къигъэдзыхэу, абы иринэщхъейуэрэ уигу зыщIигъэгъуну фэ темыту, нэщхъыфIэт. УсакIуэхэм срагъусэу зэIущIэ Iэджэм сыхэтащи, Керим къызэджэ и тхыгъэхэмкIи тхьэусыхэртэкъым – зауэм и зэранкIэ сэ къыстехуа фэбжьыр флъагъурэ хьэмрэ, лажьи-хъати имыIэу, илъэс пщыкIущ енкIэ си лъэпкъым хамэ щIыпIэ жыжьэхэм щрагъэшэча бэлыхьым фыщыгъуазэ фэ? – жиIэу тхьэмыщкIафи зытригъауэртэкъым – псэм и къалэнхэр усэ хьэрэмыгъэншэхэмкIэ мэзкуудэсхэм я пащхьэм къыщипсэлъу арати... Сэ слъагъуырт икIи зыхэсщIэрт абы къедаIуэхэр къызэрыхуэгуапэр, Iэгуауэ инхэмкIэ зэраIэтыр.




*Сурэтым:* **Отаров Керим, Теунэ Хьэчим, урыс тхакIуэ цIэрыIуэ Тельпугов Виктор, Елгъэр Кашиф, Гуртуев Берт сымэщ.**

«Къэбэрдей-Балъкъэр» цIэр зыфIащыжа ди республикэм дыкъэкIуэжауэ Махуэшхуэхэр щыдгъэлъапIэхэми Отаровыр яхэтащ нэхъ жыджэр дыдэу а Iуэхур дэзыхахэм. Зауэм и мафIаемрэ гугъуехьхэм къыпхахуа пщIэнтIэпсхэмрэ япсыхьа лIы хахуэм зыкIи зыкъимыухуэу къулыкъу IэнатIэхэри творческэ лэжьыгъэри дэгъуэу зэдихьу щIедзэж: «Шуёхлукъ» («Дружба») альманахым и редактор нэхъыщхьэщ, Мамырыгъэр хъумэнымкIэ ди республикэм щыIэ комитетым и унафэщI къалэнри егъэзащIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я союзми щыконсультантщ...

IущIауэ яIыгъа псыр хуит хъужу лъэпощхьэпоуншэу и гъуэгу теувэжа нэхъей, Отаровым и творчествэм зиукъуэдиижащи, зым и ужь зыр иту и тхыгъэхэр дунейм къытохьэ: 1958 гъэм Налшык къыщыдэкIащ и усэхэр щызэхуэхьэса тхылъыр; 1959 гъэм «Гъуэгухэр» зыфIища усыгъэ тхылъыр Мэзкуу щытрадзащ; усэхэмрэ поэмэхэмрэ зэрыт тхылъыр 1960 гъэм ди деж къыщыдэкIащ. УсакIуэм и ныбжьыр илъэс щэ никъуэ щрикъум ирихьэлIэу 1962 гъэм Налшык къыщыдэкIащ и тхыгъэ къыхэхахэр зэрытыр, тхылъитIу зэгъусэу.

Апхуэдэурэ балъкъэрыбзэрэ урысыбзэкIэ Отаровым къыдигъэкIащ

тхылъ тIощIым нэс. Зауэм щыхэта гъэхэри, абы и фэбжьхэр зэрытелъари, щхьэхуимыту илъэс пщыкIущкIэ щIыпIэ жыжьэхэм зэрыщыIари къэплъытэмэ, илъэс 62-рэ фIэкIа къэзымыгъэщIа усакIуэм дежкIэ лэжьыгъэ мащIэкъым ар. Ауэ щыхъукIи, мыбдеж Iуэхум зэрыбгъэдыхьапхъэр тхылъхэм я бжыгъэ къудейракъым – творчествэм и пщIэр, и уасэр къызэралъытэр ар уахътыншэ зыщIу абы хэлъ псэращ. А лъэныкъуэмкIи Отаров Керим и усыгъэхэм Тхьэр къахуэупсауэ жыпIэ хъунущ.

Балъкъэр литературэм и пщIэр лъагэу зыIэтахэм, лъэпкъым и усакIуэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм хабжэу щытащ Отаров Керим икIи цIыху телъыджэу, гуапэу дунейм тетащ. Ар сэри згъэунэхуащ, абы сыхуэзэрейуэ щытти, и лIыгъэми и цIыху хэтыкIэ дахэми сехъуапсэрт: Iэсэт. ЩэныфIэт. Нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми задригъэкIуфырт. Сыныкъуэдыкъуэщ жиIэу цIыхум защидзейртэкъым, литературэ зэIущIэхэм хэтыну фIэфIт. Гъуэгуанэ жыжьэхэм техьэнуи шынэртэкъым.



*Сурэтым:* **Теунэ Хьэчим, Отаров Керим, Щомахуэ Амырхъан, Гуртуев Берт, Кулиев Къайсын, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Киреев Михаил сымэщ.**

1968 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Литературэмрэ Искусствэмрэ я махуэхэр Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Адыгеймрэ щекIуэкIырт. Си фIэщ хъункъым Отаровыр зыгуэрхэм хагъэзыхьу ди гъусэу а гъуэгуанэ кIыхьым нытехьауэ щытауэ. Ауэ ноби слъагъу хуэдэщ КъШР-м и къалэхэм, районхэм щедгъэкIуэкIа зэIущIэхэм Керим жыджэру зэрыхэтар, гувауэ жэщкIэрэ къызэрыдгъэзэжри къытемыхьэлъэу.

Мыпхуэдэ зыи сигу къокIыж. Бысымхэм ялъагъуырт, шыIэныгъэ яхэлъми, я хьэщIэхэм тIэкIу зэрытегуплIэIуэхэр: зэIущIитI-щы щедгъэкIуэкI махуэхэр къыхэхуэрт. Арати, ягу къытщIэгъуагъэнщ: «Пщэдей фи щысыгъуэ махуэщ. Зывгъэпсэху», – жаIэ. Абы куэд щыгуфIыкIащ. Ауэ нэху дыкъекIри, ди пщэдджыжьышхэр зэфIэкIа къудейуэ:

– Кашиф, нобэ шу гъусэ усхуэхъун? – жи Керим. Си гугъащ къалэм зыщиплъыхьыну арауэ. Арэзы сохъу. ИтIанэ, и пащIэкIэ къыщIогуфIыкIри:

– Жыжьэ уздэсшэнущ сэ, – жи.

ЛIыфэ зытызогъауэри:

– ЛIыр щIэупщIэркъым жаIэ, – согушыIэ.

– Упсэу. Абы щыгъуэ дызэгурыIуащ. Ауэ, дауэ хъуми, дыздэкIуэнур пщIэмэ, нэхъыфIщ. Жыжьэми, ухущIегъуэжынкъым: абы щыплъагъуну дуней дахэр зыхуэдэр пщIамэ... Сэ 1912 гъэм сыкъыщалъхуа ди Бахъсэн аузым, Iуащхьэмахуэ лъапэ ещхьыркъабзэу, зыкIэ щIыпIэ телъыджэщ Архъызи!..

– Дэнэщ жыпIа сыздэпшэнур? – сыкъызэрыIэнкунар къыфIэмыIуэхуу:

– Ижь-ижьыжхэм я лъэужьу, ди лъэпкъхэм къащIэна ухуэныгъэ Iэужьхэри, езы ауз дахащэри куэд щIауэ слъагъуну си нэ къикIырти... Зауэм и пэ лъандэрэ сыщыIакъым абы...

КъикIуэтыпIэ щыIэжтэкъым. Отаровыр гурыIуауэ къыщIокI ди шофер Сокъур Лиуан. Арати, дожьэ.

Пэж дыдэу, махуэ псом къызэрыткIухьам сыхущIегъуэжатэкъым – Керим и дзапэ уэрэдхэмрэ (ахэр зытеухуари схузэридзэкIыжырт), хъыбарыжь сызыщIигъэдэIухэмкIэ зэпымыууэ гъуэгум пкIэлъей зэрыридзамрэ, Архъыз щыслъэгъуамрэ сыт хуэдэ гугъуехьри пщагъэгъупщэжынут...

Къэрэшей-Шэрджэс нэужьым, Адыгейм нэс дыкIуэу абы и къалэхэри къуажэхэри къызэрызэхэткIухьари къытехьэлъауэ фэ теттэкъым ди ныбжьэгъу нэхъыжьым. Отаровым и пIэм уиту апхуэдиз гъуэгуанэр зэпыпчын папщIэ, абы и лIыгъэри пхэлъын хуейт. А лIыгъэр абы щыдэзмылъэгъуа къэхъуауэ сщIэжыркъым – къэралым и тхакIуэхэм я съездхэм дыхэтыну Мэзкуу дыкIуауи, нэгъуэщI щIыпIэхэм дыздэщыIауи щрырети. Мис а лIыгъэ мыкIуэщIыжрат абы и творчествэ лъэщыр къызэригъэIурыщIэри. Апхуэдэ лIыгъэшхуэмрэ апхуэдэпсэ къабзэмрэ къапкърыкIа творчествэр уахътыншэ зэрыхъум и щыхьэтщ Отаров Керим и усыгъэ телъыджэхэр. Езым и творчествэм зэрыхущытым ещхьыркъабзэу, абы лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, Некрасов Николай, Шевченкэ Тарас, Твардовский Александр сымэ, нэгъуэщI усакIуэ цIэрыIуэхэми я IэдакъэщIэкIхэр балъкъэрыбзэм къигъэтIэсэным хуэунэтIауэ. Езым и усэхэри зэрадзэкIащ лъэпкъ зыбжанэм я бзэхэмкIэ.

Сэри зэздзэкIауэ щытащ Отаровым и усэхэр. Ауэ нобэ фи пащхьэм итлъхьэхэр Керим нэхъыбэрэ дэлэжьа Мысачэ Петр зэридзэкIауэ щытахэм щыщщ.

ЕЛГЪЭР Кашиф.

## ОТАРОВ Керим

### Зэманымрэ къуршхэмрэ

ЙокIуэкI илъэсхэр,
Жьым зэрихуэ пшэуэ,
БлокIыр зэманыр, имыIэу къэгъэзэж,
Ауэ ди къуршхэр,
Ещхьу лIы гупсысэм,
Зэрыщхьэтхъуауэ, мис, я пIэм къонэж.
ЙокIуэкI илъэсхэр, –
Къалэн я пщэ дэлъыр

Хуалэжьри гъащIэм —
Сэлам ирахыж,
Ауэ ди къуршхэр
Жэщ кIыфIым къыхэплъу
«ЦIахуцIэу», «боз джанэу»,
Мис, я пIэм къонэж.
ЙокIуэкI илъэсхэр,
Абы жьы дэхъу цIыхухэм
ЛIыхъужь къахэкIыр
Тхыдэм къыхонэж,
Ауэ ди къуршхэр,
Сэлэт къэмыскIэжу,
Лъэщагъ яхэлъу,
Мис, я пIэм къонэж.
ЙокIуэкI илъэсхэр —
Къуршыпс уэру утхэу,
Мэгъагъэ жыгхэр —
Дунейр щIэрэщIэжщ:
Сабий къалъхуамэ —
Я гущэкъу уэрэдкIэ
Ди къуршхэр гуапэу абы ныподжэж.

## Мыгъуащыж уIэгъэ

Мэгъагъэ къалэхэр,
Мэгъагъэ,
Зауэм и фэбжь къалъымыса
Хуэдэ,
ИтIани
Си уIэгъэр
Хъужкъым мис нобэр къыздэсым.
Мывэ сэлэтхэм саIуплъамэ —
СфIокIуэдыр жейр,
СыхощэIукI,
КъысфIощI а псэншэхэм я макъыр
ЩIы фIыцIэм гызу къыщIэIукI.
Сэ бэлыхьу згъэващ Iэджэ,
Гуауэу слъэгъуами
ЩIэ щIэмыт,
Ауэ тыншыпIэ сэ къэслъыхъуэу,
СытIысыжыну сыхэмыт.

ПсэзэпылъхьэпIэ Хэкур щихуэм,
Сэ къуэгъэнапIэ сыкъуэсам,
Сыт къызжаIэнт
Ди лъахэм,
ЩIыхухэм? –
Апхуэдэу сэ самыгъэса!
ГъащIэр ажалым къедгъэлакIэщ,
ИтIани щIылъэр
ЩэIу къысфIощI.
УIэгъэу стелъым сеIусэхукIэ,
Сигу имыху гуауэр
Япэ сфIощ...

## Жыгхэр гъагъэм

Угузавэу, си хъыбар упэплъэу
Махуэ къэскIэ джэш бдзы къыщIэкIынщ,
Зауэ гъуэгум кIыхьми и пIалъэр,
Умышынэ, сэ нэзгъэзэжынщ.
СощIэр:
Дыгъэр ауи къыщIэмыкIыу
Укъотэджыр, къызэрищIу кIэху.
Е уэлбанэ хъуакъэ – уафэгъуагъуэм
Укъыдощтэр – уи гур дыхоскIыкI.
Укъыдоплъ щхьэгъубжэм тIэкIу уфагъуэу –
Дунейм теткъым сэркIэ уигу къэмыкI.
Ауэ, си псэм хуэдэ, уи гурыщIэм
Гузэвэгъуэу щыIэм сыхихынщ,
Гъатхэ дахэу дунейр щыщIэращIэм
Жыгхэр гъагъэу сынproblemхуэкIуэжынщ.

## Си вагъуэ

Уэ зэшыгъуэр уи Iэпэгъуу
Ди унагъуэм укъызонэ,
Махуэ къэскIэ
Си щIэщыгъуэу
Сынытохьэ сэ гъуэгуанэ.
Зэм сотIысхьэри кхъухьлъатэм,
Пшэхэм адкIэ сыщохутэ,
Лъэс гъуэгуанэр нэхъ къыщысщтэм

Деж нэхъыбэрэ сыкъотыр.
Угузавэу, пхуэмышыIэу,
Бэлыхь Iэджи къыслъогъэсыр,
«Ситу куэдрэ къэт мыр?», — жыпIэу
Абдеж куэдым уогупсысыр.
Пэжу, зыми гу лъызмытэу
Ухэзгъэтщ уэ гузэвэгъуэм,
Мис апхуэдэу сыкъыщытым —
Къуаншагъ сщIами схубогъэгъур.
Ауэ дэнэ сыщымыIэм —
Гурэ псэкIэ узигъусэщ,
Щыетами борэн щIыIэр,
СыщыбгъащIэркъым дыгъэпсым.
СоIущащэ сэри гуапэу,
Жэщыр кIыфIым — узивагъуэу,
Илъэс тIощIрэ пщIырэ ипэ
Ещхьу, ноби уи щIалэгъуэу
Къэзгъэзэжым —
Уэ псом япэ
Укъыспожьэр уи гуфIэгъуэу,
Илъэс тIощIрэ пщIырэ ипэ
Ещхьу
Ноби уи щIалэгъуэу.

* * *

КъедаIуэт мы бжесIэм уэ,
Ныбжьэгъу,
КъедаIуи быдэу, быдэу егупсысыт:
ИгъащIэм емрэ фIымрэ зэжагъуэгъущ —
Къэхъуакъым зэи а тIур щызэгъусэ.
Гу пцIанэ уиIэм —
Уэ пхузэфIэкIынщ
Пхьын гъащIэр —
Уаем дыгъэ бзийм упащIу,
Ауэ факъырэу гъащIэр епхьэкIынщ,
Уи нетыр Iеймэ —
Псоми Iумпэм уащIу...



# Жьыщхьэ махуэ

*Ди къуэш шэрджэс тхакIуэхэм я нэхъыжь дыдэхэм ящыщ Хьэнфэн Алим и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс бгъущI ирокъу. ГуфIэгъуэхэмкIи хэплъэгъуэхэмкIи гъэнщIа гъуэгуанэшхуэ къызэпызыча адыгэлI щыпкъэр жьыщхьэ махуэ хъуауэ къэплъытэкIэ ущыуэну къыщIэкIынкъым: ар и юбилейм Iуощlэ тхылъ тIощIрэ зытхухрэ и къалэмыпэм къыщIэкIауэ, «Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэр зэрихьэу. Алим ноби нэжэгужэу цIыхум яхэтщ. Аракъэ-тIэ жьыщхьэ махуэ хъуакIэ узэджэнур?!*

*Пэжщ, а лъагапIэ инхэм нэсын папщIэ, гъуэгуанэшхуи къызэпичащ Алим. Къуажэ школым класс зыбжанэ къыщиуха нэужь, Хьэнфэныр щIотIысхьэ егъэджакIуэхэр щыгъэхьэзыр курсхэм. Хэлъэт зиIэу, куэдым хуэпабгъэу гу зылъата щIалэ жаныр школым егъэджакIуэу ягъакIуэ. АрщхьэкIэ 1939-1940 гъэхэм фIэкIа мылэжьауэ къулыкъу щищIэну дзэм ираджэ. Ауэ, ар кърихьэлIэныр зэфIэмыкI щIыкIэ, Хэку зауэшхуэр къохъейри, зауэм и гуащIапIэм къыхохутэ. Абы щызэрихьа лIыгъэм папщIэ къыхуагъэфэща къэрал дамыгъэхэм зи бгъэр ягъэдахэу 1945 гъэм я къуажэм къэзыгъэзэжа адыгэ щIалэ екIур зыпэрыкIауэ щыта IэнатIэм бгъэдоувэж. Сыт щыгъуи литературэм дихьэх, усэфIхэр гукIэ зэзыгъащIэ егъэджакIуэ щIалэм езыми зыгуэрхэр итхыу щIедзэ. Ахэри, къуажэ гъащIэм теухуа и статьяхэри радиокIэ къат, газетхэм къытрадзэ щыхъум, 1948 гъэм Хьэнфэныр Черкесск яшэри, журналист IэнатIэм пэрагъэувэ: ар щылэжьащ «Черкес плъыжь» газетым, тхылъ тедзапIэм, радиокомитетым.*

*Уи щIэнығъэм хэгъэхъуэн, узэреджэн хуейр къыгурыIуэрти, еш, щхьэх зимыIэ Хьэнфэным парт еджапIэри, Къэрэшей-Шэрджэсым щыIэ*

*пединститутри, М. Горькэм и цIэр зезыхьэу Мэзкуу дэт Литературэ институтым къегъэщIылIа Курс нэхъыщхьэхэри къеух. А лъэхъэнэхэм къриубыдэу творческэ лэжьыгъэми жыджэру бгъэдэта Хьэнфэн Алим и усыгъэхэр щызэхуэхьэса и япэ тхылъыр («Япэ лъэбакъуэ») 1955 гъэм къыдокI. Абы псалъэ гуапэ куэд хужаIащ критикхэми, Алим и тхакIуэгъухэми, тхылъеджэхэми. «Япэ лъэбакъуэр» угъурлыгъэкIэ зыча усакIуэр лъэ быдэкIэ увауэ къыщIокIри, зым и ужь зыр иту къыдокI тхылъ тIощIым щIигъу. Алим и усэхэр щIэх-щIэхыурэ къыщытрадзэ Черкесски, Ставрополи, Ростови, Мэзкууи, Ленинградии, нэгъуэщI къалэхэми.*

*Хьэнфэным и творчествэм увыпIэшхуэ щаубыд абы сабийхэм яхуитхахэми, макъамэ зыщIалъхьэурэ уэрэд хъуа и усэхэми, зэридзэкIыурэ я бзэм кърихьэтIэса тхыгъэхэми.*

*Дауи, мис ахэращ Хьэнфэн Алим СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым щIыхагъэхьари, ЩIыхь, Щытхъу тхылъхэр куэду къыщIыхуагъэфэщари, цIэ лъапIэхэр къыщIыфIащари.*

*Алим, уи ныбжьэгъу адыгэ тхакIуэхэри, уи IэдакъэщIэкIхэм щыгуфIыкIыу сыт щыгъуи къызытрадзэ «Iуащхьэмахуэ» журналым щылажьэхэри къохъуэхъу дяпэкIи куэдрэ утхуэузыншэну, адыгэу дунейм тету хъуар уи тхыгъэфIхэмкIэ бгъэгуфIэу утхуэпсэуну. Илъэсищэ ныбжьыр къызэбнэкIа нэужьщ уэ жьыщхьэ махуэ дыдэ ухъуауэ щыдбжынури, ар Тхьэм дигъэлъагъу!*

ХЬЭНФЭН Алим

## Хуарэм

СIыгъыщ си Iэгум къищу
Зы мывэ телъыджэ.
Ар къыщызогъуэтыр
Тенджыз ФIыцIэ ныджэм.
Адыгэшым и щхьэр
IупщIыбзэу къыхоплъыр,
Зэм лъыр игъэдийуэ,
Зэм къызэщIигъаплъэу.
АтIэ ар толъкъунхэм
Хэтщ я нэ хужьыбэм,
Псы шыугъэ дыджым
Шы ешар хоIубэ.
ЩIахъумащ тхьэкIумэр
Толъкъун хужь тхъурымбэм,
Нэхъри ин хъуа хуэдэщ
Шым и нэ хужьыбэр.
Фыбэяу, толъкъунхэ,
Хуарэр щIэвмыIубэ,
Фи шыугъэ дыджым
Ар хэвмыгъэIубэ.
Тесащ абы бланэу
Зэуа адыгэлIыр,
Шыр зыхуеIэ кхъухьым
УIэгъэшхуэу илъыр.
Iутащ шыр хы Iуфэм
Щыщу икIи гуIэу,
Зыхэт гузэвэгъуэр
Зэуэ къыбгурыIуэу.
Хуарэ лъэщ губзыгъэр
Псэм щIемыблэжар
Ящыщт хамэщI кIуэхэу
Зи вагъуэ ижам.
СIыгъыщ мывэ телъыджэ,
Тхыдэр къигъэятэу,
СфIощI «ИстамбылакIуэ»
Гъыбзэр къысхуиIуатэ.

## Гъатхэ уэшх

Уафэ лъагэрэ къащхъуэм
ЩыбжьыфӀэж дыгъэ нагъуэм
Ди гум илъыр къилъагъуу,
Укъегъэщ1, гъатхэ уэшх.
БгъэгуфӀащ гъатхэ пасэр.
Сыту псэм урищӀасэу,
Сыту куэд уриуасэу,
Укъэса, гъатхэ уэшх.
Епэрымэу угуапэу,
Бэв къэкӀуэнур бгъэлъапӀэу,
УедэхащӀэу ди напэм,
Укъытхуошх, гъатхэ уэшх.
Укъабзагъэ курыхыу,
УӀэфӀыгъэ мыухыу,
ФӀэхъус гуапэхэр зэтхыу,
Дрепсэу, гъатхэ уэшх!

## Джэгузэхэшэ

Бгы зэхуакум къыдолъэт
Акъужь цӀыкӀу шууейуэ,
Зэхыдох дзапэ уэрэд
Абы иукъуэдийуэ.
Я къудамэ къэс лъоӀус
Мэзу зыпхылъэтым,
ЯтоӀэбэ, егъэсыс,
Макъамэ къигъуэту.
Абы наӀуэу зыпишащ
ШыкӀэпшынэ еуэм.
Джэрпэджэжри къэушащ,
Къыдожьу мыӀейуэ.
Мес мэзыбгъур утыку хъуащ,
Джэгур зэрызохьэ,
КъэкӀыгъэцӀэ зиӀэу хъуар
Къэфэну къытохьэ.
Удз щхъуантӀагъэм къегъэудж
Гуапэу мэракӀуапцӀэр.
Пхъэхуей цӀыкӀум къегъэвэж,
Хэтщи удзым лъапцӀэу,
И пхъэцӀычыр зэпымыу
А щӀыфэху-щӀыкӀафӀэм.
Дадий къэси мыарму —
Зыхагъэнкъым къафэм.
Къахощ дахэу удж хъурейм
Сэтэней зэкӀужыр…
Мес, иужьым ислъэмейр
Псоми зэдащӀыжыр.
Пщэдджыжь дыгъэр гуапэу къопс,
Джэгу цӀыкӀум дэгуфӀэу.
Ӏуащхьэмахуи ахэм къоплъ
Уардэрэ нэщхъыфӀэу!

## Насып Ӏуащхьэ

Кавказ и бгыжьхэу щхьэхужьхэм
ИжькӀэрэ я тхьэмадэжь,
Уэрэд гунэсхэр пхуаусу,
Уи лъапэм лъэпкъхэр щотхъэж.
Уэ ахэр къуэшыфӀ зэхуэпщӀу,
ЛӀыгъи яхэплъхьэу къыбохь.
Уи жумартыгъэр ялъытэу,
ЦӀыхубэм я гум урохь.
Нэсауи уӀуащхьэ махуэщ,
Насып мыухыр зэпта
Адыгэ лъэпкъым тэмэму
Пхуэфащэ цӀэи къуитащ.
Зэкъуэш здэхъу Ӏуащхьэ мымащӀэ,
ПщӀэ яӀэу дэни щолъагъу,
ИкӀи яхэткъым абыхэм
Уэ фӀыуэ укъэзмылъагъу.
Уэ лъэпкъ зэхэдзи умыщӀу,
ФӀыщӀэ къыпхуащӀу уопсэу.
Уи адыгагъэр, уардагъэр
ЩацӀыхур мы дуней псом.

## Инжыдж Iуфэ

Инжыджым и уэрхэм
Я макъым содэIу,
Гупщысэ зелъатэ
МымащIэу ягъэIу.
Уэрэдхэр ишэщIу,
МэпIащIэ Инжыдж,
Лъэм йоджэ пшыналъэр,
Къарифэ, къэудж.
И мэзхэр и бгъуитIым
Къыхэплъэу къыIуощ.
Макъамэм зыдащIу,
Къэфэнхэ къыпфIощI.
Пхъэ щабэ тхьэпабгъуэ,
Iэгуауэ ухъунщ.
Уэ нэхъри уегугъумэ,
ПхьэцIычи зыпщIынщ.
Мес, лъэныкъуитIми
КъыIуоплъ къазмакъей,
ЗэкIужуи къыхощыр
Къэтхъэнсолыкъуей.
Гуп щIагъуэр апхуэдэу
Инжыджым дожьу,
Пхъэ закъуэ лъэмыжри
Хуэм цIыкIуу дозу.
Зэгуэрым абыхэм
ДагъэщIагъэнщ
Джэгур гуп щIагъуэу
Зэрыдублэн.

* * *

Къуэшыгъэр  лъэпкъхэм дэтIэту,
Сыт щыгъуи дызэлъыкъуэту,
ЗэрекIукIэ дривгъэпагэ
Адыгэм ди нэмыс лъагэм,
Ди лъэпкъым, ди адэжь лъахэм.

## Адыгэ нэмыс

Адыгагъэ, адыгагъэ дыщэ,
Псэм и щIасэу уи уэрэд яус!
ЗэхэтыкIэ щIагъуэм и нагъыщэу
КъытхуогъэщIыр адыгэ нэмыс!

Къытхуонурыр ар нэхущэ вагъуэу,
Ар цIыхугум гуапэу къылъоIус!
Дэнэ лъахи нырырес уи лъагъуэ,
Хабзэ дахэ адыгэ нэмыс!

ИугъащIэ ди зэхэтыкIэфIым,
ФIыр дгъэлъапIэу, зэтхыурэ фIэхъус!
Къыпщырехуэ уэ дунейм и нэфIыр,
Хабзэ дахэ адыгэ нэмыс!

Нэхъыжьыгъэ, нэхъыщIагъэ фащэу
Щэн-Iэдэб нэхугъэ курыкупс!
Лъэпкъым и шыхулъагъуэ хэмыгъуащэ,
Хабзэ дахэ адыгэ нэмыс!



# Адыгэ литературэм лъэужьыфI къыхэзына

Къупщхьэ гуащцэм хуэдэщ зыхужаIэ адыгэ бзылъхугъэ дахэхэм ящыщт 1922 гъэм къалъхуа КIэрэф Мухьэмэд и анэ Назифэ. Зи бзэри IэфI, зи теплъэрэ зи хьэл-щэнкIи дунейр зыгъэбжьыфIэ а цIыхубз телъыджэмрэ си адэмрэ зы анэм къилъхуа зэкъуэшитIым я бынт. Назифэ и дыщхэмрэ дэрэ дяку бжыхь къудеи дэмыту, ди пщIантIэхэри ди хадэхэри зэпылът. Арат и анэшым я деж щIэх-щIэхыурэ къакIуэ Мухьэмэд сызэрыцIыкIу лъандэрэ фIыуэ щIэсцIыхур. Ар щIалэ къуэгъу щхьэпэлъагэт. Iэдэбт. ПсэлъэрейкIэ уеджэнтэкъым, жиIэнрэ узригъэдэIуэнрэ зэриIэр, тхылъ куэди зэреджар нэрылъагъу пэтми. ДызыIэпишэу дедаIуэрт ди пхъурылъху щIалэм. И адэ Жанхъуэт ещхьу, ари и адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ зэщIэлъут зэрыпсалъэр. Зэадэзэкъуэм я псэлъэкIэр сабийхэм тфIэгъэщIэгъуэнт – я адыгэбзэ къабзэм къыдэкIуэу, а зэманхэм куэдым къатехьэлъэу щыта урысыбзэмкIи уэрсэрыжьт аитIур. Ди Щхьэлыкъуэ нэхъ пхъащIэ Iэзэ дыдэу дэсахэм ящыщ Жанхъуэт лIы губзыгъэт, япэкIэ плъэфырти, абы пасэу къыгурыIуат гъащIэм дызыхуишэр, щIэныгъэм и нэхум хуэIэгъуэ зыхуэщIын зэрыхуейр. Арат псори зи Iэм хуэщI пхъащIэ IэпщIэлъапщIэм и абджыпс унэ дэгъуэр (апхуэдэхэри мащIэ дыдэт а лъэхъэнэхэм) Щхьэлыкъуэ къуажэм, ди хьэблэм дэс сабийм щхьэузыхь щIахуищIар – ар школу щIитар. (Жанхъуэт и унэм щеджахэм ящыщт си къуэш нэхъыжьри си шыпхъури).

Зи гуэщ пэшым я урыс благъэ унагъуи къыщIэзыгъэтIысхьа, зи унэри

школу зыта Жанхъуэтрэ абы и къуэ Мухьэмэдрэ зэхаххэм, ялъагъухэм хьэблэдэсыр щыгъуазэ ящIыртт – адэри къуэри егъэджакIуэ, ущиякIуэ пэлъытэти, ахэр сыткIи щхьэпэт. Куэдым ефIэкI, куэдым ямыщIэфын зылэжьыф къуажэдэст ахэр.

И адэм и IэпщIэлъапщIагъри я унэм щагъахъэри зылъагъу, зэхэзых Мухьэмэд, дауи, цIыхур зэхъуапсэу зыдэплъейм хуэдэт. Ди пхъурылъхум и Iэзагъым, абы ищIэм и куэдагъым дехъуапсэрт дэри. Псом хуэмыдэу Мухьэмэд къыщызэрыкIыпэр, «псэлъэрей щыхъур» абырэ и анэ дэлъхум и къуэ, езым нэхърэ тIэкIукIэ нэхъыщIэ Сэфарбийрэ зэрыгъуэтыжа нэужьт. Мобыхэм щыгъуэ ахэр зытепсэлъыхьхэм сэ зыри хэсщIыкIыу щымытами, иужькIэ щыгъуазэ сызэрыхъуамкIэ, аитIури литературэ фIэкIа нэкуи-напIи зимыIэжт, езыхэми зыгуэрхэр ятхырт. А щэхум япэ щIыкIэ щыгъуазэ сызыщIар Мухьэмэд СэфаркIэ зэджэу щыта Сэфарбийт. ИужькIэ тхакIуэшхуэ хъуа КIэрэфым и повестхэм куэдрэ къыщигъэсэбэпащ Сэфар цIэр. Ар къызыхэкIар зэкъуэшитIми я псэ къуэпсхэр литературэм хуаIэ лъагъуныгъэм зэрипхыу зэрыщытарагъэнщ.

Акъыл зиIэм акъыл къелъыхъуэ, жи. Адрей хьэблэдэсхэм елъытауэ, бзэхэми хуэшэрыуэ, тхылъ куэди еджа КIэрэф Мухьэмэд щIэныгъэ куум зэрыхуэпабгъэри ди нэгу щIэкIырт: мо щIалэ псыгъуэ щхьэпэлъагэм портфелышхуэ иIыгъыу и анэшхэм ди гупэмкIэ блэкIыурэ махуэ къэс Налшык кIуэуэ, къэкIуэжу зэрыщытар ноби слъагъу хуэдэщ – ар кIуэр-къэкIуэжу щеджащ егъэджакIуэхэм я курсхэми, пединститутым егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр и къудамэми, итIанэ, и IэщIагъэм зэрырилажьэм хуэдэурэ, щIэныгъэ нэхъыщхьи зригъэгъуэтащ.

Мис а лъэхъэнэхэм щыгъуэщ сэри КIэрэф Мухьэмэд сыщригъэджар. Гухэхъуэт апхуэдэ егъэджакIуэ уиIэну. Ар егъэджакIуэ къудейтэкъым – ущиякIуэ Iущт. УзэщIакIуэ телъыджэт. Абы дызэрыригъаджэр адыгэбзэмрэ литературэмрэти, аитIуми дыхигъэгъуазэу ди пащхьэм щитым деж урокхэр апхуэдизкIэ щIэщыгъуэу иригъэкIуэкIырти, абы и псэлъэкIэ дахэми къипсэлъхэм яхэлъ гъэщIэгъуэныщэхэми дыщедаIуэкIэ, цIыкIухэр шыпсэ зэмыфэгъухэм щекIуэкI телъыджэлажьэхэм дыхэт хуэдэт. Апхуэдэу ди егъэджакIуэ Iэзэм кIуэрыкIуэм тету езым адыгэбзэкIэ зэридзэкIырт Пушкинми Лермонтовми я усыгъэхэр. Е «Нобэ хуэдэу адыгэкъуэр Пшэм пхылъэту щытыгъакъым, Къимыгъазэу, щIыри хыри ЗэпиупщIу ар къэсакъым», – жиIэу къригъэжьэнти, ЩоджэнцIыкIу Алий и усыгъэ хьэлэмэтхэм гукIэ къытхуеджэнт.

Абыхэм щыгъуи нэрылъагъут КIэрэф Мухьэмэд езыри зэрыусакIуэр. Ауэ дэ ар тщIэртэкъым. Езыми зыкъыдигъащIэртэкъым. ЗэрыжысIащи, сэ абыхэм щыгъуазэ сызыщIар тхакIуэ КIэрэфым лIыхъужьу куэдрэ къигъэсэбэпа Сэфарт, ди Сэфарбийт. ИужькIэ абы къызэрысхуиIуэтэжамкIэ, зэкъуэшитIми я усыгъэхэр ТхакIуэхэм я союзым яхьауэ щытащ. АрщхьэкIэ езыхэр зэрыгугъауэ ахэр къызэрыщIэмыкIар, зэкIуэлIа тхакIуэхэр IэплIэешэкIкIэ къазэрыIумыщIар щхьэжэ ящI, къыжраIахэр я жагъуэ мэхъури, тIуми я Iэ-я лъэр тхэным хущIохуж. Аркъудейкъым – ятхахэр ягъэсыж. Сэфарбий и жагъуэ дыдэ хъур езым и щхьэм къурикIуаратэкъым – Цуцэ (Мухьэмэд къыдалъхуахэм, и гъунэгъухэм яхэтт апхуэдэу къеджэхэри) и усэ къомымрэ и поэмэхэмрэ зэригъэсыжарат. Абыхэм яцыщ куэд гукIэ къысхуеджэрт Сэфарбий. Ауэ езы Мухьэмэд, ахэм я гугъу къыпхуищIыныр щыгъэтауэ, а Iуэхур игу къэбгъэкIыжыну фIэфIтэкъым. И жагъуэт. Ар зэбгъэщхь хъунур фIыуэ илъагъу гуэр зыIэщIэукIэжауэ абы и бампIэр къызытехьэлъэрат.

Ауэ, Тхьэм и шыкуркIэ, гукъеуэхэри зэ щIэтIысыкIыж хабзэщ. Уи псэр зэ зыхьэхуам къыбгъэдэхыжыгъуейуэ зэрыщытыр КIэрэф Мухьэмэд и дежи нэрылъагъу щыхъуауэ къыщIокI: егъэджакIуэу, школхэм я унафэщIу, нэгъуэщI къулыкъу IэнатIэхэри тхьэгъэпсэу пылъу зезыхьэу лажьэ КIэрэфым, къэзыгъэзэжыр Алыхьым ещтэ, жи, тхэн IэщIагъэми трегъэзэж. КъыфIэбгъэкIмэ, ар зэи IэщIыб имыщIа хуэдэт. ПцIы щхьэ упсын хуей, Iуэхур апхуэдэу зэрыщытыр япэ дыдэу зылъагъуу абы щыгуфIыкIар сэращ. Ар къыщыхъуар 1987 гъэм и гъэмахуэращ.

Зэхэзехуэн ящIмэ, кърахуэкIыурэ, зи дуней гъащIэр къезыхьэкI «Iуащхьэмахуэ» журналым и зи чэзу хэщIапIэ хъуар Ленинымрэ Лермонтовымрэ я цIэкIэ щыIэ уэрамхэм я плIанэпэм тет унэрат. Сылажьэу сыздэщысым, телефоныр къоуэ. Къытесхрэ седаIуэмэ, къэпсалъэр КIэрэф Мухьэмэдщ. Сэлам-чэлам нэужьым:

– Iуэху гуэркIэ сынищIыхьэнути, ухущIыхьэну пIэрэ, Кашиф?

– ЖыпIэр сыт?! Ахьей сыхущIыхьэн! Дэнэ уздэщыIэр, Мухьэмэд?

– Уалэхьэ, жыжьэ сыщымыIэ: фи лъабжьэм щIэт телефонымкIэ сынидэпсэлъейуэ арам.

– КъыщIыхьэ-тIэ, зиунагъуэрэ! Е зэ догуэт. Абдеж щыт, – жызоIэри сыкъожэх.

– Сытым укъытхуихьа, Мухьэмэд? – соупщI ауэрэ дыздыщIыхьэм.

– Уалэхьэ, Кашиф, сэ сыкъыфхуэзыхьар Алыхьымрэ сэрэ фIэкIа зыщIэ щымыIэ. ШейтIанхэм сыщамыгъэуауэ Тхьэм къыщIигъэкI. Си жьыщхьэ делагъэ гуэрхэм сыхыхьэжащи... ЕмыкIу сыкъыумыщI. НэгъуэщIхэм я деж хэIущIыIу зыщысщIыфынутэкъыми... Япэ щIыкIэ уэ уэзгъэлъагъумэ нэхъ сфIэтэмэму...

– Зыгуэр птхауэ, къытхуэпхьауэ ара, Мухьэмэд? – сыкъытричу соплъ, къызитын дзыхь имыщI хуэдэ, и куафитIым телърэ Iэ лъэныкъуэри къызытримых папкэм.

– КъэпщIащ: си жьыщхьэ зыгуэр стхати...

– Мыдэ къапщтэркъэ-тIэ, зиунагъуэрэ! – сопхъуэри папкэр и куэщIым къызох. «Лъэужь е лIэужь» – арат повестым зэреджэр. Зэрыхъуар сымыщIэу, Iэрытхыр псынщIэу зэтездзауэ яужьрей дыдэ напэкIуэцIым сыщеплъым:

– Уалэхьэ, Кашиф, укъеджэну, утезэшэну урикъунмэ абы, – и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI мо лIы Iущыр.

– Тхыгъэшхуэмэ нэхъ къэсщтэнущи аращ, Мухьэмэд, – сIэщIэкIа щыуагъэр згъэзэкIуэжыну сыпылъщ.

– Сэ узгъэпIащIэркъым, тIасэ. УщыхущIыхьэ...

– ПIалъэ къыхэзмыгъэкIыу сыкъеджэнщ.

– Упсэу. Ауэ къызэрыпщыхъуар сэ къызжумыIэжауэ тхыгъэр нэгъуэщIхэм иумыгъэлъагъу... Си жьыщхьэ укIытэгъуэ сумыгъахуэ. ДызэгурыIуа?

– ДызэгурыIуащ, Мухьэмэд.

– Хъунщ-тIэ. Уи зэманыр пфIэзгъэкIуэдынкъым, – къотэджыж. – Тхьэмахуэ е тхьэмахуитI хуэдэ дэкIмэ сыкъыплъыгъуэзэнщ.

– ТхьэмахуитIи думыгъэкIыу къэпсалъэ.

ХьэщIэр зэрезгъэжьэжу тхыгъэм сыкъеджэн щIызодзэри... Утезэшэн дэнэ къэна, узыIэпишэрт тхыгъэм – лIыхъужьхэм я образхэм я къэгъэлъэгъуэкIэкIи, и гъэпсыкIэкIи, бзэ и лъэныкъуэкIи. Хэт пцIы сигъэупсрэ, адыгэ литературэм иджыри къэс сыщрихьэлIатэкъым абы и фэгъу. Си IыхьлыгъэкIэ, си егъэджакIуэу зэрыщытам щхьэкIэ жысIэнкъыми, адыгэ

литературэм, и ныбжькIэ мыщIалэжми, (ар илъэс 65-рэ хъурт абдежхэм), зи шыфэлIыфэ, зи гупсысэкIэ щIэщыгъуэ, зи псэлъэкIэ зиIэж тхакIуэ къызэрыхыхьэр нэрылъагъут.

А махуэ дыдэм сыкъеджащ Мухьэмэд и повестым. Тхыгъэр адрей си лэжьэгъуухэми естыну си Iэпэр мэпIэжьажьэ – шэч къытесхьэркъым ар псоми ягу зэрырихьынум. Ауэ мобы и лъэIуми себэкъуэфыркъым.

Апхуэдэурэ тхьэмахуэ докI.

– Къалэм Iуэху гуэркIэ сыкъэкIуати... – жери Мухьэмэд темыгушхуащэурэ къопсалъэ.

– КхъыIэ, псынщIэу къыщIыхьэт! – жызоIэ мор сIэщIэкIыжын нэхъей.

– Асыхьэту укъеджэфамэ, уалэхьэ, щIалэ ахъырзэману укъыщIэкIам, си анэш цIыкIу, – зэрихабзэу, и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI. И нэхэр къогуфIыкI.

– А къыщыпхьа махуэ дыдэм сыкъеджат, Мухьэмэд, – жысIэу къезгъэжьауэ езыми и тхыгъэми тхъупсыр къезгъэжэхыу щыщIэздзэм:

– Сэ сыщIалэ цIыкIужкъым, Кашиф. Iуэхум Iыхьлыгъэ хэплъхьэу утыку сумыгъэлъадэ, – нэщхъей-нэщхъейуэ къопсалъэ сибгъукIэ къыщысыр. – Платон си ныбжьэгъущ, ауэ пэжыр нэхъыщхьэжщ, жи...

– Пэжыращи-тIэ, Мухьэмэд, мыр тхыгъэ, художественнэ тхыгъэ нэс хъуащ. Сэ жысIэр уи фIэщ мыхъумэ...

– Iа-ау, уэ сыт щхьэкIэ сыкъэбгъэпцIэн? Ауэ... нэ зыхуащIа къуаргъыр екуэкуншэу къыщIэкIыу набдзи схуэфщI зэрыжиIэгъам ещхь сыхъунщи... Иджыри зыгуэр щхьэкIэ сынолъэIунут..

– ЛIот, Мухьэмэд?

– Уэ дзыхь пхуэзмыщIу, уи... уи вкусыр къизмыдзэу аракъым. Ауэ, тIэкIу укъысщытхъуIуащи, Iуэхум Iыхьлыгъэ хыумылъхьауэ пIэрэ жызоIэри...

– Хьэуэ, Мухьэмэд! ПщIэжрэ?.. Дауи, уэ ар къызыхэпхагъэнур сыбгъэгушхуэн папщIэу къыщIэкIынт. Илъэс плIыщI нэскIэ узэIэбэкIыжмэ, еханэ классым дыщIэсу... Къыздеджэхэм сытрагъэгушхуэри... Уэзгъэлъэгъуат япэ дыдэ стха усэр...

– Уалэхьэ, ар сымыщIэж. ЛIот-тIэ ныбжесIар? Мы иджыпсту уэ зэрыпщIым ещхьу, сыпщытхъуат? – и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI ди пхъурылъхур.

– Узыщытхъуни хэлътэкъым абы. Ауэ сытебгъэгушхуэри утыку сибгъэлъэдат... ТхакIуэхэм я союзым сыкъэкIуэну чэнджэщ къызэптри...

– Узгъэжэкъуат... Дауи, абыхэм уэри укъагъэлъагъэнт... Ягъэ кIынкъым. Уэ ущIалэ цIыкIут абы щыгъуэ... СыныщIолъэIунуращи-тIэ, си жьыщхьэ сэри сымыжэкъуэн папщIэ, уи хьэтыр, ди хьэтыр къилъагъурэ къемыхьэлъэкIынумэ, мыбы Сокъур Мусэрбий къысхуегъаджи, къызэрыщыхъуам сегъэплъ.

– Уэли, хъарзынэм. Япэрауэ, Мусэрбий ди журналым и редколлегэм хэтщ. КъимыдэкIэ, абырэ сэрэ зы унэ дыщIэсщи, пщыхьэщхьэ хущIэсхьэнщи... МахуитI-щы дэкIмэ, къытлъыгъуазэ...

– Iау, апхуэдэу дгъэпIэщIэну емыкIукъэ? ХущIыхьэгъуэкIэ къеджэмэ...

– Хъунщ, Мухьэмэд. Япэ къалэм укъыщыкIуэ къэпсалъэ...

Мухьэмэд къыщыпсэлъам и тхыгъэр еуэ-еуэкIэ хуэдгъэхьэзырт журналым къызэрытеддзэным. Мусэрбий абы хужиIам елъытауэ, сэ сызэрыщытхъуар зыми щымыщ хуэдэт. Редактор нэхъыщхьэ Шэвлокъуэ Петри

адрей ди лэжьакIуэхэми ягу ирихьащ КIэрэф Мухьэмэд и повестыр. Ди журналым къытехуа нэужь, а тхыгъэми абы и ужь кърикIуахэми куэдым псалъэ гуапэ хужаIащ. Сэри къытезгъэзэжу абыхэм аргуэру сащытхъуну аракъым – си щытхъуи хуэныкъуэкъым ахэр. КъыжыIэн хуейуэ къысщыхъур, сигу къеуэр нэгъуэщIщ: бетэмал, 1922 гъэм къалъхуа, 1993 гъэм дунейм ехыжа КIэрэф Мухьэмэд мащIэIуэщ адыгэ литературэм зэрыхуагъэлэжьар: илъэс зытхух къудейщ. Ауэ а зэман мащIэм къриубыдэу «Лъэужь е лIэужь», «Адэ щIэин мылъку хъурэ», «Сэфар», «Сэфар и щакIуэ хъыбархэр», нэгъуэщI тхыгъэ гъуэзэджэхэри зи IэдакъэщIэкI КIэрэф Мухьэмэд лIы и лъэужь къыхинащ адыгэ литературэм.

**ЕЛГЪЭР Кашиф**

## КIЭРЭФ Мухьэмэд

*Сэфар и щакIуэ хъыбархэм щыщхэр*

# Дыгъужьым пхуещIэр хуэфащэщ

«АтIэ, дэнэкIэ дгъэзэн иджы, КIагуэ?» – еупщIащ етIуанэу Сэфар и гъусэм. КIагуэ и щакIуэгъум къыхудэплъейри, зыIурыбзеящ, и кIэ пычахуэ тIэкIур пIэщIэгъуэ хьэзабыр телъу игъэпIэжьэжьащ. «Хъунщ, хъунщ. КъызгуроIуэ. Дэ ТIосэнхми ГъущIынэхуеи ди Iуэху щыIэкъым. Аузым дыдыхьэнщи дыдэкIуеинщ псыщхьэм нэс, адэкIэ Щынэгъэджэгу лъапэ дыщIэкIынщ. Уэри мэз джэд уи жагъуэ хуэдэкъым», – зэгурыIуащ зэгъуситIыр. ИжьырабгъумкIэ дэх гъуэгум теувэхэри ежьащ. Сэфар пIащIэртэкъым, пIейтейтэкъым, зиплъыхьырт, и кIуэкIэри Iэдэбт. Хьэр лъаIуэу зэи-тIэуи къыхудэплъеящ абы, и хъуреягъыр къижыхьащ, дунейм хэпэмащ. ИгъэпIэщIэну, игъэпIейтеину арат зыхэтыр. Щымыхъум, щIэпхъуэри ежьэжащ дуней къэхутакIуэ, къигъуэтIамэ, ихъумэу къыпэплъэну. Здигъэзари а здэкIуэну зэраухылIа лъэныкъуэ дыдэмкIэт. Сэфари кIэлъыжакъым, и гугъуи ищIакъым: абыикI ищIэрт и хьэм ищIэнур. Ауэрэ Сэфар псыхъуэ дыдэмкIэ дыхьэри псы IуфэмкIэ дригъэзеящ, дэкIуеину. Тынштэкъым псыхъуэ дыдэмкIэ удэкIуеину: зэ сэмэгумкIэ, зэ ижьымкIэ псым куэдрэ икIын хуей хъурт, зэуалIэ псы Iуфэ жьэгъу лъэныкъуэм елъытауэ. Дуней нэрылъагъум и зэхэлъыкIэ псори къызыфIэIуэху цIыху набдзэгубдзаплъэм дежкIэ илъэс мин куэдкIэ ятха тхылъ гъэщIэгъуэным хуэдэт а псыхъуэр. Укъеджэф закъуэмэ, зымыщIэ зыIуатэ куэдым къыбжамыIэфын дунеягъэ пэж къипхынут.

Псым нэхъ гъунэгъуу къекIуалIэ бгы лъапэхэр, пIастэсэкIэ гуаупщIыкIам хуэдэу, гуихауэ, къатхэм я зэтелъыкIэ псори наIуэу плъагъурт: щIым зэкIуэцIисхьэу къызыпхидзыжа хъуаскуэ диижа къащхъуэхэри гъуэтIафэхэри, сэху мывэхэри, щIакхъуэ зэтеупIэщIыкIым ещхьу, а псом я щIыIужкIэ дуней къэкIыгъэм лъабжьэ езыта щIыгулъ фIыцIафэри кусэшхуэ бгъунжу къат-къатурэ зэтелъу псы Iуфэм къыдехырт. Абыхэм яхэмызагъэу къахэджэлыжа абрэмывэжьхэр адэ-мыдэкIэ псыхъуэ лъэгум дэлът, я дыгъэмыхъуэ лъэныкъуэхэр жыглыц щхъуантIэм зэщIищтэжарэ дзэл, екIэпцIэ къызытекIэжаи яхэту. Сэфар игъэщIагъуэу еплъырт: «Сыт гъэщIэгъуэн: псыхъуэм узэрыдэкIыу, ихъуреягъкIэ жыгейри, тхуейри, бжейри щызэхэт мэзыжьщ, – мыбдей екIэпцIи дзэли къыщокI». Дауи,

къеджэфыртэкъым Сэфар а илъагъум, тхылъ гъэщIэгъуэным хуэдэу, ауэ зыхищIэрт, псэкIэ зыхищIэрт а гъунапкъэншэ инагъыр, а кIэ зимыIэж пIалъэр. «Сыт лъандэрэ? Дапщэщи пщIондэ а псор зэрыщыIэр? Сытым хуэдиз къыпхуаIуэтэжынт абыхэм, цIыхубзэ ягъэIуфу щытамэ? И гъунэри дэндеж?! ЩIыра, мэзыра, дыгъэра? Хьэмэ вагъуэхэра? СщIэркъым...» – арат и адыгэ акъылыр здынэсыр. ФIэкIаи хуейтэкъым ар. А щхьэм къимытIэс гъунапкъэншэ инагъри, ух зимыIэж зэманри нэрымылъагъуу икIи къыгурымыIуэу, дин зыIыгъхэм Алыхьыр къазэрыщыхъум хуэдэу, зыхищIэрт. АбыкIэ арэзы хъурт. ЗыхищIэрт а гъунапкъэншэ псоми езыри IыхьлыгъэкIэ зэрахуахъуэ цIыкIур. Дэзыхьэхри арат.

«Сытым срищIыс сэ, мы дунеишхуэм елъытауэ? – егупсысырт. – Мо хьэпIацIэ цIыкIум сыхуэдэщ. АтIэ, а хьэпIацIэ цIыкIури сэри IэрымыщI къару гуэрым дыщIримыгъэIубэу дызыгъэпсэу, тшхыни тщIэни щыдгъуэт мы дуней лъэщыжьым умыхьэлэлрэ умыгуапэу дауэ утет хъун? Ар напэншагъэщ, цIыхугъэкъым. Дунейми щысхьын хуейщ». И гупсысэ тIэкIур апхуэдэу зэригъэзахуэурэ сэмэгурабгъумкIэ псым икIри, дзэлыгъуэчрэ екIэпцIэкIэ зэщIэкIа псы Iуфэ лъахъшэм техьащ. АрщхьэкIэ псынщIэу къигъэзэжащ. Псым ехъуэпсэжа хъунт. Ар къабзэт, сабий нэпсым хуэдэу псы лъэгу мывэ сэху хужьыбзэхэр, IэтIэлъатIэу зэрызешэ къыпфIигъэщIу къыпхыпсырт, щIыIэтыIэт. IэгукIэ и нэкIум тIэу-щэ фIыуэ щIикIащ, езыри ефащ. Ефэри, зимылъэщIыжарэ псыр къызэрежэхыу, дзэлыгъуэч гуэрэнхэмкIэ иунэтIащ. Хьэр щыст, къежьэрт, псыхъуэ удз гъэужь кIыр зыщIэт къуацэ гуэрэн лъабжьэми и нэр къытемыкIыу щIэплъэрт, зэзэмызи Сэфар здикIын хуеймкIэ къеплъыхырт. ЩакIуэр щынэблагъэм, КIагуэ и лъакъуэ ижьыр хуэму къиIэтри хьэуам щиубыдыжащ, умыIэуэлъауэ жыхуиIэу. Къэуалыжьыр хьэзырыххэти, Сэфари иувыкIащ, зэреуэнум хуэдэу, итIани хьэм зигъэхъеякъым: ар хуейт цIыху унафэ белджылы. «ЕкIу!» – тригъэгушхуащ, кIэщI дыдэу. Хьэр илъащ. А напIэзыпIэм гужьеигъуэу зрахулэкI, къуацэми хэуэ дамэ Iэуэлъауэ куэд, зы гъущIа гуэр къызэщIэчам хуэдэу, къэIуащ. Къуацэ щхьэкIэхэм зыхаIэтыкIри, бгы бгъущI мэзым зэрыхыхьэжащ дамэ псынщIэхэм зыщIахулыкI жьыбгъэр щIэфиежу. Ар джэдкъурт бынт. Джэд анэжьри я пашэт. Сэфар еуакъым. Хьэм къигъэзэжри къэтIысыжащ, джэд бынми якIэлъыкIуакъым, нэщхъейIейуэ щакIуэм къыхудэплъеящ. Дэнэ кIуэнт ар Сэфар къыгурымыIуэу.

«Уделэщ уэ, КIагуэ, – еущиящ ар хьэм, – ахэр хъуакъым иджыри: анэжьыр къэбукIмэ, зэрыбыну къулейсыз хъунущ. Абы дыкъыхуэнакъым дэ. Сэри щхьэ сыкъэбгъапцIэрэ?» Хьэм и плIэ лъакъуитIыр и пэмкIэ щIиукъуэдиикIри и щхьэр абы трилъхьэжащ, лъэныкъуэкIэ, нэбгъузкIэ плъэрт, зигъэгусат. Дауэ зимыгъэгусэнрэт? А сыт щыгъуи зыгуэр зэIызыгъэхьэ «цIыху лъэпкъым» щымыгугъамэ, нэгъуэщI мыхъуми, хэмыкIыжыпэу, а «бзу» хьэлъэ пшэрышхуэхэм ящыщ зы езыми къыIэрыхьэнут. Иджы лIо, – мыхьэнэншэу къихущыхьащ, къихутари кIуэдыжащ. «ЩIагъуэкъым мы итIауэ къэзыкIухь лъэпкъыр», – арат КIагуэ и щытыкIэ хъуам къипхынур, фIы дыдэу уеплъамэ. ПIэщIэн дэнэ къэна, жыджэрыгъэ лъэпкъ хэлъыжу плъагъуртэкъым, дуней псор – къэзыкIухьри, къэзыжыхьри, лъатэри – и зэхуэдэ хъуакIэт. Сэфар адэкIэ кIуэну гъуэгу щытехьэжами, зыкъомрэ къэхъеякъым, сыт щыгъуи хьэлэл и нитIыр бгъузэу хуридзэкIа фIэкI.

«КIагуэ, КIагуэ! Къэхъей зэ», – къеджащ Сэфар, щыкIэлъымыкIуэм.

Хьэр хьэлъэ-хьэлъэу къэтэджри, мыпIащIэу кIэлъыджэдащ. «Сыт пщIэн, я закъуэу къэбгъанэ хъунукъым, зыри ящIэркъым, зыри яхузэфIэкIыркъым», – жиIэ хуэдэт абы щыгъуэ.

Бжьыхьэ бжей мэзыжьым щекIуэкI гъащIэ щэхури къыфIэмыIуэху хуэдэт: пкIэрэ лъэуэ щIымахуэм яшхын дэ цIыкIурэ пщIийрэ зэхуэзыщыпэс кIэпхъхэри, жыгыщхьэ лъагэхэм къыщыбзэрабзэу зи уэрэд мыухыжыр къизыш бзу цIыкIухэри, къахуэмеиххэIауэ а гъащIэ щхьэхуэм къыхэпшэхъуа хьэмрэ цIыхумрэ къызэщIагъэста къанжэ зэщIэкIакIэхэри – псори пфу-т КIагуэ дежкIэ. ЯпэгэкIырт. Ауэ мор сыт? ДзапэкIэ къищта дэр зэрыжьэдэлъу бжей лъэдий джэхужьым зэ илъыгъуэфIкIэ дэжейри къэувыIэжащи, къызоплъэкIыж кIэпхъыжь цIыкIур, и кIэр нэхъ инщ езым нэхъpэ (ар фIэемыкIу дыдэщ хьэм) шылэ щIыIущхьэ фIыцIабзэм ещхь и нитIыр цы щабэм къыхоцIуукI, ауан къищI хуэдэщ. Мис ар егъэлеящ! КIагуэ илъри щIэпхъуащ, и плIэ лъакъуитIымкIэ жыгым зриупсеящ дэплъейуэ, нэгъуэщI мыхъуми и кIэр къыIэрыхьамэ идэнут. АрщхьэкIэ кIэпхъыр дэжеижри, жыг кугъуанэм ипкIэжащ. ЛIо-тIэ, пшхын хэлъкъым, нэгъуэщIкъым, зэрыщыту цы Iэрамэщ, – зрипэсакъым хьэм. Сэфар кIуэрт, ахэр фIэIуэхутэкъым. Жэщ мыхъуу увыIэпIэм нэсын хуейт. Щынэгъэджэгу щынэсам дыгъэр къухьэрт. Ар езыр хъупIэшхуэщ икIи мэкъупIэщ, дестынэ минитIрэ щитхурэ мынэхъ мащIэу. Мэзым узэрыщIэкIыу, уэх джабэ мызадэу зредзыхри, егъэзыхыгъуэ-дыгъафIэ тыншурэ хъупIэкум нэс йох, адэкIэ аргуэру зеIэтыжри, дэгъэзеигъуэурэ къыр лъапэ пцIанэхэм щIохьэж. Нэхъ ещхьу жыпIэмэ, зи къарур мылъытэ природэм фIэкI нэгъуэщIым хуэмыщIын кхъуафэшхуэщ. Мис а кхъуафэшхуэм и щIэ дыдэм тIэкIу зэпыIухауэ зы мэлыхъуэ пщыIэрэ зы шыхъуэ пщыIэрэ дэтт. Арат Сэфар увыIэпIэ ищIыну здэкIуэр. Абы къытекIыурэ щэкIуэну арт. Хьэми ар зэрэ-тIэурэ игъэунэхуати, япэ ищри мэлыхъуэ пщыIэм иунэтIащ. Дыгъэм и къуапэр къыр дзакIэ жанхэм къакъуэщыж къудейт, и нурри уэгум дридзеижауэ къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щызеджадэ пшэ гуэрэнхэр дыщэплъыфэу, иныкъуэхэри бжьэхуц гъэкъэбза Iэтэ фIэкI умыщIэну зэхидыкIырт. КъыкIэлъыкIуэ махуэри уэфI хъун хуэдэт: пшэхэм бдзамцIафэ ятеттэкъым – нэхухэт, псынщIэт. Уэхышхуэм жэщ ныбжьыр, щIыIэтыIагъэри и гъусэу, къигъуалъхьэрт.

– Уэ еблагъэ, Сэфар! УкъыкъуэкIыжыркъыми, нэгъуэщI щIыпIэкIэ къыщыпкIухьрэ? – къыпежьащ лэгъупэжьыр гуапэу. Уи хьэм къызигъэщIащ укъызэрыкIуар.

КIагуэ япэ иту телъэдат пщыIэм. Ар мэлыхъуэхьэхэми ящышынэртэкъым – зэрыцIыхуагъэжьхэу къыщIэкIынт. Ящышынэпэнуми, телъхэтэкъым, иджыри къытемыхьэжахэу арт. Зы хьэ къуэлэнышхуэ пщыIэ лъапэм кIэщIэлъти, ари къэхъеякъым, къехьэлъэкIыпэурэ къэгурыма фIэкI. Ауэрэ мэлхэр къpахулIэжащ, ягъэзэгъэжащ, мэлыхъуэвхэри жэм къэшынхэри щIаубыдэжащ, Iэгум щIилъыкIа мэлыхъуэ башхэр лъакъуэубыдымкIэ егъэзыхауэ пщыIэ джабэм ираупсеижри, хэт лэгъупыIэмпIэ зэфIидзэу, хэт мафIэр зэщIигъэстыжу, хэт псы къигъэхьэзыру – пщыхьэщхьэ Iусыр зэгъэпэщыным иужь ихьахэщ. ПщафIэ хэха яIэтэкъым, абы къыхэкIкIэ Сэфари ядэIэпыкъуну таучэл ищIа щхьэкIэ, сыт емыкIу жыпIэр, уэ ухьэщIэщ, жари ядакъым. ПщыIэ дыдэми хьэщIэр игъэхьэщIэнущ. АпщIондэху пшапэр зэхэуащ, уафэ щIыху-фIыцIафэм вагъуэхэр изу кърикIутащ. Ахэр къуажэ вагъуэхэм ещхьтэкъым – псынэкIэ ятхьэщIу цей къуащIэкIэ ялъэщIыжам хуэдэу, лыдыжхэрт, нащхьэ зэхуащIырт.

Апхуэдэ къабзэщ Кавказ бгыщхьэхэм я хьэуари я уафэри. Изыбзэ хъуа мазэри, дыжьын сом щIэрыпсым ещхьу, и жэщ гъуэгуанэм къытеуват. Абы жэщ плъыру ит мэлыхъуэр щилъагъум, жьэгум къетIысэкIауэ Iусыр хъуным пэплъэхэм ящыщ зы къэпсэлъащ:

– Хэт, Жансу, ныжэбэ плъырынур?

Жансу, Лу, АнтIон (АнтIоныр урыстэкъым), Хьэрун, Нахъуэ жыпIэми – зыкъом щыст абдеж. Езыхэр куэд хъуми, Iэщышхуэ яIэтэкъым абыхэм – я Iэщ кIапэ тIэкIухэр зэдахъумэжыну пщыIэгъуу зэгухьахэу арт. Шыхъуэхэм я лэгъупэжь Хьиси кърихьэлIат. ПщыIитIыр зэкIэлъыкIуэрт щIэх-щIэхыурэ.

– Сэ сыплъырынущ, – жиIащ Жансу, лэгъупэжьым.

– Ар мыхъуххэнщ, – ядакъым нэхъыщIэхэм. – Нэхъыжьыр зи пщафIэхэм нэхъей, уэрдыдэр дауэ удгъэплъырын.

– Сэ сыплъырынщ, – жиIащ Сэфар, жану.

– Уэлэхьи, мис ар хъунум, – зыкъричащ Хьисэ, – сэри сынолъэIунут, Сэфар, уэ. Мыбы зы емынэ къыдэуэсащи, дигъэпсэуркъым. Жэщыбг нэужьым, шыхэр жэщыргъэн иувэн гъунэгъу щыхъум деж, къокIуэри зыхуейр ещIэ, зыхуейр ехь. ПщыIитIри дыпэлъэщыркъым, хьэкIи цIыхукIи. НэхъыфI дыдэу диIэхэр зэ пэщIэуэгъуэм къиукIащ. Иджы, хэбгъэзыхьмэ, щIалэхэм щхьэкIэ сышынэ хъуащ.

– Ди зы хьи къиукIащ абы, етIуанэр къэмытэджу, хьэ Iуси емыфэжу щылъщ. Ари IукIыну къыщIэкIынщ, – жиIащ Жансуи. Сэфар игу къэкIыжащ пщыIэ лъапэм кIэщIэлъ хьэ къуэлэнышхуэр.

– Сыт ар езыр зищIысыр? Дыгъужь? Мыщэ? Былътырыку? – щIэупщIащ ар, къэбырсеяуэ.

– ЗищIысыр тщIэрэ? ТщIэркъым. Зы дыгъужьи зы мыщи щыIэкъым апхуэдэу IэубыдыпIэншэ. Фочыши техуэркъым. И нэхэр, финар гъуэжьитIщи, къолыдыкI, езыр танэ хуэдиз мэхъу, фIыцIэщ.

– Жэщым псори фIыцIэщ.

– Дэнэ щыпщIэн, Iэджи тетщ дунейм. Ауэ апхуэдэ ди хэкум зэикI щыIакъым, – жиIащ Хьэрун.

Белджылыт зэрышынахэр. Шынагъуэр зищIысыр умыщIэмэ, Iей дыдэщ, «ШейтIаным игъэшынам Алыхьыр и фIэщ хъужыркъым» жыхуаIэр игу къэкIащ Сэфар, ауэ апхуэдэ дыдэу жиIакъым.

– Деплъынщ ар зищIысым. Си хьэмрэ сэрэ дыплъырынщ.

– Уэлэхьи, уи закъуэ узмыгъэплъырыну, хьэуэ жыпIэрэ, сэ укъыздэплъырмэ, абы зыгуэр тхуепщIэмэ, Iуэхутхьэбзэшхуэщ, – хъуащ акъылэгъу Жансу.

Iэщыхъуэхэр шха нэужькIи зыкъомрэ тепсэлъыхьащ хэкум къихьа а шынагъуэ емынэм, зыхуахьынур ямыщIэу. Хэт къаплъэнщ, хэти аслъэн хъунщ, жиIащ. АрщхьэкIэ нэхъыбэм ядакъым, сыт аслъэн, къаплъэн жыхуэфIэр, – джэдущ ахэр, абы хузэфIэкIым елъытауэ, жари. ИкIэмикIэжым, ар БжьыхьэлI Лиуан дунейм и къутэжыгъуэм къэхъуну жыхуиIахэм хуэдэ зыгуэру, дунейми куэд имыхьыжьыну – абыкIэ зэгурыIуахэщ.

Сэфар а псалъэмакъ псом хъуни мыхъуни хилъхьакъым. Ар нэхъ и гъунэгъут щIыналъэми дуней гъащIэ нэрылъагъуми. Ауэ ари егупсысырт а зи гугъу ящIыр зищIысынкIэ хъуну хьэкIэкхъуэкIэм, едаIуэрт жаIэхэм, гулъытагъэ гуэр къыхихыну.

– Шыл ишхыркъым абы, – жиIэрт зым.

– Дауэ зэримышхыр? НтIэ, щхьэ иукIрэ?

– Ишхыркъым. СэкIэ фIагъэжам хуэдэу фIебз. И пщэ лъынтхуэм зыщIедзэри, лъыр къыщIефыкI, ахъумэ ишхыркъым. ИтIанэ лъы кIэрыткIупIэ лъэужьи иIэкъым.

– Телъыджэщ!

– Шыл имышхми, мэлылкIэ бэлэрыгъыркъым. Ауэ абыи хэдэ ещI. Мэлыжь ихьыркъым, ихьыр псори мыгъэрей щынэщ, – жиIащ Жансу. – ГъэщIэгъуэныракъэ, мэлым хьэ къыхыхьэмэ, зыкъом зэтримыуIэу хэкIыжыркъым, мыбы зыри иуIэркъым, зыхуейр ехьри мэкIуэж, и жьагъэ Iыхьэхэр хихыж хуэдэщ.

– Хьэхэр-щэ, хьэхэр? – щIэупщIащ Сэфар.

– Хьэхэр къигъэшынащи, зыри бгъэдыхьэжыркъым.

Зыкъомрэ щысахэщ псалъэншэу.

– АтIэ, Сэфар, ди хъыбарыр къэхъейри, икIи дыфщIэупщIакъым, къуажэм сыт щыхъыбар, дауэ фыщытхэ? – къызыщIидзыжащ Жансу. Къуажэ хъыбархэми тепсэлъыхьащ. МафIэр ужьыхыжу хуежьат. Махуэ псом гугъу ехьа мэлыхъуэхэр IэпкълъэпкъыщIэлIэ хъужат.

– Дэнэ кIуэуэ пIэрэ мы уафэм къехуэх вагъуэ къомыр? Ар зыгуэрым къытехуэмэ, дауэ хъуну? – жиIащ АнтIон, ину хущхьэри (АнтIон псоми я нэхъыщIэт).

– Дэнэ кIуэн, мэункIыфIыж. Къехуэхыркъым ар – ижу аращ. ЦIыхупсэ вагъуэщ ахэр псори, – къэтэджыжащ Хьисэ.

– Дауэ?

– Дауэ хэлъ абы? ЦIыху къэс вагъуэ зырыз яIэщи, псэуху и вагъуэр уафэм щоблэ. ЗэрылIэу, цIыхум и вагъуэри йож, – ежьэжащ шыхъуэ лэгъупэжьыр. – НэхулъэфI фыкъикI.

* * *

Жансурэ Сэфаррэ къанэри, адрейхэр гъуэлъыжащ. МафIэ ужьыхыжым хъуаскуэ трищIэжат, ауэ, жэщ акъужьыр зэзэмызэ къыщыщIэпщэкIэ хъуаскуэр трихырти, дэп жьэражьэр къыщIэщыжырт, – пхъэдзакIэ имысыпахэр къыщыхэлыдыкIыжи щыIэт. Жансу ар зэщIигъэстыжыну щыхуежьэм, Сэфар идакъым, мафIэ дыхуейкъым, жери. Абы езым и гупсысэ иIэ хуэдэт.

– МафIэ димыIэмэ, къыттегушхуэпэнущ ар, – жиIащ Жансу.

– Хьэуэ, дэ дызыхуейр Iудгъэщтыну аракъым, – езыр зыIэрыдгъэхьэнырщ. Ахъумэ, Iубгъэщт къудейр сыт? Уи Iэмал псори къищIэурэ мис итIанэщ нэхъ ерыщу къыщыптегушхуэнур.

Чэт папщIэу набжэкIэ къэхухьа, лъэныкъуэ бэкхъыуи къещIэкIа Iуэшхуэр пщыIэ щIыб дыдэм къыдэтт. АдэкIэ, лъэбакъуищэ хуэдиз пкIумэ, псынэ щхъуантIэ уэр зыдэж къуэ куу ехырт, ПсынэжьыкъуэкIэ зэджэр. Къуэ IуфитIыр дей гуэрэнрэ къуацэчыцэу зэщIэкIэжати, и лъащIэр плъагъуртэкъым, удэмыхьэпауэ. Мэлыхъуэхэм зэрыжаIэмкIэ, абыкIэ къыдэкIыу къыщIэкIынт а зыпэмылъэщ «емынэр». Лэгъупэжьымрэ щакIуэмрэ Iуэр хъурейуэ къакIухьмэ плъырурэ, кIуащ бжьыхьэ жэщым и нэхъыбапIэр. Мазэр къухьэпIэм нэхъ игъунэгъу хъурт, Вагъуэзэшиблым я шынакъжьеикъури щыгум къэсыжат. ЦIыхуи псэущхьи жеймрэ щхьэукъуэнымрэ къыщагъэдзыхэ жэщ гъуэхсэхт.

– Мор плъагъурэ, Жансу? Сыт ар? – еупщIащ Сэфар.

– Дэнэ, сыт?

– Мес, мобыкIэ, – иригъэлъэгъуащ, Iэ хуишийри, арщхьэкIэ Жансу зыри илъагъуртэкъым. Мэлыхъуэнэри жанын хуейт, ауэ щакIуэнэм хуэдэ дыдэу къыщIэкIынкъым. Къэплъагъунуи гугъут: жэщыр нэху дыдэщ жыпIэми, фагъуэ зэхэмыбзщ. Блынджабэм кIэрылъ фIеигъэм ещхьу, хъупIэ бгъуэщIым фIыцIагъэ гуэр теплъагъуэрт. Сытуи хуэбгъэфащэ хъунут ар: пхъэ дакъэуи, мывэуи, псэущхьэуи. Арати, гугъу дехьыпэурэ, Жансу иригъэлъэгъуащ Сэфар жыхуиIэр. Уеплъыпэмэ, ар хьэмбыIуу щыс хуэдэт.

– Ар сыт зищIысыр? Мывэ е пхъэ дакъэжь кIэрылъу пщIэжрэ абдей? – еупщIащ.

– Уи фIэщ зэрыхъун, сымыщIэж, икIи кIэрымылъ.

Абы хэту, псыхьэлъахуэ хьэпIацIэм ещхь нэху цIыкIуитI къэлыдащ. УнкIыфIыжащ, аргуэру къэлыдащ. ИтIанэ шэч къытрамыхьэжу я фIэщ хъуащ. Дауи, арат пщыIитIри зыпэмылъэщ хьэкIэкхъуэкIэр. Сэфар и къэуалыр зыIуидзри иригъапщэу щIидзащ, Жансуи ишиящ и фочыр.

– Зэ умыпIащIэ уэ, си ужькIэ еуэ, – нэхъ къищтащ щакIуэм.

Уащ къэуалыр, мэзри къуршри къызэщIичу. Уэри, джэрпэджэжыр жыжьэ зэбгридзыжащ. Iугъуэр теужрэ плъэмэ, – зыри къэхъуакъым, а зэрыщысщ, и нэхэра хъунщ нэхуитIри, ункIыфIакъым.

– Еуэ иджы уэ, – жиIащ Сэфар, илъагъур гъэщIэгъуэн къыщыхъуауэ.

– Уэ еуэ, Сэфар, сэ сыхуэIэкIуэлъакIуэкъым. – Берданыр къыIихри, Сэфар еуащ аргуэру. АрщхьэкIэ аргуэрыжьт: щыст фIыцIагъэр, и нитIыр къилыдыкIыу, иджы ункIыфIыжыххэртэкъым. Къэуалыр узэдыгъуейт, зэман куэд ихьынути, берданым шэ иридзэри, Жансуи еуащ. «Телъыджэщ, – игъэщIэгъуащ Сэфар, – къытфIэщIауэ ара-тIэ ар?» Иджы абы ауан ищIыжыртэкъым мэлыхъуэхэм жаIар. И фIэщ хъууэ хуежьат. Дауэ мыхъунрэт? Шэ нэмысын хуэдэу жыжьэкъым. Сэфар есатэкъым и нэ зытеплъэм фIигъэкIыу. ЕпIэщIэкIыу къэуалыжьыр иузэдыжри, абыкIи еуащ аргуэру зэ. ФIыцIагъэр щысщ, и нитIыр къицIуукIыу, и напIи жаргуэркъым. Ауан къищI хуэдэщ.

– Сыт хьэлэмэт? Ар дауэ?!

– Иджыпсту ущеуэ дыдэм ехуэх хуэдэу къысфIэщIащ, мэхъей, – жиIащ мэлыхъуэжьым.

– Дауэ, дауэ зэрыхъейр?

– Зридзыхыу къэтэджыжа си гугъэщ, слъэгъуащ апхуэдэу.

– Ы-ы-ыы, атIэ абы нэгъуэщI Iэмал хуекIуэн хуейщ. Ар езыр нэхъ Iейуэ къыткIэлъоплъ дэ, нэ жанщ. Жэщынэщ.

Фочауэ макъым къызэщIигъэвэжа хьэхэр банэрт. Мэлыхъуэхэри, хэт хьэмбыIуу, хэт цей ныкъуэщытIагъэу, пщыIэм къыщIэжат. ЕбгъэрыкIуэн къахэкIыртэкъым. КIагуэ зричынут, арщхьэкIэ «Сабыр, щыс» псалъэхэр фIыуэ къыгурыIуэу унафэти, абы зигъэхъеякъым. Ныбжь фIыцIэм а жэщ пIейтеям къыхихынIакIэ щымыгугъыжарэ, – зиIэтри лъэгъуэ кIыхькIэрэ зиупцIмэ-лъэуэрэ хъупIащхьэ къыр пцIанэхэм къухьэжащ, къуэми дыхьакъым, мэзми щIыхьакъым.

– Пэж дыдэу, лъэщ гуэрщ ар, плъагъурэ абы и кIуэкIэр, – жиIащ Сэфар.

– Лъэщщ, зэрылъэщым и щIыIужкIэ бзаджэщ. Шэр тхутегъахуэр-

къым, хьэхэр пэлъэщыркъым, къапхъэн еддзати, ари хъуакъым – бажэщ къиубыдар.

* * *

ЕтIуанэ жэщым Сэфар чэт щIыбагъым пхъэ дакъэжь мафIэфI щызэщIигъанэри, тIысыпIэ щиухуащ, ижьырабгъумкIэ – Псынэжьыкъуэ, сэмэгурабгъумкIэ – чэтым фIыуэ якIэлъыплъыфын хуэдэу. ЕлъэIуащ Жансу, езыр къэмытэджмэ, хьэхэр къимыгъэхъеину. КIагуэм сабыру пщыIэм щIэсыну унафэ хуищIри, и тIысыпIэ ухуам кIуэжащ. Къамэжь кIэрыщIам фIэкIа, Iэщэ лъэпкъи къищтакъым. Ауэ уэтэрым телъ щIакIуэхэм хэплъыхьри, нэхъ иныр здихьащ. Езыр гуэбэнэч пцIанэт, и гуэбэнэчри шэджагъуэ нэужь лъандэрэ фIыуэ псы щIэгъэфат, нэхъ ткIий, нэхъ пкъы быдэ хъун щхьэкIэ.

– Сыт абы и гугъэр?.. – жаIащ мэлыхъуэхэм, зыри къагурымыIуауэ. – Фочи щхьэ къимыщтарэ?

– СщIэркъым, – дригъэуейри къригъэхуэхыжащ Жансу и дамэр, – ныжэбэ фыкъыхэмыщту фыжей, жиIащи, фыжей, фыгъуэлъыжи.

Уэтэр пщыIэр сабырыжащ, зэгъэжащ, жэщыр и кууагъ псомкIи хэкIуэтащ. Пхъэ дакъэжь мафIэр мафIэбзииншэу дэп жьэражьэщ. Абы бгъэдэсщ Сэфар, зрегъэури, бжьыхьэ жэщ акъужьымрэ гуэбэнэч псыфымрэ ягъэпIыщIэжащи, иныкъуэкIи мэтхытх, и хущхьэн къокIуэ. Ауэ вагъуэхэр иджыри жанщ, щэхушхуэ гуэр зэдащIэм ещхьу, я нур къабзэ цIыкIухэмкIэ жыджэру зэхуоупIэрапIэ. Дуней псор нэхущыпэ жей IэфIым хилъэфа хуэдэщ. Мазэ еIэжар ешаифэщ, нэмысыжу уафэ ныджэм къытемынэн щхьэкIэ, тенэцIыхьауэ къухьэпIэм хуоIэ. «Сэри сыгъуэлъынщ иджы, и чэзу хъуащ», – жиIащ щакIуэм. МафIэбгъум деж пIэ щищIащ: губгъуэ удзымэ IэфI псори Iэрамэу къызыхих мэкъущIэлъ уэншэку Iувыр иудэри пхъэ дакъэжь гъумыщIэ пIэщхьагъ папщIэу игъэтIылъащ, щIакIуэ пщэпсыр зэрилъэфыпащ, ари и бгъуагъ псомкIи укъуэдияуэ зытрипIэжащ. АрщхьэкIэ игъащIэм зэримыхабзэущ зэрыгъуэлъа щIыкIэр: и щхьэр пIэ лъапэмкIэ, и, лъакъуэхэр пIэщхьагъымкIэ гъэзауэ. Зыри къыщIэмыщу щIакIуэмкIэ зыщIиуфэжащ. Уеплъамэ къыпхуэщIэнутэкъым щIакIуэ кIапэр зытрипIа пхъэ дакъэжьыр и щхьэр армырауэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ар нэхъ лъагэт – и щхьэр здэщыIэ лъэныкъуэр щIым къыхэщ къудейт. Дауэ къыпфIэмыщIынрэт ар и лъапэрауэ? «Сыту гугъу мыпхуэдэу ущылъыну», – щэтащ ар. АрщхьэкIэ тыништэкъым иджыпсту абы и Iуэхур: кIэлъыплъын хуейт хьэкIэкхъуэкIэм ищIэнум. Къуэ къыдэкIыпIэмрэ къуащхьэ бгъуэщIымрэ тыншу илъагъун хуэдэу гъуэлъауэ щIакIуэ кIапэм къыщIэплъырт. КъызэрыхъунуIар пщIэуэ, ауэ къэхъунум ущымыгъуазэу зыгуэрым уежьэныр пIейтеиныгъэщ, къэбырсеиныгъэ IэфIщ. Аращ щакIуэр дэзыхьэхри. Ахъумэ сытым ищIыс нышэдибэ пшхар къэпкъеижу пщыхьэщхьэ уагъэшхынури пщIэуэ тахътэбаным Iэпкълъэпкъ щIэлIэ ухъужауэ уилъыныр?! «Аракъым гъащIэ жыхуаIэр, – егупсысырт Сэфар, – упсэунумэ, мы дунеижьым, мы дунеишхуэм удэпсэун хуейщ, абы и дэтхэнэ зы бэуэгъуэри зыхэпщIэу, умыщIэххэу къызыкъуигъэщ и щэхухэри къыбгурыIуэу, и IэрымыщI дахагъэ лъэщ Iэлри плъагъуу. ГъэщIэгъуэн-тIэ, щакIуэм къимыукIIамэ? Пэжщ, жьэгурыс фейдэ-лъыхъухэм ауан ящI пшэрыхь бэгъуа къызэмыхъулIа щакIуэр. ЯщIэркъым абыхэм, езыхэм хуэдэу, щакIуэм гу щхьэхыныгъэ зэримыщIэр, абы и гур мызагъэу зыгуэрым зэрыхуэпхъэрыр, жыджэру зэрыпIейтейр. Илъри нэгъуэщIущ щакIуэ Iэпкълъэпкъым зэрыщызекIуэр – къуршыпс къабзэм

хуэдэу, уэррэ къикъуэлъыкIыу, ахъумэ, псы никъуэинэм хуэдэу хуэмурэ еумэмэхыркъым.

Ари хъунщ, ауэ мор ситу пIэрэ: къуэ Iуфэ пабжьэр зыгуэрым къигъэсысащ... «Ыхьы, – аргуэру къигъэсысащ», – мапхъэ-маплъэ Сэфар и нэри, игури, и псэри. И щхьэщIыбми нэ исамэ аратэкъэ. АбыкIи плъэнт, и хъуреягъ псори илъагъун щхьэкIэ. Япэ щIыкIэ нэхугъэ гъуэжьитI къыхэпсащ пабжьэм, итIанэ Iэуэлъауэншэу хуэмурэ ипкъ псори къыхэкIащ. КъокIуатэ тIэкIу-тIэкIуурэ. Ныбжь фIыцIэр мэгъуэлъри, – къэпщ хуэдэщ, къотэджыжри, – аргуэру къокIуатэ. КъоувыIэри зэщIодэIукI. ИхъуреягъкIэ Iэуэлъауэншэщ, мэкъупIэм къыхэIукI «кIыррр-кIыррр» макъым фIэкI зэхэпхыркъым. Мес, иджы къэуващ хуиту. МафIэр къарыщу къыщIэкIынщ, и нитIыр, жьындуунэм хуэдэу, нэхъри къолыдыкI.

ХьэкIэкхъуэкIэм и фэр къыпхуэщIэнукъым, икIи фIыцIэ дыдэкъым. Ауэ нэпсейуэ, гужьгъэжьи иIэу къызэрыплъэр уолъагъу. Къоплъ мафIэми, абы бгъурылъ фIыцIагъэ кIыхьми, пщыIэми, чэтми... «Зыри хъейркъым, зыри Iэуэлъауэркъым – псори зеиншэ хуэдэщ. Мис иджы ищIэнуIамэ, хуитщ». ИтIани а мафIэр абдей щхьэ щылъ? А фIыцIагъэ кIыхьри сыт зищIысыр? Ари хъейркъым, ауэ абы дзыхь хуэпщI хъунукъым. Апхуэдэр къыщыпщыжу зэран щыхъу щыIэщ», – бзаджэм игъэзэжри къуэм дыхьэжащ. АрщхьэкIэ куэд дэмыкIыу къыдэкIыжащ, мафIэм къокIуэталIэ. Иджы езыри нэхъ цIыкIу хъуа хуэдэщ, яфыщIыну псывэм хакухьа джэдым ещхьу. ЩабэрыкIуэщ, дыгъу зекIуэкIэщ. Япэми къищIат ар Сэфар, ауэ иджы илъагъупащ зэрыдыгъужьыр. МафIэм къекIуэтэлIапэри къэувыIащ, щIакIуэ фIыцIэм къеплъащ, – хъейркъым, а зэрымыхъейр фIыщ: хъеймэ, зедзын, е щIэпхъуэжын хуейщ. Къэпэмащ. Сыту мэ гуащIэ мэлылымрэ цIыхумэмрэ! ПсынщIэу мафIэм зытриутхыпщIащ. Пффф – ункIыфIащ мафIэр. Аргуэру къэувыжри, цIыху жейм къеплъащ. Хъейркъым иджыри. ПIащIэу илъри, щIакIуэ кIапэм зытриубгъуащ, и пщэр жьабгъуэ дзэ жанымкIэ фIиубыдыкIащ. Арат Сэфари зыхуейр. И кIэмкIэ къыщытэджри, тепхъуэм щIэгъэпщкIуа пхъэ дакъэжь къуапэр фIэзыгъэнызыщкIукI дыгъужьым щIакIуэр къыфIикъуэжащ. Абы иужькIэ гугъуэжтэкъым щIакIуэ фIыцIэм кIуэцIыс дыгъужьым утетIысхьэу кIуэцIыптхьэлыхьыну. Кърипат Iэпщэр Алыхьым. ИтIани имыгъэщIагъуэу къэнакъым. «Уэлэхьи, дауи, унэхьэ пэмылъэщынт абы», – яжриIэжащ мэлыхъуэхэм. Ауэ щIакIуэр тIэкIу гъэкъэбзэжын хуей хъуащ: дэтхэнэ псэущхьэ гужьеяри ныбэ тIасхъэ мэхъу.

## Мыщэри мэгушыIэ

КъуейщIейщ ди хэку мэзхэр. Гугъущ къыщыпкIухьыну. Къуэ куухэмрэ псыхъуэ ябгэхэмрэ кусэ-кусэу къраупщIэха Кавказ бгъуэщIышхуэм хутыкъуапIэрэ щIыкъуэ дэгурэ и мащIэкъым. Зы шытхым уикIыу адрей шытх къыбгъурылъым иджыпсту унэсын гугъэкIэ уежьами, унэмысурэ урегъэзэш, уи щхьэр уегъэужэгъу. Абы щыгъуи махуэ никъуэкIэ укIуауэ укъызэплъэкIыжамэ, укъегъэуIэбжьыж пкIуар хьэдэгъуэдахэу зэрымащIэ дыдэм: уздикIа щIыпIэм IэкIэ укъылъэIэсыжын хуэдэщ. Абыхэм къыщыпкIухьын щхьэкIэ, уафэми щIылъэми зэуэ зыщуплъыхьын хуейщ. Убэлэрыгъ хъунукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ былътырикур е нэгъуэщI зыгуэр къелъыхыу уи плIэм къыдэтIысхьэнкIэ хъунущ. Шэч хэлъкъым, жыжьаплъэу дахэщ Кавказыр, ауэ абыхэм ущызекIуэн, ущылэжьэн, ущып-

сэуныр уэрам сэтейхэм хуэдэкъым – гугъущ, хуэфащэ IэкIуэлъакIуагъи хуейщ. ИтIани а бгылъэ мэзыжьхэм езым я гъащIэ къикъуэлъыкI игъащIэ псоми мыкIащхъэу щокIуэкI. Кавказым и хуэмэбжьымэр зыхэпщIэн, къыпщIихьэн щхьэкIэ, плъагъун хуейщ пщэдджыжь дыгъэр къыщыщIэкIым деж. Бжэн хъушэм я плъыру къыр бжьэпэ пцIанэм къытеувэ къурш ажэр – абы къэзымыгъэпцIэжын и пэжагъыр, и сакъыгъэр, и пагагъыр, и бжьыфIагъыр. Къуршыбгъэ дыдэхэми пщIэ хуащI абы: абыхэм я плъырыпIэм тетIысхьэркъым, лъагэу къауфэрэзыхь ахъумэ. МыдэкIэ щыхь бжьабэхэр, мэз бжэнхэр гуащэ зекIуэкIэу щызокIуэ, ауэ зы цырхъ дзыхьэджэ къызэрыIуу, япкъ лантIэ зэкIужхэр шабзэ шэщIам хуэдэщи, йолъри, лъэныкъуэ зрагъэзыж. ХьэкIэкхъуэкIэ бзаджэр зыIурыбзаеу къагъанэ. Нэхъ ищIагъымкIэ – фIейлъыхъуэ кхъуэ бынхэм шэдыпсыр къакIэрыжу сэрэш Iуфэ жыг щIагъ удзыпцIэхэр пащIэкIэ щIавыкI – щIыдэ мэлъыхъуэ. Абы къыдэхуэмэ, шэд хьэршытIатIым хэлъхэщ – мэтхъэж. Щхьэж хуэфащэ и псэупIэщ. Ауэ хьэкIэкхъуэкIэ лышххэм, дыгъужь, бажэ хуэдэхэм, псэупIэ хэхаи яIэкъым – и щхьэм къыщыщIэдзауэ и лъабжьэм къэсыху – дэндеи къыщахущыхь, бэлэрыгъа е хутыкъуа, зыпэлъэщын е къагъэпцIэн хуэзэмэ, зыIуралъэфэну. Езы цIыху дыдэхэм ягъэса фIэкI пщIэнкъым. Арамэ, гъэсэн гурыхуэхэщ: цIыху хьэлым занщIэу ихьащ. Абыхэм къакIэрыхуркъым мыщэри. Ари щIэтщ Iэкъуэшакъуэу дэндеи къыщеджэдыхьри, арщхьэкIэ зыми лъэщIыхьэркъым. ЛъэкIуэцIлъэбышэжьым зигъэзэху, адрейхэр здэкIуэнум носыж. Абы къыхэкIкIэ мэгубжьри, япэ зыхуэзэ пхъэ дакъэжьыр къретхъ, гъуахъуэурэ хыфIедзэ. ИтIани сыт и мыхьэнэр? ЩымыхъужыххэкIэ, мы, кхъужь цIыкIу – пхъэщхьэмыщхьэ тIыгъуа, пщIий, бжьэ фо къигъуэтын хуей мэхъу. Ахэри Iус Iейкъым нэгъуэщI зыхузэфIэмыкIым дежкIэ. Псом хуэмыдэу фо къигъуэтмэщ абы щиIутIыжыр. Мис итIанэ пхэщIкIэ мэтIысри, фо хьэкIуэ тыкъырхэр и IэбжьанипщIымкIи зыжьэдекуэ, и бгъафэ цыбэм къетIэтIэхыжу. Абы щыгъуэ езыри щIэх-щIэхыурэ къыхогурымыкI, къыхогъумэтIымыкI, а IэфI телъыджэм зэщIитхьэкъуарэ арэзы щыпкъэу. Бжьэ къэгубжьахэр къежэмэ, зофыщIэуэж-зофыщIэуэжри, мыхъумэ, щIопхъуэ.

КъуейщIейщ ди хэку мэзхэр, мэз гъащIэри тыншкъым: щхьэж зытекIуэр и Iусщ. Дэтхэнэр бгъэукIытэн? Напэ яIэмэ, хъунут...

«Сыт пщIэн, дуней хабзэщ», – жеIэ Сэфар, а мэз Iэлыгъэ къомым хоплъэри. Ауэ абы щхьэкIэ къанэркъым езыри дихьэхын а мэз гъащIэм – къуршыпсыр къызэрежэхым хуэдэу, цIыху унафэншэу мэз щIагъым щекIуэкI хьэкIэкхъуэкIэ псэукIэм. «Дауи, хабзэ гуэр яхэлъщ абыикI», – зыхещIэ щакIуэм, арщхьэкIэ а хабзэр къыхэзылъхьами ар дуней псэущхьэм зэраIыгъ щIыкIэми акъыл нэсыну хузэфIэкIыркъым, къыпегуэ и гупсысэр, дуней зэманым и кIэри и пэри къызэрыгурымыIуэм ещхьщ. «Езыхэм япкърыту къыщIэкIынщ, чэфым хуэдэу», – жеIэ иныкъуэкIи.

ИтIани унагъуэ Iуэхухэм къыщыдэхуэ зэман псоми а щIыпIэ дыджхэм имытын, мыщэкIуэн хузэфIэкIыртэкъым. АпхуэдизкIэ есати, хьэкIэкхъуэкIэхэми къацIыхуат. Я фIэщ мыхъуми, езым быдэу жиIэрт зэрыцIыхуахэу. ПэжынкIи хъунут ар: хьэм укъыщицIыхукIэ, шым укъыщицIыхукIэ, унэ псэущхьэ псоми укъыщацIыхукIэ, сыт мэз псэущхьэхэм – хьэкIэкхъуэкIэхэм къыщIамыцIыхунур апхуэдизрэ зыгъэпIейтей цIыхур, атIэми «мафIэ зэридз башыжьыр» иутIыпщыркъым, иIыгъщ ешийри. Сытми, и фIэщ хъурт зыхуэза хьэкIэкхъуэкIэхэм зырызу цIэ яфIищу щхьэж и цIэмкIэ иужькIэ зэхимыгъэгъуащэу еджэжыфыну, езыхэми мэрэ сурэткIэ къацIыхуауэ.

Махуэ гуэрым ГъущIынэхуей къикIыжырт Сэфар. Гъуэгу лъыхъуэртэкъым, мэз щIагъ защIэт къызэрыкIуэр нэхъыбэу. Къэуалыжьыр пщIэхэдзат, сыт щыгъуи къыздрихьэкI уэщ цIыкIур хьэзыру иIыгът. ПщIащэ пыщэщыжам зэщIисея мэз щIагъыр уэншэкум хуэдэти, лъэ макъ щыIуртэкъым – тхьэмпэ зэтелъэф щхъыщхъ макъыр езым Iущащэ мащIэу зэхихыж къудейт. ЩэкIуэн зэрыхэмытыр, иукъуэдияуэ занщIэу унэм зэрыкIуэжыр зэхищIыкIати, хьэжьри иужь кIэщIу итт. Хьэуа зэщIэувыIыкIам дыгъэ пэзэзыр пэрыуэншэу къыпхыпсырт, и нурри и хуабагъ псори мэз щIагъ щIы псыIэм къихьэсу. Фочыкум хуэдэу захуэрэ лъагэу икIыкIа бжеижь жэпыфэхэм я щхьэкIэ пэнцIыв баринэхэми яубыдыртэкъым а хуабэмрэ нэхумрэ. Нэхут икIи лъащIэхут бжей мэзыжьыр, жыг лъэдийхэм ядз ныбжь кIыхьхэм кусафэ къытрагъауэрт, ахъумэ жьауи щIэттэкъым. Зыри хъейртэкъым, Iэуэлъауи къэIуртэкъым: бзу фий макъи жыгыуIу макъи. Хуэбгъэфэщэнтэкъым абы зэикI зэпымыуж гъащIэ ныкъуэкъур щекIуэкIыу. Мамырт и теплъэкIэ. АрщхьэкIэ Сэфар ищIэрт, зыхищIэрт псэкIэ а къыфIэщI мамырыгъэр зэрынэпцIыр икIи мэзыжьыр зэфIэтыхукIэ хьэкIэкхъуэкIэ зэныкъуэкъумрэ зэрышхымрэ зэрымыувыIэнур. Абы къыхэкIкIэ езыри набдзэгубдзаплъэт, сакъырт, хьэжьри и гъусэ пэтрэ.

КIагуэ сыкъ жо къызэщIэувыIыкIащ, и щхьэр иIэтри, хьэуа уэмым хэпэмащ. Абы и гурым кIэщIым къигъэувыIа щакIуэми зыкъигъазэри хьэм еплъащ, сыт къэхъуар, жыхуиIэу. Хьэр къежьэрт унафэ хуищIыным, ежьэрт щIэпхъуэну, къигъэзэжырт, къыхудэплъейрт, лъаIуэу. – «ЕкIу!» – жиIащ итIанэ цIыхум. Хьэр щIэпхъуащ, Сэфари абыкIэ игъэзащ хуэмурэ. Куэд имыкIууи хуэзэжащ и гъусэм. Абы къуэнэфым зыгуэр къыдилъэфырт, и лъакъуиплIри фIэгъэнауэ, жьэкIэ къеIэу, езыри губжьа-гурыму. НэгъуэщIтэкъым щIэгурымыр – къуэ кIуэцI къуацэ-чыцэхэм фIэнэрти, къыхудэлъэфыртэкъым, и лъэбжьанэхэмкIэ щIыр иритхъух фIэкI. ЕжэкIмэ, къуацэ зыфIэнахэм къыфIигъэкIыжым, къежэкIыжым, къеIэурэ, сытми къуэ Iуфэ сэтейм къытрилъэфащ. Ар щыхьыщхьэт, бжьакъуэри зэрытету, и пщэ къупщхьэхэри зэрызэфIэту. Куэд щIауэ къыщIэкIынтэкъым зэрашхрэ: и щхьэпхэтIыгуми, бжьакъуитI зэхуакуми, и натIэми фэр иджыри телът, ауэ лы лъэпкъ кIэрылъыжтэкъым, къупщхьэхэми хужьыгъэ гъущафэ къащтат, Сэфар щхьэщыхьэри еплъащ абы, гупсысэ жьауэ гуэр ирижащ и нэгум. Игу къэкIыжат и адэ шыпхъум къыжриIэгъа хъыбарыр – гъэру яхьа адыгэ щIалэ цIыкIур алъп щхьэ къупщхьэм зэрыхуэзар, абы щхьэ къупщхьэм трижыIыхьахэр. ЗыгуэркIэ зэригъэщхьа хъунт а тIур: езыми игукIэ жиIащ: «Уэ бланэм урищхьэт, бжьыфIэм урибжьэт, уэ узищхьэр щыIэжамэ, мы мэзыжьыр иджыри бгъэдэхэнт». Зиплъыхьащ ихъуреягъкIэ: мэзыр а зэрыщэхут. Хьэжьыр щылът, и лъапитI зэбгъурылъым и щхьэр трилъхьэжауэ, нэщхъейуэ къаплъэрт, еплъырт хьэIуцыдз шхахуэм, къыгурыIуэ хуэдэт а къуэнэф бжьэпэм къыщыхъуа кIуэдыкIэ гуIэгъуэр. АпхуэдизкIэ гухэщIынигъэ къищырт хьэ нэIуми, къыпфIэщIынт дунеижьыр къэкъутэжауэ, абы и къутахуэхэм хьэ Iущыр хэплъэжу. Сэфар абы еплъри пыгуфIыкIащ. «Сыт пщIэн-тIэ, КIагуэ, – бзаджэхэр текIуащ бланэм. НакIуэ, дэ бланэбжьэр здэтхьынщ, ар ди Бжьо фIэдзапIэ хъарзынэ хуэхъунущ. Хэкур хуэмыгъэдэхэжми, ди унэ блыныр ирегъэщIэращIэ», – жиIащ абы. Щыхь бжьакъуэр зэрытету щхьэ натIэ къупщхьэр къыхиупщIыкIри къыздрихьэжьащ. Бжьакъуэшхуэт, бжьакъуэпитIыр зэпиубыду щеплъам, и Iэхэр зэпэукъуэдияуэ шэщIа хъуат. Тыныштэкъым ар иIыгъыу мэз щIагъ защIэкIэ къэкIуэжыну. КIуэ пэтми мэзышхуэ лъэщIэхур нэхъ кIащхъэ хъурт. Тхуей, дей икIи нэгъуэщI жыг лIэужьыгъуэ Iэджэу зэхэдза мэз

къуацэ лъахъшэм къыхыхьэрт. Бжьакъуэ къуабэбжьабэшхуэр адэ-мыдэкIэ фIэнэрти, къигъакIуэртэкъым. Абы къыхэкIкIэ гъуэгур къагъуэтыжын хуей хъуащ. «Гъунэгъу жыжьэ нэхърэ, жыжьэ гъунэгъу» – жыхуаIэращ, жиIащ Сэфар, ауз гъуэгум къытеувэжри, нэгъуэщIкIэ мыхьэулеижу и гъуэгум хигъэщIын мурадкIэ, нэхъ лъэбакъуэшхуэ зищIащ. Хьэр гъуэгу хэгъэщIыным елIалIэртэкъым – щакIуэм зритIэкI-зришэкIырт, и пэм къилъадэрти къыхудэплъейрт, и ужьым зригъэхуэжырти, щабэ цIыкIуу къыхэпщIэукIырт. Зыгуэр хуейт. АрщхьэкIэ цIыхум зэхебгъэщIыкIынIар гугъущ, езыр хуэмеймэ. Хэбгъэзыхьмэ, псэущхьэм цIыхур нэхъ щIэхыу икIи нэхъыфIу къагурыIуэ хъунщ, цIыхум псэущхьэхэр къазэрыгуры-Iуэм нэхърэ. Апхуэдэу хъуагъэнт мыбдежикI, КIагуэ дзапэкIэ бжьакъуэм къеIащ. «Ыы-ыы, уэ пхьыну ара бжьакъуэр?» – къищIащ итIанэ. Ды-къуакъуэхэмкIэ хьэ тхыцIэм къемыхуэхыну тригъэзэгъащ, бжьакъуэпэр дзапэкIэ иригъэубыдыжри, хьэр иутIыпщыжащ.

Сэфар Бэтэхыщхьэм къыщысыжам тIысащ, зигъэпсэхуну. Къуажэр жыжьэжтэкъым, хьэр абы емыжьэу кIуэжащ. Зыхуейр Iэрыхьат. Ар арэзыт икIи пагэт. «Уделэщ, КIагуэ, уэ, къэбгъэпцIэнухэщ. Щыхьыр сэ ныпкIэ-лъысхь я гугъэнщ», – дыхьэшхащ Сэфар. Махуэр шэджагъуэ нэужьыфI хъуат. Уафэр къабзэт, нэм къиплъыхьым зы пшэ Iэрами щыIэтэкъым, дыгъэм и нур бзий псомкIи хуиту зиукъуэдийуэ щIыгур къигъэнэхурт, зы жьы кIапи къепщэртэкъым. КъызэIыхьэным зыхуищIу дунейм зиущэхуа хуэдэт. Ар хабзэщ, къеухыным и пэкIэ и нэгум зэ фIыуэ ущIигъэплъыжу, ауэ иджыри пасэт, зэман фIыуэ иIэт. «Зыгуэр къимыщIэкIэ мыбы, – дэ-плъеящ Сэфар, – мэкъу тIэкIури къешэлIэжын сухакъым». Ар здэщысыр лъагапIэт. Зыхэс мэз къуацэ жьгъейм къыхэплъмэ, Iугъуэ пIащIэ щIы-хуфэ зыщхьэщыт къуажэ къедзахэр белджылыуэ плъагъурт. И лъапэмкIэ къеплъыхмэ, щIыпIэ зэгъуэкI дэгут. Апхуэдэ щIыпIи щыIэнкIэ мэхъу жылэ псэупIэхэм япэмыжыжьэ дыдэу. Апхуэдэт мыри. ЛъагапIэр джабэ задэу къехуэхырти, Iэнлъэм ещхьу кумбыгъэ кIыхьу и лъащIэм щигъуэ-лъыкIыжырт. Гъэр щыуэлбанэрилэхэм а джабэ нэкIум щыщу зы амба-рыпIэ хуэдиз хъун, ятIагъуэри, мывэкIэщхъ хужьри, къытекIахэри зэхэ-лъу – щIы щхьэфэр къърихьэхырт. Адрей зэманхэм зэпымычу ятIагъуэпст къежэхыр. Шэч хэмылъу, щIы щIагъ псыналъэ къекIуалIэрт абдеж. Абы щхьэкIэ балигъхэр БэтэхкIэ, щIалэ цIыкIухэр – КъитIэтIыжькIэ еджэрт а щIыпIэм. Джабэм къежэх ятIагъуэпсыр и лъабжьэ уэхым илъадэурэ шэд хъуат, абы уэру къамыл къекIэкIыжат. Ауэ а сэрэшыр, ухэмыхьэпауэ е и щыгумкIэ укъыщемыплъауэ, плъагъунутэкъым, а псоми я хъуреягъыр мэз къуацэ зэщIэкIэжат. Мис абы къыщхьэщыст Сэфар, зищIысыр имыщIэ Iэуэлъауэ зэхэзещхъуэн гуэр щызэхихам.

ГъумэтIымэ макъ гуэр къиIуат тхьэкIумэм, къанжэхэри етауэ зэрызе-хьэрт, зэщIэкIакIэрт, бзэгузехьэу щыIэр абдеж щызэхуэса фIэкI пщIэн-тэкъым. «Сыту пIэрэ мыбдеж къыщыхъуар? Нобэ лъандэрэ къуалэбзу макъи щыIэкъым. Иджы дунейр якъутэ. А гурымари лIо?» – хэплъащ щакIуэр бгы лъапэм къыщIэлъ мэз щхьэкIэ пцIанэм. АрщхьэкIэ зэкIэ зыри къыхуэлъэгъуакъым. ИтIани къанжэхэр тепыIэртэкъым, – зэ зы жыг щхьэкIэм пытIысхьэрт, къудамэ лантIэхэр къапкIыхьу, щIым здра-дзыхын къудейт, дыщэ кIанэ къагъуэтарэ яхузэрымыгъэгуэшу зэфIэнэ-жа хуэдэт, зэ нэгъуэщI жыг щхьэкIэ лъэтэжхэрт. Абыхэм я къэлъэты-хьыкIэм кIэлъыплъурэ Сэфар жыг щхьэкIэ морэ-гъуэжь текIыжаифэм хэгъуащэ ныбжь гуэр зеджалэу къилъэгъуащ. ЕплъыIуэри, – мыщэт. И гугъащ пхъэщхьэмыщхьэ тIыгъуа сыт лъыхъуэу. АбыкIэ фIыщ ди мэзхэр:

кхъужь цIыкIу, мы, дэ, зэрыджэ, жызум, пщIий, къущхьэмыщх, зэ, пыжь, хьэцыбанэ – бжьыхьэм къыщыщIэдзауэ гъатхэ пщIондэ щыбгъуэтынущ. Абы и закъуэ, мэзым езым и хадэхэкIхэри иIэжщ: къэлэр, аму, андэгурэ, шэгъэфIэIу, щIыдэ. ИгъащIэми, гъэр шэджэладжэ щыхъуахэм деж, цIыхур гъаблэм имыхьыпэу зыпIыжу щытар мэзхэращ. Ара хъунщ адыгэхэм ижь лъандэрэ «мэзыр бейщ» щIыжаIэр, зыми щамыгъуэтыр мэзым къыщагъуэтыжу зэрыщытыр арагъэнщ. Зы къущхьэмыщх тажьджэкъым икIи зы кхъужь цIыкIу тажьджэкъым жьэгъущIэс адыгэхэм Тэрч адрыщIрэ Гум щIыб губгъуэмрэ гъавэкIэ щахъуэжар. Къэзакъхэм куэду яIэт хурэ гуэдзри – ахэри къадэIэпыкъурт. Е унапхъэ: мо бжеижь зууэ зэгуэудахэр пхъэ кIыхьрэ пхъэ кIэщIу, езыхэр абджым хуэдэу IущIыжауэ хуашэрти,   – абыи щыгуфIыкIырт къэзакъыжьхэр. Пэжыр жыпIэнумэ, жьэгъущIэс адыгэхэр а мэз дыдэм тIэкIуи игъэудэфат: губгъуэрыс адыгэхэм япхъу иратын ядэжыртэкъым. «АIэ, а къэрэкъурэжьгъэсхэм дипхъу яттыуи, – жаIэрт. – МафIэщIэтхъуэж яIэкъым абыхэм». ЦIыхум езым и щхьэкIэ бгъэдэлъ мылъкум мэзри халъытэрт.

Къысхуэвгъэгъу, мыщэ хъыбарыр къедгъажьэри, тIэкIу дытещхьэрыукIыжащ. НтIэ, арати, Сэфар кIэлъыплъу щIидзащ мыщэм. ЩIэх дыдэуи гу лъитащ: пхъэщхьэмыщхьи Iуэхутэкъым абы, ауэ сытми зыгуэр лъыхъуэрт, фIэкIуэдаIа хуэдэт. «Е лъэбышэжь мыгъуэ, сыт уэ пфIэкIуэдынкIэ хъунур? Ужыпкъым, угуфIакIэкъым, уи кIэпкъ тIэкIуращ уиIэхэри, ари ппытщ», – щIэнэкIащ щакIуэр мэз тхьэмадэм. Мыщэр и лъабжьэм щылъыхъуэрт, лъэбакъуэ пщыкIутху-пщыкIух нэхъ пэжыжьэтэкъым. Фоч дэнэ къэна, джыдэр идзами техуэнут. АрщхьэкIэ ар игу къэкIыххэртэкъым икIи хуеякъым Сэфар: кIэлъыплъыным дихьэхати, кIуэжын зэрыхуейри щыгъупщэжауэ, абы ищIэнум еплъу арат. Сэфар мэзым щIэткIэ, и закъуэу зэи зыкъыщыхъужыртэкъым. ЦIыхум япсэлъэгъуей щхьэкIэ, дэтхэнэ зы хьэкIэкхъуэкIэми псэущхьэми емызэшу еуэршэрылIэфынут. АпхуэдизкIэ зэхищIыкIырт, къыгурыIуэрт – хъумпIэцIэджым деж къыщыщIэдзауэ мыщэм и дей нэсыжыху – псэущхьэ псоми я щытыкIэр. Арат КIагуи, мыпсэлъэфми, адыгэбзэ щIищIар. Псом нэхърэ нэхъ фIэтелъыджэт, цIыхум инэмыщIа, адрей дуней псэущхьэхэм зэикI Iуэхуншэрэ езэшрэ зэрахэмытыр. Iуэхуншагъэр абы и дежкIэ насыпыншагъэрэ хуэмыхугъэрэт. ПщIэи хуищIыртэкъым цIыху Iуэхуншэм. «Мес иджыри, мо мыщэжьым еплъ, ар иджыпсту зи ужь ит Iуэхум нэхърэ нэхъ Iуэхушхуэ мы дунейм темытым ещхьщ. Пэжкъэ-тIэ ар: а сыхьэтым пщIэ Iуэхум нэхърэ нэхъыщхьэ сыт щыIэ?» Мыщэри ещхьыркъабзэт абы жыхуиIэм. ЛъакъуиплI-лъэщIакъуэ хуэдэ, лъэныкъуитIымкIи хэщIэурэ щIищыкIырт шэд Iуфэ мэз щIагъыр. Ерыщу къилъыхъуэрт а зыхуейр. Джабэм къежэха мывэхэм еплъырт, къищтэрти хыфIидзэжырт, игу иримыхьу. Щхьэхуэу щыт жыгхэм еIэрт. Деишхуэ Iэдэмашэжь гуэр хуэзэри, абыи еплъащ, дэпщейри и щхьэкIэм тетIысхьащ. Сабийхэр гупкIэтеуэ зэрыджэгум ещхьу, зытригъащIэри иришэхащ – къыдэуеижащ, иришэхащ – къыдэуеижащ. Абы зэрытесу ихъуреягъкIэ аргуэру зиплъыхьащ. Къепщыхыжащ. Зылъыхъуэр къилъэгъуа щIыкIэу, лъэныкъуэ белджылыкIэ иунэтIри, мэз пыупщIагъэжьым хыхьащ. Абы къыщигъуэта хъунт зыхуейр: къритхъщкъритхъри пхъэ дакъэжь зыбжанэ шэд Iуфэм къихьурэ щызэтрилъхьащ. «Уи къару делэжьыр здэпхьын умыщIэжу ара? Сыт ар зэрыпщIынур, уи натIэм ебудэкIыну?» – жиIащ Сэфар игукIэ. Иджы абы къыгурыIуэртэкъым мыщэм ищIэну зыхуейр. Ауэ куэдрэ зригъэжьакъым, занщIэу белджылы хъуащ псори: зылъыхъуари, щIэлъыхъуари, и мурадри. Зы пхъэ

дакъэжь къищтэри шэд Iуфэ къамылым ихьащ, мыщэр кIуэцIрыплъащ шэдыкумкIэ. Сэфари абы нэ жанкIэ кIэлъыплъа нэужьщ Iуэхур зыIутыр къыщыгурыIуар. Iуэху джэгутэкъым. Пэж дыдэуи, Iуэхушхуэт мыщэр зи ужь итыр. «Сыту пIэрэ иджы абы кърикIуэнур?» – гузэващ Сэфар, хэкIуадэ къэхъункIэ шэч ищIу. И жьэбгъуитIым, джатэм хуэдэу, къаIурыпIиикI дзэшхуэхэр дыгъэм пэлыду, шэдыкум зы кхъуэпIащэ гъумыщIэ хэст. Мыщэр уащ а лъэныкъуэмкIэ, пхъэ дакъэжьми хуэму зигъазэурэ къамылхэм щхьэпрыкIри шэдым хэхуащ, – «шхцIомпIэ, шхцIомпIэ» – хъудыр хэхуа хуэдэ, Iэуэлъауэр игъэIуу. КхъуэпIащэм псынщIэу зыкъигъазэри, зыри щимылъагъум, шэдым хэгъуэлъхьэжащ. Мыщэм фIыуэ иригъэпща и гугъа щхьэкIэ, зэуам ауэ жыжьэуи и гъунэгъу хъуатэкъым. АрщхьэкIэ езыр зыхуейм тригъэхуэну и мурад быдэ хъунти, аргуэру кIуэри пхъэ дакъэжь къихьащ. «Еплъ а къуейщIеижьми, – гъунэгъуу зрипщытмэ, зэрыпэмылъэщынур ещIэри, жыжьэу игъэшынэну хэтщ, – игъэщIэгъуащ Сэфар. – ЦIыхущ, цIыху дыдэщ!» Мыщэр етIуанэу уащ. Ари техуакъым, техуэн дэнэ къэна, япэм нэхърэ нэхъ пэгъунэгъу щIагъуэкIэ хъуакъым. ИтIани, етIуанэу щеуам, кхъуэпIащэр нэхъ къэгубжьауэ къыщIэкIынт, пхъэ дакъэжьыр къыздикIа лъэныкъуэмкIэ щIэпхъуэри, шэд Iуфэм нэс жащ. Тынштэкъым абы и дежкIэ шэд ятIэ Iувым къызэпрыжыну. АпщIондэху мыщэр хьэмкIэхьэлъэжьу жэуэрэ сэрэш гъунэу мэзым хэлъэдэжащ, къызэплъэкIакъым, дей Iэдэмашэм нэсыху. ЯпэкIэ игъэунэхуа дей Iэдэмашэм дэпщеящ, тетIысхьэжащ, хъыринэ ещIэ хуэдэ. Сэфар къыфIэщIащ мыщэр кхъуэпIащэм щыдыхьэшхыу. КъыфIэщIа къудей мыхъуу, и фIэщыпи хъуащ ар ауаныщIу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ; дей щIэзыупскIэм здытесым, дыхьэшхым ещхь макъ гъумэтIымэ гуэр игъэIуащ мыщэм. КхъуэпIащэр къыздижын хуеймкIэ плъэуэрэ «ы-хьы-хьы-хьы-у, хъуа ар!» – жиIэ хуэдэт абы и хьэкIэкхъуэкIэ щытыкIэ псомкIи. Ауэ пщIэншэу кIуэдат мыщэм и ауаныр: кхъуэпIащэр шэдым хэгъуэлъхьэжат, зэхихыртэкъым икIи илъагъуртэкъым лъэкIуэцI Iушэжьым зэрызигъэщIагъуэр. ЩакIуэм и гугъащ мэз псэущхьэ инитIым я зэныкъуэкъур абдей щиухыну. АрщхьэкIэ дэнэт, – мыщэр къызэрыкIащ, кIэрыхъыжьащ кхъуэпIащэм, имыгъэпсэужыххэу. МакIуэри шэдым хоуэ, къыщIопхъуэжри и тIысыпIэ лъагэм тотIысхьэж. КхъуэпIащэри губжьащи, къосри дей лъабжьэр щIевыкI, дей лъэдий гъумым йоуэ и дзэпкъ джатитIымкIэ. Пэлъэщыркъым. КIуащ апхуэдэурэ зы тэлаифI, щIэщыгъуэ зыри хэмылъыжу, Сэфари иужэгъуауэ. Абы фIэкIмэ, мыщэ гушыIэр лей хъурт, – зэ ухын хуейтэкъэ? «ФочкIэ сахэуэу згъэщтэнхэ! Мис итIанэ си Iуэхущ ахэр щхьэж и занщIэкIэ зэбгрымыжыжмэ, – егупсысырт щакIуэр. – Хьэмэ сащIэгуауэу закъезгъэщIэн? АбыкIи зэфIэкIынущ ар.

Хьэуэ, езыхэм ягъэухын хуейщ, зэран яхуэмыхъуауэ. ИтIани я гугъу умыщIыххэмэ, мыгъэрегъэкIэ яухынукъым. Е мыщэр езэшын хуейщ, е тIум я зыр текIуэн хуейщ». Апхуэдэу гупсысэурэ, Сэфар нэгъуэщI Iэмал гуэр къигъуэтащ – тIум я зым дэIэпыкъуну. «Ауэ дэтхэнэра къуаншагъэ хэзмылъхьэу сызыдэIэпыкъунур? ФIылъагъуныгъэкIэ сэ мыщэр, дауи, нэхъ си гъунэгъущ, кхъуэпIащэм нэхърэ. Ари хъуркъым, лъагъуныгъэкIэ умыщIэн пщIэну гуэныхьщ. АтIэ хэт къуаншэр, хэт захуэр? Мис ар хъунущ: захуэм сыдэIэпыкъунщ. КхъуэпIащэр сэ фIыуэ слъагъуркъым, икIи сфIэдахэкъым, икIи сфIэIэфIкъым, ауэ ари сэ къэзгъэщIакъым, мы мэзым къыщIэзыутIыпщхьари сэракъым, абыи и Iыхьэ хэлъщ мэзым. Хэбгъэзыхьмэ, ар и псэупIэ дыдэм – и хэкум – исщ. Мы шэдыр, сэрэшыр хэт зейр, абы имеймэ? Мыщэр-щэ, мыщэр? А къуейщIеижьыращ псори

зэIызыщIар: къэджадэри, кхъуэ хэкум къытеуащ, кхъуэпIащэм кIэрыхъыжьащи, игъэпсэуркъым. Къуаншэщ мыщэр!» – апхуэдэу судыр ищIащ Сэфар. Мыщэм и пхъэ дакъэжь дзыгъуэм зрыригъэхьэлIэри, бгым зыщигъэщэтащ. Жыгхэм, къуацэхэм закъуигъапщкIуэурэ дей Iэдэмашэм нэс екIуалIэри, жыг лъэдийр хуищIэу ириупщIащ. Арати, тIысыжащ и плъапIэм, зэзауэ лъэныкъуитIми гу къылъатакъым. Щысщ, адэкIэ къэхъунум йожьэри. Къэхъунут зыгуэр, сыт къэхъуми, ауэ мыщэр хуэмыху дыдэу къыщIэкIмэ, хэкIуэдэнкIэ хъунути, абы иригузавэрт. А тIур щIы сэтейм щызэрыгъуэтмэ, мыщэр пэлъэщынкIэ Iэмал иIэтэкъым, мыщэ кIуэцIри къыдэкIуэу и джабэр къыхущIихунут. ИныкъуэкIи илъагъу хуэдэу къыфIэщIырт щакIуэм ар зэрыхъунур, трилъытат апхуэдэу. Зыкъомрэ къэтащ мыщэр, и гъэтIылъыгъэр хуримыкъуауэ Iэщэ лъыхъуэ ежьэжа хъунт. Къигъэзэжащ, хуабжьу пхъэ дакъэжь IэрыхуэфI иIыгъыу. КъытепIиикI-нытепIиикI иIэтэкъым, зэпэхъурейт, топышэжьым хуэдэу. Мис абыкIэ кIэ иритын мурад хуищIа хуэдэт кхъуэм. Уащ. Пхъэ дакъэжьыр джэрэзурэ кIуэри кхъуэбгъу дыдэм и деж щыхэхуащ шэдым, къыдрихуея шэд ятIэр кхъуэпIащэм жьэхиупцIэу. Кхъуэ губжьар апхуэдизкIэ ябгэу къилъати, мыщэр и тIысыпIэм нэмысыж щIыкIэ къылъэщIыхьэ пэтащ. Сытми, къелащ, хуиту тIысыжащ. КхъуэпIащэр къызэщIэплъауэ, дей щIагъыр къежыхь, жыгым йоуэ, жыг лъабжьэр щIетIыкI.

«Ярэби, мащIэIуэу пIэрэ-тIэ изупщIар?» – шэч къихьыжащи, Сэфари ищIэнур ищIэркъым. Ауэрэ мыщэм и щтагъэр икIащ, и гур къызэрыгъуэтыжауэ зыщIиупскIэну, кхъуэ щхьэщыгум хъыринэ щещIэну щыхуежьэм, «щIы-къыщ-къы-къы-къыкъ» макъыр къэIуащ. Абы и ужькIэ къэхъуам ущIэмыупщIэ! Ар пхужыIэнукъым. Псори а зы напIэзыпIэм зэфIэкIащ. ИкIи кхъуэпIащэми мыщэми я гъащIэ Iуэхур апхуэдизкIэ гужьеигъуэу зэфIэзэрыхьати, тIури нэгъуэщI зыми хэтыжакъым, я щхьэр зэрыхахын фIэкI. Дуней къутэжыр къызытеублэрэкIам я дежкIэ сытым и щIысыжыт абыхэм я зэбиинығъэ мыхьэнэншэри я гужьгъэжь фейцей цIыкIухэри?! А псори щхьэ щIыб дозыгъэдзэж шынагъуэ щыIэу къыщIэкIаи! Жыг ищIыкIым имыIыгъыж мыщэр Iэкъуэшакъуэу, адэ-мыдэкIэ пхъуэу, кхъуэпIащэ дзэ жаным щыхуехуэхым, кхъуэпIащэми жыгыр, мыщэр зэрытесу, къыщытеуэм – тIуми я гугъакъым псэужу. ЛIот нэгъуэщI ебгъэщIэжынур? Жыг щхьэкIэ зэрыхъахэм гужьеяуэ зыкъыхалъэрыхъыкIыжри, щхьэж и занщIэкIэ я щхьэр Iуахыжащ, кхъуэпIащэм – сэрэшымкIэ, мыщэм джабэ дэгъэзеигъуэ мэзымкIэ: дэгъэзеигъуэм дэжыну нэхъ хуэшэрыуэт лъэбышэр.

– Уи-ит, къуагуэжь! Уи-ит, хьэхэбасэжь! Сыту Iейуэ уцымрэ, – щIэгуоуащ абы Сэфар, къэтэджри. Мыщэр къэувыIащ, къеплъащ щакIуэм, «Мыр сыт, мы дуней къутэжым къелар», – жыхуиIэу. Кеплъащ, зригъэцIыхун фIэфI щIыкIэу. КъицIыхууи къыщIэкIынт. И нэкIум гукъэкIыж гуэрхэр къищырт: «Уэраи мы дуней тэмэмыр зэIызыщIар, уэ джафэжь щылъхур. Ар сэ пхуэзгъэгъункъым», – къыхуэдалъэ хуэдэт. Сэфари къызэрыгурыIуар апхуэдэущ абы и плъэкIэр: «Нэрыгъ сыкъищIынщ иджы абы сэри», – хуигъэфэщащ еIуящIэм. Ауэ езыми къицIыхуат, имыгъэгъуэщэжыну. Арати, мыщэр кIуэжащ мэзышхуэм, Сэфари и унэ кIуэжащ. Лалини, Гуащэни, КIагуи ТIопIэ я гъусэу къежьэхэрт. УкIуэжыххэнумэ, узыхуэкIуэжын унагъуэ IэфIт. Кхъуэри шэдым хуиту къыхэнэжауэ и тхъэжыгъуэт.



# Литературэдж, публицист, зэдзэкIакIуэ Iэзэ

*КIурашын БетIал 1932 гъэм июлым и 18-м Дзэлыкъуэкъуажэ къыщалъхуащ.*

*Къуажэ школ нэужьым, район связым илъэскIэ щылэжьа нэужь, пасэу литературэм, культурэм, искусствэм дахьэха щIалэр Къэбэрдей пединститутым тхыдэмрэ филологиемкIэ и къудамэм щIотIысхьэ. Ар 1954 гъэм къеух. А илъэс дыдэм ягъакIуэ Мэзкуу А. Луначарскэм и цIэкIэ дэт Театральнэ институтым, абы и Къэбэрдей студием щIэсхэр адыгэбзэмкIэ иригъэджэну. А зэманхэм БетIал кууиэ едж ди лъэпкъ литературэм, драматургием зэрызиужь щIыкIэр, абы хэлъ ныкъусаныгъэхэр къехутэ, искусствэм и лэжьакIуэ пашэхэм я IуэхущIафэхэм щыгъуазэ зыхуещI. Абыхэм гуапэу ятотхыхь. Iуэхум хэлъ ныкъусаныгъэхэри ибзыщIыркъым. Ахэр зэпкърех, сэтей къещI.*

*Зи цIэр фIыкIэ зыгъэIуа публицист щIалэр 1957 гъэм Налшык къэшэж, а илъэсым къызэрагъэпэща «Iуащхьэмахуэ» журналым критикэмрэ драматургиемкIэ и къудамэм и редактору ягъэув. 1960 гъэм телевиденэм ягъакIуэри, пенсэм тIысыжыхукIэ абы щолажьэ. БетIал литературэм, культурэм, искусствэм теухуа нэтын купщIафIэхэр щIэх-щIэхыурэ къызэрегъэпэщ, тхакIуэхэр, усакIуэхэр, драматургхэр, щIэныгъэлIхэр къегъэпсалъэ.*

*КIурашын БетIал кууиэ зэпкърихащ ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, КIэрашэ Тембот, Мэзыхьэ Борис сымэ, нэгъуэщIхэми я*

*творчествэр. Абыхэм къадэкӀуэу, БетӀал ӀуэрыӀуатэр, къуажэхьхэр, псалъэжьхэр зэхуехьэсыж, хъыбарыжьхэр, жыӀэгъуэхэр, хъуэрыбзэхэр, къебжэкӀхэр етхыж. Ахэри фӀы дыдэу къехъулӀэрт ди лэжьэгъуу, ди ныбжьэгъуфӀу щыта КӀурашын БетӀал.*

*Нобэ теддзэ хъыбархэр ящыщщ УФ-м и Журналистхэми ТхакӀуэхэми я союзхэм хэта КӀурашын БетӀал зэхуихьэсыжу итхыжахэм.*

## Жьэгу пащхьэ мафӀэ

Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм пщӀэшхуэ хуащӀ жьэгу пащхьэ мафӀэм. Абы лъабжьэ хуэхъуар иджыкӀэ ӀупщӀкъым. Ауэ хуэбгъэфащэ хъунущ нартхэр щӀыӀэм ису Сосрыкъуэ мафӀэ къихьу къыщригъэлам е адыгэхэр мажусий диным щита лъэхъэнэм къыщежьауэ.

«Тхьэуэ мор зи уафэ, Тхьэуэ мыр зи щӀылъэ» жаӀэу тхьэ зэраӀуэу щытам ещхьыркъабзэу, «Тхьэуэ мор (е мыр зи жьэгу пащхьэ мафӀэ» – тхьэрыӀуэр куэд щӀауэ щыӀэщ. Аращи, жьэгу пащхьэ мафӀэр Тхьэпэлъытэу ябжу щытащ.

Адыгэхэм унэщӀэ ящӀамэ, япэу жьэгу пащхьэ мафӀэ зыщӀыр унэгуащэрт. Жьэгу мафӀэр хэти ищӀ хъурт. Абы къимыдэкӀэ, «Угъурлыгъэщ» жаӀэри, абы пэрылъ мафӀэр зэи ягъэункӀыфӀыртэкъым. Сэ мыувыӀэу сигу къокӀыж жьэгу пащхьэ мафӀэм теухуауэ зыгуэрым жиӀэжу зэхэсха мы хъыбарыжьыр:

Дыщэ пыӀэ щхьэрыгъыу, унэм ирамыгъэкӀыу илъэскӀэ ягъэныса нэужькӀэт нысащӀэм япэ дыдэу мафӀэ ирагъэщӀу лэгъуп щызэфӀрагъадзэр. Зы адыгэ унагъуэ гуэрым я нысащӀэм япэу мафӀэ зэщӀигъэстауэ пщэфӀэну щыщӀидзэ дыдэм ирихьэлӀэу хъыбар къэӀуащ къуажэм зричу, пӀалъэ лъэпкъ къыхэмыкӀыу, Ӏэпхъуэн хуейуэ.

А лъэхъэнэр бзаджэт ди лъэпкъым дежкӀи, тетӀысхьэгъуэ зимыӀэ жыхуаӀэм хуэдэу, дыкърахуэкӀырт, псэхугъуэ къыдатыртэкъым ди бийхэм.

Жылэр щыӀэпхъуэм, зи япэ лэгъупыӀэмпӀэр къызытекъута нысащӀэм игу фӀы щыщӀэнт, къытехъуам иринэщхъейт, «сыту мафӀащхьэ угъурсызт» къысхужаӀэнщ, жиӀэрти тегузэвыхьырт. Сытми, нысащӀэм и мафӀэ зэщӀэплъам щыщ дэп тасым ирилъхьэщ, гуарцэ кърригъэтӀылъэкӀри: «Я дэ ди Тхьэу Тхьэшхуэ, си жьэгу пащхьэ мафӀэр сыкъызыхыхьа лъэпкъми сыкъызыдыхьа жылэми угъурлы яхуэщӀ!», – жиӀэри здришэжьащ.

Жылэ Ӏэпхъуар тӀыса иужь, нысащӀэр илъэс пщӀейкӀэ псэужати, зы махуэ и жьэгу пащхьэ мафӀэ зэхигъэкӀакъым, жылэри а здэӀэпхъуа щӀыпӀэм имыкӀауэ нобэми ныжэбэми исщ. Абы лъандэрэ къежьауэ «ГукӀакъуэхэ я гуащэжьым и жьэгу пащхьэ мафӀэу» хужаӀэ зи лэгъупыӀэмпӀэ зэфӀэлърэ зи жьэгу пащхьэ мафӀэ блэуэ зрихьэлӀэ адыгэ унагъуэм.

## ХьэтӀохъуущыкъуей напэ

ХьэтӀохъущокъуэм и лӀыщӀэхэм ящыщ зы, мэкъушэ щыӀауэ къыздэкӀуэжым, джабэ задэ гуэрым деж къыщыувыӀащ. Вым тӀэкӀу зригъэгъэпсэхури джабэм къыкӀэрыхьащ, арщхьэкӀэ, мо уэшх нэужьым цӀэнтхъуэрыгъуэ хъуащ гъуэгури, къыдэкӀыфыркъым. ЩӀалэр вым яхоуэ, зэхэзехуэн ищӀауэ, джабэм кӀэреукӀыхь, выхэр мэцӀантхъуэ...

Мэлыхъуэу губгъуэм ит Созырыхьэ абы гу къылъитэри къыбгъэдыхьащ.

– Гъуэгуфl апщий!

– Упсэу апщий!

– Я бзэ псалъэркъым, lэщыр щlэбукlыр сыт, щlалэ? Уи лыжь ятелъ?

– И чэзум сынэмысыжу хъунукъым. Къысхуадэнукъым.

– lэщри сфlэгуэныхьщ, уэри усфlэпсэкlуэдщ, сумыlуэтэжынумэ, сыбдэlэпыкъунт...

Псалъэ быдэ итащ имыlуэтэжыну.

– Выр щlэтlыкl.

Щlалэм выхэр щlригъэтlыкlащ. Езы Созырыхьэ гум зыщlищlэщ, гур джабэм къыдишри къыутlыпщыжащ.

Мыдэкlэ щlалэр къыздэкlуэжам ягъэщlагъуэри зэрагъэщlэгъуэнур ящlэркъым.

– Мыр дауэ! Уэлбанэ махуэм дауэ «Выщхьэфlэч» укъыдашыфа?

– Уэлей, апхуэдэ къэмыхъуа!

– Мэкъугу илъу а ятlэ бдзантхьэм къыхэкlыфа жаlэуи-яlуатэуи зэхэзмыха, ыхьы!

Щlалэм зыкъомрэ заригъэумысакъым, ауэ щыхагъэзыхьыпэм:

– Вым къыдишакъым, лlым къыдишащ, – жиlащ. Мэлыхъуэ щlалэм lуэхур къызэрекlуэкlар жрагъэlэжащ. Ар зэхэзыха Хьэтlохъущокъуэр куэдрэ мыгупсысэу Созырыхьэр къригъашэри жриlащ:

– Умэлыхъуэ нэхърэ нэхъыфlщ, лей къыптезгъэхьэнкъым, си деж къанэ, – жиlэри.

Щlалэм зыкъомрэ зытригъэхьакъым.

– Сынолъэlу, си lуэху къызумыхуэ. Си тхьэмыщкlапlэ сигъэсыж.

Тэлайкlэ зэпсэлъылlа иужькlэ, акъылэгъу хъуащ. А махуэм щыщlэдзауэ Созырыхьэ Хьэтlохъущокъуэ-пщым и пелуан хъуащ.

Махуэ гуэрым, Хьэтlохъущокъуэм и щымыlэгъуэу зыкъригъэхьэлlэри, Шужьеипщ къакlуэри Созырыхьэр дишащ: «Си пелуаным уемыбэну хъунукъым», – жиlэри.

Къыздишам, кърагъэбэнынур щрагъэлъагъум, Созырыхьэ жиlащ:

– Хъусин Кlыхьыр къысхуэбгъэлъагъуэри, Хъусин Лъабгъуэр къысхукъуэпшащ, – жери.

Итlанэ Хъусин Лъабгъуэ зыхуигъазэри лъэlуащ:

– Ди адэхэр зэмыкъуэшми, ди анэхэр зэшыпхъущ, дызумыгъэбэн.

– Уэ куэд жоlэ, – жиlэри Хъусин Лъабгъуэр lэбащ, арщхьэкlэ зыри хуещlэркъым.

Созырыхьэ къэгубжьауэ еlэри и дзажэналъихыр икъутащ, къиубыдыжри пхъэшыкъум щхьэдидзыхыжащ.

Ар зылъэгъуа Шужьеипщ хутыкъуауэ щыт Созырыхьэ хьэджэсэкlэ еуэри иукlащ.

Хьэтlохъущокъуэм, къэсыжу lуэхум щыгъуазэ хъуа иужькlэ, мыпхуэдэу жеlэ:

– Си тобэщ, сэ ди лей сымыгъэгъуну щыжысlакlэ, си псалъэм семыпцlыжын!

Абы и ужькlэщ Хьэтlохъущокъуэмрэ Шужьеймрэ Тэтэртуп тхьэрыlуапlэм кlуэри псалъэ щызыlахар. Къагъэзэжауэ къыщыкlуэжым, Хьэтlохъущокъуэм Шужьейр гъэпцlагъэкlэ иукlащ.

# Анзор лIы цIыкIу

*Тэтэртуп и хъыбарыжь*

Дыгъэр къухьэрт, абы и дыгъэ бзий зэщIикъуэжххэр къуршыщхьэхэм щхьэдихьэхыжауэ. КъызэрагъэщIэрэщIэжрэ куэд мыщIа Тэтэртуп минаретым деж дыщытт, Тэрч аузымрэ Джылахъстэней бгы екIуэкIымрэ къызэпэтплъыхьу. Елъхъуэт къуажэм щыщу хьэщIагъэшхуэ къызэзыха си бысым Ардасенов Мысост сщIыгъути, абы Тэтэртупым теухуауэ мы хъыбарыжьыр къызжиIэжащ:

Куэд щIащ абы лъандэрэ. Тэтэртуп къалэжьым и лъагапIэ дыдэхэм ящыщ зы шордакъ гуэрым щыпсэурт Надихъан гуащэ дахэр. Абы уэсым хуэдэу къыу хужьу зызэрихъуэкIырти, хъущIэу ежэх Тэрчыжьым и псыпыхухэм махуэ къэс зыщигъэпскIырт.

Апхуэдэу Iуэхур зэрыщытыр къещIэ къэбэрдей щIалэ Анзор лIы цIыкIукIэ зэджэм.

Ар лIы кIэщI цIыкIут, ауэ щхьэмыгъазэт, лIы мышынэт, и гур аслъэныгут. Гуащэм псым зызэрыщигъэпскIыр къилъагъури, лIэн-къэнэну егуэкIуащ. Арати, абы фIэкI нэхъ хэмылъу, зыIэригъэхьэну мурад ищIащ.

Куэдрэ еплъэкIуащ, куэдрэ ещэкIуащ, ауэ, сыт имыщIэми, къыхуэубыдыртэкъым. Лъатэрти, IэщIэкIыжырт къыу хужь дахэр. Щымыхъуххэм Iэмал хуекIуащ: тхыпхъэщIыпхъэкIэ гъэщIэрэщIауэ пхъуантэ дахэ ищIщ, абы зригъапщкIуэри Тэрч здежэхымкIэ зригъэхьэхащ. Иджы ар дыдэм ирихьэлIэу, абы и псыпыхухэм зыхигъапскIэрт къыу гуащэ тхьэIухудым.

Псым ирихьэх пхъуантэм къыум гу лъитащ, ар фIэгъэщIэгъуэн хъуауэ гъунэгъу дыдэу къыщесылIэм, Анзор лIы цIыкIур гъуанэмкIэ къиIэбыкIри зызыгъэпскIыу псым хэс къыур напIэзыпIэм къиубыдащ. Гъэр хъуа гуащэр гуIэу къэлъэIуащ:

– СутIыпщ, ер зи гущхьэм кърих жин фIыцIэ, сутIыпщ сэ къуалэбзу тхьэмыщкIэр, щхьэхуит сыщIыжи, си дамэхэм сегъэIэтыж, сыт уэ бзаджагъэу уэзлэжьар, сутIыпщи, си гъуэм, чэщанэм сыгъэкIуэж.

Анзор гуащIэу зэуэ жэуап къитащ:

– Уей, – жи, – гуащэу дахэкIей, гуащэу щыIэм я лей, сыту Iейуэ ущыуа, сэ сыжин фIыцIэкъым, атIэ уэ хьэщыкъ пхуэхъуа, Къэбэрдейм щыщ фызкъэмышэ щIалэ Анзор лIы цIыкIу жыхуаIэр сэращ. Уэ, шэч хэмылъу, зэхэпхауэ къыщIэкIынщ тенджызитI зэхуакум хэIущIыIу щыхъуа Анзор лIы хахуэм и цIэр?

Гуащэм жэуап къетыж:

– Хьэуэ, зэхэсхакъым икIи усцIыхуркъым, сыгъэлъагъу уи лIыгъи, итIанэ ууей сыхъунщ: къумым кIуэи, брул защIэу шыбз гуартэ къэху, фIыцIафэ зыщIэлъадэ хакIуэ пцIэгъуэплъ хэтыжу. Апхуэдэ шыбз гуартэ зиIэр Мансур хъанырщ, мис абы ар къытепхрэ къэпхуфмэ, итIанэ сэ уэ срыуейщ.

– Хъунщ, дэгъуэщ, гуащэу щыIэм я лей, иджыпсту гъуэгуанэ сытохьэ, – жиIэри Анзор лIы цIыкIум къыур иутIыпщыжащ. Арыххэуи, а зы напIэзыпIэм къыур уафэпшэм хыхьэжащ, и чэщанэм зэрынэсыжуи, узримыгъэплъу цIыхубз дахэу зызэрихъуэкIыжащ.

ЛIыхъужь мэхъэшам и шы-уанэр зэтрилъхьэщ, и шыныбэпхыр щIикъузэри гъуэгуанэ техьащ, къумым хуэкIуэу.

Бэлыхь Iэджи телъауэ, гугъуехь Iэджи игъэвауэ, икIэм-икIэжым и

мурадым и Iэр тригъэхуащ – и къэшэн дахэм насыпыфIэу дэпсэун папщIэ щIитыну уасэу шыбз гуартэр и пэм иту къеху. Мис Тэтэртупми къоблэгъэж. Шы гуартэр къыздихум, къыкIэлъыпхъэра хъаныдзэм лIыхъужьу яхозэухь. Сыт ямыщIами, къатрихауэ къафIеху.

Арати, зэуэ, ущхъуэдэмыщхъуэу Надихъан гуащэр шордакъым къоувэ. Анзор лIы цIыкIум ар къелъагъу. Абы и дахагъэм лIыхъужьым и нэр апхуэдизкIэ къыщипхъуати, теплъэкъукIри бийр гъунэгъу къызэрыхъур, къызэрыбгъэдыхьапэр илъагъужыркъым. Ар зэгупсысыр къыпэщылъ насып гуфIэгъуэрт. АрщхьэкIэ... псори зэуэ зэтещэхэжащ.

Абы къылъэщIыхьа шу гупым яхэт Даут-Хьэжы абрагъуэжьыр къыжьэхэуэри Анзор шым иридзыхащ, сэшхуэмкIэ къеуэри и щхьэр къыфIихащ.

А напIэзыпIэм чэщанэм гыз макъ къыщIэIукIащ, къыу хужьыр къелъэтэхри яукIауэ щылъ лIыхъужьым и бгъэм къытетIысхьащ.

НапIэ дэхьеигъуэ нэхъ хэмылъу а даIим дыдэм Тэрч къиури хъаныдзэр итхьэлащ. Уэру ежэх псышхуэм и псыпыхухэм япхъуэтауэ Анзор и хьэдэр ирахьэхырт, абы и бгъэм тес къыур, цIыху фIэкIа умыщIэну и щауэр игъеижу.

## ЛIыжьымрэ фызыжьымрэ

Зы лIыжь цIыкIурэ зы фызыжь цIыкIурэ псэут. ЛIыжьымрэ фызыжьымрэ зэхуэбзаджэт. ФIыуэ зэрылъагъуртэкъым. Хуэмыхьыжу лIыжьым и щхьэр ирихьэжьэри ежьэжащ. ЗдэкIуэр имыщIэу куэдрэ гъуэгу тетауэ, зы мащэшхуэ гуэр IущIащ. Иплъэмэ, благъуэ абрагъуэ  ису лIыжьым къилъэгъуащ. Къигъэзэжри лIыжьыр и фызыжьым деж къэкIуэжащ.

– Дэнэ уздэщыIар? – жиIэри фызыжьыр лIыжьым щIэгубжьащ.

– Зы мащэ гуэрым дыщэ куэд илъу срихьэлIати, си закъуэти, симыхьэфу сыкъэкIуэжащ, – жиIащ лIыжь цIыкIум.

– НакIуэ, – жиIащ фызыжь цIыкIум.

КIапси къыздащтэри еуэри кIуащ. ЛIыжьыр мащэм щхьэщыхьэри иплъащ.

– Сэ сихьэнщ, фызыжь, уэ мэуэ щыт, – жиIащ абы. Ауэ фызыжьыр мащэм щхьэщыхьащ. Абы иплъэну зыщишийм, лIыжьыр жьэхэIунщIэри и щхьэр и щIагъыу фызыжь цIыкIур мащэм иридзащ. ЛIыжьыр къыщIэпхъуэжауэ къыздэжэм, къызэщIэувыIыкIащ. Фызыжьым игу щIэгъужри къигъэзэжащ. Къыздигъэзэжам, еплъмэ, къелъагъу: фызыжьым благъуэр гъуэм кърихуащ. Апхуэдэуизу зи жагъуэ ящIа благъуэр жылэ гуэрым кIуэри егъуэлъылIащ, цIыхуи Iэщи къыдимыгъэкIыу. Къуажэр хьэлэбэлыкъышхуэ хэхуащ. Ар лIыжь цIыкIум къыщищIэм, а жылэм къэкIуащ. И пыIэр зыщхьэрехри едз, и цейр зыщехри хуедз, благъуэм дежкIэ мажэ. ЯгъэщIагъуэу зэрыжылэу лIыжьым йоплъ. Благъуэм и щхьэр къиIэтри: «Сыт укъыщIэкIуар, лIыжь мыгъуэ цIыкIу?» – къеупщIащ. «Фызыжьыр мащэм къикIыжауэ къокIуэ уи деж, ар бжесIэну аращ сыкъыщIэкIуар», – жиIащ лIыжьым. «Фызыжьыр къакIуэуи?» – щIэупщIащ благъуэр. «Къожэ, иджыпсту къэсынущ», – жиIащ лIыжьым. Благъуэм кIэбгъу зищIри зигъэпщкIужащ. ЛIыжьри, игъэзэжри, и унэ кIуэжащ.



# Зи цIэр зэи ящымыгъупщэжынухэм ящыщщ

*Бахъсэн куейм хиубыдэ Гундэлэн къуажэм къыдэкIа тхакIуэхэм балъкъэр литературэм увыпIэшхуэ щаубыд. Абыхэм ящыщ зыщ 1937 гъэм а жылэм къыщалъхуа Теппеев Алими. Зи сабиигъуэр Хэкур зауэшхуэми балъкъэр лъэпкъым 1944 гъэм къытепсыхауэ щыта нэщхъеягъуэ инми хиубыда щIалэщIэм Iэпщэрылажьэ пщIэнтIэпсыр зищIысыр пасэу зыхищIащ: ар ядэлэжьащ Къыргъызым щыщ Тызыл бдзапцIэ къыщыщIэзыххэм.*

*Къыщалъхуа лъахэм къихъэжа нэужь, Алим «Коммунизмге жол» газетым корреспонденту мэув, итIанэ литературэ лэжьакIуэ мэхъу. 1963 гъэм къеух М. Горькэм и цIэкIэ Мэзкуу дэт Литературэ институтыр. Налшык къегъэзэжри, япэ щIыкIэ газетым и корреспонденту мэлажьэ, итIанэ ар ирагъэблагъэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым. Абы зэрыщылажьэм хуэдэурэ, аспирантурэр къеух, и кандидат лэжьыгъэр Мэзкуу щыпхегъэкIри, филологие щIэныгъэхэм я кандидат цIэр къыфIащ.*

*Дэнэ щылэжьами щеджами, абы зэи IэщIыб ищIакъым литературэ творчествэри. Зи усэхэр, рассказхэр, повестхэр къытрадзэ хъуа, критикхэми, тхакIуэхэми, тхылъеджэ къызэрыгуэкIхэми щытхъушхуэ зыхужаIэ Теппеев Алим 1971 гъэм хагъэхъэ СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым. ИужькIэ ар ди республикэм и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм щолажьэ.*

*Теппеев Алим 1997 гъэм къыхуагъэфащэ Къэбэрдей-Балъкъэрым литера-*

*турэмрэ искусствэмкIэ щыIэ къэрал саугъэтыр. Зи прозэ лъэщымкIэ цIэрыIуэ хъуа Теппеевым къыфIащ «КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэр.*

*ТхакIуэ, драматург цIэрыIуэ Теппеев Алим и къалэмыпэм къыщIэкIауэ Налшыки Мэзкууи къыщыдэкIащ рассказхэр, повестхэр, романхэр иту тхылъ зыбжанэ. И пьесэхэм (ахэр зыбгъупщIым нос) къытращIыкIа спектаклхэр Налшыки нэгъуэщI къалэхэм я театрхэми щагъэуващ. Абыхэм къыхуагъэфэщащ саугъэт зэмылIэужьыгъуэхэр, Щытхъу, ЩIыхь тхылъхэр.*

*Теппеевыр зэдзэкIакIуэ Iэззэуи щытащ: абы балъкъэрыбзэм къригъэтIэсащ Грибоедов Александр, Шевченкэ Тарас, Шиллер Иоганн, Мольер Жан-Батист, Чехов Антон, Шолохов Михаил, Айтматов Чингиз, КIыщокъуэ Алим, КIуащ БетIал сымэ, нэгъуэщIхэми я тхыгъэ нэхъыфIхэр.*

*Балъкъэр литературэм и зыужьыкIэм, абы зыIэригъэхъа ехъулIэныгъэхэм ятеухуа тхылъ щхъэхуэ зыбжани къыдигъэкIащ Теппеев Алим. Зи ныбжьыр илъэс 75-рэ июным и 18-м ирикъуну щыта ди ныбжьэгъур, ди жагъуэ зэрыхъущи, 2010 гъэм дунейм ехыжащ.*

ТЕППЕЕВ Алим — *Рассказхэр*

# Къуэрэдарэ

Къэдамэ бгым и ижьырабгъум, мэз Iув кIыфIыжьым ищхьэIуэкIэ, къыщыкIырт сыт щыгъуи зи щхъуантIагъэр имыкI мы къуэрэдарэ цIыкIур. И лъэбжьанэр быдэу хиукIауэ зытет Ран къырым хуэдэу пасэрейт ари. Абы ижь-ижьыж лъандэрэ илъэгъуар илъэгъуат къуэрэдари.

Къэдамэ щыхьэтщ, Ранрэ къуэрэдарэрэ игъащIэ лъандэрэ зэгурыIуэу къызэдекIуэкIырт. Ран къыр бгы Iузэт, лъагэт, хьэл IуэнтIаи иIэт. Къуэрэдарэ абы и ныбэгу джафэм зыщиубгъуат. Ар хущIэкъурт хуитыныгъэм. ЗдыщIэкъуми, ерыщт, къыпхуикIуэтынутэкъым. Къэдамэ игъэщIагъуэрти, хуэухыртэкъым а тIум я зэзэгъыкIэр, я зэгурыIуэкIэр. Зэхъуапсэм хуэдэт абыхэм я зэхущытыкIэр. Апхуэдэу зэрыщытым щыгуфIыкIыу, Къэдамэ жиIэрт: «Ран Iэпкълъэпкъщ, къуэрэдарэ псэщ».

Ран и ныбжьыр зыхуэдизыр зыщIэ мы дуней псом теттэкъым. Абы къуэрэдарэ къыщыкIэрыкIа зэманыр езы дыдэми къыбжиIэфынутэкъым.

Пэжу, нэгъуэщI жыгхэм къалъытэрт къуэрэдарэ мы щIыпIэм къызэрыщыкIрэ куэд дыдэ мыщIауэ. Дзэлым, псалъэм папщIэ, и фIэщу жиIэрт Аралп псыр къиууэ аузыр щилъэса гъэм ирихьэлIэу жьым къуэрэдарэ къудамэ цIыкIу гуэр мыбы кърихьам къыщежьауэ. Пхъэхуейм иукъуэдийрт къуэрэдарэ япэм къуэрэдарэу щымытыххауэ, абы гуинэкIэ еджэу щытауэ.

«А гуинэр, – игъэхъыбарырт пхъэхуейм. – Сэр нэхърэ куэдкIэ нэхъ быдэт. Ауэ ар зыми и сэбэптэкъым, лъахъшэ къуэгъуж цIыкIут, фIыцIабзэт. Тхьэшхуэм, жьапщэ ин къиIэтщ зэгуэрми, зы гуинэ къэмынэу дунейм трипхъэнкIыкIащ. Си гугъэмкIэ, мы къуэрэдари а лIэужьыгъуэм щыщщ. Зы къудамэ цIыкIум къыр зэгуэзам зыдидзэри... Псэр IэфIщ, уимыгъэщIэн щыIэ! НтIэ, къудамэ цIыкIум и цIэр ихъуэжри, Ран зыщигъэбыдащ...»

Ахэр псори пцIы шыпсэт, армыхъумэ дэнэ щащIэрэт а псор дзэлымрэ

пхъэхуеймрэ, езы Къэдамэ дыдэ зыри щыхимыщIыкIкIэ? Ранрэ къуэрэдарэрэ хэт нэхъыжь жаIэу зэныкъуэкъуу щIадзамэ, ар уафэ къащхьэщытми хузэхэгъэкIынтэкъым. Уафэм нэхърэ нэхъыжьыж сыт щыIэ?!

Нэхъыщхьэр къуэрэдарэ къыздикIаракъым, атIэ ар езыр зищIысыращ. Ар зищIысыр икъукIэ фIыуэ ищIэрт Ран.

Къыр Ищхъэрэмрэ къуэрэдарэрэ я зэхуакум куэд мыщIауэ къыдэхуташ иджы щыбагъуэ бжей абрагъуэхэр. Зыуэ заIэт абыхэми, уафэм щIэуэным хуэдэщ. Ахэр зыкIи ещхькъым къуэрэдарэм – я дахагъкIи, я гъэгъэкIэкIи, я хьэлкIи. Абыхэм я тхьэмпэхэр инщ, я къудамэхэр пхъашэщ, я Iэуэлъауэр къуэкIийм дэхуэркъым.

Абыхэм нэмыщIи жыг щымащIэкъым мы бгым: зэрыджей, псей, къармэн. Ауэ бжейм ищI Iэуэлъауэм абыхэм я щхъыщхъ мащIэр къыхэщыххэркъым. Абыхэм псоми щхьэж я гъащIэ яIэжщ. Къуэрэдарэр апхуэдэ жыгкъым, нэгъуэщIым ефыгъуэну. Ар щогуфIыкIыф бжейм и инагъым, ищI Iэуэлъауэм. ЖимыIэIа щхьэкIэ, къуэрэдарэм зы закъуэ игу къеуэрт – бжейхэм хуэм-хуэмурэ дыгъэ къепсыр, абы и нэхур къыпаубыд хъурт. Дэтхэнэ къэкIыгъэми фIыуэ илъагъу нэхур, дыгъэр IуащIэрт. КIуэху нэхъ мащIэ хъурт дыгъэ бзийуэ къылъэIэсыр.

А бжей лъагэжьхэм IуапIэр а дыгъэми и закъуэтэкъым, Къыр Ищхъэрэри къуэрэдарэм имылъагъуж хъуат. Къуэрэдарэм ар и япэ лъагъуныгъэт икIи къыфIэщIырт абы и нэхум нэхъ къабзэ дунейм темыту.

Пэж дыдэу, мы зытет Ран иплъыкIыу къуэрэдарэ сыт хилъагъукIрэ дунейм? Уафэ IупщIэ цIыкIу къудей. Ари махуэм и нэхугъуэ дыдэм ирихьэлIэу. Къуэрэдарэ адрей къомым, ныбжь фIыцIэжьхэмрэ бжей абрагъуэхэмрэ я къуагъ щIыIэмрэ хэтщ. Къуэрэдарэр хуейт жыгышхуэм хуэдэу ауз щхъуантIэр, губгъуэ хуитыр, пщэдджыжь пшэплъыр илъагъуну. Псом хуэмыдэу абы и нэр къыхуикIырт Къыр Ищхъэрэр илъагъуну. ИщIэртэкъым ар илъагъуу щытамэ, абы тридзэ дыгъэпсыр езым и деж къэсыну къыщIыфIэщIыр.

Ину, лъагэу Iэта Къыр Ищхъэрэм гуныкъуэгъуэрэ бэлыхьрэ имылъагъуу щыттэкъым. И фэ дэкIыну къыхуиухар дэкIырт, илъагъуну иухари арат. Ауэ абы нэхъ фагъуэ ищIрэт къуэрэдарэ и лъагъуныгъэр? ЗыкIи ищIыртэкъым. Къуэрэдарэ къыгурыIуэрт Къыр Ищхъэрэм и тхьэмыщкIагъэр. Быдэт Къыр Ищхъэрэр. Ауэ апхуэдэ быдэхэм, лъэщхэм я къулейсызыгъэратэкъэ къулейсызыгъэкIэ узэджэжынур езыр! Мис абы къыхэкIкIэ къуэрэдарэ Къыр Ищхъэрэр фIыуэ елъагъу и Iуэху щыIеи щыфIи зэхуэдэу. Сытым щыгъуи и нэр къыхуокI абы и деж кIуэну!

Пэжт къуэрэдарэ мыиныр. И къудамэ щхъуантIэ цIыкIур куэдрэ зэрыкъутэри пэжт. Апхуэдэу пэжт Къыр Ищхъэрэр фIыуэ зэрилъагъури, уафэ къащхъуэм зэрыхуэпабгъэри. Ауэ бгыжьхэм къыщыщыщI псор и гуащIэмащIагъэм къыхэкIкIэ къуэрэдарэм хуэмыхьыну зи гугъэр щоуэ. Абы и бэшэчагъыр Къэдамэ бгым и бэшэчагъым хуэдэщ. Абы и щхьэ зэи мыгъуагъэ хуихьыжыркъым икIи зитыркъым, Ран задэм и уэсукхъуэм дапщэрэ кърimылъэщIэхами. ТхьэмыщкIагъэхэр къытепсыхэрт, ауэ ар щытт, къуэпсыщIэхэр идзырт. Зы щIыпIэ щыгъужамэ, нэгъуэщI щIыпIэкIэ къыщыхэжыжырт къуэрэдарэ. Къытехьэлъэмэ, хуэмыхьIамэ, Къыр Ищхъэрэм хуиIэ лъагъуныгъэм и узырт...

Къуэрэдарэ къыщыхъурт мы бгы джабэ задэм къыщымыувыIэу ехрэ Къыр Ищхъэрэм нэхъ пэгъунэгъуIуэу къыщыкIыжамэ, и гъащIэри и дунейри нэхъ дахэ хъуну. Ауэ абы узэрыкIуэфын щыIэтэкъым – Къыр

Ищхъэрэмрэ абырэ я зэхуакум бжей лъагэжьхэр дэзу дэтт, пшагъуэ Iуви дэлът.

Къуэрэдарэ куэд и нэгу щIэкIат, куэди жиIэфынут щыблэхэм, бгыр зытхъуэнщI жьышхуэм, вагъуэхэм ятеухуауэ. Щыблэхэр, уафэгъуагъуэхэр, жьапщэшхуэхэр... Сыт хуэдиз жыг зи дуней тетыгъуэ траупсыкIа абыхэм бгыжьхэм я нэкIум, гуахар дапщэ?! Къуэри бгыри зэхапщэжу зыкъэзыIэт къару фIыцIэхэм мафIэ лыгъейр къатхъурт...

Сыт хуэдиз мыгъуагъэрэ тхьэмыщкIагъэрэ бгым къыкIэрымыхьами, ар уафэм и губжьым е щIым и губжьым къыхэкIауэ ирехъуи, гъащIэр гъащIэу къэнэжырт. Аргуэру удзхэр къэкIыжырт, къуэхэри, бгыхэри, губгъуэхэри – псори зэрыщыта хъужырт, зыри къэмыхъуагъэххэм ещхьу. ГурыIуэгъуэт бэлыхьышхуэми, мыгъуагъэ Iейхэми, ажал щIыIэми сыт ищIысри зэрахьыфынур, ауэ гъащIэр къазэрыхуэмыгъэувыIэнур. Арати, къырыр къыру, къуэуэ, губгъуэу сыт щыгъуи къэнэжырт. Гъуртэкъым къуэрэдарэ и къуэпсри.

Ауэ зызымыхъуэжу сыт щыгъуи къанэр дыгъэм и закъуэт... Хьэуэ, къуэрэдарэрэ Къыр Ищхъэрэмрэ яку дэлъ зэхуакуми зихъуэжыртэкъым. Борэн дапщэ къыжьэхэмыбжьэхъуами, зэрытеужу, къуэрэдарэ Къыр Ищхъэрэм нэхъ пэгъунэгъу зищIыным теухуа и гугъэр къеблыжырт.

Хэт ищIэнт къуэрэдарэ Ран и куэщIым иджыри сыт хуэдизрэ къыщыкIынуми, ауэ зэгуэрым Къэдамэ къыкIуэцIыIукI макъ дэгу мыцIыху шынагъуэ къызэхахащ. Ар цIыкIут, зэхэпх къудейт, ауэ къуэрэдарэ игъэшынэрт. Абы япэ щIыкIэ щтэIэщтаблэу зишийри, къуэм дэплъащ, итIанэ и щхьэр къиIэтри дэплъеящ. Щыдэплъейм, бгы къуапэм къыфIэпщхьэ пшэ фIыцIэжь къомыр къилъэгъуащ.

Къару фIыцIэм и япэ лIыкIуэхэр къыр дзакIэ плъам зэуэ къытеуIуащ. ЩIэх дыдэу мафIэ къамышыми зиупцIу щIидзащ, бгыхэр зэгуигъэзу, лIэщIыгъуэ ныбжь зиIэ жыг абрагъуэхэр баш цIыкIу фIэкIа умыщIэну зэпигъэлъэлъу.

Къуэрэдарэ щытт а дунейкъутэжым хэплъэу. Уафэгъуагъуэ уэшх къызэрыгуэкIтэкъым а къежьар. Ауэ сытми лъалъэртэкъым бжей къудамэхэр, ауэ сытми щымтэкъым къурш дур зэщIэувыIыкIауэ. Къуэрэдарэ къыгурыIуащ Къэдамэ и ныбэм къиIукIыу къызэхиха Iэуэлъауэр зэрымыщэху цIыкIур, ар мы бгыжьхэм я куэщIым къитэджыкIа мыгъуагъэшхуэу къазэрыкIэщIэзэрыхьар. Мыгъуагъэ-фIыцIагъэ мыухыр бгыщхьэм нэхъ лейуэ фIищIэрт. Е ар уафэм нэхъ зэрыпэгъунэгъурат, е къыр къэкъутэхэмрэ мывэ къом къелъэлъэххэмрэ я макъырат – лIэщIыгъуэ ныбжь бжеижьхэр псэ япыт-япымыту зэщIэдыкъат. Абыхэм къагурыIуэ хуэдэт мы псор къыщежьари зэриухыжынури. Зэхэтт ахэр я лъагагъ-пагагъым иригушхуэжу. Ещхьыжтэкъым иджы ахэр япэм зэрыщытам.

Ар илъагъури, къуэрэдарэ нэхъри къэгузэващ. Сыти жыIи, бжейхэм аузым фэ къытрагъауэрт. Абыхэм къахуэкIуэ мыгъуагъэм япэ гу лъатэрт, япэуи IущIэрт. Иджы ахэр, загъэпагэми, зыуэ тхьэмыщкIафэу зэхэтти, аузыр яхъумэн муради ямыIэу къыпфIэщIырт, япэм хуэдэу жьыр яубыду.

Къуэрэдарэм а бжейхэр фIэгуэныхь хъуащ. Ар хьэзырт абыхэм ядэIэпыкъуну, псори яхуигъэгъуну: Къыр Ищхъэрэри дыгъэри къылъамыгъэIэсу щIахъумэу зэрыщытари жьы къабзэкIэ бэуэну Iэмал къызэрырамытари. Абыхэм я зэранкIэ ар къэнат хэмыхъуэу, адрейхэм нэхърэ мынэхъыкIэу уафэм хуеIами. ИтIани яхуигъэгъунт мыпхуэдэ махуэм.

Иджы псэзэпылъхьэпIэ ихуар а бжеишхуэхэм я закъуэтэкъым, мы мыгъуагъэ къатепсыхам и IэмыщIэ псори илът. ГъэщIэгъуэнт псыуэ,

мылу, мафIэу зэхэлъ пшэ нэщхъыцэжьхэр зыщхьэзэрыхьа мэзыр. Жыгхэм адэ-мыдэкIэ задзырт, я щхьэ зыщIаIун къалъыхъуэ нэхъей. Ауэ щыIэтэкъым апхуэдэ къуэгъэнапIэ. ЩыIэтэкъым мы екIуэкIым къахуихьыну псор зыщIи. Апхуэдэ уафэгъуагъуэ уэшхрэ апхуэдэ щыблэрэ къуэрэдарэ игъащIэм илъэгъуатэкъым.

Мис мыбдежым къуэрэдарэ зыкъыщиIэтащ. ЗиIэтри, игъащIэ лъандэрэ зыхудэплъей бжей лъагэжьхэм ящхьэпрылъэтыкIыу ежьащ, хуиIэ лъагъуныгъэшхуэр зыкIи нэхъ мащIэ мы зыхэхуами имыщIа Къыр Ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ кIуэуэ. Ар кIуэрт мэз къэубэлэцам, жыг ищIыкIахэм, нэпкъым дэмыхуэж къэхъуа псышхуэхэм, бгы къуапэ екIуэтэххэм ящхьэпрыкIыу... Къутэрт бжеижь абрагъуэхэри. Хьэуэ, ахэр уигу зыщIэгъуным хуэдэтэкъым: иджыри зэрыпагэт, зэрылъагэт, зыми къыхуикIуэтын мурад ямыIэу, дыгъэм а зэрызыхуаIэтт. Апхуэдэу къэнэжырт ахэр дунейр якъутэу щищIыкIкIи – зытехуэр къыгуаудырт. Бжейхэр къуэрэдарэ гуэрэнхэми техуэрт, щысхь жыхуаIэр ямыщIэу.

ИкIи, къуэрэдарэ иужькIэ къызэрыгурыIуэжащи, абыхэм нэгъуэщIу джэлэн яхузэфIэкIынутэкъым. ЯхузэфIэкIамэ, ахэр а зэрылъагэм хуэдэу зэхэтынут, дуней псом къыхуеплъыхыу. Ауэ джэлэн щыхъуакIэ, къуэрэдарэ къудамэм щысхьын я Iуэхужынт...

Къуэрэдарэ лъэтауэ кIуэрт, дунеишхуэ и щыпэлъагъур и нэм щIэмыхуэу плъэуэ. Сытуи ин мы дунейр! Абы и гугъэт дунейм и жьантIэр Рану, абы и деж псоми щыщIадзэу. Лъэтэху, ар зэрымыпэжым нэхъри гу лъитэрт. Дунейм тетт бгыхэу, псыхэу, губгъуэхэу куэдыщэ. А щIыпIэхэм я нэхъыбэр езыр зэрытам ещхьт. Куэдыщэ щыIэт къуацэчыцэу, абыхэм я гъащIэри езым ейм хуэдэт.

Уафэгъуагъуэмрэ щыблэмрэ куэдрэ яIыгъащ тепщэныгъэр, уэмрэ щIымрэ зэхапщэжу. Къуэрэдарэ и дежкIэ ар зэхэгъэкIыныгъэшхуэт. Абы къару къыхуэнэжатэкъым. Ауэ жьымрэ псымрэ бжейхэр ирагъэкъэбзыкIати, Ран утету плъагъурт ихъуреягъыр.

Къуэрэдарэ псори щыгъупщауэ еплъырт къыщIэща Къыр Ищхъэрэм. Иджы ар япэм зэрыщытам ещхьыжтэкъым – жыгыщIэ цIыкIухэр и куэщIым къитэджыкIырт. Ар апхуэдэу щыщыткIэ, хужиIэжырт къуэрэдарэ и щхьэм, псыри псэри мы щIыпIэм щыжэщIакъым. Сэри мы екIуэкIа къомым щIым сыщытрамыпхъэнкIыкIакIэ, насып гуэр сиIэу къыщIэкIынущ!

*ЗэзыдзэкIар* ***Хьэх Сэфарбийщ***

# Илясрэ шыщIэмрэ

Къуажэм щыкIуэну махуэм дыгъэр къыщIэкIа къудейуэ къыщылъэтащ Иляс – ухэжае хъурэ нобэ! Руслъани, Ахъмэти, Чэрими къыщыпоплъэ къуажэм – щыри и ныбжьэгъущ. Дади къыщыгуфIыкIынкъэ! ШыщIэ цIыкIур-щэ, шыщIэ цIыкIур! НатIэгъуджэщ, лъакъуэхущ шыщIэ цIыкIур. Шэсынщи, псыхъуэм къыщижыхьынщ – дунейр тIэу пкIэгъуэ хурикъункъым. Илъагъу хуэдэщ Руслъани, Ахъмэти, Чэрими къызэрехъуэпсэнур. Къехъуэпсэн дэнэ къэна – къефыгъуэнщ. ЛIо къефыгъуэмэ: къалэм дэсми, шууейкъэ Иляс – яригъэлъагъунщ шы къызэрагъажэ!

Шэджагъуэ нэужьым нэсащ Жэмлий – аращ дадэ зыдэс къуажэр, шыщIэри аращ къыщыпэплъэр. ШыщIэ цIыкIум и псэм ищIа хъунт нобэ

хьэщIэ къызэрыхуэкIуэнур: и анэм и джабэм зрикъузылIауэ, Иляс къыхукъуоплъ.

ШыщIэм Iэнкунурэ бгъэдэкIуэтащ Иляс. ЩыбгъэдэкIуатэм, макъ псыгъуэ цIыкIукIэ щыщри, шыщIэм зрисащ, щIэпхъуэщ, хъурейуэ къижыхьри, и анэм бгъэдэлъэдэжащ. И нэр къытриубыдауэ къоплъ щIалэ цIыкIум – и щыпэлъагъущ.

– Сышэс хъуну, дадэ? – и адэшхуэм хуеплъэкIащ Иляс, темыгушхуащэу.

– Сыт щIэмыхъунур? Хъунущ, – къыпыгуфIыкIащ адэшхуэр.

– Сыкъридзыхынукъэ?

– Шы и пIалъэ пщIэмэ, укъридзыхынкъым.

Шы и пIалъэ зымыщIэр Иляс: хуэмыхуфэ щхьэ къриплърэ дадэ? ИтIани тегушхуэркъым: шыщIэри къоплъ, и нэр къихуауэ, езыри йоплъ, и пIэ ижыхьауэ. Шэсрэ къридзыхмэ, и напэр текIакъэ? И насыпщи, Ахъмэт сымэ къалъагъуркъым: зыгъэпскIакIуэ кIуа хъунщ иджыри къэс къыщыкъуэмыкIакIэ. Иляс къызэрыкIуар ящIамэ, жэрыгъэкIэ къэсынт – алейкIи зэныбжьэгъу!

ЩIалэ цIыкIур зэрыIэнкуныр щилъагъум, дадэ и пащIэкIэ щIэгуфIыкIащ, Иляс и блэгущIитIыр иубыдри шыщIэм игъэшэсащ. ШыщIэм зигъэхъеякъым – и анэм и джабэм зрикъузылIауэ щытщ, и тхьэкIумэр гъэкIауэ. Къридзыхыркъыми! Шынати, къридзыхын и гугъэри! Хэт и жьэ къекIуэн иджы Иляс шы и пIалъэ имыщIэу! Дадэ погуфIыкIри щытщ, шыщIэ лъакъуэхум и пщIыхьэпIи къыхэхуэркъым щIалэ цIыкIур къридзыхыну. Ширэ лIырэ зэрыщIэмэ, аращ зэрыхъу хабзэр. ЗэрыщIащ шыщIэ лъакъуэхумрэ Илясрэ: Иляс шы сокур иубыдри шыщIэм зытриудыгъуащ, шыщIэм и тхьэкIумитIыр дзасэ хуэдэ ирисауэ хопырхъыкI. Бетэмал, Ахъмэт къыкъуэмыкIмэ, пщэдей яригъэлъагъунущ шы тесыкIэ зэрищIэр.

ЕтIуанэ махуэм зыщиужьам, Иляс шыщIэр бом щIигъуэтакъым: и анэм щIыгъуу хъуакIуэ ежьауэ къыщIэкIащ. Дади пщIантIэм дэттэкъым.

И ныбжьэгъухэр къэсащ асыхьэтым – Ахъмэти, Руслъани, Чэрими.

ШыщIэр псы Iуфэм щыхъуакIуэрт, и анэм зрикъузылIауэ.

– Мор си шыщIэщ, – жиIащ Иляс, – дыгъуасэ сышэсащ.

– Сищхьэуз ушэсащ! – жиIащ Ахъмэт. – Уэ шы ушэсыфрэ?

– Сыт сыщIэмышэсыфынур? – и нэр къихуащ Иляс.

– Уэ къалэм удэсщ, шы и пIалъэ пщIэркъым, – къыщIэнэкIащ Чэрим.

– Сэра шы и пIалъэ зымыщIэр? – зигъэгусэ пэтащ Иляс.

– ПщIэмэ, шэси дыгъэлъагъут.

– Сышэсым къыщызнэнкъым: псыхъуэм щызгъэжэнщ, – жиIащ Иляс. ЖиIам къыщинакъым: шууей щIыкIэу, шыщIэм бгъэдэкIуатэри зридзащ. Абы пэплъа хъунтэкъым шыщIэр: къащтэри зрисащ, кIэбдзкIэ уври щыщащ, етхауэри щIалэ цIыкIур хыфIихуащ.

– Шы и пIалъэ пщIэуэ жыпIати? ПэнцIывкIэ ухыфIихуа? – къехъурджэуащ и ныбжьэгъухэр.

– КIэбдзкIэ зэрызгъэтхъуар флъэгъуакъэ? – заригъэумысакъым Иляс. – Сыкъридзыха фи мыгугъэ!

АбыкIэ зэгурыIуэри, псыхъуэм къыдэкIыжащ зэныбжьэгъухэр.

*ЗэзыдзэкIар* ***Къартул Тепсэрыкъуэщ***



# IэщIагъэ куэдым хуэIэижьт

*НыбжьыщIафэ зытемыт икIи щIалэ зэIэщIэлъышхуэрэ пэткIэ, «Iуащхьэмахуэ» журналым къытхуеблагъэу щыщIидзам, сабийм ещхьу, щтэIэщтаблэт, зыгуэркIэ зэран сыфхуэхъуамэ, емыкIу сыкъэвмыщI жиIэ нэхъей, зипIытI-зихузурэ къытхыхьэрт ХьэцIыкIу Хьэсэн. А и Iэсагъыр, зэрыукIытэхырагъэнт, пасэ дыдэу тхэн щIидзауэ щытами, и усэхэр утыку къыщIримыхьар. ИкIи къытхыхьэрейтэкъым ар, кIуэдыжыпэрти, Iэджэ дэкIа нэужьт къыщыкъуэкIыжыр. ЗэманыфI блэкIауэ щыгъуазэ дызэрыхъуамкIэ, сабийхэм яхуэтхэным къыдэкIуэу, Хьэсэн IэщIагъэ куэдым ирилажьэрт: связистт, слесарь-электрикт, пхъащIэт, къэнжалымкIи IэпщIэлъапщIэт, ухуэныгъэм ехьэлIа Iуэхухэми дэгъуэу хэзагъэрт, скульпторт, пхъэм къыхимыбзыкIыф щыIэкъым жыхуаIэм хуэдэт. Мис а иужьрей IэщIагъэхэрат нэхъыбэу абы ди редактор нэхъыщхьэ, искусствэм и лъэныкъуэ куэдкIэ мыкIуэдыжын лэжьыгъэ телъыджэхэр ди лъэпкъым къыхуэзыгъэна IутIыж Борис ХьэцIыкIум пщIэшхуэ щIыхуищIыр. АитIур зэрыгъуэтыжа нэужь, зэран уахуэмыхъуныр нэхъыфIт: зытепсэлъыхьын езыхэм я гъунэжт. ФIыуи зэгурыIуэхэрт. Борис сытым щыгъуи хуэзэшырт и IэпщIэлъапщIэгъу ХьэцIыкIум. Ауэ къыщIытхуэмыкIуэрейр зэрыукIытэхым къыдэкIуэу зэрыхущIэмыхьэми къыхэкIыу къыщIэкIынт.*

*Пэжщ, къытхуихь усэ хъарзынэ цІыкІухэмкІэ дыкъищэхужырт. АтІэми, дызэрыщыгъуазэщи, сабийхэм яхуэтхэ, ахэр зыгъэгуфІэ усакІуэхэмкІэ зэи къулеякъым ди литературэр. Щомахуэ Амырхъан, Нало Заур, Гъубжокъуэ Лиуан, АфІэунэ Лиуан сымэ щапхъэ къатезыхыф сабий тхакІуэфІхэр нобэми ди мащІэщ. Аращ щІэблэм телэжьа, телажьэ дэтхэнэ зыми хуэфащэ пщІэ щІыхуэщІыпхъэр. Абыхэм ящыщ зыщ 1937 гъэм Аруан (Мысостей) къуажэм къыщалъхуа, 2000 гъэм дунейм ехыжа, сабийхэм яхуитха усэхэр иту зи тхылъхэр («Бзухэр мэбзэрабзэ», «Псыхъуэгуащэ», «Мамэ и сурэт», «Гъуэгу дамыгъэхэр мэпсалъэ») къыдэкІа, Урысей Федерацэм и ТхакІуэхэм я союзым хэта, адыгэ щэнхабзэм гурэ псэкІэ хуэлэжьа, къызэралъхурэ мы махуэхэм илъэс 75-рэ ирикъу ХьэцІыкІу Хьэсэн.*

ХЬЭЦІЫКІУ Хьэсэн

## Уафэгъуагъуэ

Уафэгъуагъуэ,
Уэ гъуэгъуэнкІэ
Урикъуамэ,
Сыгъэжей,
Къэбжыхьами
Шыдыгу хьэхукІэ,
Пхузогъэгъур, –
Етыж зейм.
КъэбгъэцІукІэ
Уи дзэшхуэжьхэр,
Уи мыгугъэ
Сыбгъагъын,
ШхыІэн щІагъым
СыщІэпщхьэжрэ
СыпфІэжеймэ,
Сыт пщІэжын?

## Унэишэм дыщотхъэж

КъыщІаш унэм
Ди нысащІэр,
Уардэу щыгъыу
Ди лъэпкъ фащэр,
Мауэ фочыр,
ШейтІангъащтэу,
Дэ гуфІэгъуэм
ДызэщІещтэ.
Бгыгуэушхуэу
Уэредадэм
КъещІри уафэр
Джэрпэджэж,
Ди гуфІэгъуэр
КъыддиІэту
Ежьу макъкІэ
Къытподжэж.
Ирахьэжьэ
ІурыцІэлъыр,
Ирахьэжьэ
ІурыцІэлъыр,
ЛъэщІыхьэфыр
ЯфІобзей,
Къигъэнауэ
Къупщхьэ щылъыр,
КІэлъыщІопхъуэ
Хьэжь нэпсейр.
ІурыцІэлъыр
Зыбзеяхэм
Къепхъыхщыпэ
Къагъэзэж,
ДыгуфІэжу
Зэныбжьэгъухэр
Унэишэм
Дыщотхъэж.

## ПцӀащхъуэ

Уи бгъэгу цӀыкӀур
Хужьу къанэу,
Хэт фӀыцӀэпс уэ
ПщӀигъэжа?
Къуаргъхэр щалэм,
Уныкъуэлэу,
УаӀэщӀэкӀыу
Уежьэжа?

ПцӀащхъуэ дахэ,
Стхынщи усэ,
Уэ макъамэ
СхущӀэлъхьэж,
Ар уэ дэрэ
Дызэгъусэу
Ди ныбжьэгъухэм
ЖедгъэӀэж.

## Гъатхэ удз

Удз тенджызым
Сэ сыхолъэ,
Сыхогъуалъхьэ —
СащӀодэӀу,
Удзхэр я бзэкӀэ
Зопсалъэ,
Удзхэм щэхуу
Макъ ягъэӀу.

Хэт жызыӀэр
Удзхэр бзэншэу,
Сыт щӀыжаӀэр,
Хэт щыуар?
ФащӀэдэӀут
Гъатхэ мазэу
Удз щхъуантӀагъэр
Къыщиуам.

## Жэм жьэгъуашхэ

Мыжьэ, мыжьэ,
ПщӀэншэу уи жьэр,
Уогъэлажьэ,
Уогъэуз,
Уэ уцӀыхукъым —
Умамыжьэщ,
ЩӀэбгъэныщкӀур
Сыт сагъыз?

Къыжьдэдзыжи
А бгъэныщкӀур,
Мэкъу дыгъэл сэ
Къыпхуэсхьынщ…
Укъилъагъумэ
Си шыд цӀыкӀум,
Ауанышхуэ
УкъищӀынщ.

## Псыхъуэгуащэ

Гуащэ, гуащэ,
Псыхъуэгуащэ,
Сэ услъагъукӀэ, сымыгъын.
Пэжу щытмэ уэ угуащэр —
ӀэплӀэм уису усӀыгъынщ.
Сэ къызжеӀэт, псы куужьхэм
Сытхэр щыпщӀэу уэ ухэс?

Хьэндыркъуакъуэ лъакъуэ кӀыхь
Ууэршэру убгъэдэс?
Псым къыхэкӀи, ухущӀыхьэм,
Нобэ гъусэ уэ къысхуэхъу.
Дыгъужьыжьхэм едмыгъэхьу
Си чыцӀ цӀыкӀур къыздэгъэхъу.

## ЩӀывыр мавэ

ЩӀывыр мавэ —
Выжьхэр матхъэ,
Мавэ пэкӀэ,
Хьэ-хьэ-хьа!
Уэ уимыӀэу
Зы жылапхъэ,
Щхьэ мы губгъуэм
Укъихьа?
Увэу щытми,
ЩӀыв пэрывэ,
ЩӀы уи вагъэр
ТӀэкӀу зэтес.

## ЩӀакхъуэ хуабэ

ЩӀакхъуэ хуабэ,
Щабэ, ӀэфӀ.
Шхын щымыӀэ
Уэ нэхъ сфӀэфӀ.
Уэ ущыӀэ —
ӀэфӀщ дунейр,
Нэхущ си нобэр,
Си пщэдейр.
Уэ узиӀэм,
СиӀэщ мамэ,
СиӀэщ папэ,
Дадэ, нанэ.
Седжэн фӀыуи
Сыхьэзырщ,
Лыгъи сиӀэщ,
Сы-Батырщ!

## Пшэ

Уа-а-рэ, феплъыт,
Благъуэм ещхьу,
Мо пшэшхуэжьыр
ЗэрыкӀыхь,
И кӀэшхуэжьыр
Хуэмылъэфу,
Уафэ гъунэр
Къепщэпщыхь.
Феплъыт, и жьэр
ИущӀауэ,
И бзэгушхуэр
Егъэхъей,
Уа-а-рэ, уа-а-рэ,
Жэм нэхъей,
Дыгъэ къухьэм
Ар йобзей!

## Дзыгъуэнэф

Феплъыт мы сэ къэзгъуэтам:
Дзыгъуэт, дамэ темытам.
Лъэтэн хуэдэу, плъагъурэ, зещӀ,
Дзыгъуэ ныкъуэ, бзу ныкъуэщӀ…
Уа-а-рэ, дзыгъуэ ныкъуэ!
Уа-а-рэ, бзу ныкъуэщӀ!

## Хьэмбылу

Мыдэ, мыдэ,
Хьэмбылу,
Феплъыт, мис
Былу, былу,
КӀыхьышхуэжьу,
Блэ нэхъей,
СеӀусати, зегъэхъей!

Мыдэ, феплъыт,
Мыр зэрыпщ,
ФIэмыIуэхуу
ЩIым пхыропщ,
Уэ-зы-зыз, зэрыкъару! —
ЩIыр гъуанабзэу
Еубру!

## Шэдыбжь

Хопщэ папщэу,
Йопщэ Лъэпщу,
Хьэфэ топу зыкъигъэпщу.
Пыху-сыху,
Пыху-сыху,
Хопщэ, мафIэр зэщIэплъэху.
Епщэ, епщэ,
Шэдыбжьыжь.
Нэхъри епщэ,
Жьы ныбэжь.
ГъущIыр плъыри нэхъ Iэсащ,
Хэзыхунум сехъуэпсащ.
Пыху-сыху,
Пыху-сыху,
ТIэкIу увыIи зыгъэпсэху,
ГъукIэм гъущIыр ипсыхьыху.



# Дэнэ щымылэжьами

*Щокъуий Къадир 1942 гъэм июным и 3-м Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм къыщалъхуащ. Школыр дыщэ медалкIэ къиуха нэужь ди университетым щIэтIысхъэри абыи фIы дыдэу щеджащ. ИужькIэ Щокъуийр егъэджакIуэу щылэжьащ республикэм и школ зыбжанэм. Илъэс тIощIырыпщI ипэкIэ университетым къигъэзэжауэ нобэр къыздэсым абы и егъэджакIуэщ. Ауэ дэнэ щIыпIэ щымылэжьами, абы литературэр зэи IэщIыб ищIакъым – ди тхакIуэхэм я лэжьыгъэхэм набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъащ. Философие щIэныгъэм, литературэм фIыуэ хэзыщIыкI критикым и рецензэхэр, статьяхэр газетхэм, журналхэм щIэх-щIэхыурэ къытридзащ. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, Къагъырмэс Борис, Тхъэгъэзит Зубер, Балъкъэр Фоусэт, КIэщт Мухъэз, Къэжэр Петр, нэгъуэщIхэми я творчествэм теухуа тхыгъэхэр.*

*Апхуэдэу Щокъуий Къадир кууuэ зэпкърихащ КIыщокъуэ Алим и «Хъуэпсэгъуэ нурымрэ», «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэмрэ», Журт Биберд и «Адэжь лъапсэр», Мысачэ Петр и прозэ тхыгъэхэр, нэгъуэщIхэри.*

*Литературэ критикэм къыдэкIуэу Щокъуий Къадир хуэIэрыхуэщ публицистикэми, художественнэ прозэми. Мы махуэхэм илъэс 70 ирикъу ди ныбжьэгъу щIэныгъэлIым, критикым, тхакIуэм ди гуапэу дохъуэхъу и къалэмыр мыубзэщхъуу лъэпкъ литературэм иджыри куэдрэ хуэлэжьэну, узыншагъэ, дэрэжэгъуэ иIэну, иужьу и къалэмыпэм къыщIэкIа тхыгъэхэм ящыщ зыи фи пащхъэ идолъхъэ.*

ЩОКЪУИЙ Къадир

# Критикэр дзагуэу щытын хуейкъым

Куэдрэ жаIэ, литературэ щымыIэмэ, критики щымыIэу. Ар пэжщ, литературэ щымыIэмэ, критикэ дэнэ къикIын? Ауэ мыри жыIэпхъэщ: литературэ щыIэми, критикэр занщIэу абы и гъусэу зэфIэувэкъым. Критикэм езым зэрызиужьын хуей хабзэхэр иIэжщ, литературэмрэ искусствэмрэ ехьэлIа дэтхэнэ жанрми хуэдэу.

Сэ сыхэткъым критикэр зищIысыр журналым еджэхэм къагурызгъэIуэну. Тхьэм и шыкуркIэ, я зэхэщIыкIыр куущи, абыхэм ар фIы дыдэу къагуроIуэ. Сэ ди нобэрей литературэдж щIэныгъэмрэ критикэмрэ теухуа си гупсысэхэр къэсIуэтэну аращ.

Нобэрей литературэ критикэ щIыжысIэм къызгъэкIыркъым ди япэ итахэм ялэжьахэр зыщыгъэгъупщэн хуейуэ. Къэбэрдей литературэр щызэфIэувэм критикэм и Iуэхугъуэхэр къэзыIэту щытар езы тхакIуэхэрат. Къапщтэмэ, Нало Жансэхъу, Теунэ Хьэчим сымэ. Псом хуэмыдэу къыхэгъэщыпхъэщ Теунэм и «Къэбэрдейм и литературэмрэ и тхакIуэхэмрэ» тхылъым ихуа тхыгъэ купщIафIэхэр. Теунэм кууэ зэпкърихащ ди литературэм и къуэпсхэр къыщежьэмрэ ар зэрызэфIэувамрэ.

Адыгэ лъэпкъым и тхыдэр, абы къикIуа гъуэгуанэр гум къинэжу къызыхэщыжу къекIуэкIар IуэрыIуатэмрэ уэрэдыжьхэмрэщ. Абыхэм лъабжьэ яхуэхъур лъэпкъым и хьэл-щэнырт, и зэхэтыкIэрат. Аращ хъыбарыжьхэмрэ уэрэдыжьхэмрэ гъащIэшхуэ щIаIэр.

Литературэм япэ лъэбакъуэхэр щичым IуэрыIуатэм фIыуэ хэлъ псори абы къыхуэщтакъым. А зэманым литературэм тэмэму хузэпкърыхакъым гъащIэщIэм къигъэув Iуэхугъуэхэмрэ цIыхум и хьэл-щэныр зэрызэтеувэ щIыкIэмрэ, ауэ сытми къритхэкIа фIэкIа. Сэ сызэреплъымкIэ, абы щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ хуэхъуар ди тхакIуэхэм а лъэхъэнэхэм художественнэ Iэзагъ зэрабгъэдэмылъаращ. ИтIанэ нэгъуэщI щхьэусыгъуи Iуэхум хэлъауэ къысщохъу: тхылъеджэ щIагъуи диIакъым абы щыгъуэ. Ди закъуэкъым апхуэдэ щытыкIэ итар.

Зи лъэ ув литературэм тхылъеджэр къыдихьэхын, абы и гум екIуэлIапIэ къыхуигъуэтын хуейт. Арауэ къыщIэкIынщ нэIурыдзэ сурэтхэр гупсысэ куум ебэкIыу щIыщытар. Абы и закъуэкъым. Литературэм и къалэнщ тхылъеджэр игъэсэну. Ар критикэми и пщэ къыдохуэ. Ауэ критикэр а зэманым литературэм щIэгъэкъуэн хуэхъуфакъым, апхуэдэ къаруи бгъэдэлъакъым.

Къэбэрдей литературэм зауэ нэужьым зреч. Псом хуэмыдэу абы блэкIа лIэщIыгъуэм и 60-80 гъэхэм зеужьри, зэхъуэкIыныгъэ ин егъуэт, и жанрхэм хэпщIыкIыу заузэщI, къиIэт темэхэм заубгъу, гупсысэхэр щIэщыгъуэ, куу мэхъу. ТхакIуэхэм утыку кърахьэу щIадзэ зэманым пэджэж тхыгъэщIэхэр, абы и гъусэу къэбэрдей литературэхутэри зэтоувэ, и лъэр мэув. Щыуагъэ хъуну си гугъэкъым абы и лъабжьэр зыгъэтIылъар ХьэкIуащэ Андрейрэ Сокъур Мусэрбийрэщ жытIэмэ. ХьэкIуащэм лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ ди усакIуэ пажэ ЩоджэнцIыкIу Алий и гъащIэмрэ и тхыгъэхэмрэ кууэ къэхута, зэпкърыха хъунымкIэ. Абыхэм нэмыщIкIэ, литературэджым и Iэдакъэм къыщIэкIащ япэ адыгэ тхакIуэ, узэщIакIуэхэм ятеухуа тхыгъэ хьэлэмэтхэр.

Къэбэрдей литературэ критикэр зэтеувэн папщIэ псом хуэмыдэу лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ Сокъур Мусэрбий. Абы и гупсысэхэр щIэщыгъуэт, куут, щIэныгъэшхуэ бгъэдэлът, ди литературэм и мызакъуэу, дунейпсо литературэм фIы дыдэу щыгъуазэт, абыхэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъырт, и бзэр шэрыуэт, щIэгъэщхъуат. «Литературэм и бэкъуэкIэ» тхылъым ихуа «Зи чэзу къалэнхэр» тхыгъэм Сокъурыр щытопсэлъыхь ди тхакIуэхэм а зэманым я Iэдакъэ къыщIэкIа художественнэ тхыгъэхэм щызыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэмрэ зыхунэмыса никъусаныгъэхэмрэ. Сыхуейт мы зи гугъу сщIы тхыгъэр Сокъурым къызэрыщIидзэ псалъэхэр фигу къэзгъэкIыжыну: «Дэ иджыри хабзэ тхуэхъуа щIыкIэкъым ди критикэмрэ литературэджымрэ епха Iуэху гъэтIылъыпIэншэхэр, зэман-зэман нэхъ мыхъуми, къэтIэтрэ дытепсэлъыхьу». Ярэби, апхуэмыдэу пIэрэ ноби критикэмрэ критикхэмрэ ди Iуэхур зэрыщытыр? Ди ТхакIуэхэм я союзым и правленэм къиIэт хъунукъэ литературэм и жанр щхьэхуэхэм зэрызаужьым, критикэм и къалэнхэр зэригъэзащIэм теухуа псалъэмакъ?.. Сокъурым къигъэлъэгъуауэ щыта къалэнхэр ноби, жьы мыхъуауэ, ди пащхьэ итщ, ахэр зэфIэгъэкIа хъуакъым. Аргуэру къэтхьынщ щапхъэу Сокъурым и тхыгъэм щыщ сатырхэр: «Критикэм иджыри къэс гъунэ иралъакъым ди тхакIуэхэр тхыдэм теухуа темэхэм нэхъ зэрыдахьэхым и щхьэусыгъуэр къэхутэным... Ди тхакIуэхэр критикэ Iущ хуэныкъуэщ». АдэкIэ и гупсысэхэм пещэри, критикым мыпхуэдэу жеIэ: «Ди литературэм тIасхъапIэ и мащIэкъым иджыри... Язынықъуэхэм литературэр Iуэху тыншу къащохъу, «ар бадзэуапIэ жьауэм» хагъэгъуащэ, рифмэ уцIырхъыным бегъымбар щIэхъукIыущ къазэрыфIэщIыжыр».

Сокъурым тегъэчыныхьауэ къыхегъэщ ди литературэри критикэри философием, эстетикэ купщIэ зэрыхуэныкъуэр, ди тхакIуэхэр урыс литературэшхуэм, дунейпсо литературэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм фIыуэ зэрыщымыгъуазэр, ауэ щыхъукIи, узыдэплъеиныр зэрыкуэдыкIейр.

Критикэр убэнрэ фэжагъуэ къэхьыпIэу фIэкI къызыщымыхъу щыIэщ, пещэ Сокъурым, ауэ абы къикIыркъым ди литературэр джыныр, къэхутэныр, абы и теориер, я пIэм иту, ипэкIэ мыкIуатэу. Критик псоми я гугъу тхуэщIынкъым, ауэ теорие и лъэныкъуэкIэ Мусукаевэ Анжелэрэ Тхьэгъэзит Юрэрэ ядэбгъуэн щыIэкъым. Мусукаевэм («Ответственность перед временем», «Северокавказский роман»), Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я литературэхэр зэрызэфIэувам набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъри, ахэр арэзы укъищIу зэпкърех. Тхьэгъэзит Юрэ и «Духовно-культурные основы кабардинской литературы» тхылъым теорием и Iуэхугъуэщ Iэхэр къыщиIэтащ. Ауэ щIэныгъэлIым и гур абыкIэ мызагъэу тхылъым щIэрыщIэу елэжьыжри, 1996 гъэм «Эволюция художественного сознания адыгов» фIэщыгъэцIэр иIэу къыдигъэкIыжащ. Мы тхылъым Тхьэгъэзитым кууэ щызэпкърихащ адыгэ литературэхэм я лъащIэ къуэпсхэр, абыхэм лъабжьэ яхуэхъуар, адыгэхэм я художественнэ гупсысэкIэм зэрызиужьар, зыхунэмысу къэнахэр... Тхылъым пхрыкI гупсысэр уи фIэщ хъун щхьэкIэ критикым тхыгъэ куэд тегъэщIапIэ ещI. Тхьэгъэзитым къигъэлъэгъуащ адыгэхэм я художественнэ гупсысэкIэм зиужьын папщIэ урысей тхакIуэхэми, ди щIэныгъэзехьэхэми, къэбэрдей тхакIуэхэми я Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр, ахэр «псыIэрышэу» ди литературэм къыхэлъадэурэ ину зэригъэбатэр.

Тхьэгъэзит Юрэ, шэч хэмылъу, кууэ къихутащ адыгэ художественнэ гупсысэкIэр зэрызэтеувар, абы нобэ и зэхэлъыкIэр. Апхуэдэу щыт пэтми, сэ сызэреплъымкIэ, авторым акъылэгъу узэрыдэмыхъун еплъыкIэ гуэрхэри

щыIэщ. Псалъэм папщIэ, арэзы техъуэгъуейщ Тхьэгъэзитым ди художественнэ гупсысэкIэм зэрызиужьар зы кIапсэлъэрышэу зэриукъуэдийр: ЩоджэнцIыкIу Алий – КIыщокъуэ Алим – Бещтокъуэ Хьэбас.

XX лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэм ди литературэм къыхыхьэу зи цIэр ину зыгъэIуа адрей ди тхакIуэхэм я творчествэм хуэфащэ гулъытэ ягъуэтакъым. ИтIанэ, повесть жанрым гугъусыгъуу зэрызиужьам щхьэусыгъуитI хуещI: япэр – зызыужьа литературэ щапхъэхэр зэрыщымыIам, етIуанэр – повестым и жанр къалэнхэр зэрыхуэмыгъэзэщIар къызыхэкIар гъащIэ екIуэкIар гугъуу, зэIумыбзу зэрыщытам трелъхьэ («сложностью современной действительности»). Япэ щхьэусыгъуэм арэзы утехъуэми, етIуанэр уи фIэщ щIыгъуейщ – гъащIэр сыт щыгъуи гугъуу зэхэлъщ, хьэлъэщ. Щхьэусыгъуэр нэгъуэщI щIыпIэ къыщылъыхъуэн хуейщ, жанрхэм зэи зэхуэдэу зыздаужьыркъым – япэ ищи къыкIэрыхуи яхэтщ.

Критикэм жанр куэд иIэщ. Псом нэхърэ нэхъ убгъуауэ къагъэсэбэпыр рецензэращ. Ар тхыгъэщIэ дунейм къытехьам поджэж, литературэм дихьэххэр тхылъыщIэм щыгъуазэ хуещI. Иджыпсту къэсIэтыну псалъэмакъымкIэ сэ зыми и жагъуэ сщIыну сыхэткъым, ауэ зызыщытхъумэн хуей щыуагъэхэр къэзгъэлъэгъуэну аращ.

Художественнэ текст нэсыр сыт щыгъуи щIагъыбзэу зэхэлъщ, узэджэм къыбжиIэм нэмыщI, нэгъуэщIи къыбоджыкI. Ар философ цIэрыIуэ М. Мамардашвили «латентный текст» жыхуиIарауэ къыщIэкIынщ. Критикэм къитIэщIыпхъэщ, художественнэ тхыгъэм къиIуатэм нэмыщI, ар зи Iэдакъэ къыщIэкIа тхакIуэм е усакIуэм абыкIэ жиIэну зыхуейр, абы езыр зэреплъыр.

Ди тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр щызэпкърахым деж нэхъыбэм псалъэмакъыр щытхъурэ хъуэхъум хуагъакIуэ. (Зызумысыжынщи, сэри сыхейкъым! Ди критикэм ар «узыфэ Iейуэ» къофыкI!).

Щапхъэхэр къэсхьыну сыхуейт. Псоми дощIэ, Бещтокъуэ Хьэбас ди усакIуэ нэхъ пажэхэм зэращыщыр. Абы и тхыгъэхэм куэди тетхыхь хъуащ икIи ар абы къелэжь. Ауэ языныкъуэхэм деж усакIуэм щхьэкIэ ятхым укъеджэмэ, пхъэгулъ мыхъу уедзэкъам хуэдэу, зызэбогъалъэ. Къэтхьынщ зы щапхъэ. Автор гуэрым етх: «Бещтокъуэр усакIуэ куущ, усакIуэ новаторщ. Алыхьым «насып джэшу» къыдитащ («Адыгэ псалъэ», июным и 4, 1992 гъэ). Езы усакIуэр мы сатырхэм къыщеджам укIытэу плъыжь мыхъуауэ, зызэримыгъэлъауэ пIэрэ?.. УсакIуэр зыкIи хуэныкъуэкъым тхъурымбэ къызыщхьэщиху хъуэхъу.

Иджыри нэгъуэщI зы щапхъэ. Ди усакIуэ Мыкъуэжь Анатолэ и ныбжькIи, и тхыгъэкIи лIыпIэ иуващ, тхылъеджэхэми фIыуэ яцIыху. Мыкъуэжьым и поэзием куэд щIауэ хуэфащэщ тхыгъэ щхьэхуэ. Ауэ гурыIуэгъуэкъым БжэныкIэ Мухьэб жиIэну зыхуеяр Мыкъуэжьым и тхылъ «Лъэхъэнэ» зыфIищам хуитха рецензэмкIэ: «Сэ лIэщIыгъуитIым сралъэмыжщ» («Iуащхьэмахуэ», № 1, 2009 гъэ). Япэрауэ, статьяр хъуакъым: къэбэрдей литературэм къикIуа гъуэгуанэр «лъапэрисэу» къегъэлъагъуэри (абы зыкIи хуэмея пэтми), икIэм-икIэжым, Мыкъуэжьым и тхылъым ирехулIэжри, усэ къэс зытепсэлъыхьыр къытхуребжэкI (куэдым зэращIыр апхуэдэущ), итIанэ мыпхуэдэу еухыж: «Мыкъуэжь Анатолэ и IэдакъэщIэкIхэм, дэтхэнэ усакIуэми ещхьу, арэзы узытемыхъуэ гуэрхэми ущрохьэлIэ, ауэ мы псалъэхэр зыхужытIа «Лъэхъэнэ» зыфIища и тхылъыщIэм, утыку къипхьэну хуэмыфащэу зы усэ закъуэ нэхъ мыхъуми ихуауэ къэтлъытакъым». БжэныкIэм апхуэдэу къилъытами, си фIэщ хъуркъым езы Мыкъуэжьыр абыкIэ арэзы хъуауэ.

Мыкъуэжьым «Сэ лъэхъэнитIым сралъэмыжщ» щыжиIэкIэ, абы гупсысэ куу щIелъхьэ. УсакIуэм фIыуэ къыгуроIуэ блэкIа лIэщIыгъуэмрэ дызыхыхьауэ дызэрытымрэ быдэу зэрызэпэщIэувар. КъэкIуэнур зэIумыбзщ. Уегъэгузавэ. Рецензентым гу лъитакъым Мыкъуэжьым мы тхылъым и мызакъуэу, и творчествэ псом и IункIыбзэIухыр «лъэмыж» метафорэр зэрыарам.

БжэныкIэм арат тегъэщIапIэ ищIын хуеяр, ауэ къехъулIакъым. Зи гугъу сщIы лэжьыгъэм къазэрыщхьэщыкI щыIэкъым усакIуэхэу Балъкъыз Батий («ХъуэпсапIэ», «Iуащхьэмахуэ», № 2, 2007 гъэ), Сонэ Абдулчэрим («Зеукъуэдий иджыри шагъдийм», «Iуащхьэмахуэ», № 6, 2007 гъэ) сымэ Мухьэб яхуитха рецензэхэри.

Балъкъызым и усэхэм теухуауэ етх: «УсакIуэм сатыр нэхъыфI дыдэхэр хуегъэпс псэкIэ игъафIэ щIылъэ-анэм, адэ-хэкум. АрдыдэмкIэ Балъкъызыр тетщ адыгэ литературэм и хабзэхэм. Хэкум, лъахэм, къуажэм хуиIэ лъагъуныгъэр тхылъеджэхэм я деж нехьэс... къызэриIуатэ бзэмкIэ». Сыту пIэрэ усакIуэм нэгъуэщI Iэмалу иIэр?..

Журналым еджэхэм къытхуагъэгъунщ, иджыри щапхъэ къэдмыхьу хъунукъым, зи гугъу сщIы Iуэхугъуэхэм ехьэлIауэ. Ержьыб Аслъэн усакIуэ Нало Заур теухуауэ итха «Iэзагъэм къигъэщIа усыгъэхэр» («Iуащхьэмахуэ», №4, 2007 гъэ) тхыгъэм дыкъыщоджэ: «ЦIыху напэ» зыфIища балладэр адыгэ литературэм и апхуэдэ тхыгъэ лIэужьыгъуэхэм я нэхъыфI дыдэу, налкъутналмэсу къэлъытапхъэщ». Ар фIэмащIэу Налор урыс тхакIуэшхуэхэм ярегъапщэ, ауэ щыхъукIи, тIум щыгъуэми зы щхьэусыгъуи къигъэлъагъуэркъым. Аращи, псори псалъэ дыгъэлу къонэж. Ержьыбым «Кабардино-Балкарская правда» газетым (мартым и 27-м, 1997 гъэм) трыригъэдзауэ щыта тхыгъэм («Критики, где же ваша критика?») тхыгъэм щыжеIэ ди усакIуэхэр зэщхьу тхэуэ, я усэхэр, зы къупхъэм къигъэджэла фIэкIа умыщIэу, зэщхьу. Сыарэзыщ. Ауэ апхуэдизу ущынабдзэгубдзаплъэкIэ, ущыгумызагъэкIэ, уэ птхыхэми нэхъ уакIэлъыплъыж хъунукъэ? Дыпхырывгъэплъыт езы Ержьыбым и тхыгъэхэм ящыщ зыкъомым: «ТхыгъэфIхэр и Iэужьт» («Ленин гъуэгу», октябрым и 26-м, 1990 гъэ), «Гъуэщокъуэ Хъусин и усэхэр» («Ленин гъуэгу», февралым и 22-м, 1991 гъэ), «Къашыргъэ ХьэпащIэ и прозэр» («Ленин гъуэгу», мартым и 29-м, 1991 гъэ) «Пэжым и гъуазэу, захуэм и телъхьэу» («Адыгэ псалъэ», 1991 гъэ, апрелым и 10-м), «Зи тхыгъэр гъащIэм и гъуджэ» («Адыгэ псалъэ», 1991 гъэ, августым и 6-м), «ЛIыгъэм и дамыгъэ» («Адыгэ псалъэ», августым и 29-м, 1991 гъэ), «СабийгъэгуфIэ» («Адыгэ псалъэ», июным и 26-м, 1991 гъэ), «ГъащIэр зыхэзыщIэ» («Адыгэ псалъэ», октябрым и 3-м, 1991 гъэ). Мы статьяхэр псори зы къупхъэм къигъэджэлащ, «зэтIолъхуэ-ныкъуэхэщ», зы фащэрэ зы щапхъэм къытещIыкIащ. Абыхэм ящыщу узэгуакIуэр къащтэ, узыхуей тхакIуэм и цIэ-унэцIэр хэгъэуви, я мыхьэнэхэм зыкIи зихъуэжынукъым, апхуэдизкIэ ахэр зэщхьхэщи. Абыхэм сигу къагъэкIыжар «IурыцIэлъ» псалъэрщ.

ЗэрыбгъэщIэгъуэнур умыщIэу язынықъуэхэм деж щедгъэлеипи къохъу, дызыщытхъужурэ. Ди литературэм зи гъащIэри, зи гуащIэри, щIэныгъэри щхьэузыхь хуэзыщIа щIэныгъэлI гуэрым (радиокIэ къэпсалъэу) жиIауэ щытащ джэгуакIуэ Агънокъуэ Лашэ зэбгъэщхь хъунур Гётещ, жери. Пэж жысIэнщи, Гёте сфIэгуэныхь хъуащ!..

А щIэныгъэлI дыдэм ПащIэ Бэчмырзэ теухуа зэхуэсышхуэм щыжиIащ Бэчмырзэ астрономышхуэу щытауэ!..

ЖызоIэ жыпIэу, ебгъэлей хъунукъым. Критикэм тхылъеджэм и гуп-

сысэр иузэщIыну и къалэнщ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, нобэ цIыхухэр апхуэдэу тхылъ еджэжыркъым! Абы критикэм и къуаншагъи хэлъу къыщIэкIынщ. Критикэр джыдэ дзагуэу щытын хуейкъым.

Литературэджымрэ критикэмрэ зэкъуэту зэдэлажьэмэ, шэч хэлъкъым, литературэмкIэ щхьэпэ зэрыхъунум. Щапхъэу къэпхь хъунущ филологие щIэныгъэхэм я доктор ТIымыжь Хьэмыщэ иужьрей илъэсхэм и Iэдакъэ къыщIэкIа «Гъунапкъэхэр» («Iуащхьэмахуэ», №6, 2006 гъэ), «Литературэм и ныбжьэгъу, литературэм и чэнджэщэгъу» («Iуащхьэмахуэ», №4, 2008 гъэ) жыхуиIэ тхыгъэхэр. Ахэр лъэпкъ литературэдж щIэныгъэмрэ литературэ критикэмрэ я IэнатIэхэм иужьрей лIэщIыгъуэ никъуэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэм теухуащ. Авторым Iуэхугъуэ куэд къиIэтащ. Илъэс щэ никъуэм къызэщIиубыдэ зэманым ипэжкIи щыIэбэ къохъу. ТхакIуэ, усакIуэ, литературэдж, критик, публицист куэдым я цIэ-унэцIэ къриIуащ. Псоми жытIэми, щыуагъэ хъунукъым. Абыхэм я цIэ-унэцIэхэр, я Iэдакъэ къыщIэкIа тхылъхэр, зы напэкIуэцIым икIмэ, адрейм кIуэуэ, зэщыгуауэ къехь, ауэ нэгъэсауэ зы тхыгъи и кIэм нэсу зэпкърихыркъым, псалъэбэщ. ИтIанэ арэзы узытемыхъуэ куэди хэлъщ.

Совет властым и зэманырщ ди литературэр щызэфIэувар. Абы щыгъуэ, жи, ТIымыжьым, «зы идеологие унэтIыныгъэм (марксизм-ленинизмэм) щIэту куэдрэ къэгъуэгурыкIуа хэкупсо щэнхабзэм бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ худиIэт». НэгъуэщIу жыпIэмэ, критикым нобэрей зэманым псори къигъэзэгъэжын хуейуэ къелъытэ... Дауэ?.. УпщIэхэр, зыр зым иужь иту, къоув. ТIымыжьыр политикэм щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм (сталинизм, тоталитаризм, оттепель, перестройкэ, демократие) кIыхь дыдэу, напэкIуэцI куэд тригъэкIуадэу, тотхыхь, щыхьэрым щыхъыбархэр егъэныщкIуж. Дауи, обществэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм яжь къащIимыхуу къанэркъым литературэмрэ искусствэмрэ, ауэ зыщыгъэгъупщэн хуейкъым дэтхэнэ зыми езым и зыужьыкIэ щхьэхуэ зэриIэжыр. Литературэмрэ искусствэмрэ я зыужьыкIэр политикэм и мардэхэмкIэ къыщIупщын щыIэкъым. Литературэр политикэм щекIуэкIа Iуэхугъуэхэм хуигъэкIуэну хэтауэ ара къыщIэкIынщ ТIымыжьым, калькэ ищIурэ урыс псалъэ Iэрамэхэр куэду къыщIигъэсэбэпар: «дыщэ лъэхъэнэ», «напэкIуэцI фIыцIэхэр», «темэ зэхуэщIахэр», «демократхэм я сатырыр», нэгъуэщIхэри. Езы авторым къигупсыс псалъэхэмкIи жиIэну зыхуейр къыбгурымыIуэу укъагъэуIэбжь: «псэкупсэ», «щхьэхуэныгъэхэр», «щIыуэпс»... Абы уигу къегъэкIыж нэгъуэщI автор гуэрхэми къагупсысауэ «социалистей», «европей», «гуманистей» жаIэу зэратхыр. Мыдыхьэшхэну пIэрэ?

ТхакIуэхэмрэ абыхэм я IэдакъэщIэкIхэмрэ зэрытепсэлъыхьри гъэщIэгъуэнщ ТIымыжьыр. Щапхъэхэр къэтхьынщ. ХьэIупщы МуIэед и рассказ «Хъаджэт и къафэм» жи, «щIилъхьа экспрессиемкIэ тхакIуэм тхылъеджэм зыхригъэщIэну хэтщ зауэм и кIэр зэрыхьэдагъэр»... Апхуэдэу рассказыр риторизмэми (?) тетщ. ГурыIуэгъуэкъым мыхэр щIызэрипхыр.

Мэзыхьэ Борис и повестым «социальнэ коллизиер щынэхъ ткIийщ, психологизмэр къыщобэкI... Экзистенциализмэм и хабзэхэр мыбы щынэхъ нэрылъагъущ». Ар повестым и фIыпIэу къелъытэ критикым, ауэ щыхъукIи нэгъуэщIыпIэ деж авангардизмэри, пессимизмэри, экзистенциализмэри литературэр гъащIэм бгъэдэзыш унэтIыныгъэхэу къелъытэ.

ТIымыжьым, жиIэ къудей мыхъуу, Мэзыхьэм и тхыгъэр зэпкърихыу, тхакIуэм и экзистенциализмэр здынэсыр дигъэлъэгъуатэмэ, езы критикми философиер кууэ зэрищIэр ди гуапэ хъунт. Термин зэмылъэпкъэгъухэр

(экспрессие, риторизм, пессимизм, экзистенциализм, авангардизм, ислъам фундаментализм...) зэхэптхъуэкIэ, тхыгъэхэр убзыхуа хъуркъым.

УмыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым ТIымыжьым критикхэр зэригуэшри. Къэрмокъуэ Хьэмид и критическэ статьяхэр гушыIэ щабэщ, Бакъ Зерэ ейхэр щIэныгъэ рецензэщ. Къэжэр Хьэмид и лэжьыгъэхэр академизмэм тетщ (ар фIы хьэмэрэ Iей?), гъэсэныгъэ узэщIыныгъэ къалэнхэр ягъэзащIэ. «Къэжэрым и критикэр нэхъыбэу зыхуэгъэзар тхакIуэ щхьэхуэхэрщ е абыхэм я IэдакъэщIэкIхэрщ». Сыту фIыт, ярэби, Iыхьлы-благъэхэм зэратримыухуар! Языныкъуэ критикхэм яхуимыдэ щытхъупсыр IэщIыб ищIыфакъым езы ТIымыжьми. ЛIэщIыгъуэ блэкIам и етIуанэ илъэс щэ ныкъуэм литературэм, литературэдж щIэныгъэм, критикэм якIуа гъуэгуанэр, къапэщыта къалэнхэр, сэ сызэреплъымкIэ, абы арэзы укъищIу зэпкърихын хузэфIэкIакъым. Ди литературэдж щIэныгъэмрэ критикэмрэ нэхъыбэу ядэтлъагъу дертхэр наIуэу къыхощ ТIымыжьым и тхыгъэхэми – купщIэрэ кууагърэ хэлъкъым, псори къызэщIикъуэн, псоми хунэсын и гугъэурэ литературэм щекIуэкI Iуэхугъуэ нэхъыщхьэр къыхуэлъэгъуакъым, мыхьэнэ лъэпкъ зимыIэ къебжэкIым хуигъэкIуащ.

Мы си тхыгъэр ткIииIуэу къызыщыхъунхэри щыIэнкIэ хъунщ, ауэ зыми и жагъуэ сщIыну сыхэтакъым. Сэ Iуэхум сызэреплъыр жысIа къудейщ.

Критикыр убзэрэбзэн хуейкъым, пэжыр ди гъуазэу дыпсалъэмэщ литературэм зыщиужьынур, лъагэу зыщиIэтынур.




*Хэку зауэшхуэр ди ТекIуэныгъэкIэ зэриухрэ илъэс 67-рэ мэхъу*

# 175-нэ дивизэм Щхьэлыкъуэ щыщхэри хэтащ

1941 гъэм июным и 23-м, зауэм и етIуанэ махуэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщIадзащ дзэм кIуэнухэр ягъэхьэ-зыру. Партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым, райкомхэм, комсомол организацэхэм я лэжьакIуэхэм пэкIухэр къызэрагъэпэщырт. Абыхэм заводхэм, фабрикэхэм я лэжьакIуэхэр, колхозхэтхэр, пщIэрэ щхьэрэ зиIэ нэхъыжьхэр, лIыжь-фызыжьхэр, къызэрыгуэкI къалэдэсхэр, къуажэдэсхэр къыщыпсалъэрт. Ахэм я гум хыхьауэ, я псэм къыбгъэдэкIыу жаIэрт ди Хэкум къытеуа бийм щысхьырабгъэу лъэпкъ ямыIэу зэребэнынур. 175-нэ фочауэ дивизэр къызэрагъэпэщри, абы хыхьащ цIыху миний. Хэкум хуащI лъагъуныгъэм, ди щIыналъэр зи лъакъуэ фIейхэмкIэ зыутэну къихьа бийм хуаIэ лъагъумыхъуныгъэм ахэр къызэщIигъаплъэрт, нэхъ псынщIэIуэу зауэм Iухьэу ялъ ящIэжыну пIащIэрт.

Зауэм хуагъэхьэзырахэр щызэбграшыну щIыпIэм июлым и 4-м зэIущIэ щекIуэкIащ. Дивизэр Киев лъэныкъуэмкIэ кIуэну ирагъажьэрт. Гъуэгу техьэхэм хъуэхъу псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и обкомым и япэ секретарь КIумыхъу Зубер. Апхуэдэу зэIущIэм къыщыпсэлъащ генерал-лейтенант Рейтер. Дивизэ къызэрагъэпэщам и унафэщI полковник Гловацкэм зауэлIхэм къабгъэдэкIыу, ахэр езыгъажьэхэр къигъэгугъащ я пщэ къыдэхуэ къалэныр щIыхь пылъу зэрагъэзэщIэнумкIэ, я псэр пыту Хэку-анэр бийм зэрыIэрамыгъэхьэнумкIэ, ахэр зэрыхагъэщIэнумкIэ.

... МафIэгур хуэмурэ ежьащ. Шэрхъхэр хьэлъэу зэрышхырт, фIыуэ хэкIуэта жэщым хуэтхьэусыхэ хуэдэ. Псалъэмакъхэр нэхъ мащIэ хъуами, зауэм Iухьэхэр жейм езэгъыртэкъым...

Штабым хухаха вагоным уэздыгъэ нэфыр фагъуэу щыблэрт. Дивизэм и унафэщI Гловацкий С. М., полкым и комиссар Шенгай В. О., штабым и унафэщI, полковник Буянов В. Ф., политотделым и унафэщI, батальоным и комиссар нэхъыщхьэ Штане К. В. сымэ  полкхэр зауэм зэрыхуэхьэзырым, Iэщэ-фащэхэмкIэ, техникэхэмкIэ, ерыскъыпхъэхэмкIэ зауэлIхэр къызэрызэрагъэпэщам тепсэлъыхьырт. Нэхъыщхьэ дыдэу ахэр зытегузэвыхьыр къыхуагъэува зэман кIэщIым къриубыдэу зауэлIхэр тэмэму зэрамыгъэсэфарт, нэхъыбэм урысыбзэ зэрамыщIэрт. Абыхэм Iуэхур къалъахъэнут. Зауэр нэгузегъэужьыпIэкъым – псэзэпылъхьэпIэщ.

ЗауэлIхэр зэрыс вагонхэр  жэщ кIыфIым хуэм дыдэурэ пхокI. Пщэдджыжьым щхьэгъубжэхэм удэплъмэ, псоми захъуэжат: зраша щIыпIэм и теплъи и фащи къэнатэкъым, жыгей лъагэхэм я гугъу умыщIмэ. Ауэ абыхэм хамэ щIыпIэм къыщаIущэщри зи гугъу ящIри нэгъуэщIт.

... Гъуэгухэм гугъэмрэ гъащIэмрэ зэIэпах. Апхуэдэ дыдэуи зэпащIэ. АитIур мафIэгур пIалъэ кIэщI дыдэкIэ къыщыувыIа хамэ щIыпIэм

щызэрыцIыхуат. ЩIалэр 560-нэ фочауэ полкым и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъут. Андрей Лобановт. Хъыджэбзыр санбатым и медсестрат. Людэт. ЗэIущIэр напIэдэхьеигъуэм хуэдэу блэлъэтащ, ауэ тIум я гущIэми зэи мыкIуэдыжын лъэужь къыханат...

Июлым и 9-м и жэщым мафIэгур пIэщIэгъуэкIэ къэувыIэри, абы ис сэлэтхэр псынщIэу къикIыну унафэ къэIуащ. Сэлэтхэр къикIыурэ, сатыру увырт. Ауэ псори къикIыу увыну хунэмысу, кхъухьлъатэ къащхьэщыхьэри, шэхэмрэ лагъымхэмрэ къатригъэщащэу щIидзащ. Абыхэм я макъхэм щIыр ягъэзджызджырт. УIэгъэхэр щэIурт, гызырт, иукIахэр щIыпIэ-щIыпIэхэм щикъухьауэ щылът. ЦIыхухэр фронтым нэмыс щIыкIэ, зауэр къапежьат.

... Нэмыцэхэр Украинэм и къалащхьэм къыдыхьэну пIащIэрт, Фастов пэмыжыжьэу Белая Церковь деж зауэ гуащIэ щекIуэкIырт. Дыдейхэр Ирпень псы бжьэпэм къыщхьэщытт, зэрыпхъуакIуэхэр абы икIыу Днепр зэпрымыкIын папщIэ.

Кавказым и къуэ пэжхэр фашистхэм япэщIэуващ Жерновко-Княжичи-Музычи-Мотыловкэ-Мотыловкэ Ин, Перевозы-Кощеевкэ щIыпIэхэр яхъумэу.

1941 гъэм июлым и 10-м пщэдджыжьым 728-нэ ротэм зыщигъэбыда щIыпIэм нэмыцэ гуп къыхуэкIуэу хуежьащ. Ахэр хуиту, утIыпщауэ, шынагъуэ лъэпкъ щымыIэми ярейуэ къакIуэрт. Сержант ХъуэкIуэным езым къыхихыжа увыпIэм зыщигъэбыдат. Абы къыхуэкIуэ нэмыцэ сэлэтхэр нэхъ гъунэгъу къэхъуу зэрыхуежьэу ахэр и пулеметымкIэ щIигъэлъэлъу щIедзэ.

Хьэдэхэм губгъуэр ясеят. Ауэ псэухэр къэувыIэртэкъым. КъакIуэрт. Я кIуэдыпIэм зэрыхуэкIуэхэр къащыгурыIуэм, я Iэщэхэр къагъанэри, щIэпхъуэжащ. Ротэм и зауэлIхэм зыкъаIэтри, абыхэм яужьым иту щIэпхъуащ. Ауэ куэд мыщIэу щIым зыхаIубэн  хуей хъуащ: адэкIэ щыт унэхэм я унащхьэхэм нэмыцэхэр пулеметкIэ къеухыу хуежьащ. Ирпень псым и адрей лъэныкъуэмкIи топышэхэр, лагъымхэр къилъэтырт.

МафIэ гуащIэмрэ гъуэзымрэ ящхьэщыту, ди сэлэтхэм къуажэр къащтащ. Япэ дыдэу жылагъуэм дыхьар Прохладнэ къалэм щыщ Володенкэщ. Абы къилъэгъуащ гуэщыжь гуэрым зыщигъэпщкIуну щIэпхъуэжа нэмыцэр. Володенкэ абыкIэ иунэтIащ. Ауэ фашистыр игъуэтыртэкъым. Хадэ цIыкIум псыкъуий итт. Хадэ ихьэпIэм и бжэр зэрепха кIапсэр къызэратIэтIам гу лъитэри, щIалэр абыкIэ кIуащ, псыкъуийм щхьэщыхьэри иплъащ. Абы къилъэгъуащ гъущI церпым кIэрыщIауэ елэлэх нэмыцэр. Володенкэ и закъуэ ар къыхуихынутэкъым. Абы ирихьэлIэу къыIуолъадэ  Щадымрэ Тазаевымрэ. Псыр къызэжэх нэмыцэр лъэгуажьэмыщхьэу ехуэхащ.

– Фыкъызэмыуэ, сывмыукI, гущIэгъу къысхуэфI, – жиIэу кIийуэ, и Iэ кIэзызхэр ди зауэлIхэм къахуишийуэрэ лъаIуэрт. ХьэлъакъуиплIу къипщэпщыхьырт, псыф ищI удзхэр ириутыкIыу. Дивизэм и корреспондентым ди зауэлIхэми гъэрми сурэт ятрихащ. Гъэрыр штабым яшащ.

ЕтIуанэ махуэм дивизэм и газетым къытехуащ «Къригъэлакъым фрицыр псыкъуийм» – жиIэу фельетон. Газетыр зэIэпахыурэ псори еджэрт. ЗауэлIхэр дыхьэшхырт, удз иутыкIам лъэгуажьэмыщхьэу хэс нэмыцэм и сурэтыр псоми ирагъэлъагъурт.

Июлым и 17-м Лобановыр уIэгъэ хъуащ. Лъыр яхуэмыгъэувыIэу ар медсанбатым яхьащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ етIуанэу Андрейрэ Людэрэ зэхуэзэжын хуей хъуащ. ТIуми къагурыIуащ а тIур къызэрызэхуигъэщIар,

икIи я гъащIэхэр зэпащIэну мурад ящIащ. Махуищ нэхъ дэмыкIыуи ахэр медсанбатым щызэрышащ. Ехьэжьауэ яхуэмыщIами, хабзэм къызэрезэгъым хуэдэу хьэгъуэлIыгъуэр зэфIагъэкIащ.

Мотыловкэ Иным деж зауэ гуащIэ щызэхаублащ. Ди зауэлIхэр бийм егъэрыкIуэну зыкъаIэтащ. Абы ирихьэлIэу, шэ къэуэжыр Лобановым и гъущI пыIэм пхрыкIри, и натIэбгъу сэмэгум техуащ. Лъыр уэру къызэжэх Лобановыр джэлащ. ЕгъэрыкIуэнызгъэр зэпагъэуащ. Фочышэр уэшхыу къатезыкIутэ бийм пэмылъэщхэу, къикIуэтыжын хуей хъуащ. Андрей зэуапIэ губгъуэм кърахыжыфакъым. АбыкIэ пщыхьэщхьэм штабым хъыбар ирагъэщIащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, Лобановыр хэкIуэдахэм я тхылъым ихуащ.

Къэхъуа гуауэр Лидмилэ занщIэу хуаIуэтакъым. Ауэ иужькIэ жраIащ. ЦIыхубзым ар и гум зэрыщIыхьар псалъэкIэ къэIуэтэгъуейт.

... Махуэ къэскIэ зауэр нэхъ гуащIэ хъурт. Июлым и 31-м екIуэкIар





***Лобановхэ Андрейрэ Людмилэрэ***

псом нэхърэ нэхъ гуащIэжт. А махуэм нэмыцэхэм Киев къалэр къаухъуреихьу къащтэну къеIэрт. Ар щIидзат щIэчэ зимыIэ топхэмрэ лагъымырыдзхэмрэ я зэхэуэ гуащIэкIэ. Кхъухьлъатэхэм яуфэбгъуа уафэри плъагъужыртэкъым. Абыхэм бомбэхэр уэм хуэдэу кърагъэщэщэхырт. Танкхэр щIэгъэкъуэну яIэу, лъэсырыкIуэдзэр къежьащ. ЗэрыпхъуакIуэ-хэр гъунэгъу къыщыхъум, Джатэжьым, Манжос, Чмихайленкэ, Хаустов сымэ я пулеметхэр лъалъэу хуежьащ. Топхэми шэр танкхэм тракIутэ. Джамиевым къыхуэкIуэ танкым тригъапсэри, мафIэ лыгъэр иридзащ. Абы и щапхъэм Абазэ Мухьэжи ирикIуащ. Зым кIэлъыкIуэу етIуанэри ещанэри якъутащ. Апхуэдэурэ, нэмыцэхэм я къебгъэрыкIуэныгъэр ягъэувыIащ. Абыхэм 2-нэ, 3-нэ махуэхэми быдапIэр къызэпратхъыфакъым, мазэ псокIи ар ялъэкIакъым. Киев къалэм и Iэгъуэблагъэм нэмыцэхэм сэлэтрэ офицеру минищэм щIигъу щафIэкIуэдащ. Махуэ 83-кIэ яхъумащ къалэр ди сэлэтхэм, танкрэ кхъухьлъатэу щэм щIигъу щызэтракъутащ.

Нэмыцэхэм, зэрагугъам хуэдэу, тынш цIыкIуу Киев занщIэу къахуэщтатэкъым. Ауэ, сыт хуэдиз хэщIыныгъэ ямыгъуэтами, нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм сентябрым и 10-м къалэр къаухъуреихьащ. Ди дзэхэм ар къамыгъанэу хъуакъым. 175-нэ дивизэм щыщу къэнахэр, нэмыцэхэм къаухъуреихьа къалэм дамыубыдэн щхьэкIэ, зауэурэ, гуп-гупурэ загуэшурэ къыдэкIащ. Языныкъуэ гупхэр Япэ Белорус фронтым и дзэхэм яхыхьащ.

Абыхэм ящыщщт Лобановэ Людэ зыхэта медсанбатри. Ар Берлин нэсауэ щытащ.

1945 гъэм, апрелым и пэщIэдзэхэм Людэ письмо къыIэрохьэ. Къэзытхыр и щхьэгъусэрат... Илъагъур и фIэщ хъуртэкъым, ауэ хъэтIыр зейр Андрейт. КъызэрыщIэкIымкIэ, уIэгъэ хьэлъэ хъуа сэлэтыр мэзым нэху щыхукIэ щIэлъащ. Абы лъы куэд фIэкIуэдат. А щIыпIэм щыпсэухэр пщэдджыжьым абы хуозэ. Яхьри ягъэпщкIу. 1943 гъэм Васильковскэ районыр хуит къыщащIыжым, Лобановыр ди дзэм къахохьэж. 1944 гъэм и кIэуххэм ар аргуэру уIэгъэ мэхъу. УIэгъэщым щIэлъу, ар и благъэхэм яхуотхэ икIи къещIэ и щхьэгъусэр зыхэт частым и пощт номерыр. Ахэр щызэхуэзэжар 1946 гъэрщ. Зэгъусэу дзэм къыхокIыжри, я щIыпIэ дахэм, Налшык къагъэзэж...



Щхьэлыкъуэ щыщ Къашыргъэ Хьэмзэт и къуажэгъухэм я пащхьэм къыщопсальэ

... 630-нэ топгъауэ полкым щыщ зауэлI гуп Каржи къуажэм пэмыжыжьэу щыIэ гуэлым хохутэ. Ди сэлэтхэм шэхэр къаIэщIэухэрт. Топгъауэхэм я Iэщэхэм щыщ пкъыгъуэ куэд гуэлым щIилъэфат. МахуитхукIэ Iэ пцIанэкIэ зэзэуахэщ. Зи къарур кIуэщIа, мэжэщIалIагъэми ирищIыкIа ди зауэлIхэр нэмыцэхэм гъэру яубыдащ. Абыхэм яхэтт Прохладнэ районым щыщ офицер Кличев Виктор. Яубыдахэр Ровнэ щыIэ нэмыцэIуэм яхуащ. Абы гъэру цIыху мин 30-м щIигъу ист, абыхэм ящыщу цIыху 200-300 махуэм дунейм ехыжырт.

НэмыцэIуэм и унафэщI штурмбанфюрер Кюль къилъэгъуат Кличевым блыным тритхар. Ар апхуэдизкIэ, хъэтI дахэкIэ итхати, гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Арати, Виктор нэмыцэIуэ канцелярием яшэ. Нэмыцэхэр хуэныкъуэт къуажэм щагъэлэжьэну цIыхухэм. Абыхэм нэхъыбэу украинхэр хагъэхьэрт. Кличевым канцелярием щекIуэкI хабзэхэр ищIэрти, и ныбжьэгъухэр украинхэм яхитхэурэ, хуит къащIыжхэм яхигъахуэрт. Адрейхэм украиныбзэ тIэкIу зрагъащIэу, къуажэцIэ гуэр я гум ираубыдэу, лъэпкъкIэ зыщыщыр жаIэн хуейуэ арат. Украиныбзэр псынщIэу зрагъащIэрт, щызэуа къуажэхэм картэкIэ щыгъуазэхэти, абы Iуэхур тынш ищIырт. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, цIыху 36-рэ хуит къэхъужащ. Езы Виктори Iуэм къикIуэсыкIыжри къыщIэпхъуэжащ. Ар Германием ирагъашэ ди цIыхухэр хуит къэзыщIыж щэхурылажьэ гупым яхыхьащ.

Киев хуит къащIыжа нэужь, Кличевыр «смершым» и спецпроверкэм пхыкIри, 135-нэ фочауэ дивизэм хэхуащ. Абы хэтхэм хуит къащIыж Тернополь, Выборг, Краков. Одери щозауэ. Зэрихьа лIыгъэм, къигъэлъэгъуа хахуагъэм папщIэ абы къыхуагъэфэщащ медалхэмрэ орденхэмрэ.

175-нэ дивизэм Щхьэлыкъуэ щIалэхэу 78-рэ хэтащ. Абыхэм ящыщу щым, – Къашыргъэ Хьэмзэт, Быре Хьэбалэ (ещанэр хэтми сщIэжыркъым) къагъэзэжауэ аращ. Ахэрат Налшыкрэ Прохладнэрэ щыщу къадэзэуахэм я гугъу къытхуэзыщIыжар. Абыхэм ящыщт 630-нэ топгъауэ полкым и командиру щыта Акиев Савелий, абы и къуэдзэу зэуа Кличев Виктор, Лобанов зэщхьэгъусэхэр, Володенкэ, нэгъуэщIхэри. Абыхэм я фIыгъэкIэщ

ди Щхьэлыкъуэ школым и къэхутакIуэ гупыр Киев и быдапIэхэм я военкому, зыхъумэжынымкIэ Киев и нэхъыщхьэу щыта Евдокимов Илларион къэдгъуэту дызэрепсэлъэгъар. Арат япэу къытхуэзыIуэтар Щхьэлыкъуэ щыщ зауэлI хахуэхэм Киев деж щызэрахьа лIыгъэм теухуа хъыбарыр. Абы къыдихьэлIа чэнджэщхэм япкъ иткIэ ди школ музейм къыщызэдгъэпэщауэ щытащ 175-нэ фочауэ дивизэм хэта ди лIыхъужьхэм зэрахьа лIыгъэр къыщыгъэлъэгъуа плIанэпэшхуэ.

Ди школ музейм нобэр къыздэсым къокIуалIэ илъэс 67-рэ и пэкIэ ди текIуэныгъэкIэ иуха зауэм хэтахэм зэрахьа лIыгъэм, абыхэм я фэеплъым хуэфащэ пщIэ хуэзыщI цIыху мин бжыгъэхэр. Аращ ди музейр лIыхъужьыгъэм и тхыдэ гъуджэ щIэхъуар.

**КОММОДОВ Геннадий,**
*егъэджакIуэ, Щхъэлыкъуэ школ музейм и къызэгъэпэщакIуэ.*

# Зауэ гъуэгуанэхэми лэжьыгъэ IэнатIэхэми щыпэрытащ

Илъэс 90-м щхьэдэха пэтми, зи ныбжь хэкIуэта куэдым зэрахабзэу, Залымхъан щыгъупщэх хъуакъым, зэджа тхылъхэри и нэгу щIэкIахэри дэмыхуIауэ къыбжиIэжыфынущ. Пэжщ, псэлъэрейкъым, кърикIуту хъыбар кIыхь езышажьэхэм ящыщкъым, ауэ, зэ кърикIуэжьамэ, удихьэхыу къыбжиIэн игъуэтынущ.

ГъащIэ гъуэгу тынш къикIуакъым а лIым, ауэ, дауэ мыхъуами, зэран къыхуэхъуахэм, лъапэщIэдз къыхуэзыщIахэм, уеблэмэ, мыгъущыжын удын къезыдзахэми яхуэхъущIэркъым. Апхуэдэщ Шэшэн Залымхъан Зэрыкъуш и къуэр...

... Залымхъан аушыджэрдэсхэм пщIэ зыхуащI, диныр, адыгэ хабзэр щызекIуэ Шэшэн Зэрыкъуш и унагъуэм я бын ещанэт. Зэрыкъуш мэкъумэшылIт, еш, щхьэх жыхуаIэр имыщIэу лажьэрт. Апхуэдэу екIуэкIыурэ, цIыхухэм я псэукIэри я дуней тетыкIэри зэзыхъуэкIа революцэр къохъей. Зэрыкъуш диныр, хьэрыпыбзэ фIыуэ ищIэрт, а бзэмкIи ятха тхылъхэми еджэфырт. ЩIэх дыдэ абы къыгуроIуэ Совет властыр диным зэрыхуэмейр. Ар къуажэм къыдокIри, и IэщIагъэр ехъуэж. ЛIы Iэчлъэчыр Налшык и ухуэныгъэщIэхэм щолажьэ – щIыкъэтIу, хьэлъэзехьэу, ухуакIуэу. Ар хэтащ фанер къыщIэзыгъэкI «Чинар» заводыр, гъавэ хъумапIэхэр зыухуахэм. Ауэ фIэмащIэт сыт хуэдиз имылэжьами, гъащIэщIэм хуэарэзыти. Псом хуэмыдэу щыгуфIыкIырт и сабийхэм еджэну Iэмал зэрагъуэтам. Хъыджэбз нэхъыжь Сэчынэт Ленинград егъакIуэ дохутыр IэщIагъэм хуеджэну, СулътIан, Налшык ФЗС (фабрично-заводская семилетка) еджапIэр къеухри, сурэт щIыным хуоджэ. Залымхъан рабфакым щIотIысхьэ.

Куэдым хуэныкъуэт унагъуэр, зыщIэсын унэ къудей имыIэу, щIыкъэтI нэхърэ нэхъыщхьэ IэщIагъэу бгъэдэмылъу нэрыбгиплI ипIырт. ИтIани адэм бынхэр иригъаджэрт, къэкIуэнум фIыкIэ щыгугъыу.

Ауэ... къос... 1937 гъэр...

Махуэ гуэрым, Зэрыкъуш IэнатIэм пэрашри къоупщI:

– КъурIэныбзэ пщIэрэ?

– СощIэ.

– Нэмэз пщIырэ?

– СощI.

Абы нэхъ щхьэусыгъуэ имыIэу, дапхъуэтри ягъэтIыс, илъэсий къытралъхьэри «Беломор» кIэнауэр щаухуэм яшэ. ЩIы мащIи къыщитIакъым абы Зэрыкъуш, псы жапIэм ятIэ мащIи къыдидзакъым. Медвежегорск и цIэм ещхьт и щхьэри: мыщэм хуэмыхьыныр цIыхум и фэм къыщыдахырт абы.

Зэрыкъуш и щхьэгъусэм зы бжэм IукIмэ, адрейм Iухьэу, къулыкъущIапIэхэр къызэхекIухь, мэлъаIуэ и лIыр къаутIыпщыжыну. И бынхэри увыIэгъуэ ямыIэу матхэ, мэтхьэусыхэ: «Хейщ ди адэр, лажьэ имыIэу ягъэтIысащ». Апхуэдэ тхьэусыхафэхэм ящыщ зы Москва, Калинин Михаил и деж нос. Iуэхум хоплъэри, Зэрыкъуш икIэм-икIэжым къаутIыпщыж, ауэ абы къыздриха жьэн уз бзаджэм езыри, зи псэугъуэ дахэ и щIалэ нэхъыщIэри ехь... Пэжщ, ахэр къыщыхъуар нэхъ иужькIэщ.

... Залымхъан Дагъыстаным макIуэ, Махъэчкъалэ дэт рабфакым щIэтIысхьэну. Жыжьэтэкъым здэкIуэр, ауэ, итIани, и анэр, Истамбылхъан, гъырт: хэт игъэшхэну, хэт кIэлъыплъыну щIалэныкъуэпIым? Ауэ икIи пэрыуэфыртэкъым. Сабийхэм я адэр щыдашым а зырат къызэрелъэIуар и щхьэгъусэм: «Бынхэр егъаджэ».

ИлъэситIыр анэм дежкIэ зэман мащIэтэкъым. И щхьэгъусэри щыст.

Махъэчкъалэ дэт механическэ техникумыр фIы дыдэу къызэриухам папщIэ, Залымхъан Харьков ягъакIуэ, гъущI гъуэгум щылажьэ инженерхэр щагъэхьэзыр институтым щIотIысхьэ.

Инженер хъарзынэ къищIыкIыну егъэджакIуэхэр зыщыгугъ Шэшэн Залымхъан етIуанэ курсым къыщIокIыжри, кхъухьлъатэзехуэхэр щагъэхьэзыр еджапIэм щIотIысхьэ. ЩIым щаджын хуей псори зрагъэщIащ, уэгум ихьэнуи поплъэ. Абы щегупсыскIэ и гур къолъэт, ауэ ар къемыхъулIэ щIыкIэ Хэку зауэшхуэр къохъейри...

Истамбылхъан мэгузэсэж: и щIалэ нэхъыжь СулътIан Дзэ Плъыжьым къулыкъу щещIэри Белорусым щыIэщ, Залымхъанщи, йопкI-йолъ лъатэу фронтым яфIэкIуэну.

Мызэ-мытIэу Залымхъан щIэлъэIуащ зауэ IэнатIэм Iуагъэхьэну. АрщхьэкIэ еджапIэм щIэс псом а зыр къыхашынт? Училищэр Ленинград ягъэIэпхъуэ, мазихым топгъауэм хуагъасэри, лейтенанту къыщIагъэкI.

Топгъауэ взводым и унафэщIу ар фронтым Iуохьэ 1942 гъэм, 1945 гъэм и апрелыр къэсыху мэзауэ.

Дэтхэнэра жыпIэжынур лейтенант Шэшэн Залымхъан зэпича гъуэгухэм, ишэча бэлыхьхэм ящыщу? Нэхъыжьхэм ящIэ ар зищIысыр, ауэ нэхъыщIэхэм фи нэгу къыщIэвгъэхьэт, псалъэм папщIэ, псым я нэхъ бгъуфIэм лъэмыж темылъыжу узэпрыкIын хуейуэ, абы узэрызауэ топхэр, шэхэр зэпрыпшу, ахэр къезышэкI шыхэр уи гъусэу, а уздэкIуэ лъэныкъуэмкIэ псы Iуфэм бийм зыщигъэбыдарэ шэр къыптригъэлъалъэу, уэ зы къуэдзапIи уимыIэу псы джафэм утету...

Щыгъупщэркъым, нобэр къыздэсым жэщхэми пщIыхьу и нэгум щIокIыж Шэшэн Залымхъан 1943 гъэм и бжьыхьэ махуэм Днепр и Iуфэм Iухьауэ зэрыщытар. Дыдейхэм ирахужьа нэмыцэхэр яхуэмыхъуу икIуэтырт, ауэ Днепр зэпрахужа нэужь, зыкъаужьыжауэ, ди сэлэтхэм кIуапIэ къратыртэкъым. Псым утемыхьэ щIыкIэ бийм я гъэпщкIупIэр къэхутауэ яхэуэн хуейт. Ар зылъэкIынур авиацэмрэ топгъауэхэмрэт, ауэ ди кхъухьлъатэхэм зыкъагъэгуврт, фашистхэр къауэ зэпытт. Къэнэжар ди топхэмкIэ нэмыцэ топгъауэхэм яхэуэнырт. ЯщIэри арат. ИтIанэ лъэсыдзэр псынщIэу техьащ псым, пхъэ зэIулIахэр, къамыл пхырхэр, гъущI бошкIэ нэщIыжьхэр къагъэсэбэпурэ. Псыкум нэса къудейуэ нэ-

мыцэдзэхэр къызэщIэрыуэжати, ди сэлэтхэм хэщIыныгъэшхуэ яхьырт. Ди топхэр здэщытыр жыжьэт, топышэхэр бийм зыщигъэбыда щIыпIэм лъэIэсыртэкъым. Топгъауэ взводым и командир Шэшэным унафэ ещI ди топитI нэхъ гъунэгъуу къагъэIэпхъуэну, ауэ абыхэм цIыху тIурытI фIэкIа бгъэдэмыхьэну: тезыгъапсэмрэ зыгъауэмрэ. Езыр зы топым бгъэдоувэ. И тхьэкIумэ лъэныкъуэм тхьэкIумэIупсыр Iуиудауэ лъыпсыр къижырт. Ауэ ари къыфIэIуэхутэкъым. Нэмыцэхэр аргуэру хьэжэпхъажэ хъуауэ дыдейхэр кIуатэрт...

Шэшэныр яхэтащ Курск деж щекIуэкIа зауэ гуащIэм, Днепропетровск, Кировоград, Винницэ, Черкасскэ областхэр хуит къэзыщIыжахэм, Корсунь-Шевченкэ деж бийр щызэтезыкъутахэм, Кенигсберг къэзыщтахэм...

Зауэр гугъуехь къудейкъым, зауэр гукъутэ зэпытщ. Къэхъуащ езым и гъусэу топым бгъэдэта, къыдэзэуа, зэпсэлъа къудей сэлэтыр зэшэзэпIэу къыщаукIа, и ныбжьэгъум и нэхэр щызэтрипIэжа.

... Гъатхэт, тафэр щхъуантIагъэм зэщIищтэрт. 1945 гъэм и апрелым и 8-м и пщэдджыжьырт. Ди дзэхэр Кенигсберг ебгъэрыкIуэрт. Фочауэхэр япэ ищат. Псори япэкIэ жэрт.

Къалэ уэрамхэм дэнэкIи щыплъагъур Iугъуэрэ мафIэрэт. Уэрамхэм я лъэныкъуитIМи тет унэхэм мафIэ бзий къапихырт. Зэхэуэр увыIат, къалэр къащтати. Абы и кIуэцIым псышхуэ щожэх, Преголя жаIэри. Топгъауэхэм я топхэр абы зэпрашын хуейт, лъэмыжхэр бийм къигъэуати.

– Ныбжьэгъу командир, хъуну щытмэ, тIэкIу дедзэкъэнт, къауэхэр зэпыуа щIыкIэ, – зыкъыхуагъэзащ сэлэтхэм лейтенант Шэшэным.

«ХьэмбыIуу сыщысти, спирт тIэкIу иту къысхуашия къэнжал крушкIэр къеIысхыну зыкъыщысIэтым, къэхъуар сымыщIэу, си лъакъуэ ижьыр щIэщIащ, – игу къегъэкIыж Залымхъан. – СеIусэмэ – лъыщ. Шэ къэуэжкIэ нэмыцэ снайпер къызэуауэ арат. Сэ зырат офицер дамэтелъ зытелъу тхэтри, си щхьэм къригъэпщауэ къыщIэкIынт, ауэ зыкъыщысIэтым, шэр си куэм къытехуащ. Сэлэтхэр жэри абдеж щыт унэ зэтетыр щIащыкIащ, снайперыр къаубыдри къалъэфащ.

– СывукI, – жиIащ нэмыцэм, къыхэщтыкI лъэпкъ имыIэу. – Сэ къыхэсхащ апхуэдэ лIэкIэр, си ныбжьэгъухэм псоми затащи, мис ахэр вгъэпсэу.

КъызэдэIуахэкъым губжьа ди сэлэтхэр, армыхъумэ езгъэукIынутэкъым.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, Хэку зауэшхуэр иухыным зы мазэ фIэкIа имыIэжу, Залымхъан уIэгъэщым щIохуэ... «Ар лъахъэ схуэхъури, Берлин сынэсакъым», – жеIэ абы.

Ауэ майм и 9-м ТекIуэныгъэм и гуфIэгъуэр нэсащ Шэшэныр зыщIэлъа уIэгъэщми. «Си уIэгъэри къысфIэIуэхужтэкъым, - игу къегъэкIыж иджы Залымхъан. – А гуфIэгъуэ дакъикъэхэм лъакъуэ пщIэт-пщIэмытIМи, улъэтэнут. ДокIий, догуоу, IэплIэ зэхудощI, хэти и нэпсхэр къекIуащ. Абдеж бжьэ зырызи дыщефащ. Адрей псалъэу хъуар тщыгъупщэжам хуэдэу, «Победа, Победа!» – жытIэрт. Фашизмым и тхыцIэр зэпызыщIыкIам дэри ди Iыхьэ зэрыхэтлъхьам дримыгушхуэу къэнэнт!»

Июнь мазэм Шэшэн Залымхъан дзэм къыхагъэкIыж, и лъакъуэм игъуэта сэкъатым папщIэ.

Я къуэ етIуанэри ныкъуэдыкъуэу къахуэкIуэжами, мэгуфIэ адэанэр.

– Упсэущ, укъелащи, Алыхьым и фIыщIэщ, – зэпиплъыхьырт и щIалэр Истамбылхъан, и нэкIум Iэ дилъэурэ.

– ИIэ, жыIэж, дауэ ухъуа, сыт уи лIыгъэу узэуа? – и пащIэ щIэгуфIыкIырт пIэм хэлъ и адэри.

– Орден къэпхьа? Сыт хуэдэ? – тепыIэжыртэкъым и къуэш нэхъыщIэ Амырхъани.

– Си дамыгъэхэри фэзгъэлъагъунщ, – и бгъэ жыпым кърихыурэ тхылъымпIэ цIыкIуиплI хуишиящ и къуэшым. Ахэр и уIэгъэхэм я щыхьэт тхылът. – А фэ фызыщIэупщIэхэри щыIэщ, – Залымхъан и хьэпшыпхэр зэрылъ хъуржыным кърихащ пхъуантэ цIыкIу. Абы цIуужу дэлът Хэку зауэм и ордену тIу, медалхэр.

Сытым щыгъуи щIэнычгъэм хуэпабгъэ Шэшэным и мамыр гъащIэр зэриублэжар еджэнкIэщ. Дыгъуасэрей зауэлIыр щIагъэтIысхьэ илъэс парт школым. Ар къеухри, партым и обкомым лэжьэн щыщIедзэ, абы къыдэкIуэуи, КПСС-м и ЦК-м и Парт школ нэхъыщхьэми щоджэ.

А зэманым къуажэм кърашри обкомым лэжьэн щыщIидзат хъыджэбз къамылыфэ дахэкIей АфIэунэ Тамарэ. Ар апхуэдизкIэ цIыху нэжэгужэт, жант, Iуэхум хуэIэкIуэлъакIуэти, Залымхъан гу лъимытэу къэнакъым. ЩIалэм игъэщIэгъуэпар Тамари Хэку зауэшхуэм зэрыхэтарт. Зэныбжьэгъу хъуахэщ, иужькIэ, ар лъагъуныгъэм хуэкIуэжри, зэрышащ.

БынитI ягъуэтауэ Залымхъан тогушхуэри аргуэру Москва еджакIуэ макIуэ. Зэманыр гугъут, зэкIэщIэчауэ унагъуитI зыкъуэпсэукIын мылъку къалэжьыртэкъым зэщхьэгъусэхэми, лэжьыгъэр къагъанэри, тIури Москва мэIэпхъуэ, я сабийхэри здашэри. Залымхъан институт къеух, пхъэм елэжьынымкIэ инженер IэщIагъэр иIэу. Абы къыдэкIуэуи парт школри къеух. КъыздэкIуэжам дэнэ къыщратыжынт зыIукIа IэнатIэр! Шэшэныр къызыхэкIа унагъуэм и къекIуэкIыкIар къатIэщI. Обкомым ятхат и адэр дин лэжьакIуэу, ар ягъэтIысауэ зэрыщытар.

Арати, «Парт къулыкъу и пщэ дэплъхьэ хъунукъым», – жари 30 гъэхэм и адэм иухуауэ щыта «Чинар», иужькIэ «Эльбрус» хъуа, пхъэм щелэжь комбинатым и инженер нэхъыщхьэу ягъакIуэ. Пэжыр жыпIэмэ, езыми къилъыхъуэр къулыкъутэкъым, и IэщIагъэр къыщигъэсэбэпын IэнатIэт. Ауэ мыр здагъэкIуа IуэхущIапIэм и унафэщIыр апхуэдизкIэ хуэхейт зыбгъэдэт IэнатIэми, чертеж хьэзырым къеджэфыртэкъым. Ар наIуэ къимыщIын папщIэ, сыт хуэдэ IуэхущIэми «хъунукъым» жиIэрти Iэ тридзэрт.

Залымхъан IэщIагъэлIти къыгурыIуэрт комбинатым къыщIигъэкI хьэпшыпхэр зэманым къызэрыкIэрыхуар, фэ зэратемытыр, щэгъуей зэрыхъунур, апхуэдэу улэжьэну къызэремызэгъыжыр.

А псом тепсэлъыхьын и гугъэу, ар партым и обкомым макIуэ, ауэ, дэнэ щIэмыхьами, а здэкIуам я кабинетхэм лыдыжу щIэтщ комбинатым проект щхьэхуэкIэ щащIа стIол бгъуфIэшхуэхэр, тхылъ дэлъхьэпIэхэр, шэнтхэр. Залымхъан и унафэщIымрэ а шэнтхэм тесхэмрэ яку псы дэжынутэкъым... АтIэми, Шэшэныр «ефэндым и къуэщ», и щхьэгъусэми «и дэлъхур бэм я бийуэ» ягъэтIысри щысащ. Арати, Тамари ящтэжыркъым обкомым.

Хрущев и зэманырати, совнархозхэр къызэрагъэпэщырт. Залымхъан абы IэщIагъэлI нэхъыщхьэу ягъакIуэ, пхъэм елэжь IуэхущIапIэхэр и нэIэ щIэтыну. ДзыхьщIыгъуэджэт абы щыгъуэ зэманыр: езы Хрущев нобэ «хъарзынэщ» жыхуиIа Iуэхухэр игу иримыхьыжу нэху къекIырт. Аращ совнархозхэми гъащIэ кIыхь ямыIэу къыщIыщIэкIар. Ауэ Шэшэным а IуэхущIапIэм къыщигъэлъэгъуа зэфIэкIыр къалъытэри, республикэм

щIыпIэ промышленностымкIэ и министрым и къуэдзэу ягъэув. ИужькIэ а министерствэм къыхагъэщхьэхукI гъэсыныпхъэ промышленностым и управленэ. Залымхъан абы и унафэщIу ягъэакIуэ. А лъэхъэнэхэм газыр Налшык и уэрам закъуэтIакъуэхэм къыдаша къудейт. Нэхъыбэм гъэсыныпхъэу къагъэсэбэпыр фIамыщIт, пхъэт.

Залымхъан къалэхэми районхэми къыщызэрегъэпэщ гъэсыныпхъэхэр гъэхьэзырыным, ар здэкIуапхъэм лъэгъэIэсыным елэжь IуэхущIапIэхэр. Шэшэным и IуэхущIафэхэр апхуэдизу хэIущIыIу мэхъури, абы кърат «ЩIыхь дамыгъэ» орденыр.

Илъэс 14-кIэ (пенсэм кIуэху) пэрытащ а IэнатIэ гугъум Шэшэныр, цIыху куэдми ядэлэжьащ, псоми бгъэдыхьэкIэ тэмэм къахуигъуэту. Зы цIыхум текIиякъым, хуэмыфащэ ирипэсакъым. Ар псоми къызэрацIыхур сыт щыгъуи Iэдэбу, зэпIэзэрыту, зэфIэкIышхуэ зиIэ къызэгъэпэщакIуэут.

Хэку зауэшхуэр ди ТекIуэныгъэкIэ щиуха махуэр гъэ къэскIэ цIыхухэм ягъэлъапIэ. Зауэм хэтахэм гукъэкIыж хьэлъэхэр жэщ пщIыхьу я нэгу щIокIыж а махуэм. Ауэ согъэщIагъуэ: Залымхъанрэ Тамарэрэ зауэм зэрыхэтар зэхуаIуэтэжу, я щхьэ гущIэгъу хуащIыжу плъагъунукъым.

Мис апхуэдэщ Хэку зауэшхуэми мамыр лэжьыгъэми жыджэру илъэс 54-кIэ хэта, и бынхэм, Iыхьлыхэм я ущиякIуэ, и ныбжьэгъухэм ноби щапхъэ зытрах, зи псалъэр мащIэ, зи IуэхущIафэ дахэхэр зэпымыу Шэшэн Залымхъан Зэрыкъуш и къуэр.

**АФIЭУНЭ Рае,**
*Урысей Федерацэм культурэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.*

ГАМЗАТОВ Расул

## КЪРУХЭР

**КъысфIощIыр ди зауэлI къэмыкIуэжахэр**
**Зэгуэр мы ди щIым щыщIамылъхьэжа, —**
**ЗэуапIэ губгъуэм лъы щызыгъэжахэр**
**Къру хъуурэ, уэгум лъагэу ихьэжа.**
**А зэман жыжьэм лъандэрэ абыхэм,**
**Я гуIэ макъ къагъэIуу, къалъэтыхь.**
**Аракъэ дэри, ахэм дащIу гухэ,**
**ЩIэхъуар дыщыму куэдрэ уэгу диплъыхь?**
**Блолъэтыр зы къру гуп, ешами, пIащIэу,**
**Иухыу махуэ пшагъуэр, ахэр блокI.**
**А кърухэм яIэщ зэпыупIэ мащIэ,**
**Ар си увыпIэу пIэрэ? — си гум къокI.**
**Къру гуп сыхэту, гъащIэр сигу пымыкIми,**
**ПщыхьэщхьэхуэкIуэу зэгуэр сежьэжынщ,**
**Уэгу лъащIэм сэ къру макъкIэ сыкъиджыкIыу.**
**Сэлам щIым къытезнахэм фэсхыжынщ.**
**КъысфIощIыр ди зауэлI къэмыкIуэжахэр**
**Зэгуэр мы ди щIым щыщIамылъхьэжа, —**
**ЗэуапIэ губгъуэм лъы щызыгъэжахэр**
**Къру хъуурэ, уэгум лъагэу ихьэжа.**

*ЗэзыдзэкIар* **Къагъырмэс Борисщ**

ХЬЭКIУАЩЭ Андрей

# ЩоджэнцIыкIу Алий и тхыгъэ дызыщымыгъуэзар

Куэд щIауэ урысхэм жаIэ Iэрытххэр мафIэм имысу. Апхуэдэу ар зэрыщымытыр псоми ящIэ, ауэ  а псалъэхэм щIэлъ щIагъыбзэр нэгъуэщIщ: тхыгъэр зэрымыкIуэдырщ, щымыIэжу къалъытэми, ар зэгуэр къызэрыкъуэкIыжырщ. Лъэпкъ литературэхэм я тхыдэм  абы и щапхъэ гъунэжу къыщыпхуэгъуэтынущ. Урыс литературэм и япэ тхыгъэ цIэрыIуэ «Слово  о полку Игореве» жыхуиIэм зи гугъу щыщIа Iуэхухэр къыщыхъуар 12-нэ лIэщIыгъуэрщ, иужьыIуэкIэ ятхыжами, ар къыщагъуэтыжари, япэу къыщыдэкIари 18-нэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэрщ. ЛIэщIыгъуэ зытхух гъуэгуанэ кIыхь зэпызыча а тхыгъэ хьэлэмэтыр икIэм-икIэжым къызэтенащ, ди деж къэсыжащ.

Къэбэрдей усакIуэ гъуэзэджэ ЩоджэнцIыкIу Алий, езыр псэу щIыкIэ къыдигъэкIахэм нэмыщI, и тхыгъэ куэд Хэку зауэшхуэм и ужькIи къагъуэтыжащ. Абыхэм ящыщщ «Къэрэхьэлъкъ» газетымрэ «Артель» тхылъымрэ къытехуауэ щыта усэ зыбжанэмрэ публицист тхыгъэхэмрэ, поэмэхэу «Нырес си псалъэр уи дей», «Сохъуэхъур», «Къызбрун» драмэм щыщ пычыгъуэхэр, анэдэлъхубзэрэ урысыбзэкIэ тхауэ къагъуэтыжа усэ щхьэхуэхэм я гугъу умыщIми. Дэ шэч къытетхьэркъым усакIуэшхуэм и тхыгъэ дызыщымыгъуазэ гуэрхэр дяпэкIи къызэрыкъуэкIыжынум.

Ди тхылъеджэхэр щыгъуазэ зыхуэтщIыну мы тхыгъэр («Лениным сызэрыIущIар») къыщыдгъуэтыжащ Теунэ Хьэчим и архивым, адыгэбзэкIи урысыбзэкIи тхауэ. УрысыбзэкIэ зэзыдзэкIам и цIэ абы къыщыгъэлъэгъуакъым, адыгэбзэ тексттри зыгуэрым зэригъэпэщыжащ, тезыдзам IэщIэкIа щыуагъэхэр зэригъэзэхуэжащ, псалъэ зытхухи хитхэжащ. А псалъэхэр зи хъэтIкIэ тхар, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, Теунэ Хьэчимщ. ТхыгъитIми я псалъащхьэм кIэщIэтщ «Къызбрун ЕтIуанэ къуажэм щыщ Жэщ Хьэжы, илъэсищэрэ хырэ зи ныбжьым, къиIуэтэжащ» жиIэу, адыгэбзэкIэ тхам и кIэухым кIэщIэтхащ ар ЩоджэнцIыкIу Алий зэритхыжар икIи августым  и 20-м 1939 гъэм къыдэкIа  «Молодой сталинец» газетым къызэрытехуар. А газетыр къызэрыдэкIыу щытар урысыбзэщ икIи мы тхыгъэр абы адыгэбзэкIэ къытехуарэ къытемыхуарэ зэхэбгъэкIыныр иджы тыншкъым, а газетым и зы номери ди деж щыхъума зэрымыхъуам къыхэкIыу.

Мы Iуэхум мыгурыIуэгъуэу нэгъуэщI зыгуэри хэлъщ. Зауэ нэужь лъэхъэнэхэм ЩоджэнцIыкIу Алий  и тхыгъэхэр Теунэ Хьэчим  зытIущрэ къыдигъэкIыжащ. Абыхэм мыри хигъэхьэ хъуну къыщIэкIынт е, мыхъужыххэмэ, ди деж къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ ящыщ зым ар абы сытым щыгъуи хутедзэнут. Уегупсыс зэрыхъунумкIэ, абы и щхьэ-

усыгъуэр апхуэдэ тхыгъэ усакIуэм зэриIэр зэрыщыгъупщэжарщ е ар и архивым зэрыхэмыплъэжарщ.

Зэ еплъыгъуэкIэ, мы тхыгъэр ЩоджэнцIыкIум и рассказ «Кхъужьей щIагъым» пэгъунэгъущ, ауэ а тIум хэт лIыхъужьхэр ягъэтIысу Сыбыр зэрагъакIуэр зэрызэтехуэр мыхъумэ, ахэр зэщхь зыщI нэгъуэщI ябгъэдэлъкъым, ахэр лъабжьэ зырызым зэрытещIыхьами шэч хэлъкъым. Абы къимыдэкIэ, гъащIэм пэжу къыщыхъуам тещIыхьа щхьэкIэ, «Кхъужьей щIагъыр» зи щхьэ хущыт художественнэ тхыгъэщ, «Лениным сызэрыIущIар» цIыху пыухыкIам и гъащIэр къыщыIуэтэжа хъыбар къызэрыгуэкIыу къонэ. А хъыбар гъэщIэгъуэным усакIуэм мурад гуэрхэр хуиIагъэнущ, ар и лъабжьэу тхыгъэ пыухыкIа абы итхыну зэрыхэтам шэч хэлъкъым. А мурадыр и кIэм хунэмыгъэсами, езы тхыгъэм хыболъагъуэ зыхэт гъащIэ гущIэгъуншэм къызэрыгуэкI бгырыс мэкъумэшыщIэр и щхьэхуитыныгъэм щIэзэуным лъэщыгъэкIэ зэрыригъэзар, бэнэныгъэм и гъуэгум езы жылагъуэ мыхъумыщIэм зэрытригъэувар.

ЩоджэнцIыкIум и тхыгъэ нэхъ инхэр зытещIыхьахэр гъащIэм пэжу къыщыхъуа Iуэхухэрщ, лъэпкъ IуэрыIуатэм щызекIуэ хъыбархэрщ. Мы тхыгъэри щыхьэт тохъуэ усакIуэшхуэм еш имыщIэу апхуэдэ хъыбархэр зэхуихьэсу, ахэр фIыуэ зыщIэ лIыжьхэм яIущIэу, къыхуаIуатэхэр итхыу зэрыщытам. Мы хъыбарыр Къызбрун ЕтIуанэм щыщ Жэщ Хьэжы деж щитхыжамэ, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, «Къамботрэ Лацэрэ» романым лъабжьэ хуэхъуа хъыбарыр абы Къызбрун Ещанэм (Дыгулыбгъуей) щитхыжауэ щытащ.

# Лениным сызэрыIущIар

*Илъэсищэрэ хырэ зи ныбжь, Къызбрун ЕтIуанэ къуажэм щыщ Жэщ Хьэжы къиIуэтэжащ*

Зы зэман гуэр Наурзокъуэ пщымрэ молэмрэ мурад ящIащ ди къуажэм мэжджытышхуэ, мэжджыт дахэ дащIыхьыну. МэкъумэшыщIэхэм къыIахыурэ ахъшэ зэхуахьэсу щIадзащ. Дэ дымэжэщIалIэт, дытхьэмыщкIэт – диIэ тIэкIури мэжджытым щхьэкIэ тIахырт. ЩIын щIадзэри, ахъшэр иримыкъу хъуащ. Иджыри сом минитI къэгъуэтын хуейт. Сыт тщIэнт? Ди жэмыжь закъуэр дощэри – ди сабийхэм едгъэшхын диIэтэкъым. Пщымрэ молэмрэ ахъшэр дымыту ядэркъым. Дызэчэнджэщащ, дызэчэнджэщри, унафэ тщIащ: жэмыжь зырызыр дымыщэну, къуажэщIу дестынищэ хуэдиз бэджэнду ттымэ нэхъыфIу.

МэкъумэшыщIэхэм я дзыхь къызагъэзри, сэ лIыкIуэу сыхахащ. Жыжьэ сымыкIуэу, къуажэм дэс къулеижьхэм естынщ ди щIыр бэджэнду жысIэри сыпыхьати, сом минитIым и пIэкIэ сом щиплI фIэкIа къызатыртэкъым. Хъыбару зэхызох, Бахъсэн дэс Евтенкэ Иван щIы бэджэнду къещтэ жаIэу.

Абы и деж дыкIуащ. Дызэпсалъэри, дызэгурыIуащ. МыдэкIэ сыкъыздэкIуэжым, къуажэм дэс къулеижьхэм пщIэ мащIэ фIэкI щIамыту щIыр къазэрыIэрымыхьар я гуапэ хъуакъым. Ар щхьэусыгъуэ яхуэхъури, IейкIэ си ужь къихьащ. Пщыри абыхэм я лъэныкъуэт. Куэд дэмыкIыу мэкъумэшыщIэхэм хъыбар къызагъэщIащ пщым Иван къриджэу зы

Iуэху гуэркIэ зэрепсэлъылIамкIэ. Чэнджэщи къызахьэлIащ, къуажэм сыдэкIыу щIыпIэ жыжьэ гуэр сыщылажьэмэ нэхъыфIу…

Абыи сыхунэмыс щIыкIэ, Бахъсэн бэзэрым сыкIуауэ, Иван сыкъилъагъури и унэ сригъэблэгъащ. Дыуэршэру дыщысащ. Сеплъыпэмэ, абы и фэр пыхьэ-пыкIщ: зэ плъыжь, зэ хужь мэхъу, зы тутыныр жьэдихмэ, адрейр жьэдилъхьэу зэпыч имыIэу йофэ. «Сыту пIэрэ къыщыщIа мыгъуэр, чэфу пIэрэ?» – согупсыс сэр-сэру. Уащхъуэдэмыщхъуэу зыкъызэкъуипхъуэтри, «Моуэ гъунэгъуу къызбгъэдыхьэт, сэ уэ Iуэху пхузиIэщ», – къызжеIэ. Зэу зыкъызидзщ, си къурмакъейр щиубыдыкIри, ситхьэлэу щIидзащ. Къарууэ иIэр ирихьэлIауэ, Иван фочыр зыдэт плIанэпэмкIэ срегъэз, сэри зытезгъакIуэркъым. Куэдрэ дыхьэкъувыкъуа, мащIэрэ дыхьэкъувыкъуа, сытми, фунтитху хъу гырэ къыIэрыхьамкIэ Иван си щхьэм къеуэри пIэжьажьэу сыкъриудащ. Мис мы си щхьэм телъ дыркъуэр абы щыгъуэ къыстехуаращ. Фочыр гъэпсауэ иIыгъыу къыщызбгъэдэлъадэм, Iэ лъэныкъуэмкIэ субыдщ, адрей лъэныкъуэмкIэ си къамэр къислъэфри, и ныбэм хуэзэу сепыджащ Иваным.

Судым сихьащ. СагъэтIысри, си хэку къэзгъэзэжыну сыхуимыту илъэсипщIкIэ Сыбыр сашащ. Сэ сыздэщымыIа щыIэкъым а зэманым къриубыдэу… Гугъуехь мащIи си фэ дэкIакъым. Урал сыщыIащ, шым хуэдэу сыщIэщIауэ щIыгулъри мывэри гу цIыкIукIэ зесшащ, Сыбырми сыщыIащ, Iупсыр бдзамэ, щIым нэмысу щIымахуэ уаем пхъэ пызупщIу. Абы иужькIэ Харьков дагъэIэпхъуащ, фошыгъу щащI заводым дыщагъэлэжьэну. Пщэдджыжь нэмэзым щIэддзэрти, жэщыбг пщIондэ ди лэжьапIэ IэнатIэм дыбгъэдэтт, дагъэшхри щIакхъуэ гъур тыкъыррэ хьэнтхъупс тIэкIурэт. Герман зауэжьыр къызэрыхъейуэ Бытырбыху дашащ. Абы щыгъуэ сэ илъэс пщIейрэ плIырэ сыхъурт.

Тутнакъым сыздисым, «мафIэщIэгъэстщ» жыхуаIэ цIыхуфI куэдым нэIуасэ сахуэхъуащ. Ервэлуцэм и гугъу куэдрэ тщIырт. Ар ди унафэщIхэм ягу ирихьыртэкъыми, дызэпсэлъылIэу ядэртэкъым. ЩыIэщ мыпхуэдэ псалъэжь: «Къуршым къежэх псыр ятIэкIэ пхуIущIэнкъым». Дзэм восстанэ къызэрыщыхъуами, сэлэтхэм зэуэн ямыдэу зэрыщIэпхъуэжым и хъыбари, Лениным Арысейм къызэригъэзэжари, пщыхэр ягъэкIуэду щIыр мэкъумэшыщIэхэм иратыну зэрыхэтри – псори дэри зэхэтхт. Хуабжьу дыщыгуфIыкIащ а хъыбарыфIхэм.

Зы пщэдджыжь гуэрым Iэуэлъауэшхуэ зэхыдох. Псори щхьэгъубжэм добгъэрыкIуэ. Бэракъ плъыжьхэр яIыгъыу цIыху куэд долъагъу. Ахэр лъэхъуэщым къыщыбгъэдыхьэм, ди хъумакIуэхэр зэбгрыжыжащ. ЦIыхухэр, куэбжэхэмрэ бжэхэмрэ Iуаудауэ, уэрэд жаIэу къытхуокIуэ. Дыкъаувыхьауэ IэплIэ къытхуащI, сэ лIыжьыр сапхъуатэри утыкушхуэм нэс Iэтауэ сахь.

Утыкур инт, цIыхур гъунэжт, псори зэдежьууэ мэкIий: «ИугъащIэ хуитыныгъэм!», «Ура!» Махуэр хуабэт, бзыгъэт. ЦIыхухэр гуфIэрт, дыгъэри абы щыгуфIыкIырт. Сэ утыкушхуэм и курыкупсэм сыщынахьэсам, абы щыслъэгъуащ къэпсэлъапIэм ит лIыр. Ар щхьэпэлъагэтэкъым, и щхьэцыр икIат, натIабгъуэт. Гур игъэтIысу, хуабжьу шэрыуэу псалъэрт. КъызэрыгуэкIыу хуэпат – кIэстум фIыцIэ щыгът, пщэдэлъ дэлът. Сытым хуэдэу жьэ нахуэт ар! Псалъэу жиIэр ди гумрэ ди псэмрэ дыхьэрт. Сэ абы пэмыжыжьэу сыщытт, си нэIэ тезмыгъэкIыу сеплъу. Псэлъэн щиухым, цIыхухэм зыжьэу жаIэу зэхызох: «ИугъащIэ Лениным!» Сэ ар зэры-Лениныр къызгурыIуэри, нэхъри гъунэгъу зыхуэсщIащ. Абы ирихьэлIэу псэлъапIэм нэгъуэщI лIы къиуващ, Лениныр цIыхухэм ядэуэршэру

къахыхьащ. Ар, къыпыгуфIыкIыу, сэри къызбгъэдыхьащ, си Iэр къиубыду сэлам къызиха нэужь, и Iэ лъэныкъуэр си дамащхьэм къытрилъхьэри, къызэупщIу щIидзащ: «Дэнэ ущыщ, дадэ?» – «Кавказым», – естыжащ жэуап. – «Усыт лъэпкъ?» – «Сыадыгэщ». И пащIэкIэм щIэгуфIыкIри, гуапагъэ хэлъу абы жиIащ: «Адыгэр шууейуэ щытын хуейщ. Дэнэ щыIэ уи адыгэ фащэр, дыжьын бгырыпхыр, уи къамэр? Сыт уэ лъэхъуэщым ущIисар?»

Сэ псори хуэсIуэтащ. ЖесIа псоми гупсэхуу щIэдэIуащ. «Уэ афIэкIа пщыхэм уагъэтIысыжынкъым. Иджы гуащIэрыпсэухэм абыхэм я Iэ къыхуагъэдэлъэфынукъым. Уэ уцIыху щхьэхуитщ», – жиIэри апхуэдизу лъэщу къызжиIати, си гущхьэм телъа абрэмывэр техужри хуиту сыбэуэжащ.

*Зытхыжар* ***ЩоджэнцIыкIу Алийщ.***
*«Молодой сталинец» газетым къитхыжащ.*
*Еплъ 1939 гъэм августым и 20-м къыдэкIа номерым.*

# Илъэс пщIей гъуэгуанэм къриубыдэу...

ЕпщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм и кIэухымрэ етIощIанэм и пэщIэдзэмрэ Урысейм щIэныгъэфI щызыгъуэта адыгэ щIалэ зыбжанэм я Iэдакъэ къыщIэкIащ урысыбзэкIэ тха художественнэ, публицист лэжьыгъэфI куэд. Абыхэм ящыщщ псалъэм папщIэ, Къаз-Джэрий СултIан (1807-1863) и «ХьэжытIэгъуей аузыр», «Къэжэр гушыIэхэр». Мы тхыгъитIри Пушкиным игу ирихьри, езым къыдигъэкI «Современник» журналым къытригъэдзауэ щытащ. Къаз-Джэрий теухуауэ усакIуэшхуэм мыпхуэдэу итхыгъащ: «ДымыщIэххэу ди литературэм Iуэху хьэлэмэт къыщыхъуащ! Кавказ Iэлым щыщ лъэпкъым къыхэкIа щIалэр ди тхакIуэхэм къахохьэ, шэрджэсыр хуиту, лъэщу, зыхуейр уи нэгум IупщIу къыщIигъэувэу, урысыбзэм иропсалъэ. Журналым теддзэ мы пычыгъуэм щыщу зы псалъэ зэтхъуэкIын хуейуэ къэтлъытакъым…»

«Современник» журналым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэми традзащ Къаз-Джэрий и тхыгъэ – «Къэжэр гушыIэхэр». Абы теухуауи псалъэ гуапэ жиIащ урыс критик цIэрыIуэ Виссарион Белинскэми.

Апхуэдэу зэфIэкI яIэу зыкъагъэлъэгъуащ Хъан-Джэрий (1808-1842), КIашэ Адэлджэрий (1840-1872), ХьэтIохъущокъуэ Къазий (1841-1899), Тамбий Пагуэ (1873-1928), Хьэжылъашэ Мыхьэмэт-Бэч (1870-?) сыми.

IупщIу убзыхуа политикэ Iуэху еплъыкIэ зэримыIам къыхэкIкIэ, Хьэжылъашэр гъэпщылIакIуэхэм я дежкIэ еутэкIыжащ, хужьыдзэр зэхакъута нэужь, Хэкум икIыжри, хамэ щIыпIэм щылIэжащ. А хэхэсыр хамэ къэрал зэрыщыпсэуа щIыкIэр Алексей Толстой и «Эмигранты» повестым къыщигъэлъэгъуэжащ.

Зэрытлъагъущи, лъэпкъ литературэр зэман жыжьэм къыщожьэ, ауэ тхыбзэ диIэ хъууэ адыгэбзэкIэ тха тхыгъэхэм къыдэкIын зэрыщIадзэрэ илъэс пщIей ирикъуу аращ. Литературэм дежкIэ зэманышхуэкъым ар.

Дыкъызыдэбжэн хуейуэ къытщыхъур Щоджэнцlыкlу Алий и рассказ телъыджэхэу «Хьэжыгъэ пут закъуэ», «Кхъужьей щlагъым» жыхуиlэхэр дунейм къыщытехьа лъэхъэнэрщ: 1931-1933 гъэхэрщ. Ахэращ къэбэрдей художественнэ прозэм гъуазэ хуэхъуар.

Къыкlэлъыкlуэ илъэсхэм адыгэбзэкlэ Налшык къыщыдэкlащ Къуэжей Сосрыкъуэ и «Щlэ», Нало Жансэхъу и «Щlэдзапlэ», Махъсидэ Залымхъан и «Хьисэ и махуэ блэкlахэр» тхыгъэхэр. Нэхъ иужьыlуэкlэ, 1941 гъэм, тхылъ щхьэхуэу дунейм къытехьащ Теунэ Хьэчим и «Аслъэн» повестымрэ «Ладо и фызышэ» рассказымрэ.

Хэку зауэшхуэм и ужькlэ «Къэбэрдей» альманахым къытехуэу щlедзэ зауэр ди Текlуэныгъэкlэ зэриухам, ауэ абы ди цlыхухэм щашэча бэлыхьым теухуа тхыгъэхэр. Абыхэм ящыщщ Къашыргъэ Хьэпащlэ и «Зы жэщ» рассказыр, тхылъеджэхэр гуапэу зыlущlауэ щытар. Иужькlи абы и lэдакъэм къыщlэкlащ ди прозэр къэзыгъэщlэрэщlа тхыгъэ зыбжанэ, ауэ тхакlуэм и щlыхьыр лъагэу зыlэтар, и цlэр адыгэ литературэм ину щызыгъэlуар абы 1957 гъэм къыдигъэкlа «Насыпым и хэкlыпlэ» романырщ. Ар зыкъомрэ повесту къалъытэуи щытащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, иджыри апхуэдэу щыжаlэ щыlэщ.

Романыр зытеухуар къуажэ псэукlэрщ, мэкъумэш лэжьыгъэр къэlэтынырщ, зауэ нэужь илъэсхэм къуажэм щекlуэкlа lуэхущlафэхэрщ, ахэр къызэрызэрагъэпэща щlыкlэрщ. Цlэрыlуэ хъуа а тхыгъэм къыкlэлъыкlуащ «Лъапсэ быдэ» романри. Мыр, дауи, ди литературэм и хэлъхьэныгъэ ин дыдэу уващ. Романыр теухуащ Хэку зауэшхуэм и зэманым ди цlыхухэм зауэ lэнатlэми зауэ щlыбми щызэрахьа лlыхъужьыгъэм, щашэча гугъуехьым.

Тхакlуэр илъэс куэдкlэ зэлэжьа «Пшэкlухь» романыр 1976 гъэм къыдэкlащ. Къашыргъэм абы къыщеlуэтэж адыгэ лъэпкъым ижь зэманым къикlуа гъуэгуанэм и зы lыхьэшхуэ: гугъуехьакlуэхэм бжьы тlуащlэ ятелъу щыпсэуам къыщыщlэдзауэ ар революционнэ зэщlэхъееныгъэхэм щыхыхьа лъэхъэнэм нэс.

Къашыргъэ Хьэпащlэ и художественнэ прозэм куэдкlэ къигъэбэрычэтащ адыгэ литературэр. Жыпlэ хъунущ абы и прозэр нобэ зыужьыныгъэфl зыгъуэта ди литературэм и тхыгъэ нэхъыфlхэм, и тхыгъэ нэхъ купщlафlэхэм ящыщу.

Хэку зауэшхуэр щекlуэкlми, нэхъ иужьыlуэкlи дунейм къытохьэ Теунэ Хьэчим и «Аслъэн» повесть цlэрыlуэри и рассказхэр зэрыт «Лъагъуэщlэ» (1949), «Дыщэплъ пщэдджыжь» (1950) тхылъхэри. Абыхэм къадэкlуэу Теунэм и къалэмыпэм къыщlэкlащ Нэгумэ Шорэ, Пащlэ Бэчмырзэ, Щоджэнцlыкlу Алий, Кlыщокъуэ Алим сымэ я гъащlэмрэ я литературэ лэжьыгъэмрэ теухуа очеркхэмрэ литературэхутэ лэжьыгъэхэмрэ зэрыт тхылъхэри.

Псом хуэмыдэу ди литературэм хэлъхьэныгъэфl хуэхъуащ «Псэм и lэфlыр къыуатмэ» (1965 гъ.), «Шэджэмокъуэ лъэпкъыр» (1967 гъ.) романхэр.

Ди лъэпкъ литературэхутэм дежкlэ мыхьэнэшхуэ иlащ Теунэм тlэуней (1955, 1959 гъ.гъ.) къыдигъэкlа «Къэбэрдейм и литературэмрэ и тхакlуэхэмрэ» тхылъым ихуа очеркхэмрэ тхыгъэ купщlафlэхэмрэ.

Адыгэ прозэм псэщlэ къыхилъхьащ усакlуэ Щоджэнцlыкlу lэдэм и «Софят и гъатхэ» (1955 гъ.) повестым. Ар адыгэбзэкlи урысыбзэкlи зыбжанэрэ къыдэкlри, занщlэу цlэрыlуи хъуащ, щlэджыкlакlуэхэм ягу ирихьащ, литературэ критикэми абы гулъытэ хэха хуищlащ: «Софят и

гъатхэ» повестыр адыгэ литературэм и гъатхэу къалъытащ. Нэхъ иужькIэ тхакIуэм и Iэдакъэм къыщIэкIащ тхыгъэ хьэлэмэт зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ, къапщтэмэ, «Уэлбанэ дыгъэ» (1966 гъ.), «Уи цIэр фIэсщынщ» (1970 гъ.), «Щхьэгъубжэ нэху» (1981 гъ.) повестхэр.

Iэдэм романи итхын щIидзат, ауэ иухыну хунэсакъым. Абы щыщ пычыгъуэ «Бгы гууэщI гугъу» жыхуиIэр «Iуащхьэмахуэ» журналым тетащ.

Зызыужьу щIэзыдза адыгэ прозэ ныбжьыщIэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ яIащ Хэку зауэшхуэм и ужькIэ Шортэн Аскэрбий итха рассказхэм, очеркхэм, фельетонхэм, ауанхэм, гушыIэхэм. Абыхэм ящыщт «Псэемыблэжжхэм я нып», «Атакэ нэужьым», «Балъкъ и деж», «ЛIыгъэм и вагъуэ», «ГъатхитI», «Хэтхэ я унэ къанжэ тес», «Телефон псэлъэкIищ», «БлэкIар – фIыщ, къэкIуэнур – нэхъыфIыжщ» тхыгъэхэр.

Шортэным и «Бгырысхэм» и япэ тхылъыр 1954 гъэм дунейм къызэрытехьар ди адыгэ прозэм ича лъэбакъуэщIэу, абы и хэлъхьэныгъэщIэу зэрыщытыр хэт дежкIи гурыIуэгъуэщ. А романыр къэбэрдей прозэм и япэ художественнэ тхыгъэшхуэщ. ТхылъиплIу зэхэлъ романым, дызэрыщыгъуазэщи, тхылъеджэхэр гуапэу IущIауэ, литературэ критикэми хуэфащэу псалъэфI куэд хужиIауэ щытащ.

Шортэн Аскэрбий адыгэ литературэми, лъэпкъ щэнхабзэми, гъуазджэми я лэжьакIуэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зыт, хэкулI ахъырзэман зыхужаIэхэм хуэдэт.

ЩIэджыкIакIуэхэри критикэри гуапэу IущIауэ щытащ ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр 1955 гъэм къыдигъэкIа «Фи пщэдджыжь фIыуэ» тхылъым. ЗанщIэу цIэрыIуэ хъуащ абы ихуа «Замир», «Фи пщэдджыжь фIыуэ», «Лъапэ махуэ», «Шумахуэ уэрэд жеIэ» рассказхэр. КъаIэт Iуэхугъуэ и лъэныкъуэкIи, къэIуэтэкIэ елъытакIи, я ухуэкIэкIи хьэлэмэтщ «НысащIэ» (1961 гъэ), «Гур зыщIэхъуэпсыр» (1965), «Гъуэгу» (1968), «Гъуэгухэр щIым телъщ» (1973), «Иужьрей удж» (1975), «АнитIым я къуэ» (1979) тхыгъэхэр. ХьэхъупащIэм и ехъулIэныгъэу убж хъунущ «ГущIэгъуншэ», «Гъуэгущхьиблыр щызэхэкIым» тхылъхэри.

60 гъэхэм ди литературэр лIыпIэ йоувэ. Прозэ зытх тхакIуэхэм я бжыгъэм зэпымыууэ къыхохъуэ, абы и жанрышхуэхэм заужь. Дунейм къытохьэ КIыщокъуэ Алим, Къардэн Бубэ, Нало Ахьмэдхъан, Къущхьэ СултIан, Мысачэ Петр, ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Къагъырмэс Борис, МафIэдз Сэрэбий, Елгъэр Кашиф, Журт Биберд, IутIыж Борис, Хьэх Сэфарбий, КхъуэIуфэ Хьэчим, Мэзыхьэ Борис сымэ я повестхэмрэ романхэмрэ.

Ди усакIуэ нэхъыфIу зэрыщытам хуэдэ къабзэу, прозэмкIи бжьыпэр зыIыгъар, ехъулIэныгъэ нэхъ ин къэзыгъэлъэгъуар, дауи, КIыщокъуэ Алимщ. ЕтIощIанэ лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэм абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ ди литературэр лъагапIэщIэм хуэзыша «Хъуэпсэгъуэ нур», «Эмирым и сэшхуэ», «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ», «Щынэхужьыкъуэ», «Нал къута», «Кхъужьыфэ», «Мазэ къыщIэкIыгъуэ», «Лъапсэ» романхэр, «Бгыщхьэ хужьым укъеплъыхмэ» автобиографическэ повестыр.

«Хъуэпсэгъуэ нур», «Эмирым и сэшхуэ», «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ» роман-трилогиер теухуащ ди лъахэм Совет властыр зэрыщагъэувамрэ Граждан зауэр зэрыщекIуэкIамрэ. ЕтIуанэ трилогием – «Щынэхужьыкъуэ», «Нал къута», «Кхъужьыфэ» тхылъхэм лъэщу къыщыIуэтэжащ Хэку зауэшхуэр ди къэралымрэ ди щIыналъэмрэ зэрыщекIуэкIар, абы ди цIыхухэм щызэрахьа лIыхъужьыгъэр, щашэча гугъуехьыр, лъэпкъ

зэмылIэужьыгъуэхэм яку дэлъа гуапагъэмрэ зэныбжьэгъуныгъэмрэ, цIыхугъэ лъагэмрэ къуэшыгъэ нэсымрэ.

«Мазэ къыщIэкIыгъуэ» романыр теухуащ лIэщIыгъуэ блэкIам и кIэхэм хьэрып къэралхэм щыпсэу щIалэгъуалэм я Iуэху зыIутам, абы я псэукIам, я гурыгъу-гурыщIэхэм, IуэхущIафэхэм. КIыщокъуэм IэкIуэлъакIуэу къигъэлъэгъуащ Хьэрып къэралхэм я общественнэ зыужьыныгъэм епха Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр.

«Лъапсэ» романым къеIуэтэж Урыс-Кавказ зауэ лъапсэрыхыр зэрекIуэкIа щIыкIэр, абы адыгэ лъэпкъым къыхуихьа нэщхъеягъуэ иныр, хэщIыныгъэ бзаджэр, лъэпкъым къылъыса гуауэ мыухыжыр.

«Бгыщхьэ хужьым укъеплъыхмэ» повестым къыщыгъэлъэгъуащ езы тхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ, и Iыхьлыхэмрэ ахэр къэзыухъуреихь цIыхухэмрэ я дуней тетыкIэр.

Щхьэхуэу тепсэлъыхьыпхъэщ КIыщокъуэм и новеллэхэр иту 2000 гъэм къыдэкIа тхылъышхуэм. Апхуэдэу къыхэгъэщыпхъэщ КIыщокъуэм и тхыгъэхэр бзэ щэ ныкъуэм нэблагъэкIэ зэрызэрадзэкIар.

Езым и Iуэху еплъыкIэ, и хъэтI, и бзэ шэрыуэ иIэжу ди литературэм къыхыхьа Нало Ахьмэдхъан и рассказ нэхъыфIхэм ящыщщ «Бжьахъуэ пщыIэм», «МафIэ бзий ныбжь», «Бжьэр къэпщIащ», «Псыхьэ нанэ», «Лъагъуэхэр, гъуэгухэр», «Рейхстагым адыгэбзи тетщ», «Псы зэпрыкIыпIэм», «ЛIы псалъэ», «Хамэ хэкум», «Урыху акъужь» жыхуиIэхэр, нэгъуэщIхэри.

Дунейм и пIалъэ зыщIэ, гъащIэм фIыуэ хэзыщIыкI цIыхуу, зэфIэкI зиIэ тхакIуэу прозэм и жанр нэхъ инхэми зыкъыщигъэлъэгъуащ Нало Ахьмэдхъан. Абы щыхьэт тохъуэ тхакIуэм и Iэдакъэм къыщIэкIа «Къэрэгъул зэблэкIыгъуэ» повестымрэ (1972 гъэ), «Нэхущ шу» (1977), «Псы Iуфэм Iут унэ цIыкIу» (1990) романхэмрэ.

Мыбдежым щхьэхуэу гу лъытапхъэщ Налом и «Нэхущ шу» романыр ди литературэм и хэлъхьэныгъэ ину, ар зи IэдакъэщIэкIым дежкIэ ехъулIэныгъэшхуэу зэрыщытым. Романыр зытеухуа Урыс-Япон зауэр ди адыгэ литературэм зэи зи гугъу щамыщIа Iуэхугъуэщ.

Хэку зауэшхуэм ди зауэлIхэм щызэрахьа хахуагъэр художественнэ пэжыгъэ нэс хэлъу Къардэн Бубэ и повестхэмрэ и рассказхэмрэ къыщигъэлъэгъуэжащ. Ар щынэрылъагъущ «Сэлэтым и гъуэгуанэ» (1968 гъэ), «Гуимыхужхэр» (1976), «Фронтым адэкIэ» (1981), «Бгъащхъуэ» (1985), «ЗэхэгъэкIыпIэ» (1987), «Комбат» (1991) жыхуиIэ тхылъхэм ихуа тхыгъэхэм. Къардэным и IэдакъэщIэкIхэр гурыхь икIи щIэщыгъуэ зыщIыр езыр зыхэта псори телъащIэ хэмыту, Iэзэу уи нэгу къызэрыщIигъэувэжырщ.

Дызэрыщыгъуазэщи, сыт хуэдэ литературэми игъуэта зыужьыныгъэр къызэрапщытэ хабзэр лъэпкъ прозэр зэрыт щытыкIэрщ, абы и зэфIэкIымрэ и фIагъымрэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ ди прозэм фIыкIэ ущIытепсэлъыхь хъун щхьэусыгъуэхэр и гъунэжщ. Дигу къэдывгъэгъэкIыж Къущхьэ СулътIан («Механик», «ШагъдиитI», «ЩIакIуэ щIагъым»), ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ («Уи пщэдджыжь фIыуэ, Тэрч!», «Дыщэм ефIэкIыу», «Дыщэр дыщэпс хуэныкъуэкъым», «Гум псори къонэ», «Тэрч щыхьэтщ», «Мазизэ», «ЛъыщIэж»), МафIэдз Сэрэбий («ЩIакIуэ фIыцIэ», «ХьэщIэ махуэ», «Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ», «Мыхъур»); Елгъэр Кашиф («ЩIэдзапIэ», «Сабиигъуэм и дыгъэ», «Пщэдджыжь хьэщIэ», «Ухеймэ, улъэщщ», «Щыуагъэ», «Лъагъуныгъэм и бзэ») сымэ, нэгъуэщIхэми я IэдакъэщIэкIхэр.

Ди прозэм и зыужьыныгъэм и лъэхъэнэщIэу уващ 20-нэ лIэщIыгъуэм и 80-90 гъэхэр. А лъэхъэнэм ди литературэр я тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ къагъэберычэтащ КIэрэф Мухьэмэд, Нало Заур, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Мэзыхьэ Борис, Елмэс Iэулдин сымэ. Псом хуэмыдэу тхылъеджэхэмрэ литературэ критикэмрэ ягу ирихьащ Нало Заур и рассказхэр щызэхуэхьэса «Къру закъуэ» (1981 гъэ) тхылъыр.

Сыт и уасэ «Къру закъуэм» ит хъыбар хьэлэмэтхэр е иджыблагъэ къыдигъэкIа «Мазэм фIэкIа зыми имылъэгъуар» тхылъ гъуэзэджэр, хьэмэрэ «Iуащхьэмахуэ» журналым тета повестхэр? Налом и Iэзагъэм зэрыхэхъуам щыхьэт тохъуэ абы 2012 гъэм къыдигъэкIа «Дыджым и IэфIыгъэ» тхылъри.

Нэхъ иужькIэ ди литературэм къыхыхьауэ щыта тхакIуэхэми мыхуэмыхуу зыкъагъэлъэгъуащ. Абы и лъэныкъуэкIэ хьэлэмэтщ Къаныкъуэ СэIэдулэ и «Ленинград къикIа хъыджэбз» романыр. Къандур Мухьэдини тхылъеджэхэм зэраIущIар и романхэмкIэщ. КIэрэф Мухьэмэд, КъуэщIысокъуэ Хьэжысмел, Мэржэхъу Мухьэмэд, Емкъуж Мухьэмэд, Джыназ Юрэ, Къамбий Зуфар, Щоджэн Хьэсэн, Щхьэумэжь БетIал сыми, нэгъуэщIхэми я IэдакъэщIэкIхэмкIэ ди прозэр ягъэбжьыфIащ.

И ныбжьым емылъытауэ, рассказ хьэлэмэтхэмрэ повесть купщIафIэрэ къыщIэнащ игъуэ нэмысу дунейм ехыжа Къанкъул Заур.

УегъэгуфIэ нобэ ди прозэм иIэ хъуа щытыкIэфIым. Абы зиузэщI зэпытурэ йокIуэкI. Апхуэдэу щыт пэтми, жыпIэ хъунукъым ди тхакIуэхэм псори зэхуэдэу къехъулIэу, Iуэхугъуэ псори къызыхуэтыншэу зэпкърахыфу, зи гугъу ящIхэр дагъуэншэу къаIуэтэфу. Ди жагъуэ зэрыхъущи, зи гугъу щIыпхъэ Iуэхугъуэхэри щыIэщ. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, ди тхакIуэхэр нобэрей гъащIэр лъэныкъуэ псомкIи убгъуауэ къэгъэлъэгъуэным нэхъ ерыщу зэрыхущIэмыкъур, литературэм и жанрхэм зэхуэдэу зэрызамыужьыр, драматургиер усыгъэмрэ прозэмрэ куэдкIэ къазэрыкIэрыхур, нобэрей адыгэ бзылъхугъэм и образыр, абы гъащIэм щигъэзащIэ IуэхущIафэхэр нэсу къэгъэлъэгъуа зэрымыхъуар.

Апхуэдэ ныкъусаныгъэхэр нэхъ мащIэ хъунт, ди литературэ критикэмрэ литературэм и гъуэгур зыубзыху щIэныгъэмрэ, зэрыщытын хуейм хуэдэу, ткIийуэ, нэфI-ней, зэхэгъэж, гужьгъэжь хэмылъу Iуэхум бгъэдыхьэу, литературэм и зыужьыкIэр и чэзум набдзэгубдзаплъэу къахутэу щытамэ.

**ЕРЖЫБ Аслъэн,**
*педагогическэ щIэныгъэхэм я кандидат.*

# Лъэпкъ гулъытэ зыхуэфащэщ

Бэчмырзэ и гъащIэмрэ и творчествэмрэ лэжьыгъэ мащIэ тратхыхьакъым. А псоми къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, ПащIэм фIыщIэшхуэ щиIэщ лъэпкъым деж: Бэчмырзэ и творчествэм адыгэ IуэрыIуатэмрэ тхыбзэмрэ лъэмыж пэлъытэу зэпищIащ – IуэрыIуатэр и лъабжьэу тхыбзэ литературэ зэхиублащ. ПащIэ Бэчмырзэ псалъэм и художник Iэзэм къыщымынэу, икIи къэмылэнджэж общественнэ лэжьакIуэ гъуэзэджэт. УсакIуэр «къуажэлI» къудейтэкъым. Ар дэни нэсырт. Къэбэрдейм и тхыдэм зы Iуэхугъуэ щекIуэкIакъым ПащIэр зыхэмыпсэлъыхьа е усакIуэбзэкIэ зыпэмыджэжа.

ЖыпIэ хъунукъым абы и цIэр гъэлъэпIэным къэралым гулъытэ хуимыщIауэ. Япэрауэ, 1958 гъэм, Бэчмырзэ къызэралъхурэ илъэси 105-рэ щрикъум ирихьэлIэу, Налшык и зы уэрам кIыхьым ПащIэм и цIэр фIащауэ щытащ, а уэрамым фэеплъ сын тегъэувэныр икъукIэ гувами. 1979 гъэ лъандэрэ Налшык щолажьэ Бэчмырзэ и цIэр зезыхьэ сабий библиотекэ, усакIуэр къызэралъхурэ илъэси 125-рэ зэрырикъуам и щIыхькIэ фIащауэ. НэхъапэжкIэ, 1946 гъэм, Бэчмырзэ и цIэр фIащауэ щытащ Нартан дэт курыт еджапIэхэм ящыщ зым. 1987 гъэм а школ пщIантIэм щагъэуващ усакIуэм и фэеплъ сыни, езым и лъагагъыу щытам хуэдизу. ЕджапIэмкIэ дэкI уэрам цIыкIум а гъэ дыдэм Бэчмырзэ и цIэр фIащыжащ. Ар псори хъарзынэт, ауэ мащIэщ, абы лъэпкъым и деж щиIэ фIыщIэм елъытауэ. Бэчмырзэ хуэфащэт музей иIэну, абы и цIэм епха хьэпшыпхэр, документхэр, сурэтхэр, тхыгъэхэр щIэлъу, лъэпкъым, цIыхубэм яхуэлэжьэнымкIэ абы и щапхъэм щIэблэр щIапIыкIыу. Бэчмырзэ 1936 гъэм дунейм ехыжащ, и музей тIэкIур къыщызэIуахар 2003 гъэрщ, илъэс 73-рэ дэкIыжа нэужьщ. КъызэIузыхари къэралыракъым, езы ПащIэхэщ – Бэчмырзэ и лъапсэм ис и къуэрылъху ТIэмашэрэ абы и щхьэгъусэ, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, лъэпкъыр сыт хуэдэ Iуэхукlэ зэхыхьэми къахэжаныкIыу къекIуэкIа ПащIэ Ленэрэщ.



**Музейм и лэжьакIуэхэу ПащIэ Ленэрэ абы ипхъу Светэрэ сыт щыгъуи хьэщIэхэм гуапэу къапожьэ.**

А мурадыр ящIа нэужь, ТIэмашэрэ Ленэрэ Налшык къалэр къагъанэри Нартан, Бэчмырзэ и лъапсэу щытам, мэIэпхъуэж. Япэ щIыкIэ зыщыпсэун унэ ящIыну къыщIадзэ. Абы пэмылъэщу кIыхьлIыхь щыхъум, метр зэбгъузэнатIэ 50 хъууэ музей унэ цIыкIу ящI, и гупэр уэрамым хуэгъэзауэ. Абы Бэчмырзэ и фэеплъу яIэр щIалъхьэ, ямыIэжхэри къалъыхъуэурэ, хьэпшыпми, сурэтми, документми зыкъом зэхуахьэс.

Бэчмырзэ адыгэхэм я дежкIэ Дагъыстаным я Стальскэ Сулейман, къэзахъхэм я Джабаев Джамбул сымэ хуэдэщ. АитIуми я музейхэр щыпсэуауэ щыта унэхэм къыщызэIуахахэщ. КъызэIузыхахэр я Iыхьлыхэр аращ, иужькIэ къэрал статус ягъуэтыжами. Ауэ абыхэм я музейхэр нэхъ

псынщӀэу къызэӀуахащ – Стальскэр дунейм ехыжри илъэс 13 дэкӀауэ (1950 гъэм), Джабаевыр дунейм зэрехыжрэ илъэситӀ нэхъ мыхъуауэ (1947 гъэм).

ТӀэмашэрэ Ленэрэ музей ухуэным зэрелӀалӀэм нартандэсхэм гу лъата нэужь абы зыгуэрхэр къекӀуалӀэу хуожьэ, экспонатхэм цӀыхухэр пщӀэншэу ирагъэплъурэ илъэс зыбжанэ йокӀуэкӀ. Унэр къецӀыкӀуэкӀ щыхъум, цӀыхухэми музейм пщӀэ хуащӀу щызыхащӀэм, ТӀэмашэрэ Ленэрэ ТхакӀуэхэм я союзым, министерствэхэм тхэуэ щӀадзэ музейм зегъэужьынымкӀэ щӀэгъэкъуэн къахуэхъуну лъаӀуэ. Жэуап кърамытурэ зэман хъарзыни екӀуэкӀащ.

2003 гъэм февралым и 19-м музейр къызэӀуах. Абы уэру къокӀуалӀэ къэрал ӀуэхущӀапӀэхэм я лӀыкӀуэхэр, тхакӀуэхэр, щӀэныгъэлӀхэр, журналистхэр, егъэджакӀуэхэр, студентхэр, къуажэдэсхэр. Ӏуэхум щогуфӀыкӀхэр, музейр куэд щӀауэ къэралым къызэӀуихын хуеяуэ къалъытэ, Бэчмырзэ и цӀэм епха тыгъэ гуэрхэри къырахьэлӀэ. Псалъэм папщӀэ, «Ӏуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу щыта, тхакӀуэ ӀутӀыж Борис музейм тыгъэ хуищӀащ бзэ щӀэныгъэрылажьэ, Грузие Академием и академик Джанашиа Симон ди лъахэм щыщыӀам (1929 гъ.) итхыжыгъахэр зэрыт тхылъ, адыгэ усакӀуэшхуэ ПащӀэмрэ абырэ я зэрыцӀыхуныгъэм, яку дэлъа зэныбжьэгъугъэм теухуар.





**Музейм къеблэгъахэщ Темыркъан Юрэрэ Тут Зауррэ.**

Музейр къызэӀуаха, ар хэӀущӀыӀу хъуа нэужь, Ленэ унафэщӀхэм яхуэтхэным щӀедзэж: ЩэнхабзэмкӀэ министерствэм, Правительствэм, Президентым я деж матхэ. ТхакӀуэхэм я союзми къыдеӀыгъри, КъБР-м щэнхабзэмкӀэ и министрым 2004 гъэм и к1эм унафэ къыдегъэкӀ Бэчмырзэ и лъапсэжьым къыщызэрагъэпэща музейр къэралым къызэрищтэмкӀэ. ПащӀэхэ музейр зэрахьэн щӀадзэ, мащӀэ-куэдми улахуэ кърату.

«Къэрал музейм и къудамэ зэрыхъурэ куэдкӀэ нэхъ ефӀэкӀуа музейр?» – жысӀэу Ленэ сыщеупщӀым: «Шэч хэмылъу», – къызжиӀащ. ЕфӀэкӀуэныгъэхэм ящыщщ музейр къыщызэӀуахауэ щыта пэш цӀыкӀум езым хуэдиз дыдэ къэрал мылъкукӀэ къызэрыгуащӀыхьыжар. ЩэнхабзэмкӀэ министерствэм ахъшэ къыхуиутӀыпщри, музейм и бгъэдыхьэпӀэр гъущӀ сэрейуэ кърващӀэкӀащ. Шэджэм район администрацэр къыдэӀэпыкъури, бгъэдыхьэпӀэхэр захуэ ящӀащ – асфальт телъхьэным хуагъэхьэзыращ. Къэралым нэмыщӀи цӀыху щхьэхуэхэми зыкъыщӀагъэкъуэ

музейм. Псалъэм папщIэ, Бизнесымкlэ институтым и тхьэмадэ Хъурей Феликс музейм яхущIригъэшащ къэзыгъэплъ системэрэ уэздыгъэрэ.

Ахэр хъарзынэщ, ауэ псом япэр экспонатхэращи, илъэситхум и кIуэцIым абыхэм куэд къахэхъуауэ пхужыIэнукъым. Пэжщ, абы щыщу 4-р лъапIэ дыдэщ – езы Бэчмырзэ и IэкIэ ищIауэ щыта хьэпшыпщ: уанэ, шэнтжьей, пхъэ гуахъуэ, пхъэ хьэнцэ. Уанэр Бэчмырзэ Анзорей къуажэ ТIэшхэ ящыщ гуэрым хуищIауэ щытащ. Музейр къызэIуахауэ щызэхихым, зритам и къуэрылъхум музейм къритыжащ. Шэнтжьейр Бэчмырзэ ипхъу Хъаний дыщырыкIыу хуищIауэ щытащ. Мыри музейм къезытыжар Хъаний и къуэрылъху Нэгъуей Iэниуарщ.

Нобэр къыздэсым музейм щызэхуэхьэса хъуащ хьэпшыпми, документми, сурэтми, тхылъми, газетми, журналми Бэчмырзэ и цIэм епхауэ 200-м щIигъу. Абыхэм ящыщщ хьэрып азбукэр къигъэсэбэпурэ езы Бэчмырзэ зэхилъхьа алфавитыр, абыкIэ итхыжа и усыгъэхэр, гуманитарнэ къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым щIэлъхэм я копиехэр. ЗэрыжытIащи, Бэчмырзэ академик Джанашиа Симон хуэзауэ, ныбжьэгъу хуэхъуауэ щытащ. Уеблэмэ Джанашиа и фIыщIэкIэ Бэчмырзэ и усыгъэхэм ящыщ хъума хъуауэ къыщIэкIащ. Музейм щIэлъ сурэтхэм яхэлъщ ПащIэмрэ Джанашиарэ зэбгъэдэсу траха сурэт, нэгъуэщI куэди. Музейм щIэлъ документхэм яхэбгъуэтэнущ 1869 гъэм ятха тхылъыр (документыр) – илъэс 12-м ит Бэчмырзэ и адэм и гъусэу хьэж ищIыну кIуэну хуит ящIахэм я спискэм хэту.

Музейр кьызэгъэпэщыным зи гуащIэ ин хэзылъхьа ПащIэ Ленэ куэд къехъулIами, жыжьэуи и Iуэхур иухауэ къэплъытэ хьунукъым. «Iуэху мыублэ блэ хэсщ» жыхуаIэрати, Iуэхур ублащ икIи фIыуэ кIуэтащ. АдэкIи зэпымыууэ егъэфIэкIуэн хуейщ Бэчмырзэ и фэеплъхэр зэхуэхьэсыжынымкIи, щIы, унэ иубыдхэм къахэгъэхъуэнымкIи.

Бэчмырзэ теухуа тхылъхэм ящыщ зым дыкъыщоджэ: «Жэмыхьэтым, жылэхэм, хэкум щыIэ унафэхэр цIыхубэм яхэгъэIуэныр пщэрылъ зыщызыщIыжа Бэчмырзэ гуапэу дэни щрагъэблагъэрт. УсакIуэм хуащI щIыхьым, къилэжьа пщIэм и дамыгъэу зеикъуэдэсхэм 1930 гъэм ПащIэм кърата гъащ жып сыхьэт». Музейм дыщыщIэупщIат сыхьэтми, зы щIэлъу къыщIэкIащ, ауэ ПащIэ Ленэ зэрыжиIэмкIэ, ар Бэчмырзэ къезытар Бахъсэн ГЭС-р езыгъэщIахэм яхэта, адыгэхэм ящыщу япэу инженер IэщIагъэр зэзыгъэгъуэта Хъурей Ахьмэдщ, Бэчмырзэ ГЭС-м триухуа усэм папщIэ.

Бэчмырзэ лъэпкъым зэрыхуэлэжьар къалэмым и закъуэкъым – и Iэщхьэлъащхьэр дэхьеяуэ къарукIи лэжьащ, щапхъэ къигъэлъагъуэу. Тхыгъэхэм зэрыжаIэмкIэ, и зы кIапэр белу, и зы кIапэр джыдэу, абы гъущI баш гъум (лом) иригъэщIри, абыкIэ, къуацэ-чыцэу зэщIэкIэжауэ щIы гектар тIощI игъэкъэбзащ. Колхозыр щызэхыхьэм ар яритауэ щытащ хыхьапщIэу (взносу). ФIы хъунт, а Iэмэпсымэри къэгъуэтыжамэ е абы ещхь музейм щIэлъхьамэ.

Хъарзынэт Бэчмырзэ щыпсэуа унэ-лъапсэм и теплъэр зэрыщытам хуэдэу цIыхубэм я нэгу къыщIэбгъэувэжынуи. Ари пхузэфIэкIын Iуэхущ, сыту жыпIэмэ тхыгъэ щыIэхэми къыхощ, езы ПащIэхэ я нэхъыжьхэми, нартандэс нэхъыжьхэми ящIэж икIи куэд къыбжаIэжыфынущ абы теухуауэ. Бэчмырзэ и къуажэгъуу щыта, и гъунэгъуа, абы и гъащIэмрэ и творчествэмрэ кандидат диссертацэ тезытхыхьа Пщыбий Инал и зы лэжьыгъэ дыкъыщоджэ: «Нартан гъущI гъуэгу зэблэкIыпIэм пэмыжыжьэу къуажэкIэм деж, уэрамыщхьиблыр щызэхэкIым и ижьырабгъу

лъэныкъуэм, зи бжэIупэм хуэрэджэ жыг Iут бгъэныщхьэ унэ кIыхь тетащ. Мы лъапсэм, мы унэм къыщалъхуащ, щапIащ, и гъащIэр щрихьэкIащ, дунейм ехыжыху щыпсэуащ къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщ ПащIэ Бэчмырзэ».

Щыпсэум хуэмызами, Бэчмырзэ и творческэ щIэиныр зэщIикъуэу архив ищIыну зи пщэ дэлъа ЩоджэнцIыкIу Алий и гъусэу Бэчмырзэ и лъапсэм ихьауэ щытащ Либединскэри. Абы зэритхыжымкIэ, Бэчмырзэ и унэр чы-бжэгъум къыхищIыкIри езым и IэкIэ ищIауэ щытащ, унагъуэ хъуа нэужь. Дэтхэнэра атIэ пэжыр: Пщыбийм жиIэра хьэмэрэ Либединскэм итхыра? Ари зэхэгъэкIауэ унитIым я теплъэри макету е сурэту щIауэ музейм щIэлъамэ нэхъыфIт. Бэчмырзэ деж къекIуалIэу щыта тхакIуэ, щIэныгъэлI гуэрхэм трахауэ щыIэнкIи хъунщ абыхэм я теплъэр. Апхуэдэ сурэт щыIэмэ, музейм и лэжьакIуэхэр абы лъыхъуапхъэщ. Унэхэм я теплъэм къищынэмыщIауэ, унэ кIуэцIхэми, пщIантIэхэми, хадэхэми я щытыкIар къэхутауэ, музейм къиубыд щIыгур апхуэдэу гъэпсыжын е макету щIауэ музейм щIэгъэувэжыпхъэт. Абыхэми набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъауэ щытащ Либединскэр.




**ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр зезыхьэ школым хьэщIэхэр къерегъэблагъэ**

2003 гъэм Бэчмырзэ и музейр къыщызэIуахым кърихьэлIахэм къыжаIауэ щытащ Нартан, усакIуэм и цIэр зезыхьэ школым деж блэкI уэрам кIэщI цIыкIур мыхъуу, музейр зытет Колхоз уэрам кIыхьым и цIэр ПащIэм и цIэкIэ зэхъуэкIыныр зэрафIэкъабылыр. Шэджэм район администрацэм и унафэкIэ а жэрдэмыр гъэзэщIа хъуащ. Ари лъэбакъуэ хъарзынэщ лъэпкъым и усакIуэ, узэщIакIуэ, философ ПащIэ Бэчмырзэ и фэеплъыр хъумэнымкIэ. Нэхъ тэмэм хъунт, а уэрамышхуэм трагъэувэну фэеплъ сыныр музейм и пащхьэм, пщIантIэм дэтамэ.

Ищхьэкiэ къыщыдгъэлъэгъуащ Бэчмырзэ къызэралъхурэ илъэси 155-рэ щрикъу 2009 гъэм и кIэм ирихьэлIэу музейм фэеплъу 200-м щIигъу щIэлъауэ. Шэч къытетхьэркъым егугъуу елэжьрэ Къэбэрдейм и

къуажэхэр унэрыхьэ-унэрыкIыу щIэпщытыкIамэ Тырку, Сирие хасэхэм запыщIарэ абыхэми къагъуэтыр къыхалъхьамэ, Бэчмырзэ и лъэр здынэса нэгъуэщI щIыпIэхэми ущылъыхъуэмэ, архивхэми аргуэру ухэплъэжмэ, музейм щIэлъым хуэдиз фэеплъ иджыри къызэрыбгъуэтынум. Ари куэдкъым, ауэ ар итIанэ ебгъапщэ хъуну къыщIэкIынт Бэчмырзэ зэдгъэщхь, Дагъыстаным и усакIуэшхуэ Стальскэ Сулейман и музейм. Абы фэеплъу 1800-рэ щIэлъщ.

Экспонатхэр щыпхъумэнур, щыбгъэлъэгъуэнур нэхъ Iэхуитлъэхуиту щытыпхъэщ. Музейм и унэ цIыкIум щIэхуэнукъым цIыху щэджащэм и фэеплъ хьэпшыпхэр, абы теухуа тхыгъэхэр, сурэтхэр, документхэр. Аргуэру Стальскэм и музейм едгъэпщэнщи, ар метр зэбгъузэнатIэ 225-рэ мэхъу, ари гъэлъэгъуапIэрэ хъумапIэ къудейуэ. Абы библиотекэри архиври хэткъым. Абы нэмыщIкIэ, музейм зы пэш щхьэхуэ иIэн хуейщ, Бэчмырзэ теухуа дерс щыпт хъууэ. Адыгэбзэ езыгъэджхэм къалъытэ Бэчмырзэ и гъащIэмрэ и творчествэмрэ теухуа дерсхэр и музейм щегъэкIуэкIамэ нэхъ ехъулIэныгъэ къишэну. Псалъэм папщIэ, Къулькъужын Ипщэ курыт школым и егъэджакIуэу щыта, Урысейм и егъэджакIуэ нэхъыфI хъуа Нэхущ Залинэ и еджакIуэ цIыкIухэр Нартан къишэри, дерс зэIуха щригъэкIуэкIауэ щытащ. Пэжу, дерсым хэтахэр зэфIэту, зэхэгуауэ щыта мыхъумэ, тIысыпIэ ягъуэтакъым. Хъарзынэт, къекIуэлIахэм музейм щIэлъ экспонатхэм щыгъуазэ защIа нэужь, школ класс хуэдиз нэхъ мыхъуми, техникэкIи къызэгъэпэщауэ, зы еджапIэ пэш абы иIамэ. Дерсхэр нэхъ щIэщыгъуэу, гъэщIэгъуэну екIуэкIынт, усакIуэм и гъащIэмрэ творчествэмрэ нэхъ куууи зыхащIэнт.

ПащIэм теухуа тхыгъэхэм къызэрыхэщымкIэ, и хадапхэм декIуэкI къуэкIийм и бжьэпэм Бэчмырзэ щIыунэ щищIауэ щытащ, щыпсэуну, щылэжьэну; а щIыунэрауэ къалъытэ хьэрып хьэрфхэр и лъабжьэу усакIуэм адыгэ алфавит щызэхилъхьар, и усыгъэхэм я нэхъыбэр щитхар. Нэхъ тэмэмт Жэмыжьыкъуэ бжьэпэр музейм къыхэгъэхьэжарэ а щIыунэм и щытыкIари зэфIэгъэувэжатэмэ. Пэжу, мы Iуэхур зэфIэкIыну гугъэ уэзыгъэщI лъэбакъуэ ча хъуащ – Нартан къуажэ администрацэм и унафэкIэ Жэмыжьыкъуэ пхъэнкIий идзыпIэ щIыныр къагъэувыIащ. Iуэхур адэкIи кIуэтэну ущыгугъ хъунущ район, къуажэ администрацэхэр, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр музейм и лэжьакIуэхэм къазэрыдэIэпыкъумкIэ, абы къимыдэкIэ, цIыху щхьэхуэхэм гулъытэ къызэрыхуащIымкIэ.

«Адыгэ тхакIуэхэр» тхылъым Бэчмырзэ и лэжьыгъэу 100-м щIигъу къыщыгъэлъэгъуащ. А псори щIэлъыпхъэт музейм.

Псом нэхърэ нэхъыщхьэжу къыщIэкIынщ Бэчмырзэ ИстамбылакIуэм пэувауэ зэрыщытар. ЛъэпкъкIуэдыр къызэтегъэувыIэным абы къаруушхуэ хилъхьащ. ЦIыху мин бжыгъэ зыбжанэ къигъэдэIуащ Истамбыл гъуэгум темыувэну. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, абыхэм я гъащIэр ихъумащ. КъэхутакIуэхэм зэратхымкIэ, Бэчмырзэ Къэбэрдейр къызэхикIухьурэ хэкум икIыжахэм я гъащIэр зэрыдыджыр яжриIэрт, и нэкIэ илъагъухэр щапхъэу къахуихьурэ хэкур ямыбгынэну, цIыхухэр къыхуриджэрт хэхэс хъуахэм къагъэхьа тхыгъэхэм къыхуеджэрт. А Iуэхум теухуауэ музейм щIэлъIакъым. Абы елэжьыпхъэт ди щIэныгъэлIхэр.

Зэрынэрылъагъущи, Бэчмырзэ и музейр зэфIэувэным теухуауэ Iуэхугъуэ куэд зэфIагъэкIами, къапэщылъыр нэхъыбэжщ. Иджы къытедгъэзэжынщи, музейм къыхэгъэхъуэн хуейщ, абы хэтыпхъэщ фэеплъ (экспонат) гъэлъэгъуапIэ, хъумапIэ нэхъ Iэхуитлъэхуит. Абы къимыдэкIэ,

дерс щат пэш, библиотекэ, архив, щIэныгъэ лэжьыгъэ щрагъэкIуэкI пэш, нэгъуэщIхэри. Бэчмырзэ и музей щыIэщ жари хъыбарыр зэбгрыкIащи, цIыхур макIуэ, здэкIуам арэзы къиищIыркъым. Музейр къыщызэIуахым кърихьэлIахэм къыхагъэщауэ щытащ ПащIэхэ ящIа музей унэ цIыкIум унэшхуэ къыбгъурыщIыхьын зэрыхуейр. ФIы хъунт ПащIэхэ я псэупIэ унэ ныкъуэщI къатитIу зэтетыр къэралымрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ зэхэту къащэхужрэ музейр абы ягъэIэпхъуамэ. ИтIанэ музейм КъБР-м къиихьэ зыплъыхьакIуэхэр пшэ, ар турист къэувыIэпIэхэми хэбгъэхьэ хъунут.

Дыщыгугъынщ ПащIэ Бэчмырзэ и музейр ефIэкIуэну, лъэпкъым и узэщIапIэ-гъэсапIэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ зы хъуну. Абы щхьэкIэ музейр зезыхьэ ПащIэхэ ямызакъуэу къэрал, район, къуажэ унафэщIхэми, дифI дгъэлъэпIащэрэт жызыIэ дэтхэнэ зыми къыттохуэ лъэпкъ Iуэхуу къэлъытапхъэ музейм зыщIэдгъэкъуэну.

**ТХЬЭМОКЪУЭ Женя,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат.*

# Псэлъыхъубзэ

Адыгэм и хьэгъуэлIыгъуэр сыт щыгъуи Iэтауэ ищIу щытащ. Ар игъэдахэрт лIэщIыгъуэ бжыгъэкIэрэ зэфIэува адыгэ хабзэм тету, зы Iуэхум адрейр къыкIэлъыкIуэурэ нэгузыужьу зэрекIуэкIым. ХьэгъуэлIыгъуэр зейм и зэфIэкIыр, хьэблэр, благъэхэр зэрызэрыIыгъыр къэзыгъэлъагъуэ, унагъуэмрэ лъэпкъымрэ жылагъуэм щаIэ пщIэр нэрылъагъу зыщI Iуэхут. Абы къыдэкIуэу, цIыху зэхэтыкIэм нэIуасэ зыщыхуэпщI хъу, уи гъэсэныгъэр здынэсри щыбгъэлъагъуэ щIыпIэт. ИкIэм-икIэжым, адыгэ хьэгъуэлIыгъуэр щауэр щагъэгушхуэ, нысащIэ цIыкIур зыхаIэтыкI, зыхагъэфIыкI дауэдапщэт. Абы къыхэкIыуи гукъыдэж дахэрэ дэрэжэгъуэ инрэ хэлъу зэрырагъэкIуэкIыным хущIэкъурт.

ХьэгъуэлIыгъуэ къыдэхыныр нэхъыбэм къыщежьэр ныбжьыщIитIым я дежт. Ауэ къэхъурт сабийхэм я гущэкъу ирабзэу, къыдэкIуэтейрэ я ныбжь нэсмэ, я хьэгъуэлIыгъуэр щыдахи, адэр нысэу зэхъуэпсар и къуэм къыщригъаши. Апхуэдэхэр нэхъ мащIэт, хабзэщ жаIэ щхьэкIи, куэдрэ урихьэлIэртэкъым. Къэхъумэ, нэхъыбэу къэхъур щIалэгъуалэр зэхуэзэрэ зэгуакIуэу, зэпсалъэрэ зэгурыIуамэ, нэхъыжьхэр щIагъэупщIэу арат. ХьэгъуэлIыгъуэ дауэдапщэ щекIуэкIкIэ, къупщхьэ къута, е уIэгъэ зиIэм щIэпщакIуэ щыхуащIкIэ, щIалэгъуалэр зэхуэсу жэщщыс щащIкIэ (псалъэм щхьэкIэ, и благъэхэм я деж хьэщIапIэ кIуа пщащэм папщIэ), мэракIуэщыпэ щыкIуэкIэ е джэгум щызэхуэзэкIэ зи шэгъуэ, зи къэшэгъуэ хъуа ныбжьыщIэхэм Iэмал ягъуэтырт зэдэгушыIэну, зэпсэлъылIэну. ХэкIыпIэфIт хъыджэбз лэгъунэхэри. Зи шэгъуэ хъуа пщащэхэм апхуэдэ лэгъунэхэр яIэт я псэлъыхъухэм щахуэзэу. Ауэ апхуэдэхэм деж пщащэм и лъэныкъуэкIэ е и шыпхъу, е и ныбжьэгъу, е и гъунэгъу, е и дэлъху нэхъыщIэ, щIалэм и лъэныкъуэкIэ и ныбжьэгъу Iэмал имыIэу ягъусэн хуейт. Пщащэ лэгъунэм къекIуалIэ щIалэм «псэлъыхъукIэ» еджэрт. Ауэ къехьэкI-нехьэкI хэмылъу, утIыпщауэ ныбжьыщIэхэм я гурыгъу-гурыщIэхэр зэхуаIуатэртэкъым. Мыхьэнэшхуэ иIэт хъыджэбзхэмрэ щIалэхэмрэ джэгу щыхыхьэм абыхэм я зэIущIэкIэм, зэпсэлъэкIэм, лъагъуныгъэр зэрырагъажьэм. Я гурылъхэр нэхъыбэу къызэрагъэнаIуэри хъуэрыбзэ-щIагъыбзэкIэт. Адыгэ хабзэм

ипкъ иткIэ, уи гухэлъхэр утIыпщауэ пIуэтэныр «къекIукъым» жыхуаIэ Iуэхухэм ящыщти, ныбжьыщIитIым дэлэли къагъэсэбэпырт. Ауэ сыт щыгъуи псалъэр мащIэрэ гупсысэр ебэкIыу щытын хуейт. Апхуэдэ гъэпсыкIэр я нэщэнэ нэхъыщхьэт щIагъыбзэмрэ хъуэрыбзэмрэ.

ЩIагъыбзэр – зи мыхьэнэр занщIэу къэзымыIуатэ, ауэ къыбгурызыгъаIуэ, къозыгъащIэ жыIэкIэщ. Хъуэрыбзэм къыщхьэщыкIыу, ар диалог щIыкIэу гъэпсакъым. Сытым щыгъуи и мыхьэнэр IупщIу къыбгурыIуэуи щыткъым, щIыжаIам и щхьэусыгъуэм ущымыгъуазэмэ.

Хъуэрыбзэр – диалог щIыкIэу гъэпса псалъэ зэпэдзыжщ, ныбжьыщIитIым я гухэлъхэр зэрызэхуаIуатэ, зэрызэдэгушыIэ бзэщ.

Хъуэрыбзэм теухуауэ Шортэн Аскэрбий мыпхуэдэу етх: «Ар езыр диалогическэу зэхэлъщ, драматическэ щыхъужи къыхэхуэу. Мы усэкIэр къызэрежьэрэ куэд щIащ... Хъуэрыбзэр зыгъафIэр сатирэрщ, гушыIэрщ, ауаныращ. Хъуэрыбзэр зылъэмыIэсрэ зытемыIэбэрэ щыIэкъым. Абы и бзэр дыджщ, ауэ шэрыуэщ, гухэщIщ, ауэ гушыIэщ».

Хъуэрыбзэмрэ щIагъыбзэмрэ адыгэ IуэрыIуатэм и жанр хьэлэмэтхэм ящыщщ. Ахэр ди бзэм и къулеягъым и зы нэщэнэщ, ди щэнхабзэм и зы Iыхьэщ, ди япэ итахэм я гурыгъу-гурыщIэхэм дыхэзыгъаплъэ, я гупсысэкIэм, я дуней ухуэкIэ-къэIуэтэкIэхэм я зы кIапэм щыгъуазэ дыхуэзыщI бзэщ. Хабзэм и сыт хуэдэ зы Iыхьэми хуэдэу, ахэри лIэщIыгъуэ IэджэкIэ зэфIэуващ, загъэпсу, запсыхьу. Абы къыхэкIыу щIагъыбзэми хъуэрыбзэми зэманыжь куэдым я нэпкъыжьэ телъщ.

ЦIыхухъухэмрэ цIыхубзхэмрэ я зэхущытыкIэм псори щыубзыхуат, я лэжьыгъэм деж къыщыщIидзэрэ, я псэлъэкIэм деж щиухыжу. Акъыл жаным, IуэрыIуэдзым сыт щыгъуи пщIэ лей хуищIырт адыгэм. Абы къыхэкIкIи псалъэ хъуэр зэпэдзыжым гулъытэ хэха игъуэтырт. Хъуэрыбзэм ауан, гушыIэ дахэ халъхьэрти, ар зыми щхьэжи уэими ищIыртэкъым. Псалъэ хъуэр зрадзам и къалэнт къыжраIам и мыхьэнэр зэхигъэкIыу хуэфэщэн жэуап итыжыну. ИкIэм-икIэжым псори зыхуэкIуэжырати – дауэ имыщIами, щIалэм пщащэм хуиIэ мурадыр къыгуригъаIуэрт. Пщащэми, хабзэм къызэригъэувти, къыгурымыIуафэ зытригъауэурэ, щIалэм дэгушыIэрт:

**ЩIалэм:** *УнапщIэ мыщтэщ,*
*Укъэщтэгъуейщ.*
*Уэлбанэ дыгъэщи, укъуокI, укъуохъэ*
*Ужэщ мазэхэщи, хэпкIэжащ.*
**Пщащэм:** *Бжъыхъэ мылыфым зумыгъэлъахъэ,*
*Щэлъахъэ зэвыр зэпумыуд,*
*Сызэгуэуду щытми, укъэзгъуэтынщ.*
**ЩIалэм:** *Мазэ ныкъуэ дамэху,*
*Дуней нэхум щыщуэ зы мазэ,*
*УигукIэ уарэзыуэ зы псалъэ...*
**Пщащэм:** *Къырыщхъэ укъыщымыфэ,*
*Къыр лъапэ ущымыджэгу,*
*Уи щхъэ джэгупIэ куэдрэ умыщIыж*
**ЩIалэм:** *Зи нэ фIыцIитIыр пыжьынэ,*
*Зи нэкIущхьитIыр пкъы нэплъ,*
*СызэрыпIуплъэу сыптхъэкъури,*
*Уджым укъыхэсшащи,*
*Зумыусыгъуэджэу дызэгъэпсалъэ.*

**Пщащэм:** *Сыномыпсэльэнуи сыбзагуэкъым,*
*Удж бдэзмыхьынуи сыпагэкъым,*
*УуэршэракIуэмэ, шэщIэхум кIуэ,*
*Ухъыджэбзаплъэмэ, укъысхэкIыжащ!*
.......................................
**ЩIалэм:** *УIуэрбжэрылэу хэт ищIэнт?!*
*Уд фызыжь цIыкIуу щIыкIей,*
*Къаз къурмакъейуэ пщэ псыгъуэ,*
*УдахэкIейуэ зыкъыпщымыхъуж,*
*«Дахэщ» жыхуаIэр уэрамэ,*
*Бахъсэн мывэншэу солъытэ.*
*Дыдей уахуэсшэу сыкIуэжмэ,*
*СащIынщ дыдейхэм щхьэпылъэ.*

Хъуэрыбзэр, и семантикэ (мыхьэнэ) елъытауэ, гупитIу зэщхьэщыбгъэкI хъунущ: ныбжьыщIитIым я гурыгъу-гурыщIэхэр зэрызэхуаIуатэ хъуэрыбзэрэ зэдэгушыIэурэ зыр зым ауан ищIу зэпадзыж псалъэ хъуэру. Ди щIэныгъэлIхэм зэхуахьэсыжауэ архивхэм хэлъ Iэрытххэм узыщрихьэлIэ хъуэрыбзэхэр нэхъыбэу етIуанэ гупым щыщщ. Ауэ а щIэныгъэлI дыдэхэм ящыщ языныкъуэхэм хъуэрыбзэр гушыIэм хуагъакIуэми, фIэщщIыгъуейщ зытрагъэууэ иридыхьэшхын къудей щхьэкIэ къагъэщIа зэпсэлъэкIэм апхуэдэ гъуэгуанэ кIыхь къикIуну щытауэ. ГъащIэм къызэригъэлъагъуэщи, зэманым зэрызихъуэжым къыдэкIуэу, цIыхум и гупсысэкIэр, и дуней еплъыкIэр е йофIакIуэ, е йокIакIуэ. Лъэпкъым лъэхъэнэкIэрэ къыдэгъуэгурыкIуэр абы мыхьэнэ нэхъ зрит Iуэхугъуэхэрщ. Хэт ищIэн, хъуэрыбзэхэр нэхъ иужьыIуэкIэ гушыIэм хуагъэкIуэжагъэнри Iуэхум хэлъынкIэ хъунщ, ауэ нэхъ ипэ къихуэу ар гурыщIэхэр зэрызэхуаIуатэ бзэуэ къызэрежьам, дэ дызэреплъымкIэ, шэч хэлъкъым.

ГушыIэкIэ зымыщIэр IэштIымкIэ мауэ жыхуиIэращи, хъуэр зэпэдзыжыр хъурджэуэным щыхуэкIуэжи, дауи, къэхъурт. Хъыджэбзым кърадза хъуэрыр игу иримыхьарэ абы жэуап иритыжыну и щхьэ тримылъхьэмэ, щIалэри псэлъэгъу ищIыну хуэмеймэ, абы джэгуакIуэм лъэIукIэ зыщыхуигъазэ щыIэт (щIалэгъуалэр щызэхуэсар хьэгъуэлIыгъуэу щытмэ). ДжэгуакIуэм гушыIэкIэ, щIагъыбзэкIэ, псалъэ хъуэркIэ щIалэм къыгуригъаIуэрт и кIэн къызэримыкIынур. Апхуэдэхэм деж щIалэри хуэмыхуу къыщыщIэмыкI щыIэт:

**ДжэгуакIуэм:** *ЩIымахуэ щыхъукIэ,*
*ХьэгъуэлIыгъуэ къыдах.*
*Гъавэ къэкIуэнкIэ*
*Шы хьэху къыбощтэ,*
*Апхуэдэу щытми,*
*Фащэ уимыIэ,*
*Уанэжьу уиIэри тхъэджэу мэпсалъэ,*
*Лъэрыгъыпсыфэрщи, тIууэ зэпытщ,*
*И шыныбэпх гущэри зэмыфэгъуищщ.*
...................................
**ЩIалэм:** *Уэ джэгуакIуэжьым*
*Пщащэр къыпщыгъупщащ.*
*ФIыцIэщ, пэрикъэщ,*
*ГушыIэкIэ имыщIэ,*

*Убгъэдыхъэмэ, къогубжь,*
*Губжьэр екъутэ,*
*Къэфэну техьамэ,*
*Пхъэ вакъэ пІытІщ,*
*...........................*
*Тхъэр къебгакъэ атІэ*
*Ар зи нэрыбгэм?!*

ИщхьэкІэ зэрыщыжытІащи, псалъэ хъуэр-ауанхэм емыкІу лъэпкъ пылътэкъым. Апхуэдэ хъуэрыбзэ хэмытмэ, цІыхухэм я нэгу зиужьу зы хьэгъуэлІыгъуи пхуегъэкІуэкІынутэкъым. Утыкур гушыІэм ейти, зыми ар уэим ищІыртэкъым. Дауи, утыкум щызэрапэс ауанхэр псори пэж дыдэу, ягу илъыр къырыраІуатэу аратэкъым, атІэ иризэдэгушыІэу, цІыхухэр ягъэдыгъэшхын, езыхэри ІуэрыІуэдзкІэ зэрыІэзэр къагъэлъэгъуэн щхьэкІэ зэраутІыпщу арат. Ауэ зи гурылъ псалъэ хъуэркІэ зыІуати къахэкІт.

Хъуэрыбзэм хуэдабзэу щІагъыбзэри зи шэгъуэ, зи къэшэгъуэ хъуа ныбжьыщІэхэм я гухэлъ зэхуэІуэтэкІэт. Ауэ ар хъуэрыбзэм ещхьу сыт щыгъуи зэпадзыж псэлъэкІэтэкъым, нэгъуэщІу жыпІэмэ, хъуэрыбзэр сыт щыгъуи диалог щІыкІэу гъэпсамэ, щІагъыбзэр монолог  къудейуи къэкІуэрт. Ар къыбгурымыІуэнкІи хъунут, апхуэдэу щІыжаІам и щхьэусыгъуэм ущымыгъуазэмэ. Абы и щапхъэу къэтхьынщ езыр хуэмейуэ лІы ират хъыджэбзым и щІагъыбзэр:

*Мазэр изти, мазагъуэщ,*
*Вагъуэр изти, пшэ тельщ,*
*Тхъэрыкъуэ пщэхум и псэ,*
*КъуанщІэ фІыцІэ дамагуэм*
*Сритемылъхъэ.*

Хъуэрыбзэм къыщхьэщыкІыу, щІагъыбзэкІэ ныбжьыщІэхэм я гухэлъ зэхуаІуатэрт, гушыІи ауани абы хэмылъу:

*Узымыхъыфыну шым ушэсмэ,*
*Уеуэми, ил мэузри къонэж.*
*Уэ щІалэм уи Іуэхур къэнэжын си гугъэщ.*

НыбжьыщІитІым я гурыгъу-гурыщІэхэр зэрызэхуаІуатэ хъуэрыбзэр, къапщтэмэ, щІагъыбзэ защІэу зэхэлъу жыпІэ хъунущ. Ар и щыхьэтщ, и гур утІыпщауэ адыгэр дунейм щызэхэзекІуами, нэр ирищІу и гухэлъхэр къиІуатэу зэрыщымытам. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, адыгэ хабзэм ипкъ иткІэ, «емыкІущ» зыхужаІэм щыщт уи гухэлъхэр щхьэтечу къэпІуэтэныр. Абы къыхэкІыуи щІагъыбзэм хуэкІуэрт:

*Къуршыщхьэм дыгъэ щопс,*
*Къурш лъапэм псынэ щІож,*
*Зумыусыгъуэджэмэ, псы щІыІэ фалъэ дызэдефэнт.*

Мы жыІэгъуэм къикІыр, дауи, гурыІуэгъуэщ. АбыкІэ щІалэм къиІуэтащ пщащэм мурад  гуэр зэрыхуиІэр, и гум  хуабагъэ  зэрыхуилъыр.

НыбжьыщІэхэр зэрызэрыщІэу щыта щІагъыбзэу къэплъытэ хъуну къыщІэкІынущ абыхэм хьэпшып цІыкІуфэкІу гуэрхэр зэІэпахыу зэрыщы-

тари. Псалъэм папщIэ, щIалэм хуэзэну хъыджэбзым Iэмал имыгъуэтмэ, абы щIалэм хуригъэхьынкIэ хъунут джэд лъакъуэ, «зыгуэр къэгупсыс, зыгуэр къэулъэпхъэщ» кърагъэкIыу. ЩIалэр и ужь къызэрихьар зэрыфIэмыфIыр кърагъэщIэн папщIэ, пщащэм абы хуригъэхьынкIэ хъурт зи кIэр пылъэлъа кIапсэ кIэщI цIыкIу. Е щIалэм и гухэлъхэр пщащэм хуиIуатэ щIыкIэу, мыIэрысэ IэфI хуригъэхьырт. Апхуэдэ щапхъэхэр гъунэжщ. Абыхэм къагъэлъагъуэ щIагъыбзэр псалъэ къудейкIэ мыхъуу, хьэпшып зэхуэмыдэхэмкIи къэпIуатэ хъуу зэрыщытар.

Псэлъыхъубзэм и щапхъэу ди IуэрыIуатэми ди гъащIэми куэд къыхэнащ, бэм и акъыл жанымкIэ псыхьауэ. Псэлъыхъубзэм щIэблэр щегъэгъуазэ цIыхум я зэгурыIуэкIэр, я псэукIэр зэраухуэм, пасэрейхэм я кIэщIущыгъэм, губзыгъагъэм акъыл къыхригъэхыу. Ахэр гъэсэныгъэм хуэунэтIащ.

Хъуэрыбзэрэ щIагъыбзэкIэ упсэлъэн папщIэ, бзэр фIыуэ пщIэн зэрыхуейм и мызакъуэу, образнэ гупсысэкIэ узэдаи уиIэн хуейт. Псэлъыхъубзэр ящыщт адыгэ хабзэм и ткIиягъым щIапIыкIа щIалэгъуалэм яхэлъа къабзагъэ-дахагъэм, ди бзэм и къулеягъым, адыгэбзэм кърумыIуэтэфын гурыщIи гупсыси зэрыщымыIэм, адыгэм и акъылыр зэрыкуум щыхьэт техъуэ лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэм.

**ХЪУЭЖЭ Жаннэ**

# «Губгъуэ зэрыджэр» гугъэфIкIэ къызоджэ…

*Зыджыфынум си гъащIэр*
*Жэщ блэкIар изогъажьэ…*
**ПщыукI Латмир**

Иджыблагъэ дунейм къытехьащ ПщыукI Латмир и усэ тхылъ «Губгъуэ зэрыджэ» зыфIищар. Мыр усакIуэм и ещанэ тхылъщ. Япэр къыдэкIауэ щыташ 1991 гъэм. Абы ихуат усэхэр, сонет Iэрамэ, сабий усэхэр. Ахэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, усакIуэр а зэманым иджыри сабиигъуэм пэIэщIэ хъуатэкъым (илъэс пщыкIух и ныбжьт). Апхуэдэу щытми, абы хузэфIэкIат лирикэм и жанр нэхъ гугъу дыдэу къалъытэ «сонет Iэрамэм» зрипщытын, Iэзэуи къигъэIэрыхуэн. Сонет Iэрамэм тегушхуэу адыгэ усакIуэхэм а зэманым яхэтыр мащIэ дыдэт. Къэплъытэ хъунущ а сонет Iэрамэр зэрыт «КъуэкIыпIэ пшэплъыр» усакIуэм лъагъуэхэш хуэхъуауэ, и творчествэм и щIэдзапIэ екIу хъуауэ.

ПщыукI Латмир и етIуанэ тхылъыр дунейм къытехьащ 1997 гъэм. Мыбы итщ усэхэмрэ тхылъым фIэщыгъэ хуэхъуа «Си гум телъ IэпапIэ» поэмэмрэ. А сборникитIыр зэбгъапщэмэ, гу лъыботэ ПщыукIым и усыгъэм зэрызиужьым, темэ и лъэныкъуэкIэ зэрызиубгъум, усакIуэм жанрыщIэхэр Iэзэу къызэригъэIэрыхуэм. Ауэ мы тхыгъэм дэ нэхъ дыкъыщызытеувыIэнур нэгъабэ дунейм къытехьа «Губгъуэ зэрыджэ» тхылъырщ.

Илъэс пщыкIуплIкIэ (усакIуэм и етIуанэ тхылъымрэ ещанэмрэ апхуэдиз я зэхуакущ) усакIуэр зэлэжьа «Губгъуэ зэрыджэ» сборникым ихуащ усэхэмрэ сонетитIрэ.

Сыт нобэкIэ ПщыукIыр зыгъэпIейтейр, сыт усакIуэпсэр зэрыгъур?

Псом япэу ар зыгъэнэщхъей Iуэхугъуэхэм ящыщщ щIалэгъуэм пэIэщIэ зэрыхъур, жьыгъэр къызэрыблагъэр. АрщхьэкIэ лIыпIэ иува усыгъэм жьыгъэр къытекIуэркъым, абы иджыри IуэхуфIхэр щIым къыщыпоплъэ, къалэн куэд игъэзэщIэну и пщэ дэлъщ:

*Уафэм и лъащIэм пхрыкI гъэжалъэм*
*Силъэтыжыну жьыIуэщ.*

Сыт хуэдэ Iуэхум темыгъэпсыхьами, ПщыукIым и усэхэм философие куу ящIэлъщ. УсакIуэпсэм псэхупIэ къратыркъым лIэщIыгъуэ бжыгъэкIэрэ жэуапыншэу къекIуэкI упщIэхэм: сыт гъащIэр зищIысыр, абы и мыхьэнэр? Сыт цIыхур къыщIигъэщIыр, абы къалэн нэхъыщхьэу гъащIэм щиIэр? – нэгъуэщIхэми. Мы упщIэхэм, адрей усакIуэ, тхакIуэхэми хуэдэу, ПщыукIми жэуап яритыфыркъым, ауэ езым и еплъыкIэр усэбзэ дахэкIэ къеIуатэ. ЗыхэпсэукI зэманым мыхъумыщIагъэ куэд хилъагъуэми, усакIуэр гъащIэм хущIэбжэркъым, абы и фIыр и фIу, и Iейр и Iейуэ зыхещIэ:

*Губжьыр зэщIыдокъуэж,*
*ЗэщIыдокъуэж гужьгъэжьыр.*
*Хъунукъым дыхущIегъуэж,*
*ДыкъыщыкIуакIэ хьэщIэу.*

Дунейр нэмыщIысами, гъащIэр хьэхуми, пцIыр щIы хъурейм тепщэ щыхъуну хущIэкъуми, цIыхум и псэр къабзэу ихъумэн, абы щыгъуэми Iэмал зэриIэкIэ зэманым декIуу псэун хуейщ. Аращ гупсысэ нэхъыщхьэу щыпхрышар ПщыукI Латмир «ЛъэIу» зыфIища усэм:

*СыкъыщыкIуакIэ, сыщыгъэIэ*
*Мы дуней фIыгъуэр щызэрахъэм,*
*ПцIы дахэ куэдхэр щызэрахъэм,*
*ЗэрызымыхъэфхэрщыщIагъэIэм.*

Мыбдеж гу лъумытэу къанэркъым усэм и рифмэ къулеймрэ и ритмикэ шэщIамрэ. Едзыгъуэр къызыхэтха усэр зэрыщыту къызэщIэзыкъуэ («поясная», «охватная») рифмэкIэ гъэпсащ: кIэух рифмэкIэ зэпхащ япэ сатырымрэ еплIанэмрэ, етIуанэмрэ ещанэмрэ. Рифмэ къэзыгъэщI макъхэри ахэр къэзыухъуреихь макъхэри зэтохуэ, ахэр зыхэт псалъэхэри я IукIэкIэ зэпэгъунэгъу дыдэщ: сыщыгъэIэ – щыщIагъэIэм, щызэрахьэм – щызэрахъэм. НэгъуэщIу жыпIэмэ, ПщыукIым и усэр рифмэ къулейкIэ игъэпсын хузэфIэкIащ.

XX лIэщIыгъуэм и 50-60 гъэхэм адыгэ литературэм зыужьыныгъэ щигъуэтауэ щытащ пейзаж лирикэм. А зэманым дыкъэзыухъуреихь дунейм, щIыуэпсым ятеухуа усэ куэд я Iэдакъэ къыщIэкIащ Тхьэгъэзит Зубер, Бещтокъуэ Хьэбас, Уэрэзей Афлик сымэ, нэгъуэщIхэми. Ауэ нобэкIэ адыгэ усакIуэхэр философие куум, цIыхум и гурыгъу-гурыщIэ зэхуэмыдэхэр къетхэкIыным нэхъ дихьэхащ. Усэхэм щIалъхьэ гупсысэхэмкIэ абыхэм къагъэIурыщIэ хьэршыр, ЩIы хъурейр, щIыкъатиблыр, жыжьэ плъэуэ, я гурыгъуазэр илъэс мин бжыгъэхэм пхыкI хъуащ, зыщыпсэу дунеймрэ зыхэпсэукI зэманымрэ тIэкIу нэхъ IэщIыб ящIу, яIэщIэхуу хуежьащ. Шэч хэмылъу, ар зэпхар гъащIэм, цIыхум и акъылым, жылагъуэ Iуэхухэм зыужьыныгъэшхуэ зэрагъуэтырщ. Абы къешэ усакIуэхэмрэ

тхакIуэхэмрэ я гупсысэм и мызакъуэу, я бзэми, я хъэтIми зихъуэжыныр, литературэм темэщIэхэр къыхыхьэныр. УсакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ я лексикэм къыхыхьэу щIидзащ цивилизацэмрэ глобализацэмрэ епха псалъэхэр: телефон, атом, бомбэ, компьютер, сеть, нэгъуэщIхэри. Ди жагъуэ зэрыхъущи, апхуэдэ псалъэхэмкIэ гъэнщIа тхыгъэхэм адыгэбзэрэ адыгэпсэу къахэнэжыр мащIэ дыдэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ бзэр хъума щыхъу зы «пхъуантэ» цIыкIуу къэплъытэ хъунущ ПщыукI Латмир и «Губгъуэ зэрыджэ» тхылъыр. УсакIуэм псалъэхэр IэкIуэлъакIуэу «егъэджэгу», абы щыгъуэми усэм щIилъхьэ гупсысэр зэблимышу, къеджэгъуафIэу, гурыIуэгъуэу.

Темэ и лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, «Губгъуэ зэрыджэ» тхылъым ущрохьэлIэ щIыуэпсым, лъагъуныгъэм, хэкур фIыуэ лъагъуным теухуа, ахэр псори щызэхэухуэнэжа усэхэм. Ауэ зи гугъу тщIы тхылъым лъагъуныгъэ усэхэр щынэхъыбэщ. Ар и зы щыхьэтщ усакIуэр зытегузэвыхь щIалэгъуэр иджыри пэIэщIэ зэрымыхъуам, «зэремыжьэжам».

ПщыукIым и лирическэ лIыхъужьым и лъагъуныгъэр къуэпсыбэщ, плъыфэбэщ, ауэ нэхъыбэу нэщхъейщ икIи жэуапыншэщ. ФIыуэ илъэгъуам Iумпэм къищIа лирическэ лIыхъужьым бэлыхь куэд телъщ, арщхьэкIэ ар зэрихъуэжын фIыгъуэ дунейм теткъым:

*Сэ гъусэ сщIынукъым нэгъуэщI.*
*ЩыхэщэIукIым Iэпкълъэпкъ нэщIыр*
*Гъусэ хуэхъуар уэрат си жэщым,*
*Псэ тIэкIур, гъужмэ, хъунущ гъуэжь,*
*Сэ гъусэ сщIынукъым нэгъуэщI.*

ПщыукI Латмир и лъагъуныгъэ лирикэм гъэщIэгъуэнагъыу хэлъыр ар пейзажым къыгуэхыпIэ имыIэу зэрепхарщ. УсакIуэм и гум щыщIэхэр нэхъыбэрэ къызэриIуатэр дыкъэзыухъуреихь дунейм къыхиха образхэмкIэщ, дунейм и щытыкIэмкIэщ. Лъагъуныгъэ жэуапыншэм щыIущIэкIэ, абы и псэм зыкъыдищIу, дунейми зехъуэж: «уафэр хэпщIыкIыу къолъэхъшэх», «къуршым пшэ гуартэ къыщхьэдох, псэм къепыджауэрэ фIыцIэу», «уэшх гущхьэр къэкъутэн хьэзырщ», «уафэр мэхущхьэ-мэщатэ», «уафэр еубыдыр пшагъуэм», «зызэхуещIыжыр жэщкIэ уафэм, блынджабэ нэщIхэр мылу джафэщ»...

ГъащIэр фэзэхъуэкIщ. Зэгуэр и псэм щигъэфIам фIылъагъуныгъи лъагъумыхъуныгъи щыхуимыIэжын зэман къызэрыкIуэнур лирическэ лIыхъужьым и фIэщ мэхъу, ар къызэрыхъунуми щIогупсыс, ауэ иджыри иутIыпщын лъэкIыркъым гум банэу хэуэ гухэлъ жэуапыншэр. Зы усэм деж абы щыжеIэ:

*Сыдыхъэжынурэ зэгуэр*
*Уи ныбжь зыдэмытыж уэрамым –*
*Къыспежьэр хамэми уэрами*
*И зэхуэдабзэ хъунущ гум.*

Ауэ нэгъуэщI усэм а псалъэхэм хущIегъуэжа щIыкIэу, щыжеIэ: «Насып бдэзмыгъуэтми /Здэрт – узигъусэмэ».

Лирическэ лIыхъужьым и лъагъуныгъэр зэпэщIэтыныгъэм, бэнэныгъэм, нэр къыщхьэрызыпхъуэ пагагъым щыхуэкIуэри мащIэкъым: «СыкъигъэуIэбжьу си псэр пагэщ, /СынэкIуэжынути уи деж...» – жеIэ

абы, икIи нэгъуэщI усэм а гупсысэр щыщIегъэхуабжьэ, уеблэмэ фIыуэ илъагъум гукъанэ хуищIу, ехъурджауэу щIедзэ. Ар лъагъуныгъэр зэрыужьыхым и зы нэщэнэу къыщIэкIынщ. Ауэ усакIуэм и лирическэ лIыхъужьым къыгуроIуэ лъагъуныгъэр лъэIукIэ къызэрамыхьыр, уи насып зыхэмылъыр гъущI лъэхъукIи зэрыпхуэмыIыгъынур, абы къыхэкIкIи и ухыгъэм арэзы тохъуэ.

УсакIуэпсэр пIащIэщ икIи махэщ. Абы кууэ зыхещIэ гъащIэм къыщыхъу-къыщыщIэ псори, пцIыр, цIыхухэм ялэжь Iуэху мыщхьэпэхэр удын хуохъу. Аращ ПщыукI Латмири щIыжиIэр: «Сэ си уэрэдыр – ар удын кIуапIэщ». Арауи къыщIэкIынщ цIыхухэм я зэхэщIыкIымрэ гущIэгъумрэ шэч къытезыхьэ усакIуэр дыкъэзыухъуреихь дунейм, псэ зыIумыт предметхэм нэхъыбэрэ щIатетхыхьыр, абыхэм щIепсэлъылIэр.

Зы усакIуи щыIэу къыщIэкIынкъым тыншу псэуахэм яхэббжэ хъуну. И зы усэм деж Латмир щыжеIэ: «Уэсыр зи хьэщIэр къызэрымыкIуэу гумахэщ». «УСЭР зи хьэщIэр къызэрымыкIуэу гумахэщ» жысIэнт сэ. УсакIуэпсэр сыт щыгъуи узыфэ гуэрым егъэнэщхъей, сыт щыгъуи абы и гур щIэгъу щыIэщ: уи гур щIэныкъуэм уигу зыгъэзагъэр ебэкIмэ, уусакIуэнкIэ Iэмал зимыIэщ. А гупсысэрщ щыпхрышар ПщыукIым и «Гукъеуэ» усэми: «СыусакIуами, сыусакIуэжкъым – Узыр схэвыкIыжащ».

УсакIуэм и гъащIэ гугъурщ, и псэ мызагъэрщ зытеухуар «Си нитIыр хозашэ» усэри.

Апхуэдэу щытми, усакIуэм и гур хэзыгъахъуэ, ар усыгъэ лъахэм изышэ, IуэхуфIхэм хуэзыгъэушэ икIи хуэзыгъэусэ къэхъугъэхэр гъащIэм щымащIэкъым. Апхуэдэщ ищхьэкIэ зи гугъу тщIа лъагъуныгъэри. УсакIуэм и псэм и щIасэм жреIэ: «Сэ сыкъэнэнукъым си закъуэ, /УзигъусэхукIэ – сыусакIуэщ».

«Губгъуэ зэрыджэ» тхылъым итщ хэкум, тхыдэм, адыгэ лъэпкъым и гъащIэм теухуа усэхэр. Абыхэм усакIуэм и хэкумрэ къызыхэкIа лъэпкъымрэ щегъэлъапIэ, я Iейри щыщIиуфэркъым. Тхыдэм дерс къыхэхыпхъэщ, къытщIэхъуэ щIэблэм деж нэхьэсыпхъэщ лъэпкъым и блэкIар, сыт хуэдэу гукъутэу ар щымытми. «Шызакъуэгур жэщым пхокI» усэм ПщыукIым къыщеIуатэ адыгэм и тхыдэр усакIуэм псэкIэ зэригъэвыр:

*Шызакъуэгур жэщым пхокI:*
*Быргуэ-быргуэ,*
*ШыкIэпшынэм гъыбзэ къокI –*
*Хэт зи лIыкIуэр?*

УсакIуэм адыгэ лъэпкъым и щхьэ кърикIуа гуауэр зи зэраныр къилъыхъуэ зэпытщ, арауи къыщIэкIынщ зи гугъу тщIы усэр куэдым щIыщIэупщIэр.

Пэжщ, ПщыукIым зы зэман гуэрым тегъэчыныхьауэ и гугъу щищIыркъым абы, ауэ «Лъахэ» циклым щыщ зым ехьэкI хэмылъу щыжеIэ лъэпкъым гуауэ куэд къыхуэзыхьа, езы усакIуэми узыфэ бзаджэу нобэкIэ къефыкI зэманыр: «Шэщым къыщIэкъугъыкIырт / ЛIэщIыгъуэ епщыкIубгъуанэр».

Адыгэм ди блэкIар сыт хуэдэу гукъутэми, ди тхыдэр нэпсрэ лъыпскIэ гъэнщIами, ди лъэпкъым и цIыхухэр дызэкъуэувэжмэ, гъуэгу захуэ дытеувэжмэ, къэкIуэну дахэ къызэрытпэплъэр шэч зыхэмылъыжщ: «Лъапсэр хъужынущ лъапсэ, /УкъыпекIуэкIмэ гуанэм, /Плъытэмэ жиIэр уи анэм – /Тхьэшхуэм къыпхуигъэгъунщ».

Анэм и жыIэ уебакъуэ зэрымыхъунум хуэдэу, Хэкуми уепцIыж хъунукъым. Сыт-тIэ нобэ тщIапхъэр зи хабзэрэ бзыпхъэрэ зыхъумэф, зыгъэлъэпIэф лъэпкъыу гъуэгуанэ дахэ дытеувэжын папщIэ? Абы и жэуапыр щыбгъуэтынущ «Губгъуэ зэрыджэ» тхылъым.

Хэкумрэ анэмрэ зэпащI хабзэщ. ТIури я быным хуэпэжщ, бынхэми ар тыншу яхуэбгынэркъым. Аращ «хамэ хэку сыщытхъэ нэхърэ, си хэкужь сыщылIэ» псалъэжьми щIэлъ гупсысэр, аращ ПщыукI Латмири лъабжьэ хуищIар «Лъахэ» циклым щыщ усэхэм ящыщ зым.

ИщхьэкIэ къызэрыхэдгъэщащи, ПщыукIым и бзэр къулейщ, шэрыуэщ. УсакIуэм Iэзэу къегъэсэбэп бзэм и Iэмал зэхуэмыдэхэр: эпитетхэр, метафорэхэр, и усэ сатырхэр псалъэжьхэмрэ жыIэгъуэхэмрэ щыпэгъунэгъури мащIэкъым.

«Губгъуэ зэрыджэ» тхылъым ит усэхэм дыщыхуозэ адыгэ литературэм щыщIэщыгъуэ образ гъэщIэгъуэнхэм, зэ еплъыгъуэкIэ, акъылым къимытIасэ, ауэ усакIуэм игу илъыр екIуу къызэриIуатэ Iэмалхэм, тхылъеджэр зыпэмыплъа гупсысэ куухэм. А псори ПщыукIым и усыгъэм щызэдолажьэ икIи ар адрей усакIуэхэм къазэрыхэщхьэхукI хъэтI зэфIагъэувэ.

Дэтхэнэ тхакIуэми усакIуэми и хъуэпсапIэ нэхъыщхьэр езым и макъкIэ «уэрэд жиIэнырщ», и хъэтI зэригъэпэщынырщ, и тхыгъэхэр лъэпкъ щэнхабзэм и хэлъхьэныгъэ хъунырщ. И ныбжькIэ иджыри щIалэми, усэныр и IэщIагъэ нэхъыщхьэу щымытми (ар дохутырщ), ПщыукI Латмир къехъулIэу къэплъытэ хъунущ усыгъэм и щэхухэр къэгъэIурыщIэным ехьэлIа къалэн мытыншхэр. Шэч къытесхьэркъым дяпэкIи Латмир и усыгъэм и бгъуагъкIи и кууагъкIи зэрызашэщIынум. Ар уи фIэщ ящI зи гугъу тщIы тхылъым ит усэ нэхъыфIхэм.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*Гуманитар къэхутэныгъэмкIэ институтым къэбэрдей литературэмкIэ и секторым и лэжьакIуэ.*

# Дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ дэрэ

ЩIэныгъэлIхэр игъащIэ лъандэрэ топсэлъыхь цIыхумрэ ар къэзыухъуреихь дунеймрэ я псэкIэ, я IэпкълъэпкъкIэ зэрызэпыщIам, зым адрейм Iэмал имыIэу зыхъуэжыныгъэ гуэрхэр зэрыхилъхьэм. Пэжщ, а зэхъуэкIыныгъэхэм узыщыгуфIыкIыни уи жагъуэ хъуни къыщрикIуэхэр щыIэщ. Iуэхур нэхъыбэу зэлъытар дунеймрэ цIыхумрэ яку дэлъ зэхущытыкIэрщ, лъагъуныгъэрщ. АитIур зэгурыIуэу къызэдекIуэкIмэ, зыр адрейм емыкъуэншэкIмэ, кърикIуэнур лъэныкъуитIми къахуэщхьэпэн IуэхуфIщ, сыту жыпIэмэ, дыкъэзыухъуреихь дунейр псэ зыIуту хъуами къэкIыгъэхэми я дохутырышхуэщ, я хъумакIуэ пэжщ.

Абы и лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, ди къуршхэми, мыIуэхуншэр щыгъэтауэ, дэ къытхуэлажьэурэ, къалэнышхуэ ягъэзащIэ: ди дунейм и хуабагъ-щIыIагъыр, псыIагъэ-гъущыгъэр зэщыщхъуу щытыныр бгыхэм куэдкIэ елъытащ.

Нэхъ жыжьэжу дыIэбэнщи, мыпхуэдэ щапхъэр къэтхьынщ: ныбжьышхуэ зиIэ Мысырыр къум нэщI абрагъуэхэмкIэ лъэныкъуищкIэ «къэхухьа-

уэ» зэрыщытам сэбэпыныгъэ лъэпкъ ямыIауэ къыпфIэщIынкIэ мэхъу, зэеплъыгъуэкIэ. Ауэ, укIэлъыплъыжыпэрэ уегупсысмэ, къыбгурыIуэнущ а къум гъунапкъэншэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIар. Сыт хуэдэ ахэр? А къум инхэмкIэ «къэхухьа», къэгъэтIылъыхьа къэрал гъунапкъэхэм зэрыпхъуакIуэ бийхэр тыншу къебгъэрыкIуэфынутэкъым, арати, абыхэм я фIыгъэкIэ, хэкур хъума хъурт. АдэкIэ-щэ? Бий гуэрхэр къатемыуэмэ, абыхэм зэрамыпхъуэ, зэхамыфыщIэ къэралым и псэукIэкIи, и тхыдэкIи, и щэнхабзэкIи зыужьыныгъэшхуэ игъуэту къекIуэкIырт.

А Iуэху бгъэдыхьэкIэр дэри зыхуэдвгъэхьыжи девгъэплъыт: мысырхэр къумхэмкIэ къэхухьауэ зэрыщытам ещхьу, дэри лъэныкъуищкIэ ди къуршхэм бийхэм дыщахъумэгъамэ... Ар, дауи, нэгъуэщI Iуэхущ...

МысырымкIэ дгъэзэжынщи, зэманым щIыгъуу гъащIэми зехъуэж. IэщIагъэмрэ щIэныгъэмрэ заужь. ЙофIакIуэ. ЦIыхухэм къагупсыс къуршхэми къумхэми уазэрыпэлъэщын Iэмалхэр, хэкIыпIэхэр. Пэжщ, апхуэдэ зыузэщIыныгъэм мысырхэм япэ лъэхъэнэхэм фIы къахудэкIуауэ щытакъым. Ди эрэм и пэкIэ, 1700 гъэхэм деж, гъащIэм и зыужьыныгъэм кърикIуахэм щыщу, цIыхухэм къагупсысащ пшахъуэщI къумышхуэхэми уазэрыпэлъэщын Iэмалхэмрэ къарухэмрэ: гиксосхэр (Iэпхъуэшапхъуэу губгъуэхэм щыпсэу Iэщыхъуэхэрат апхуэдэу зэджэхэр) къызэпрыкIыф хъуащ Мысыр къэралыгъуэр къызэрыхухьа пшахъуэщI абрагъуэхэм. Абыхэм яубыду щIадзащ ущыпсэуну нэхъ тынш щIыIэпсхэр: Нил псым и Iэшэлъашэхэр. Пэжщ, бийр къатеуэным илъэс зытхух иIэу езы мысырхэр хьэлэбэлыкъышхуэм хэхуат: къулейсызхэмрэ гъэрхэмрэ я зэщIэхъееныгъэ иным къэралыр зэщIищтат. Дауи, зэрыпхъуакIуэхэм а щытыкIэри къахуэщхьэпащ. КъимыдэкIэ, зэрыжытIащи, гиксосхэр Iэмалшыт: гъуэгуанэ хьэлъэ кIыхьыр абыхэм къызэрызэпачар махъшэ къудейхэмкIэтэкъым – я акъылыр хуэкIуэри, шыхэр къагъэсэбэп хъуати, дэнэкIи нэхъ псынщIэу икIи нэхъ тыншу нэсхэрт. КъыжыIэн хуейщ мыри: къызытеуахэм нэхърэ къатеуэхэр куэдкIэ нэхъ мащIэу щытащ. Ауэ губгъуэрыс Iэщыхъуэхэр къэзыухъуреихь дунейм куэдым хуригъэджат: упсэун папщIэ щыIэ Iэмалу хъуари хэкIыпIэ псори къэгъэсэбэпыным хуигъэIущати, мысырхэр зыщымыгъуазэ зауэ хуэIухуэщIэхэмкIэ ахэр нэхъыбэу къызэгъэпэща хъуат.

Гиксосхэр зэрыпхъуакIуэ къудей мыхъуу, псэукIэм хуэIэзэхэуи къыщIэкIащ: мысырхэм я щэнхабзэр псынщIэу къапхъуэтащ, я бзэр зрагъэщIащ, къаубыда лъэпкъым щызэрахьэ цIэхэм хуэдэхэр езыхэм зыфIащ хъуащ. КъыфIэбгъэкIмэ, мысыр фирхьэунхэм я щIыхьыр зэрыхаIэтыкIыу зэрахьэ цIэхэм я фэгъухэр зыфIащурэ, адрейхэм зыкъыхагъэщу щIадзащ, псалъэм папщIэ, зиусхьэн, зи щIыхьыр ин, нэгъуэщI къинэмыщIхэм хуэдэхэмкIэ.

Езы мысырхэри зыкъомкIэ ядэплъеящ зыубыда бийхэм: псом япэрауэ, махъшэхэм нэмыщI, абыхэм шыхэр ягъэхъуу, шэрхъ зыщIэт гухэр ящIу щIадзащ, Iэщэ-фащэхэмкIи мобыхэм щапхъэ къытрах хъуащ. Мыбдеж гъащIэм къигъэлъэгъуащ: уэ къофIэкI уи бийм деж ущеджэным, абы удэплъеиным зэраныгъэ пылъкъым.

Мысырхэр хуэм-хуэмурэ хуэIэзэ мэхъу илъэси 120-м щIигъукIэ зи бжьым щIэта, къыпахыныр къызыпаха губгъуэрыс Iэщыхъуэхэм къаIэщIэкIыжа зэрыхъуну щIыкIэм. Бэнэныгъэм лъэщу зыхуэзыгъэхьэзыра мысырхэм зыкъаIэтри, гиксосхэр хагъащIэ. Куэд зэтраукIэ, зыкъоми гъэрыпIэм ирагъэувэ. Къэнахэр щIопхъуэж.

Мыбдеж Iуэхур зыкъомкIэ ещхь хъуат е мыхъу фIы хъужыркъым жыхуаIэм. Дауэ? Нэхъапэхэм мысырхэр къумхэмкIэ къэхухьати, езыхэм

мыбзаджэу заужь пэтми, абыхэм дунейм и адрей къэралхэм пыщIэныгъэ хуаIатэкъым. Ахэр щыгъуазэтэкъым нэгъуэщI щIыпIэхэм щекIуэкI зыузэщIыныгъэхэм гъуэгу зэрагъуэт щIыкIэм, сатур, экономикэр егъэфIэкIуэным ехьэлIа Iуэхухэр нэхъыфIу икIи нэхъ псынщIэу зэрызэфIэпхыну Iэмалхэм я къэгъэсэбэпыкIэм...

Иджы деплъынти, дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ цIыхумрэ я зэпыщIэныгъэм спортым зиужьынымкIэ сэбэпынагъыу къишэр зыхуэдэм. Абы щхьэкIэ жыжьэ дыкIуэнкъым – къэтщтэнщ ди къуршхэмрэ бгырысхэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэм кърикIуэу тлъагъухэр.

Къуршхэм, бгы лъапэхэм щыпсэу цIыхухэр а щIыпIэхэм йосэ, щIыIэхэми жьапщэхэми япсыхьри, бэшэч мэхъухэр. Ахэр хуэм-хуэмурэ тогушхуэ къыр задэхэм, къуршыщхьэхэм я лъэр нахусыным. Губгъуэрысхэр IэмалкIи къарукIи зыпэмылъэщыну гъуэгуанэ хьэлъэхэм зрапщыту щIадзэри, я мурадым я Iэр трагъэхуэф мэхъу.

Абы и щапхъэу аргуэру фигу къэдгъэкIыжынщ 1829 гъэм и июлым ди деж къыщыхъуауэ щыта Iуэхушхуэр, дуней псом цIэрыIуэ щыхъугъар. Абы ипэкIэ зэи къэхъуатэкъым апхуэдэ: Европэм щынэхъ къурш лъагэ дыдэ Iуащхьэмахуэ цIыху дэкIащ а мазэм. Тхьэхэм я хэщIапIэу къалъытэ а бгы щыгум удэкIыныр щыгъэтауэ, ар уигу къэкIын къудейр щхьэпсыншагъыу ябжырт. А тхьэ IэщIагъэм зупщытыныр къемызэгъыу къащыхъурт. Абы гугъуехьу пыщIахэри къилъыташ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием а Iуэхум зрипщытын мурад щищIам. Быдэуи зыхуагъэхьэзырат а гъуэгуанэ хьэлъэм.

Гъуэгуанэм пыщIа Iуэхугъуэхэр зэхигъэкIыну, иубзыхуну, гупым хэту ежьэнухэр къызэригъэпэщыну и пщэ далъхьэ Кавказым щыIэ урыс зауэлIхэм я дзэпщ генерал Эмануэль. ЗэрегупсысахэмкIэ, гъуэгуанэм техьэнухэм зыщрачыну нэхъыфIу къалъытар Къэрэшей лъэныкъуэмкIэ укъикIыущ. Ар къыщIыхахам щхьэусыгъуэ иIэт: Къэбэрдейр Урысейм гухьагъэжьт, адрей адыгэхэри лъэпощхьэпо къахуэмыхъуным тращIыхьри... КъимыдэкIэ, Кавказ Ищхъэрэм уикIыу Абхъазым узэрыкIуэ хъун лъагъуэ нэхъ кIэщIхэр зыхуэзэр а щIыпIэм и къурш щхьэдэхыпIэхэрат. А Iуэхум щыгъуазэ тыркухэм я зекIуапIэр, абыхэм я лIыкIуэхэр Кавказ Ищхъэрэм нэхъ тыншу къызэрысыр, Iэщэхэр къызэрашэр а къурш щхьэдэхыпIэмкIэ щыпхыша лъагъуэхэрат. Абыхэм я щытыкIэхэри убзыхун хуейти...

Iуащхьэмахуэ щыгу дэкIыным пыщIа Iуэхухэм лъэныкъуэ куэдкIэ егупсысахэт: ахэр ехьэлIат экономикэми, щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэми, альпинизмэми; Iуащхьэмахуэ къедза щIыпIэхэм къыщыкIхэр, узыщрихьэлIэ псэущхьэхэр зыхуэдэр убзыхуным, Балъкъ, Псыжь я къыщIэжыпIэхэр, бгы лъапэхэм щIэлъынкIэ хъуну зыхуагъэфащэ хъугъуэфIыгъуэхэр къэхутэным, нэгъуэщI къинэмыщIхэми. Арат а гупым щIыхагъэхьар щIэныгъэлI, IэщIагъэлI зэмылIэужьыгъуэхэр. ЗекIуэр къызэзыгъэпэщахэр щымыуауэ къыщIокI: абыхэм Къэбэрдейми Къэрэшейми къыщагъуэташ мывэ фIамыщI, дыжьын, бдзапцIэ, нэгъуэщI хъугъуэфIыгъуэхэри зыщIэлъ щIыпIэ куэд.

Ауэ ящIа псом ящхьэу къыщIэкIар игъащIэм цIыхум и лъэ зытемыува Iуащхьэмахуэ щыгур къызэращтаращ. Ар къызэхъулIари хэт? АдыгэлI Хьэшыр Чыларщ. 1829 гъэм июлым и 21-м, сыхьэтыр 10-м Хьэшырым и гъусэу гъуэгу техьат щIэныгъэлIхэу Купфер, Ленц, Майер, Къэрэшейм щыщ Дудов Магомет сымэ, къэзакъ лIы тIощIи ящIыгъуу.

Метр 4270-рэ якIуа нэужь, гъуэгур къатохьэлъэри, цIыху 23-м кърагъэзыхыж. АдэкIэ кIуэфыр Хьэшыр Чылар, Дудов Магомет, Ленц, къэзакъ

Лысенков сымэщ. АрщхьэкIэ Iуащхьэмахуэ щыгум нэмысыфу абыхэми къагъэзэж. А насыпыр къызэхъулIар апхуэдэ гугъуехьхэм япсыхьа, къэзылъхуа щIыналъэм и бын пэж, лIыгъэшхуэ къызылъыкъуэкIа ди лъэпкъэгъу, къэзылъхуахэм я пщIэр Iуащхьэмахуэ елъэгэкIыу дуней псом щызыIэтыфа адыгэлI нэс Хьэшыр Чыларщ. Ар 1829 гъэм июлым и 22-м сыхьэтыр 10-м Iуащхьэмахуэ и къуэкIыпIэ щыгум нэсыфауэ щытащ.

А гъуэгуанэ хьэлъэр зэрызэпачам теухуауэ Купфер итхыжащ: «Чылар, – арат и цIэр а адыгэлIым, – дэ псоми нэхърэ а Iуэхум нэхъ хуэIэзэу къыщIэкIащ: пщэдджыжь щIыIэтыIэр къигъэсэбэпри, зи дунейр уэсылъэу зыхь гъунапкъэр дэр нэхърэ куэдкIэ нэхъ пасэу къызэринэкIащ. Ленц и иужьрей дыдэ къэувыIэпIэм щынэсам, Чылар кърихъэзыхыжауэ щыгум къехыжырт. Абдеж уэсым ткIун щIидзакIэт. Мор уэс щтам тету къурш щыгу дыдэм нэсат... Ар зы сыхьэт псокIэ нэхъ щIэхыуи къэсыжащ ди гупым и хэщIапIэм. ЛIыгъэшхуэ зыхэлъ щакIуэжьти, абы а щIыпIэхэр фIыуэ ицIыхурт, лъагапIэхэм и щыпэдэкIтэкъым...»

Чылар зэрихьа лIыгъэр езым игъэщIэгъуэжу къыщIэкIынтэкъым: зи гъащIэр Iэхъуэу бгылъэхэм щезыхьэкI адыгэлIым апхуэдэ лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэхэр Iэджэрэ игъэунэхуакIэт. Абыхэм уесауэ, укъэзыухъуреихь дунейм и хьэрискхъуэрисхэм фIыуэ ущыгъуазэу щымытмэ, минрэ ущIэныгъэлIми, зыбгъэспортсменышхуэми, Брамтэ къуажэм (Вольнэ Аул) къыщалъхуа Хьэшыр Чылар ищIэфар къызэромыхъулIэныр белджылы къэхъуат дунейпсо альпинизмэм и ехъулIэныгъэхэм я къежьапIэу къэплъытапхъэ Iуэхур къыщыхъуа 1829 гъэм июлым и 22 махуэм. А махуэр дунейпсо тхыдэм дыщэпскIэ хэзытха адыгэлIыр, ар къызыхэкIа лъэпкъыр ягъэлъапIэурэ, фэеплъ мыкIуэдыжынхэри хуащIащ, усэхэр, уэрэдхэр хузэхалъхьащ. Ди щIэныгъэлI Iэзэ, тхакIуэшхуэ Шортэн Аскэрбий и «Бгырысхэр» роман цIэрыIуэми хигъэхьащ Хьэшыр Чылар теухуа IыхьэфI.

Чылар и ужькIэ а лIыгъэзэхэгъэкIыпIэ дыдэм текIуэныгъэ къыщызыхьауэ щытари ди хэкуэгъу Соттаев Ахъиящ. Ауэ балъкъэр щIалэм ар къыщехъулIар 1868 гъэращ. Пэжщ, абы етIуанэуи зрепщыт Iуащхьэмахуэ и къуухьэпIэ щыгум икIи и мурадыр къохъулIэ 1874 гъэм. Ари, Чылар ещхьу, щакIуэшхуэт. ЩакIуэ Iэзэт. Хьэжэбажащэу къуршхэм, бгы лъапэхэм ит зэпытт. Абы и дежкIэ зырикIт уи уэсукхъуэри, уи уэлбанэхэри, уи жьапщэхэри. Соттаевым и лъэр зытемыува къурш щхьэдэхыпIи, лъагъуи, гъуэгуи щыбгъуэтынтэкъым а щIыпIэхэм, ауэ щыхъукIэ, ари хуэIэзэт къэзыухъуреихь дунейм и хьэлхэм, абыхэм уазэрыфIэкIыфыну Iэмалхэм. Езыр гъащIэм быдэу ипсыхьат, лIыгъэшхуи хэлъти, сытми тегушхуэрт.

Хьэшыр Чыларрэ Соттаев Ахъиярэ ядэплъейуэрэ, абыхэм зэрахьа лIыгъэр щапхъэ яхуэхъуурэ, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм спортсменыфI Iэджэ къахэкIащ. Абыхэм яхэтщ дуней псом, Европэм бжыпэр щызыубыда спортсмен лъэщхэр. А цIыху хахуэхэм къагъэлъагъуэ лIыгъэри зыкъомкIэ елъытащ дыкъэзыухъуреихь дунейм къытхилъхьэ гъэсэныгъэхэм, лIыгъэ зехьэным дыкъызэрыхуриджэм, дызэрипсыхьым. Апхуэдэ хэкIыпIэхэр нэсу къэгъэсэбэпын зэрыхуейм шэч хэлъкъым. Дэнэ лъэныкъуэкIи къикIыурэ, гъэмахуэ, щIымахуэ ямыIэу, Iуащхьэмахуэ лъапэ къокIуэ спортсмен цIэрыIуэхэри, лыжэхэмкIэ бгыхэм къыщыжыхьыным дихьэххэри, а спорт лIэужьыгъуэм зыхуэзыгъасэхэри.

Дэ а псомкIи Алыхьыр къыщытхуэупсакIэ, щхьэ къэдгъэсэбэпын хуэмейрэ дыкъэзыухъуреихь дунейм къыдихьэлIэ фIыгъуэхэр? А Iуэхум тэмэму дыбгъэдыхьэу щытмэ, шэч хэлъкъым, дяпэкIи дэ куэду къызэ-

рытхэкIынум Хьэшыр Чылархэри Соттаев Ахъияхэри. Пэжщ, спортым ехъулIэныгъэхэр къыщыпхьын, абы удихьэхын папщIэ, укъэзыухъуреихь дунейм узыхуригъаджэ, къыпхуищIэ къудеймкIэ Iуэхур зэфIэкIынукъым – узыншагъэ, гукъыдэж, зэIузэпэщу узыхэпсэукIын уиIэн хуейщ.

ИтIанэщ уи мурадым уи Iэр техуэным псэемыблэжу ущыхущIэкъунури зи цIэ къитIуа нэхъыжьыфIхэм я гъуэгум адэкIэ щыпыпщэфынури. Абы щыхьэт техъуэ щапхъэхэр щыгъунэжщ ди деж. Псалъэм папщIэ, Чыларрэ Ахъиярэ зэрахьауэ щыта лIыгъэр гъуазэ яхуэмыхъуамэ, Iуащхьэмахуэ щыгум мызэ-мытIэу къихутэу, итIанэ дуней псом щынэхъ лъагэ дыдэ Джомолунгмэ (Эверест) къуршым зрапщытыфыну пIэрэт илъэс 55-рэ зи ныбжь балъкъэр спортсмен лъэщ Ольмезов Абдул-Хьэлимрэ илъэс 28-рэ фIэкIа мыхъуа адыгэ бзылъхугъэ хахуэ Мэз Каринэрэ? Ахэри зи быныр ди лъахэ дахэращ, лъагапIэхэм щыщIэхъуэпсхэм деж гъуазэу, плъапIэу яIэр ди усакIуэхэм, сурэтыщIхэм я творчествэм щагъафIэ ди Iуащхьэмахуэ дахэшхуэраща, Ольмезовымрэ Мэзымрэ абы и щыгум илъэтыкIхэу Эверест къызэрытехутар ди лъэпкъхэр игъащIэ псокIэ зэрыгушхуэн ехъулIэныгъэщ. ДяпэкIи къытщIэхъуэну щIэблэм къыпащэн ухъу апхуэдэ текIуэныгъэхэм. АбыкIэ къигъэхъуапIэ, хъуэпсапIэ хъарзынэщ дыкъэзыухъуреихь ди дуней телъыджэр.

**ТХЬЭГЪЭПСЭУ Анатолэ,**
*философие щIэныгъэхэмкIэ*
*кандидат, доцент.*

*Нарт Сосрыкъуэ и хъыбархэр*

*ЕджакIуэхэм папщIэ Къэрмокъуэ Хьэмид итхыжауэ*

# Къахьар Сосрыкъуэ ихьыжащ

Нартхэ зэщIэшасэри, Гъуд къалэ къащтэн мурад ящIащ. Гъуд къалэ дэмылъ фIыгъуэ щыIэтэкъым, ауэ мывэ сэреиблкIэ къэщIыхьати, пэлъэщакъым нартхэр. МазиблкIэ ебгъэрыкIуащ нартхэр Гъуд къалэ – къахуэщтакъым. Тхьэгурымагъуэм деж кIуащ нартхэр:

– Сыт ди Iэмал, дауэ къэтщта хъуну Гъуд къалэ? – жари.

– Гъуд къалэ къыфхуэщтэнукъым, Батрэз гъусэ фымыщIауэ, – къажриIащ тхьэгурымагъуэм. – Топым ивгъэтIысхьи, Батрэз Гъуд къалэ дэвдзэ. Къалэм дэвдзэмэ, Батрэз къалэ куэбжэр къыIуихынщи, фыдэзэрыгуэнщ.

Батрэз ирагъэджащ, топым ирагъэтIысхьэри, къалэм дадзащ. Куэбжэр къафIыIуихри, Батрэз нартхэр Гъуд къалэ диутIыпщхьащ.

Гъуд къалэ фIыгъуэу дэлъыр къыдахащ нартхэм, зэхэтIысхьэжри ягуэшын щIадзащ. Къалэм къыдахар кърагуэшэкIыурэ, зэгурымыIуэ хъури, зэщыхьэжащ нартхэр.

– Сосрыкъуэ девгъаджэ, Сосрыкъуэ едгъэгуэшынщ, – жаIащ иужьым.

ЛIыкIуэ ягъэкIуащ Сосрыкъуэ деж.

– Гъуд къалэ къыдэтхар къытхуэгуэш, – жраIащ.

– Къалэр къыщыфщтэм сыфхэтакъым, иджы сыт щхьэкIэ сыфхыхьэн? – къахуидакъым Сосрыкъуэ. ЛIыкIуэр къыдигъэкIыжащ.

– Къалэр къыщыфщтэм сыфхэтакъым жери къэкIуэн идакъым, – хъыбар къахьыжащ лIыкIуэм.

– Сосрыкъуэ къытхэмытмэ, мыр тхуэгуэшынукъым. ФыкIуи, къафшэ, езыри здэдгъэгуэшэнщ, – жари лIыкIуэ ящIащ аргуэру.

Щыхагъэзыхьым, Сосрыкъуэ къахыхьащ.

– Фхуэзгуэшынщ, ауэ мы зымкIэ дызэгурывгъаIуэ: пхъэ дзасэ зырыз къафщти, фиувыкI, сыкъыщегуэшэкIкIэ къыспэрыуэ къыхэкIмэ, и нэр ифщI.

– Хъунщ, – жаIащ нартхэм, – дыарэзыщ.

– Фыарэзымэ, нокIуэ! – жери Гъуд къалэ къыдаха фIыгъуэр игуэшын щIидзащ. – Мыр Насрэн ЖьакIэ и Iыхьэщ, мыр Уэзырмэдж, мыри Къанж и къуэм...

Гъуд къалэ къыдаха фIыгъуэм зы щIопщ пагуэжь, зы фэ Iэнэжь, зы псырыкIуэ вакъэжь хэлът. Сосрыкъуэ къегуэшэкIыурэ, щIопщ пагуэжьыр къыхэкIащ. ЩIопщ пагуэжьымкIэ утеуIуэмэ, фэ Iэнэжьым узыхуей фIыгъуэр къытехъуэрт.

– Мыр си шыхъуэжь хуэсхьынщ, – жери Сосрыкъуэ щIопщ пагуэжьыр зригъэтIылъэкIащ.

– Къэтхьар яхьыж, нарт делэхэ! – къыхэкIиикIащ нартхэм ящыщ зы.

ЗэрызэгурыIуати, абы и нэр пхъэ дзасэкIэ иращIащ.

Сосрыкъуэ къегуэшэкIыурэ, фэ Iэнэжьыр къыхэкIащ.

– Мыр си жэмыхъуэжь хуэсхьынщ, – жиIащ Сосрыкъуэ, фэ Iэнэжьри зригъэтIылъэкIащ.

– Къэтхьар яхьыж, нарт делэхэ! – къыхэкIиикIащ аргуэру зы. Абы и нэри иращIащ.

Сосрыкъуэ, нартхэр зэтригъэсабырэжри, къегуэшэкIыурэ, псырыкIуэ вакъэжьыр къыхэкIащ. ПсырыкIуэ вакъэжьыр лъыптIагъэмэ, псы гущIыIум ущызекIуэ хъурт.

– Мыр си мэлыхъуэжь хуэсхьынщ, – жиIащ Сосрыкъуэ, псырыкIуэ вакъэжьыр зригъэтIылъэкIри.

– Ай, нарт делэхэ, къэтхьауэ хъуар яхьыжащ! – къыхэкIиикIащ ещанэр. Абы и нэри иращIащ. Къэнар яхуигуэшри, Сосрыкъуэ шэсыжащ.

– Дэкум хуэдэу дыкъигъэпцIащ: Гъуд къалэ къыдэтхам я нэхъ щIагъуэр Сосрыкъуэ ехь! – жаIащ зи нэ иращIахэм зыкъащIэжа нэужь.

– Фылъежьи, фубыд! – кIэлъагъэпхъэращ Сосрыкъуэ. АрщхьэкIэ щIыхьакъым: псырыкIуэ вакъэжьым иувэри, тIуащIэм дыхьэжащ Сосрыкъуэ.

# УджыпIэ Iуащхьэ

Хъудымыжь Iуащхьэм тегъуалъхьэри жейм хилъэфащ. Жеямэ, жэщибл-махуиблкIэ къызэщыужыртэкъым Хъудымыжь. Сосрыкъуэ, шууэ блэкIрэ пэт, Iуащхьэм жеяуэ телъ Хъудымыжь ирихьэлIащ. Бгъэдыхьэри еджащ – къыхуэгъэушакъым.

– Сэ уэ сыпхурикъункъэ! – жери Сосрыкъуэ Хъудымыжь ипхащ.

Жэщибл-махуиблкIэ жейри, Хъудымыжь къызэщыужащ, къыдэплъейри Сосрыкъуэ къилъэгъуащ.

– Сосрыкъуэ жыхуаIэр уэра? – къеупщIащ пхауэ здэщылъым.

– Сэращ, – жиIащ Сосрыкъуэ.

– СутIыпщыж, лIым мыпхуэдэ иращIэркъым.

– УзутIыпщыжынщ, зы Iуэхутхьэбзэ къысхуэпщIэмэ, – жиIащ Сосрыкъуэ.

– СхузэфIэкIынумэ, пхуэсщIэнщ.

– ПхузэфIэкIынущ. Хы Iуфэм укIуэнщи, Iэнлъэ из шыгъу дамащхьэкIэ къысхуэпхьынщ.

– Къыпхуэсхьынщ, – жиIащ Хъудымыжь.

– Мазэ пIалъэ узот. Сэ мы Iуащхьэм сыщыножьэнущ. Шыгъур къэпхьрэ укъэкIуэжмэ, «ирикъунщ» жысIэху ууджынщ, шыгъу Iэнлъэр уи дамащхьэм зэрытелъу.

– Iэнлъэ дэнэ къисхын?

– Мо жыгейм уеувэлIэнщи, къыхэпхынщ. Уи дамэм теплъхьэнщи, хы Iуфэм укIуэнщ.

– Къыхэсхынщ, – жиIащ.

– Шыгъухьэ укIуэнкъэ?

– СыкIуэнщ шыгъухьи.

– Ууджынкъэ, «ирикъунщ» жысIэху?

– Сыуджынщ.

– Псалъэ къызэптрэ?

– Узот, сутIыпщыж закъуэ.

Псалъэ иригъэтри, Сосрыкъуэ Хъудымыжь итIэтэжащ.

Хъудымыжь жыгейм еувалIэри Iэнлъэ хихащ, ар и дамащхьэм трилъхьэри гъуэгу теуващ.

Мазэ дэкIауэ, Хъудымыжь къигъэзэжащ, Iэнлъэм из шыгъу дамащхьэкIэ къихьри.

– Иджы ууджынщ, – жиIащ Сосрыкъуэ.

Сосрыкъуэ шыкIэ пшынэм дилъэри, Хъудымыжь, Iэнлъэр и дамащхьэм зэрытету, Iуащхьэм дэкIуейри уджын щIидзащ. Жэщибл-махуиблкIэ иригъэтIысэхакъым Хъудымыжь, жэщибл-махуиблкIэ игъэуджащ.

– Ирикъунщ иджы, – жиIащ Сосрыкъуэ, жэщибл-махуибл дэкIа нэужь.

– ПщIэнтIэпсыр къысхэпхуащ, – жери Хъудымыжь етIысэхащ.

– ДяпэкIэ убэлэрыгъынкъым, – жери Сосрыкъуэ ежьэжащ... Хъудымыжь и уджыпIэ IуащхьэкIэ еджэ хъуащ ар Сосрыкъуэ жэщибл-махуиблкIэ щигъэуджа Iуащхьэм.

# Сосрыкъуэрэ Тотрэшрэ

Нартхэ зекIуэ щежьэм, Сосрыкъуэ гъусэ ящIатэкъыми, шэсри якIэлъыдэкIащ:

– Жыжьэ фыкIуэн! – жери.

Гъуэгу здытетым, дзитI зэпэгъуэлъауэ ирихьэлIащ. Зэпэгъуэлъа щхьэкIэ, зауэр зыублэн къахэкIыртэкъым – зыр адрейм поплъэри щысщ, зэрыгъэшынэжащи.

– Дэнэ къикIа дзэ? – щIэупщIащ Сосрыкъуэ, нартхэ яхыхьэри.

– Чынтым къикIащ, – къыжраIащ, – нартхэ дахъунщIэн я мурадщи, зыублэн къахэкIыркъым.

– Сэ яхуэзублэнщ, – жери Сосрыкъуэ дзэм хыхьащ, и бжыщхьэ дыкъуакъуэр ятрикъутэри зэбгрихуащ.

ДзитIри лъэныкъуэ иригъэза нэужь, Сосрыкъуэ «сыщэкIуэнщ» жери

гуэрэныгум ихьащ. Гуэрэныгум ихьауэ, зы фIыцIагъэ къыIэщIэлъэгъуащ Сосрыкъуэ. ФIыцIагъэр шууэ къыщIэкIащ. ЩIэгуауэри зыхищIакъым. Лъежьэри щIыхьакъым. ЩыщIэмыхьэм, къигъэкIэрахъуэри зы теуэгъуэ къикIуауэ шур къыщIэгуэуауэ зэхихащ. ЗэплъэкI и хабзэтэкъыми, Сосрыкъуэ зигъэзакъым, и ши къыжьэдикъуакъым.

КъыщIэгуэуар къылъежьэри, напIэзыпIэм къыщIыхьащ Сосрыкъуэ, къеIэдэкъауэри, уанэгум къридзащ, къыхыфIихуэри, вагъэбдзумиблыр блыпкъкIэ иригъэващ, вэрэвийм я пщIэнтIэпсыр къыпхихуащ. И джатэр кърихри, шу мэхъаджэр къыщхьэщыхьащ:

– Зы хьэ сукIа хуэдэ, узукIынкъэ нобэ, – жери.

– ДумыгъэпIащIэ, – жиIащ Сосрыкъуэ, къэтэджыжри. – Сэ сыхьэкъым, нартым сащыщщ, нобэ ди лъэпкъ яукIыркъым, зыукIами къыщIэкIуэркъым, махуищ пIалъэ къызэт.

– Хьэрэмэ Iуащхьэ зэхудипIалъэщ. ПIалъэм епцIыжыр лIыкъым, – жери шум Сосрыкъуэ къиутIыпщыжащ.

И цыр уауэ, Сосрыкъуэ и анэм деж ихьэжащ.

– Уи фэр пыхьэ-пыкIщ, – жиIащ Сэтэней, Сосрыкъуэ къеплъри. – Уи гур икIагъэххэщ. Сыт къэхъуар, уи лажьэр сыт?

– Къэхъуам ущIэмыупщIэ, – жиIащ Сосрыкъуэ. – Лажьэшхуэ сиIэщ.

– КъызжумыIэмэ, зыслIэжынщ, – жери Сэтэней жыр лэныстэр къищтащ.

КъыщыщIар и анэм хуиIуэтэжащ Сосрыкъуэ, шум махуищ пIалъэ къызэрыIрихари жриIащ.

– Сыт и шыфэлIыфэ шум? – щIэупщIащ Сэтэней.

– Щауэ хужь Iэпщабгъуэщ, – жиIащ Сосрыкъуэ, – бэлэрыгъ зекIуэкIэщ, и щхьэр уэгум етащ, шыуэ зытесыр лъэдакъэ цыджэщ, щхьэщIыдзэ кIыхьщ, шыгъуэ бланащхьэщ.

– Сыгуащэ мыгъуэт, – жиIащ Сэтэней, – узыхуэзар Албэч и къуэ Тотрэшщ. Абы IэщIыхьэ IэщIэкIыжыркъым – уIэщIэкIуэдэнущ.

Сэтэней гузавэри шэщым щIыхьащ.

– Хьэм яшхыжын Тхъуэжьеижь! Хъуэн къебгъэхьри къысхуэпшэжащ си къуэр. Мы лажьэр уэра зи лажьэр, хьэмэрэ тIуми фызэдилажьэ?

– КъалъгулъкIэ сыгъашхэ, – жиIащ Тхъуэжьейм. – Уэзджынищэ къысхэщIэ, пIалъэр къэсрэ и щхьэр къезмыгъэхьмэ, хьэм сегъэшхыж.

Шым Iус иритщ, шхалъэм къалъгулъыр дэз ищIри, Сэтэней Лъэпщ деж кIуащ, уэзджынищэ иригъэщIри, махуищ пIалъэр къыщысым, уэзджынищэр Тхъуэжьейм и сокум хищIащ.

Уэзджынищэр зэщIэжьыуэу, Сосрыкъуэ Хьэрэмэ Iуащхьэ нэсащ. Албэч и къуэ Тотрэш къэсауэ Iуащхьэм тетт.

Уэзджынищэм ягъащтэри, Тотрэш и шыгъуэ бланащхьэм щIитхъуащ.

– Хьэм яшхыжын, пIалъэ зэста шу цIыкIура узыгъэщтар? – жери Албэч и къуэ Тотрэш шыр къыжьэдикъуащ, къыщыжьэдикъуэм шым и жьэр щIитхъри, езыр шыпхэмкIэ къыпыхуащ.

Албэч и къуэ Тотрэшым щхьэщыхьащ Сосрыкъуэ, и джатэ кIэщIыр кърихри.

– ПIалъэ къызэт, – жиIащ Албэч и къуэ Тотрэш.

– Бийм пIалъэ естыркъым: сыщрихьэлIэ си пIалъэщ, – жери Сосрыкъуэ Тотрэш и щхьэр фIихащ.

# ЩIым и IэфIыр

Шу гуп гъусэ ищIри, Сосрыкъуэ зекIуэ ежьащ. Гъуэгу здытетым, къэмэжалIэри, тхьэгурымагъуэм деж еблэгъащ. Тхьэгурымагъуэр къащыгуфIыкIащ:

– ХьэщIэ сиIэщ, – жери.

Тхьэгурымагъуэм лэгъупыIэмпIэ зэфIидзащ, мафIэ щIищIэри, зы лэгъупым зы лы Iыхьэ хилъхьащ, зы лэгъупым хугу Iэбжьыб хикIутащ.

Шу гупыр зэплъыжащ:

– Мыбы щхьэкIэ дыщывмыгъэс, дзэкъэгъуэ зырыз тхуэхъунукъым.

– ДывмыгъэпIащIэ, – жызыIаи къахэкIащ, – зыдмыгъэнщIми, дигу къыщIиубыдэнщ. Гъуэгу дытехьэжмэ, дыгъуэмылэншэщ.

Шу гупыр щысурэ, пIастэр жьэри лэгъупым имыхуэж хъуащ, лыри щывэм лэгъупым из къивыкIащ.

– Мыр дауэ? – ягъэщIэгъуащ шу гупым.

– Сосрыкъуэ дунейм къытехьэн и пэ згъэтIылъауэ лы Iыхьэрэ хугу Iэбжьыбрэ зесхьэрти, аращ фхуэспщэфIар, – къажриIащ тхьэгурымагъуэм. – Сосрыкъуэ дунейм къытехьэмэ, щIым и IэфIыр зэрыщIэкIынур сщIэрти, сыбэлэрыгъакъым.

Шу гупыр тхьэгурымагъуэм деж иришыжри, Сосрыкъуэ гъуэгу техьэжащ.

# Жагъуэгъум хуэфащэр

Сосрыкъуэ яукIын мурад ящIауэ, и жагъуэгъухэр къещэрт. Къещэ щхьэкIэ, зэкъуэхуауэ заIэригъэхьэртэкъым, бэлэрыгъ и хабзэтэкъыми.

ЗекIуэ къикIыжауэ, Сосрыкъуэ нартхэ я Iэхъуэм гъуэгущхьэм щрихьэлIащ.

– Нартхэ я хъыбар къызжеIэ, – жери Сосрыкъуэ Iэхъуэм еджащ.

– Нартхэ я хъыбар сэ дэнэ щысщIэн: махуэм сыIэхъуэщ, жэщым сыхьэдэ хъурейщ, – къыжриIащ Iэхъуэм.

– Нартхэ я хъыбар умыщIэнумэ, гъуэгущхьэм щхьэ утет? – жери Сосрыкъуэ Iэхъуэм хуэгубжьащ.

Алыджхэ я унэм нартхэр зэрыщызэхэсыр игу къэкIыжри, Iэхъуэм жиIащ:

– Нартхэ я хасэщ, жэщибл-махуибл хъуауэ Алыджхэ щызэхэсщ.

– Сыт къаухэсыр? – еупщIащ Сосрыкъуэ Iэхъуэм.

– Къаухэсыр хэт ищIэн, – жиIащ Iэхъуэм. – Сахыхьакъым-сахэкIакъым.

– КIуэ, – жиIащ Сосрыкъуэ, – нартхэ яхыхьи, къаухэсыр къысхуэщIэ.

Iэхъуэр нартхэ яхыхьащ, къаухэсыр зригъащIэри, Сосрыкъуэ къыхуихьащ:

– УзэраукIынщ къаухэсыр.

Алыджхэ я унэм исым я гуахъуэ зырыз ищIри, Сосрыкъуэ Iэхъуэм жриIащ:

– Гуахъуэр хьыи, Алыджхэ я бжэкъуагъым къуэгъэувэ.

Гуахъуэхэр ихьри, Алыджхэ я бжэкъуагъым къуигъэуващ Iэхъуэм.

– Иджы, – жиIащ Сосрыкъуэ, – Алыджхэ тегъази, хасэм мыр яхэдзэ: «Iэдэмрэ уадэмрэ япэ къежьар сыт?»

Iэхъуэм Алыджхэ тригъэзащ, хасэм яхыхьэри яхидзащ:

– Iэдэмрэ уадэмрэ япэ къежьар зыщIэ щыIэ? – жери.

– Iэдэращ, – жиIащ зым. – IэдэкIэ умыубыдмэ, уадэ пхуэщIрэ?

– Уадэращ япэ къежьар, – жиIащ нэгъуэщI зым. – Уадэ уимыIэмэ, Iэдэ пхуэщIрэ?

Нартхэр зэдауэ хъуащ. Зэдауэурэ зэрыгъэплъри, бжэкъуагъым къуэт гуахъуэм епхъуащ, гуахъуэр я зырыз хъурти, зэхэлъэдэжри я щхьэр къызэрекъутэхащ.

Iэхъуэр къахэкIыжри Сосрыкъуэ деж къэкIуэжащ:

– Хуэфащэр къащыщIащ, – жиIащ Сосрыкъуэ. Шэсри, и гъуэгу техьэжащ.

# УIэгъэ щыхъуам

Сосрыкъуэ зекIуэ ежьауэ, уIэгъэ хъуащ. УIэгъэ хъуауэ къигъэзэжри, и щауэгъу деж щепсыхащ. И щауэгъур къелIэлIащ – уIэгъэр хуэгъэхъужакъым. УIэгъэр е щекIуэм, и бысымыр къеупщIащ:

– Сыт уи Iэзэгъуэ? – жери.

– Си Iэзэгъуэр си анэм къыбжиIэнщ, – жиIащ Сосрыкъуэ.

Сосрыкъуэ и щауэгъур Сэтэней деж кIуащ, Сосрыкъуэ и хъыбар хуихьри.

– Шыгъушыпс зэхэфщIи, чейм ифкIэ. Абы хэвгъэтIысхьэмэ, хъужынущ, – къыжриIащ Сэтэней.

– Ар хъункъым, ар къехьэлъэкIынщ, – идакъым Сосрыкъуэ и щауэгъум.

– ЖысIар щIэ, – жери къыдигъэкIыжащ Сосрыкъуэ и щауэгъур.

Шыгъушыпс зэхащIэри чейм иракIащ, чейм итIысхьэри Сосрыкъуэ жэщибл-махуиблкIэ шыгъушыпсым хэсащ.

Жэщибл-махуибл дэкIри, Сэтэней къиIуэхуащ:

– Гу низогъакIуэ, Сосрыкъуэ къысхуэфшэж, – жери.

Гу кIуэцIым гъущI Iунэр хэз ищIащ, я дзэр къыхэпIиикIыу.

Гум кърагъэтIысхьэри, Сосрыкъуэ къашэжащ, гур хьеиху гъущI Iунэр къыхэуэу.

КъыздэкIуэжым, дзапэ уэрэд иридзри, Сосрыкъуэ уIэгъэ кIыжагъащIэри гъущI Iунэри къыфIэIуэхужакъым.

# Сосрыкъуэрэ Тхъуэжьейрэ я тIасхъапIэр

Сосрыкъуэ и щытхъум имыгъаплъэ щыхъум, нартхэ Сосрыкъуэ яукIын мурад ящIащ. Куэдрэ еща, мащIэрэ еща – Сосрыкъуэ и тIасхъапIи Тхъуэжьейм и тIасхъапIи къахуэхутакъым. И тIасхъапIэ къамыхутэмэ, пэлъэщынутэкъым. Уэрсэрыжь деж кIуащ нартхэр:

– Сосрыкъуэрэ Тхъуэжьейрэ я тIасхъапIэр къытхуэхутэ, – жари.

– ДжатэкIи шабзэкIи Сосрыкъуэ фыпэлъэщынукъым, – къажриIащ Уэрсэрыжь. – ФылъежьэкIэ, Тхъуэжьейми фыщIыхьэнукъым.

– АтIэ сыт тщIэнур?

– Жэщибл-махуиблкIэ фыкъыспэплъэ, сэ зыгуэр фхузэIусщэнщ, – жери нартхэр къыдигъэкIыжащ Уэрсэрыжь.

Нартхэр къыдигъэкIыжри, Уэрсэрыжь аргъуейм еджащ. Аргъуейр къэсри Уэрсэрыжь и пащхьэ къитIысхьащ.

– Зэхэпха нартхэ жаIар? – еупщIащ Уэрсэрыжь аргъуейм.

– Зэхэсхащ, – жиIащ аргъуейм.

– Зэхэпхамэ, ежьи, Сосрыкъуэрэ Тхъуэжьейрэ къэгъуэт, я тIасхъапIэ умыхутауэ къыумыгъэзэж.

Аргъуейр Уэрсэрыжь и пщIантIэ дэлъэтыкIащ, махуищ дэкIри, и псэ пыт къудейуэ къигъэзэжащ.

– Къэпхута Сосрыкъуэрэ Тхъуэжьейрэ я тIасхъапIэ?

– Къэсхутащ, – жиIащ аргъуейм. – Тхъуэжьейм и шыкIэ налъэ къыстехуэри, си зы дамэр икъутащ. Си зы дамэ щикъутэм, жьым сыкъэшэсри армыгъуейуэщ сыкъызэрыкIуэжар.

– Сосрыкъуэрэ Тхъуэжьейрэ я тIасхъапIэр сыт?

– Сосрыкъуэ и тIасхъапIэр и куэпкъыщхьэрщ, Тхъуэжьей и тIасхъапIэр и лъэгурщ, – жиIащ аргъуейм.

– Ар дауэ къэпщIа?

– Жеяуэ сащрихьэлIэм, я щхьэм щызублэри, си дыдыр хэсIуурэ я щIыфэр къэсхутащ. Сосрыкъуэ къыщыскIар си пэ дыдэр и куэпкъыщхьэм хэсхуа нэужьщ, Тхъуэжьейр щетхэуар и лъэгум сынэса нэужьщ.

ПIалъэр къыщысым, нартхэр Уэрсэрыжь деж ихьащ:

– Сыт къыджепIэн? – жари.

– ВжесIэн щыIэщ, фхузэфIэкIынумэ, – къажриIащ Уэрсэрыжь.

– КъыджепIэмэ, тхузэфIэкIынум деплъынщ, – жаIащ нартхэм.

– Псыжь адрыщI шурылъэс фыщыджэгу. Шурылъэс къывдэджэгумэ, фызэщиудынурэ Сосрыкъуэ къыфхэкIыжынущ. АпщIондэху Псыжь гъуаплъэ лъэмыж тефлъхьэ, лъэмыжым мафIэ щIэфщIыхьи, вгъэплъ. Сосрыкъуэ къыфхэкIыжрэ лъэмыж гъэплъам къытехьэмэ, Тхъуэжьейм и лъэгур цIынэщи, щIижьыкIынущ. ИтIанэ и ужь фыкъихьэ: езым и куэпкъыщхьэри цIынэщи, Тхъуэжьейр имыIэжмэ, фыпэлъэщынкъэ?

Ар къащыжриIэм, нартхэр Псыжь зэпрыкIащ:

– Шурылъэс дыджэгунущ, – жари.

Сосрыкъуи ираджащ.

Шурылъэс яублэри, Сосрыкъуэ нартхэр зэщхьэщиудащ. Шурылъэсым хэтыху, нартхэм Псыжь гъуаплъэ лъэмыжь тралъхьащ, мафIэ щIащIэри лъэмыжыр ягъэплъащ.

Нартхэр зэщхьэщиудри, Сосрыкъуэ къежьэжащ, Псыжь къыхэпкIэри къызэпрыкIыжащ.

Лъэмыжым техьакъым – нартхэ ебзэджэкIащ.

# ЛIым и пщIыхьэпIэ

ЗылI, зекIуэ ежьауэ жэщ къытехъуэри, епсыхащ. Iуащхьэ ирихьэлIати, шыр илъахъэри, Iуащхьэм тегъуэлъхьащ:

– Нэху сыкъыщекIынщ, – жери.

Сосрыкъуэ зыщIэлъ Iуащхьэрат лIым жэщыр щрихыр. Нэхущым деж пщIыхьэпIэ илъэгъуащ лIым. И нэгу щIокI: Сосрыкъуэ деж ихьэри зы шу еджа хуэдэщ:

– Сосрыкъуэ!

– Сыт ар? – жери унэм къикIащ Сосрыкъуэ.
– Нартхэ ди санэхуафэщ, нытхыхьэ.
– Сыфхыхьэнт, хьэщIэ сиIэщ армыхъу, – жиIэ хуэдэщ Сосрыкъуэ.
– ХьэщIэри нытхэшэ, – къыжреIэ шум.
ХьэщIэр зыщIигъури, Сосрыкъуэ санэхуафэм яхыхьащ. ХьэщIэр жьантIэм дашащ, хьэщIагъэ кърахащ. Сосрыкъуэ Iэнэм ягъэтIысакъым.
Санэхуафэм къахэкIыжауэ къыздэкIуэжым, хьэщIэр Сосрыкъуэ йоупщI:
– Уэр нэхъ лIыфI исакъым нарт хэкум, Iэнэм щхьэ уамыгъэтIысарэ?
– СыщIамыгъэтIысаращ, – жиIащ Сосрыкъуэ. – Нартхэр дунейм щехыжым сэ я ужь сыкъинати, хьэдэIус Iэнэ къысхуэзыщтэн згъуэтыжакъым. Уи унэ уихьэжмэ, зы Iэнэ нэхъ мыхъуми, си цIэкIэ къысхуэщтэ...
ЛIыр абдеж къызэщыуащ, и гъуэгу теувэжри и Iуэху кIэлъыкIуащ, къигъэзэжри и унэ ихьэжащ, пщIыхьэпIэр игу илъти, Сосрыкъуэ хьэдэIус Iэнэ къыхуищтащ.
Абы лъандэрэ заул дэкIауэ, лIыр гъуэгу техьащ. И шыр илъахъэри, Сосрыкъуэ и Iуащхьэм тегъуэлъхьащ лIыр. Нэхущ хъуауэ, пщIыхьэпIэ елъагъу лIым. Сосрыкъуэ и унэм ихьэри зыгуэр еджа хуэдэщ:
– Сосрыкъуэ! – жери.
– Сыт ар? – жиIэ хуэдэщ Сосрыкъуэ.
– Нартхэ я санэхуафэщ, нытхыхьэ.
– Сыфхыхьэнт, си унэ хьэщIэ исщ армыхъу, – къыжреIэ Сосрыкъуэ.
– ХьэщIэри нытхэшэ.
ХьэщIэр здишэри Сосрыкъуэ санэхуафэм хыхьащ. ХьэщIэр жьантIэм дашащ, Сосрыкъуэ хьэщIэм и ижьырабгъукIэ ягъэтIысри санэхуафэр яублащ...
ЛIыр, нэхущым къызэщыужри, игу зэгъауэ шэсыжащ.

# Сосрыкъуэ зэраукIар

Сосрыкъуэ ягъэкIуэдын мурад ящIащ нартхэм:
– Езым дыIэщIэмыкIуадэ щIыкIэ – дывгъэукI, – жари.
И укIыкIэ хъунур къахуэгъуэтакъым, егупсысри.
Удым деж кIуэри жраIащ:
– Сосрыкъуэ и укIыкIэ хъунур къытхуэщIэ, – жари.
– КъыфхуэсщIэнщ, – къажриIащ удым. – Хьэрэмэ Iуащхьэ евджи, шурылъэс фыдэджэгу. И тIасхъапIэр сэ къэсхутэнщ.
Сосрыкъуэ Хьэрэмэ Iуащхьэ ираджащ:
– Шурылъэс дыджэгунущ, – жари.
Сосрыкъуэ шэсри дэкIащ. ЗдэкIуэм дидзыхри, и хэгъэрей деж дыхьащ.
И хэгъэрейм еджащ. И хэгъэрейр унэм истэкъым.
– Къыдыхьэжыху сыпэплъэнщ, – жери Сосрыкъуэ епсыхащ.
Епсыхауэ куэбжэр щыIуихым, гъэщIэгъуэн елъагъу: пхъэрыгъажэм хьэлэ папщIэу зы лIыжь цIыкIу дэлъщ. Сосрыкъуэ щыIэбэм, лIыжь цIыкIур кIуэдыжащ. Унэм щIыхьэмэ – жьэгум зы фызыжь цIыкIу дэсщ, кIэгъуасэ защIэ хъуауэ. КъызэрыIэщIэлъэгъуа нэхъ хэлъакъым: Сосрыкъуэ бжэщхьэIум щебакъуэм, фызыжь цIыкIур кIуэдыжащ.

Илъэгъуар игъэщIагъуэу здэщытым, Сосрыкъуэ и хэгъэрейр къыдыхьэжащ.

– Сыт гъэщIэгъуэн, – жиIащ Сосрыкъуэ, – куэбжэм сыкъыщыбгъэдыхьэм, пхъэрыгъажэм хьэлэ папщIэу лIыжь цIыкIу дэIуауэ слъэгъуащ, унэм сыкъыщIыхьэмэ – жьэгум зы фызыжь цIыкIу дэсти, си напIэр дэсхьейуэ къесхьэхыжыху, тIури кIуэдыжащ.

– Удыр уи ужь къраутIыпщхьащ, – къыжриIащ и хэгъэрейм. – Нобэ гъуэгу утемыхьэ.

– Нартхэ къызагъэджауэ Хьэрэмэ Iуащхьэ сокIуэ – дауэ згъэзэжын? – идакъым Сосрыкъуэ.

– Умыгъэзэжынумэ, гъуэгум узыщрихьэлIэр къыумыщтэ.

– Хъунщ, – жери Сосрыкъуэ и хэгъэрейм деж къыдэкIыжащ. Гъуэгу техьэжауэ здэкIуэм, гъуэгум зы лъахъэ щрихьэлIащ. Зыщригъэзыхым, и хэгъэрейм къыжриIар игу къэкIыжри, лъахъэм блэкIащ. Лъахъэм блэкIри зы теуэгъуэ икIуауэ, аркъэн ирихьэлIащ. Аркъэнми блэкIащ, хэгъэрейм къыжриIар игу илъти. КIуэурэ, дыщэ таж ирихьэлIащ.

– Лъахъэми сыкъыблэкIащ, аркъэнми сыкъыблэкIащ, дыщэ тажым сыблэкIынкъым, – жери, Сосрыкъуэ дыщэ тажыр къиищтащ, дыщэ тажыр зыщхьэригъэсри Хьэрэмэ IуащхьэкIэ иунэтIащ.

Хьэрэмэ IуащхьэкIэ иунэтIауэ здэкIуэм, Сосрыкъуэ жиIащ:

– Шы и лIыгъэрэ лIы и лIыгъэрэ щагъэунэху махуэщ нобэ, Тхъуэжьеижь. ЗекIуэми дыхэтащ, Iэджэми дыпэщIэхуащ. Сыт къысхуэпщIэфын нобэ?

– Зыш хузэфIэкI пхуэсщIэнщ – губгъуэм укъыщизна къэхъуакъым. Абы и гугъу думыгъэщI, фIы къыдэкIуэнукъым, – къыжриIащ Тхъуэжьейм.

– Щхьэ удзыхэрэ, хуэмыху? – ещащ Сосрыкъуэ и шым. – Нобэ пхузэфIэкIынур сымыщIауэ шурылъэсым дауэ сахыхьэн?

– Мывалъэ сыхэмыхьэмэ, къысщIыхьэн къэхъуакъым, – жиIащ Тхъуэжьейм.

– Сэри сахуэгъэзащ нартхэ, – жиIащ Сосрыкъуэ, – жаншэрхъым куэпкъкIэ къеуэ жамыIэ закъуэмэ.

Ар жиIа къудейуэ, Сосрыкъуэ дыщэ тажыр щхьэщылъэтри кIуэдыжащ.

Сосрыкъуэ Хьэрэмэ Iуащхьэ нэсащ.

Нартыжьхэр Iуащхьэм тетщ. Сосрыкъуэ щынэсым, къегуоуащ:

– СосрыкъуапцIэу лIы фIыцIэ гъущIынэ, натIэкIэ къеуэ! Хьэрэмэ Iуащхьэ жаншэрхъ кърагъэжэхащ. НатIэпэкIэ еуэри, Сосрыкъуэ жаншэрхъыр Iуащхьэм дрихуеижащ.

– БлыпкъкIэ къеуэ! – жари кърагъэжэхыжащ жаншэрхъыр. БлыпкъкIэ еуэри, жаншэрхъыр Iуащхьэм дрихуеижащ Сосрыкъуэ.

Удыр къэсащ, Сосрыкъуэрэ Тхъуэжьейрэ я тIасхъапIэр къиихьри.

– КуэпкъкIэ къевгъауэ! – къажриIащ удым.

– ЛъапэкIэрыхъ-жэмыхъуэрылъху, куэпкъкIэ къеуэ! – жари жаншэрхъыр Хьэмэрэ Iуащхьэ кърагъэжэхащ нартхэм.

КуэпкъкIэ щеуэм, Сосрыкъуэ и куитIыр жаншэрхъым пихащ.

Тхъуэжьейм зридзыжащ Сосрыкъуэ, щIопщ уэгъуэ щрихым, шым зричащ, арщхьэкIэ шым и гъуэгум мывэщыкъуей къытракIутауэ къыщIэкIри, хуэкIуа щыIэкъым – и лъэгур мывэм къиуIэри зыщIэтIысыкIащ. Сосрыкъуэ уанэгум къихури лъым хэджэлащ.

Нартхэр къылъежьэри къыщIыхьащ.

Сосрыкъуэ и лъыр мыпцIэ щIыкIэ, нартхэр гуоуащ:

– ЛIыхъужьылъ хэт ефэн? – жари.

Ныбгъуэр къэлъэтащ. Сосрыкъуэ щыIуплъэм, лIыхъужьылъ ефэн идакъым ныбгъуэм:

– Сосрыкъуэ илъ сефэнкъым! – жери.

– Си щIопщ тхьэмпэм и макъыр уи дамитIым я макъ ухъу! – жери Сосрыкъуэ ныбгъуэм кIэлъыджащ.

– ЛIыхъужьыл хэт ишхын? – гуоуащ нартхэр.

Дыгъужьыр къэсащ. Сосрыкъуэ щилъагъум, дыгъужьым жиIащ:

– Сосрыкъуэ ил сшхынкъым!

Ар жери, дыгъужьым IуигъэзыкIыжащ.

– Си гуащIэ блы изощIыкIри, и зы бланэ пхызолъхьэ, – кIэлъыджащ Сосрыкъуэ дыгъужьым. – Уилъмэ, лIыхъужьыгу пкIуэцIылъу, къэбгъэзамэ, фыз хуэдэ укъэрабгъэу уи гъащIэр ухь!

– ЛIыхъужьылърэ лIыхъужьылрэ хэт зыIуигъэхуэн? – джащ нартхэр.

КъуанщIэр къэсащ. Сосрыкъуэ и бгъэгум итIысхьэри:

– Сосрыкъуэ илърэ илрэкъэ игъащIэм си нэ къызыхуикIыр! – жиIащ къуанщIэм, Сосрыкъуэ и лъым хэфщ, и куэ лыпцIэр кърichри лъэтэжащ.

– IукIэ укIэцIу, тхыцIэкIэ угъуалъхьэу укъынэ! – кIэлъыджащ Сосрыкъуэ къуанщIэм.

Сосрыкъуэ псэууэ щIатIэри, и жагъуэгъухэр зэбгрыкIыжащ.

Гъатхэр къихьэмэ, щIы щIагъым гурым макъ къыщIоIукI – ар Сосрыкъуэщ: къызэфIотIысхьэж, ауэ щIы щхьэфэр къыхузэгуэчыркъым.

# Хъуэжэ и Куэбжэ

НАЛО Заур

## Iилэ и шыплIэпылимотыжьыр

Уэлэхьи, щIалэ, дэри, зыдмыгъэпIий щхьэкIэ, пэкIэ псы дефэу дыхэмыта а зауэ кIуам! Сэри жысIэжын си куэдыкIейщ, псалъэ кIыхь сфIэфIкъым ахъумэ. Ухуеймэ, уи фIэщ щIы, ухуэмеймэ, умыщI, ауэ, Iилэ жаIэмэ, и щхьэфэцыр мытэджу зы нэмыцэ хэтакъым а зауэшхуэм и кIыхьагъкIэ. Си шыплIэпылимотыр згъэуа нэужь, «уэлэхьи, ар зи шыплIэпылимот гъэуэкIэр Iилэм!» — жаIэу адэкIи-мыдэкIи сыкъыщацIыхурт. «Си фэеплъу зехьэ!» — жиIэри Бидоным къызитауэ арат а шыплIэпылимотыр.

НтIэ, йоуэр аби, къэрал гъунэм дыкъыщрагъажьэри, пирот жаIэм дыкърагъэкIуэтым, пирот жаIэм дыкърагъэкIуэтурэ, Днепыр жыхуаIэ псыжьым дыкъэсащ. Ди ротэм и зэхуэдитIырат къэнэжари, псым къикIщ аби, пэзицэ гъэхьэзырам зытрагуэшащ; сэ си шыплIэпылимотыжьыр хьэлъэIуэти, яужь сыкъинауэ сыкъэсри, Днепыр пхъэ закъуэ лъэмыж телъти, сыкъикIащ. СыкъикIри, сыкъэувыIэщ аби, тхьэ сIуащ:

— Тхьэр нахуэу зыгъэпцIа IилэкIэ фыкъызэджэ, сэ а гъуэгу мыгъуэ ежьа нэмыцэм зы хэщIыныгъэшхуэ яхэзмылъхьауэ мы лъэмыж кIапэр сыутIыпщым! — жысIэри.

Апхуэдэу тхьэ сIуэри, си шыплIэпылимотыжьыр къызэфIэздзэщ аби, дзэ фIыцIэ къакIуэм сахэплъэу сытIысащ. Ротнэм сыкъилъыхъуэри, сыкъыщимыгъуэтым, Iэкопэм зэриту къоджэ:

— ШыплIэпылимотчик Iилэ, нэ пэзицэм! — жи.

Сэ си тхьэкIумэм цIыв изгъэпцхьащи, цIутI жысIэркъым.

— ШыплIэпылимотчик Iилэ! — жери, къоув аби, къоджэ.

Зызгъэхъейркъым.

— Тэварыщ Iилэ! — жери ещанэуи къоджэ.

ЦIутI щыжызмыIэм, «уэлэхьи, шыплIэпылимотчик тэварыщ Iилэ псэужу къыщIэкIынкъым, ахъумэ зыгуэркIэ зыкъыдигъэщIэнтэм!» — жаIэри, ротэр иувыкIщ аби, Iэгу ущIакIэ дыуэ къыстращIэри, щхьэж и пIэ итIысхьэжащ.

АпщIондэху дзэ фIыцIэри къос. Къэсыр пхъэ закъуэ лъэмыжым къытохьэри къокIуэ, къыкIэлъысыр къыкIэлъытоувэри къыкIэлъокIуэ, сэри цIутI жызмыIэу къызогъакIуэ. КIапсэлъэрышэу къыздэкIуэм, сэлэт пашэр лъэмыж кIапэм къызэрысу и натIэгум изубыдэри сеуащ — абы и

натIэм техуа шэр яужь дыдэ къитым и щхьэпхэтIыгумкIэ щыпхыкIыжри, фриц защIэу щитIым щIигъун къытехьат а пхъэ закъуэ лъэмыжми, псэ зи Iэдэм къытемынэу, псори псым хэхуащ, жьгъумпI жиIэу. ЕтIуанэ гупыр къытехьэри, ар дыдэр ясщIащ. Дыдейхэм сызэрыпсэур къагурыIуэри, ягу къызэрыгъуэтыжахэу, мэкIий, мэгуфIэ. Апхуэдэурэ си шыплIэпылимотым зы пIэтIрон къимынэжыхукIэ, а лъэмыжым къытехьэу хъуар езгъэпсыхащ.

ШыплIэпылимотышэр сыуха нэужь, сыкъэтэджрэ сыплъэмэ, нэмыцэм я кIэр щиухыр умылъагъуу къокIуэ.

— Е гъуэгу мыгъуэм ежьэн, мыпхуэдиз фрицыр къыздикIыр дэнэ! — жысIэри, лъэмыжым къикIхэм сапэуващ, Iэ ижьымкIэ сэшхуэр сIыгъыу, Iэ сэмэгумкIэ мозыр кIэрахъуэр сIэщIэлъу. Къэсым сеуэм, и щхьэр пызгъэхуурэ, си сэшхуэдзэмрэ сэшхуэ тIыгумрэ зэхуэдэ хъужыху, сризэуащ. ПимыупщIыжыххэ щыхъум, сэшхуэр хыфIэздзэри, мозыр кIэрахъуэмкIэ сахэуэу щIэздзащ: зэ сыуэм, зыбгъупщI зэуэ псым хэхуэрт, жьгъумпI жиIэу. ПщIэнтIэпсыр къыспыхуу сешауэ, си кIэрахъуэшэри сыухауэ нэмыцэм къэкIуэн щагъэтащ.

Сэ фашистыдзэр сIэщIэуха си гугъа щхьэкIэ, аратэкъым; Iэказивэицэ, къэхъуауэ мы дзэр зымыгъакIуэр сыту пIэрэ жаIэри, кIэгъуанэжьыр къагъакIуэри сурэт ттырагъэх, сурэтыр Гитлер щрагъэлъагъукIэ, занщIэу сыкъецIыху. СыкъецIыхур аби, къахогубжьэ, къахогъуагъуэ:

— Сыхьэт мыгъуэм ежьэн инэрал гуп, мы псы икIыпIэм деж къэтIысауэ къыIусыр шыплIэпылимотчик Iилэщ! — жи. — Мыбдежым си дзэр евгъэзэуэу щIыIувгъэкIуадэр сыт? КъыIуфшыж иджыпсту! — жиIэри Iуригъэшыжауэ арат.

Сэ а псор дэнэ щысщIэнт абы щыгъуэ, «шыкурыр азалыхьым ейщ: сыуха хуэдэщ мы гъуамэхэр!» — жысIэри, сытIысри зызгъэпсэхуащ. Сышха-зызгъэпсэхуа нэужь, сигу къокI: «уэлахьэ, мы нобэ къысIэщIэукIар бжамэ хъунтэм: хэт ищIэн, псэууэ дыкIуэжмэ, тIуэтэжынщ», — жысIэри, сыкъэтэджщ аби, псым кIартIузу тесыр, къамышыпэкIэ сытеIэбэурэ, збжащ: псым IуихамрэщIилъэфамрэ зыхуэдизыр Тхьэм ещIэ, ауэ, ахэр хэмыту, пыIэ миниплIрэ пыIэ щиплIрэ пыIэ плIыщIрэ пыIиплIрэ псым кIэрахъуэу тесу къэзбжащ. Си гъусэхэм яукIар псым адрыщI щызэтелъти, ар хэзбжакъым, ауэ ари мы сэ сыукIам къызэрыкIэрыху щIагъуэ щыIэтэкъым.

# Iилэ «Емынэ Шу» къызэрыфIащар

Йоуэри, щIалэ, зауэм дыздэщыIэм, махуэ хуабэти, зызыкъуэздзэн жьауапIэ сымыгъуэту, си Iэкопэжь тIэкIур нэхъ кууIуэу къистхъури ситIысхьэжащ. Нэмыцэр зэ Iэтакэ къакIуэри, фIыуэ дыубэрэжыщ аби, етхужьэжауэ иджы етIуанэ къэкIуэгъуэм дежьэу арат.

Сыздэщысым, сигу къокI: «Уэлэхьи, мыбыхэм щIэх зыкъаужьыжу къытрамыгъэзэжын», — жызоIэри, си шыплIэпылимотыжьыр зэпкърызох згъэкъэбзэну. Зэпкърызох аби, фэтыджэным хэслъхьа къудейуэ, Iэуэлъауэшхуэ къоIу. Сыкъыдэплъеймэ — «тигр» жыхуаIэ танкыжьым хуэдэ зы емынэ си занщIэр иIыгъыу къопщ...

А зинэкIэ къалъхуахэм я разведкэр фIыуэ лажьэрт. «Iилэ и шыплIэпылимотыр зэпкърихри фэтыджэным хилъхьауэ хэлъщ», — жаIэри, Гитлыр деж нагъэсати, унафэ къахуещI: «Iилэ фыукIын фи гугъэххэмэ, иджы нэхъ укIыпIэфI фихуэжынкъым, — жери. — Евушт зы «тигри» евгъэпIытI!» — жи.

«Iыхьы-ы иджы, шыплIэпылимотчик Iилэ янэр дэ хуэдмыгъагъмэ, тхьэр зыгъэпцIа фрицыр дэращ!» — жаIэри, танк нэхъ бзаджэIуэ къыхах аби, срагъэпIытIу загъэпсэхужын я гугъэу къаутIыпщ. КъокIуэ иджы ар гъунэгъу къэхъуауэ, сэри соплъ сщIэнур сымыщIэу. ПцIыр хьэрэмкъэ, мис абдежым тIэкIу сыкъэгузэващ: си шыплIэпылимотыр схузэпкърылъхьэжынутэкъым, ар къэсыху. «Сыту Iейуэ сыушыпIыртIэхъут нобэ!» — жысIэри, нэгъуэщI Iэмал сиIэжтэкъыми, си гъуэмбым зисIубащ. Танкыр къэсщ аби, си гущIыIур зэригъуэту, зигъэкIэрахъуэщ — зриIуэнтIыхьри:

— Тхьэр нахуэу игъэпцIащ иджы тэварыщ Iилэ къэмытэджыжмэ! — жиIэри, сипIытIа и гугъэу, игъэзэжауэ цIыву мэкIуэж, ордин пэплъэу. Сэри си щхьэр къэсIэтри:

— Сэ фэ фхуэфI иджы сымыхъумэ, тхьэр зыгъэпцIа IилэкIэ фыкъызэджэ-тIэ! — жысIэри, сеIэщ-сепхъуэщ аби, си шыплIэпылимотыжьыр къызэфIэздзэжщ, цIыву кIуэж танкым и пхэм изубыдэри, шэ закъуэкIэ сеуэ мыгъуэщ аби,.. Алыхьри уэри фызгъэпцIакъэ, апхуэдизкIэ зэпкърызудат ари, танкыр здэщытам деж сабэ Iэтэ фIэкIа щызгъуэтыжам!

Нэмыцэм я гугъаращ танкым катушэ еуэу икъутауэ. Сэ сызэрыщымыIэжым шэчи-шубыхьэи къытрахьэжыртэкъыми, куэд дэмыкIыу дзэ фIыцIэу къожьэ:

— ШыплIэпылимотчик Iилэ щахэмытыжкIэ, дэ сэвецкэм яхуэфI дыхъункъэ! — жаIэри.

Гъунэгъуу зыбгъэдэзгъэхьэщ аби, сахэуэр езгъажьэри, хьэдэ лъэмыж исщIыкIа нэужь — дыкъацIыхужынтэкъэ си шыплIэпылимотымрэ сэрэ! — къэнам заублэрэкIри ягъэзэжащ, нэмыцэкIуэдыр къытхуокIуэ жаIэри.

Плъагъурэ абы я сагъызыр вэнвейм зэрыхэхуа? «Iилэ танккIэ тпIытIащи, къэувыIэ диIэнукъым, пщэдей ичынды нэмэзыр Iурал гупэм щытщIыну укъыдогъэгугъэ!» — жаIэри Гитлырым хуатхауэ къыщIокI. «ЕIым-еIыж, сэ сыкъэвгъапцIэщ, си дзэр щIым и пцIанапIэм ифшэри къызэтревгъэукIащ!» — жиIэри, инэрал защIэу инэрал пщыкIуплI езы

Гитлыр и Іэ цІынэжьхэмкІэ итхьэлэжащ. Адрей къэнар — инэрали Іэфицари! — сэлэт къабзэу иукъэбзыжщ аби, къызиуштащ: «Мазэ пІалъэ фызотри, Іилэ е псэурэ и пашпортыр иІыгъыу, е и щхьэр пыупщІарэ щхьэцыкІэкІэ фІыгъыу къысхуэвмыгъэсмэ, фыслІынщ-фысшхынщи, фи къупщхьэхэм сыщІэфыжынщ!» — жиІэри.

Арати, мо насыпыншэ къомыр зэхотІысхьэри, жэщищ-махуищкІэ я Іэдакъэ я жьэпкъыпэм щІэгъэкъуауэ мэгупсысэр аби, къагупсысаращ: «Девгъауи, — жаІэ, — мы Іилэ хуэзанщІэр щІы щІагъкІэ щІэдвгъэтІыкІи, жэщу иредгъэхьэлІэнщи, къитлъэфэнщ аби, ажэжьым хуэдэу, чачэу къэтлъэфынщ: ар псэуүэ а ди нэ закъуэм и пащхьэ идгъэувэмэ, къэхь къурІэн, ди инэралыгъэри, ди Іэфицарыгъэри, ординрэ чресу тхичыжахэри къыдимытыжмэ!» — жаІэри.

Ар сэ сыткІэ сщІэнт? СщІэркъым. Мазэ псокІэ фрицым цІутІ жамыІэу щысащ, дагъэбэлэрыгъыу. Нэмыцэр къызэрымыуэрэ нобэ мазэ ирокъу щыжысІэм, Іэуэлъауэ гуэрхэр зэхэсхыу щІызодзэ. Сыдоплъейри — сэмэлот къакІуэркъым, зызоплъыхьри — дзэми загъэхъейркъым. Іэуэлъауэр къыздикІыр къызгурыІуэркъым. Бел макъ, кІыркІ макъ хуэдэу къысцохъу. «Уэлэхьи, мыр сэ сыщыгугъэм щыщыІэ хуэмыдэ, мыбы зы емынэ ягу иралъхьауэ арамэ!» — жызоІэри, полъкум сопсалъэ — цІыху згъуэтыркъым, дивизым сопсалъэ — псэ зи Іэдэм згъуэтыркъым, штаб Іармэм сопсалъэри — командушэр къыІуохьэ: Узыхуейр сыт? — жи. — Щхьэ думыгъэлажьэрэ?

Ар жиІэ щхьэкІэ, жейбащхъуэ макъщ: Іилэ къоджэ щыжаІэм, гузавэри къыщылъэтауэ арат, армыхъуамэ нэху щыхукІэ пырхъыжу хэлъынут.

— ФыщІэзмыгъэлажьэращ, — жызоІэ, — мы зинэкІэ къалъхуахэм зы мурад мыгъуэр ящІащ.

— ЛІо, — жи — ящІар?

— Уэлэхьи, абы ящІа мурадыр сэ къызжамыІа, ауэ мысыхьэткІэ си лъабжьэр щІатІыкІыу ара къудейщ.

— АтІэ сыт уи унафэр? — жи.

— Си унафэращ, — жызоІэ, — хьэлъэзешэу грузэвич зытІощІырыпщІ къэвгъакІуэ, сэлэт плІырыплІ исуу!

— Дэнэ къисхыу? — жи.

— Уэлэхьи, сэ абы си Іуэху хэмылъ! — жызоІэри, трубкэр тызолъхьэж.

Къэхь къурІэн, сыхьэт ныкъуэ дэмыкІат грузэвич тІощІымрэ грузовичипщІымрэ къыщысам. Абы ирихьэлІэу фрицым я белри, щІыр къызэпхиудщ аби, дунейм къытехьащ. Гъуэгу щІатІыкІам цІыхуитІ-щы зэдихуэн хуэдэу быхъуфІти, я Іэр ягъэкъэбзэжри, езыхэр бзэхыжащ. Куэд дэмыкІыу зы сырыхужь гуэрым и щхьэр къригъэжащ зиплъыхьыну — кърихъэжар сыубыдри, и жьэр сІыгърэ быхъ жиІэ мыхъуу,

къислъэфщ аби, сэлэт къэкIуахэм къайстащ — къайстар япхри афтэнэбилым ирагъэлъэдащ; къыкIэлъыкIуэм зыкъыщыдригъэжейм, аргуэрым и жьэр сыубыдри, къислъэфщ аби, къайстащ — къайстар япхри афтэнэбилым ирагъэлъэдащ...

Тхьэуэ уэрэ дэрэ дызэзыгъэпсалъэ, апхуэдэ защIэу нэху щыхукIэ къислъэфурэ къыIуезмыгъэшам нэмыцэ Iэфицарымрэ инэралымрэ зэщIэлъу! Iэфицар защIэу гулъэ тIощIрэ инэралыжьу гулъипщIрэ хъуащ, къыIуезгъэшар зэхадзыжа нэужь.

НтIэ, зы пщIэ гуэр къыпэкIуэн хуейтэкъэ абы? Штабыр зэхэтIысхьэщ аби, къагупсысаращ — Емынэ Шу фIыдощ жаIэри. Тхьэ дыгъэIэ, а зауэшхуэ екIуэкIам, сэр фIэкIа, апхуэдэ цIэ лъапIэ зыхуагъэфэща зылI къахэмыкIа!..

Фрицхэм я гур кIуэдарэ щIэцIывэжауэ, цым-цым жаIэу зэрыкIуэжым сеплъу си шыплIэпылимотым сыздыIулъым, си дамащхьэм зыгуэр къытоуIуэ. СыкъызэплъэкIмэ — Сталиныр щытщ къызоплъри:

— Уэра тэварыш Iилэ хъужыр? — жи.

— Сэращ, — жызоIэ. — Еблагъэ.

Уэлэхьи, аIэндэху сыкъимыцIыхуа сэ Сталиным!

— Мэлэдец, тэварыш Iилэ! — жиIэри фэеплъу дыщэ чысэ, тутыныр иубауэ илъу, къызитщ аби, IукIыжащ.

Бетэмал, чысэр фронтым щызгъэкIуэдащ, армыхъумэ фэзгъэлъагъунтэкъэ!..

# Iилэ герой щIамыщIар

Ар къыщыхъуар, щIалэ, Iукрайнэращ, Пэлтавэ деж.

Дивизыр дагъэуvауэ Бидонэр къыдэплът. ИщхьэмкIэ къыщыщIидзауэ къехыурэ къокIуэ: хэт щотхъу, хэт еуб, хэти йошхыдэ. Къэсщ аби, Iэдакъэ жьауэ ищIри, къызэплъащ. СыкъимыцIыхужыпIэр иIэт, грэжданыскэм дыздыхэтат, абы Iармэ иIыгъыу, сэ полъку сIэщIэлъу! Унафэ ещI, нафшэ мыр штабым жери. Штабым сашэри дызэбгъэдэсащ, Iэджэ дигу къэдгъэкIыжу, Iэджэм я щхьэфэ диIэбэу... Бидонэр кэняч йофэ, сэ, кэняч сыхуемыфэу, къущхьэ аркъэ софэ. Нэху щыри, дыщызэбгъэдэкIыжым:

— Iилэ, — жи, — иджы сэ пхуэсщIэфыну псом ящхьэу зы Iэщэ емынэ уэстынущи умыгъэкIуэд: ар уиIэмэ, танки къыппэлъэщынкъым, сэмэлоти къыпщхьэщыхьэнкъым, пехотэ-бжьэхуотэми къыуакункъым. Зауэм ухэмыкIуадэу укъезыгъэлын Iэмэпсымэщ ари, хьэлэл пхухъу! — жери зы гаубицэжь цIыкIу сыбгъэдешэ, и пэр шэтвэр нэхърэ мынэхъ кIыхьу.

— Берычэт бесын жесIэри, — гаубицым зыщIэсщIэри пэзицым къэсшащ.

— Мыр дэнэ къыздипхар? — жи кэмэндирым.

— Бидонэм къызитащ.

— ЗэрыпщIынур сыт, нывэ хъурей иплъхьэу уризэуэну?

Абы хэту зы грузэвич къыIуолъадэ, топышэ къысхуешэри. Ар зэрилъагъуу, ди инэралми и гур къызэрогъуэтыж.

Сризэуащ сэ а гаубицыжь цIыкIум куэдрэ. ИджыикI сигъэшыпIыртIэхъуакъым сэ абы, зэ закъуэ фIэкIа.

Зэрыхъуаращ, йоуэри, нэмыцэм я зы Iэтакэр етхужьэжауэ, тIэкIу зызгъэпсэхуну гаубицым зыкIэрызгъэщIар сощхьэукъуэ. Жьы щIыIэ къепщэрти, жьыуэгъуэджэ лъыхъуэу хьэпшыр цIыкIу гуэр къакIуэурэ, мо си топыпэ хуабэм къыхуозэри йопщхьэ. Хьэпшыр къэхуэбэжар Iурех.

Ар сэ сщIа мыгъуэ! Нэмыцэр дзэ фIыцIэу къокIуэ щыжаIэм, сыкъыщылъэтри, топышэр изгъэлъадэщ аби, згъэуащ. Зэрызгъэуарауэ, уафэгум хьэ банэ макъ къыщоIу, цIыхум зыхуахьынур ямыщIэу. Фрицхэм я щхьэщыгум хьэ банэ макъыр къызэрихьэм хуэдэу, мэгужьейхэри, заублэрэкI аби, ягъэзэж. Дэри мыдэкIэ дахэуэм-дахэуэурэ я лъапсэр итхащ.

Зызгъэпсэхуну сытIысри зы тутыныжь сшыхьа къудейуэ, штабыр къоджэри сашэ. Сыздашам Жукуфыр губжьауэ щIэтщ, къокIукI-нокIукI, мыдрей инэралхэри блынджабэм еупсеяуэ щытщ, я псэр IукIауэ. Мис жаIэри сыбгъэдашэ. Жукуфым сыкъызэрилъагъуу къэлыбащ:

— Аркъыми-аркъым, — жи, — уэ хьэпшыркIэ умыузэдмэ, уи топыр зэрыбузэдын умыгъуэту ара? Ди напэр щIытепхыр сыт? — жи — ХьэпшыркIэ мэзауэ жаIэу дунейм щхьэ дытебгъаIуэрэ? Сталиным сриджэмэ, слIо сэ жезбгъэIэнур иджы?

Мис апхуэдэу сыхьэт енкIэ къызэшхыдэщ, къызэшхыдэри, си гаубицыжь цIыкIур стрихыжщ аби, сыкъыщIихужащ:

— ДяпэкIэ жыжьэрэ гъунэгъуу бгъэдэвмыгъэхьэ топ зицIэ! — жиIэри. — Бидонэм сэ сыгурыIуэжынщ, — жи.

Iейуэ си жагъуэ къищIащ сэ абдеж Жукуфым. Сэ абы къызищIар схуемыгъэхыу, тездзэри, Бидонэм деж сыкIуащ:

— Мыращ, си ныбжьэгъужь, Жукуфым схуэмыфащэ къызипэсри, си гаубицыри стрихыжащ, — жысIэри.

Бидонэр хэплъэщ-хэплъэри:

— Жукуфым и гугъу умыщI, — жиIащ. — Ар Сталиным и замщ. Абы ищIа унафэри сэ скъутэну сыхуиткъым. Ауэ, топым къищынэмыщIа, сыт хуэдэ Iэщэ лIэужьыгъуэкIи къызэлъэIу, — жи. — Мор жыхуэпIэу Iэпэ зыхуэпшийр уэстынщ.

Куэд щIауэ сехъуапсэрт сэмэлотми, жесIащ:

— Си шыплIэпылимотыр изгъэувэ хъун хуэдэу зы сэмэлотыжь къызэт! — жысIэри.

Ерэхъу жиIэри, мазэ кIуурц сигъакIуэщ аби, сэмэлотчику сригъэджащ. КIурцыр къэзухщ аби, Iирэдромым сишэри, хэдэ жиIэри, сы-

хигъэдащ. Сэри къыхэсхыфынтэкъэ хъун хуэдэ — къыхэсхащ шагъдий щIэрымыхьэну зы сэмэлотыжь. Бидонэм зыхимыщIыкI Iэщэ лIэужьыгъуэ щыIэ, зэпиплъыхьащ абы лъэкI къимыгъанэу си сэмэлотыр. Зэпиплъыхьри:

— Уэлэхьи, Iилэ, — жиIащ, — а грэждан зауэм щыгъуэ узытеса щолэхъужьым нэхърэ зыкIи мынэхъыкIэ мы къыхэпхар, угъурлы пхухъу! — жиIэри къежьэжащ.

Зы щафтур щIалэжь къуэдзэу къызатати, унафэ хуэсщIащ:

— Мы шэнтхэр къихи хьэуазэ изу илъхьэ! — жысIэри. — Сэ си гъащIэр Iэхъуэ-шыхъуэу къэсхьащи, ар нэхъ созэгъ.

Щабэм дыхэсрэ хьэуазэмэр къытщIихьэу дризэуащ дэ абы мазэкIэ, тхьэмахуэ къэс хьэуазэр зэтхъуэкIыу. ИужькIэ ди сэмэлот закъуэм фIэкIа Iирэдромым къытемынэжауэ, Жукуфыр нокIуэ:

— Сэмэлот дапщэ хьэзыру фиIэ? — жи.

— Зы фIэкIа диIэжкъым, — жаIэ.

— Дэнэ здэкIуар полъку псор? — къызэхеукIэ и нэщхъыр.

— Зауэм ишхащ.

— А гъуэгу мыгъуэм ежьэн, иджыпсту нэмыцэр сэмэлот мину къэлъэтэнущ, ди дзэр зэтребгъэукIэну ара узыхэтыр! — жери дакъэжь мафIэу къызэщIонэ. — Иджыпсту уи гъунэгъу-уи жэрэгъухэм епсалъи къызэгъэпэщ!

Си щхьэуз къызэбгъэпэщыжынт а дакъикъэм — нэмыцэ сэмэлотхэм, къуаргъыдзэм хуэдэу, уафэ лъащIэр яуфэбгъуауэ къокIуэ.

— Уэлэхьи, сэ си нэр къижу сеплъу ди дзэр схуэзтремыгъэукIэн мы гъуэгу мыгъуэ къежьахэм! НакIуэ, минрэ дыхэкIуэдауэ щытми, тлъэкIыр тщIэнщ! — жысIэри, щафтур щIалэжьыр изгъэтIысхьэри, дылъэтащ.

Уафэкум хуэзэу зы пшэ фIыцIэжь итти, ди насыпым кърихьэкIащ жытIэри, дыкIуэщ аби, дыкъыхэтIысхьащ, дэ дыхэплъмэ, къакIуэр тлъагъуу, езыхэр къаплъэмэ, дыкъамылъагъуу. Гъунэгъу къыщыхъум, щафтур щIалэжьым жызоIэ:

— Айдэ иджы, тормэзыр ети уи шыплIэпылимотыр къащтэ!

Дахэуэр едгъэжьэщ абдежи, сызижагъуэным ираущIэ дэ абы етщIар! Зы сэмэлотищэ нэхъыбэ къэнэжагъэнтэкъым, заублэрэкIыу щагъэзэжам, мы дызыIууар Iилэрэ щафтур щIалэжьымрэщ жаIэри. ДакIэлъилъщ аби, дызыщIэрыхьэр къедгъэпсыхым, дызыщIэрыхьэр къедгъэпсыхыурэ, псори къедудыха нэужь, гу лъызотэ, зы тIэщIэкIауэ цIыву зэрыкIуэжым. «УзгъэкIуэжым, тхьэр зыгъэпцIа Iилэр сэращ!» — жысIэри, рулыр сыубыдщ аби, кIэлъизгъэлъащ. Мори мэцIыв, дэри дыкIэлъоIэ, мори мэцIыв, дэри дыкIэлъоIэ, дыкIэлъоIэри-дыкIэлъоIэ — дыщIэрыхьэркъым, дыкъыкIэрохуж.

— Мы тхьэр зэбга гъущIыкIэжьым къыщыщIар сыт? — жысIэри,

сыщыгубжьым, щафтур щIалэжьыр теIэбэри сигъэлъэгъуащ «фэтыджэн кIэнтхъ итыжккъым» — жиIэу къытридзауэ.

«Сэ уэ фэтыджэн щхьэкIэ узыIэщIэзгъэкIмэ, си напэр фIыцIэщ!» — жысIэри хьэуазэр иткудэщ, иткудэщ, къызэщIэзгъаплъэщ аби, изгъэлъри, мысырышмидым бгъурысхуащ. Вожэр щафтур щIалэжьым естри, сыкъикIщ, сэмэлот дамэмкIэ срижэщ аби, сылъэри мысыршмидыжьым и дамэм сытепкIащ. Сызэрытелъэу мысырыжьыр ещIэщ аби, сыкъехуэхыным чутщ иIэжар! Щафтур щIалэжьыр губзыгъэти, и дамэ лъэныкъуэр ныпэщIигъакъуэри, дыкъызэтригъэнащ. Си гур къызэрыгъуэтыжри, мысырым и дамэ гуэрым срижэри... Бетэмалщ сэмэлотчик сырыхужьым сиукIыным иIэжар: и кIэрахъуэ къэгъэпкIар къыщишийм, лъапэкIэ сеуэри IэщIэзудащ, итIанэ и китил пщампIэр сыубыдри, кхъуэ шырым ещхьу, кIийуэ къислъэфщ аби, къезутIыпщхьэхащ. Алыхьым ещIэ абы и Iуэху зэрыхъуар! Сэ абы и пIэкIэ ситIысхьэри, вожэр сыубыдщ аби, къезгъэгъэзащ.

Зы сэмэлоту дылъэтар, сэмэлот щибгъурэ сэмэлот бгъущIрэ сэмэлотибгъур къедгъэпсыхри, сэмэлотитIу дыкъэтIысыжакIэ, тхьэуэ мыр зи къурIэн!

Дешарэ делIауэ дыкъэтIысыжар, уэлэхьи, зы дакъикъэ зызамыгъэпсэхуа.

— Тэварыщ Жукуфыр къоджэ! — жаIэри къэсащ.

Сыт сщIэнт, сытэджри сыкIуащ. СыкIуэщ аби, сыщIыхьэри, къызэрысIуплъэу Жукуфыр Iэнкун хъуащ — сыкъицIыхужат занщIэу! Тхьэм ещIэ абы и гум щыщIар, ауэ иужькIэ и гур къызэрыгъуэтыжри, дахэ къызжиIащ, гирой сригъэщIыну си тхылъхэри иригъэхьат, Сталиным къахуидакъым:

— ХьэпшыркIэ зэуар гирой ящIащ жаIэу ар хъункIэ Iэмал зимыIэщ! — жиIэри.

Уэлэхьи, ар и хэкIыжыкIэу гироим сыхэкIыжам!..

# Кумыщ и къуэмрэ нэмыцэ снайперымрэ

— Еуэри, Хэку зауэшхуэр и гуащIэгъуэу екIуэкIыу арати, сэри псэзэпылъхьэпIэ гуэрым деж сыщызауэрт. Сэ сыснайперти, жыг Iув гуэрым и щхьэкIэм сыхэсу, нэмыцэм я пэзицэр гупсэхуу слъагъуу, сыщыст: пIэтIрон лентIыр езыр-езыру ныдэкIуейуэ сщIати, шэ сыхуэныкъуэтэкъым: зы шэрхъ цIыкIу зэрызгъэкIэрахъуэу лентIыр абы ныдришейрт. Абы щхьэкIэ сэри сигурэ-сищхьэрэ зэтелъ хъурти, нэмыцэдзэм я щхьэр къезгъэIэтыртэкъым: Iэкопэм зи щхьэ къизыгъэжым сеуэрти и щхьэр

фIезгъэхырт, зи Iэхъуамбэ къизыгъэжым сеуэрти, и Iэхъуамбэр фIезгъэхырт. Апхуэдэ защIэкIэ нэмыцэ полку тхьэмахуэ енкIэ Iэкопэм изгъэсащ, емышхэрэ-емыфэу, заукъуэдий мыхъуу, къихьар имыкIыжыфрэ икIари къимыхьэжыфу.

Щызмыгъэбауэм, нэмыцэм зы снайпер мэхъэша яIэти, ар къашэри къыспагъэтIысащ, зы банэ Iув гуэрым хэсу. Нэмыцэ снайперыр къауэм, сэри сыуэурэ тIури дызэрытемыгъакIуэу жэщибл-махуиблкIэ дызэпэщысащ, шэ фийр зэпэддзу. Жэщибл-махуиблым и кIуэцIкIэ си IэфракIэ къэзгъэшыну дакъикъэ сригъэхуакъым; езыми, едзэкъэн дэнэ къэна, псы еIубыгъуэ естакъым. ТIуми ди нэбдзыпэ зэтетлъхьакъым, зедгъэщIу зыдгъэпсэхуакъым. Жэщибл-махуиблым и кIуэцIкIи дияз къэхэшакъым.

ИужькIэ нэмыцэм хуэмышэчыжыххэ хъури, и IитIыр къиIэтщ аби, къэгуоуащ:

— Алыхьри бегъымбарри узогъэлъэIу, зэ а уи фочыр гъэбэяут! — жери.

— Сыт нэхъ узыхуейр, фашист?

— Уа, уэ Кумыщ Хьэжмахъсуд мыгъуэм уримыщIалэу пIэрэ? — жи.

— Так точно! — зызоIэ. — Сытыт нэхъ узыхуейр? — соупщI аргуэру.

— Уэлэхьир Алыхьым и цIэщ, укъэсцIыхуатэкIэ!

— СыткIэ сыкъызэрыпцIыхуар? — согъэщIагъуэри соупщI.

— Уэлэхьи, уи Iэщэ IыгъыкIэмкIэ укъэсцIыхуам! — жи нэмыцэ снайперым. — Уи Iэр кIакхъум щIэплъхьэу уи нэр щыщIэбукъуанцIэкIэ, Хьэжмахъсуд мыгъуэм ещхьыркъабзэ уохъу.

— А хьэмэ къилъхуа, дэнэ уэ си адэр щыпцIыхур? — сыхуолъ, мыбы си адэжь мыгъуэр щицIыхукIэ, предатель гуэру къыщIэкIынщ жызоIэри сигу къокI, хэт ищIэн, зы зэман ди къуажэ дэсыгъэнкIи мэхъу.

— Сэ, — жи, — си адэр япэрей Герман зауэжьым хэту Хьэжмахъсуд мыгъуэм хуэзауэ щытащ. А тIури, уэрэ дэрэ хуэдэу, снайперу зэпэщIэтати, ди адэм къызжиIэгъащ, мы зауэ бзаджэм сыкъыщагъакIуэм: «Уэ уцIыху гъэсащ, фIыуи уеджащ, виший Iэбрэзэвани уиIэщ, мы уздэкIуэм уэ къыппэлъэщын щыIэнукъым, Кумыщ Хьэжмахъсуд мыгъуэм и къуэ закъуэм уримыхьэлIэмэ! Iэмал закъуэ иIэу абы зыпэщIумыгъахуэ! Абы упэщIэхуэмэ, кIэ уиIэщ», — жиIэри, Хьэжмахъсуд мыгъуэм и сурэт сигъэлъагъугъащ, — жи.

— Уэлэхьи, Фриц, уэри лIыгъэ уиIэу укъыщIэкIамэ, ауэ уэ пхуэдэлIым хуэзгъэфащэркъым фашистыдзэм яхэту къэзэуэну! — щыжесIэм:

— Iэлыхь-алыхь, уэлэхьи, си напэжьыр текIтэмэ! — жиIэри, Фрицыр плъыжь хъуауэ къакIуэри, зыкъызитащ, и IитIыр зэрыIэтам хуэдэу.

— Сэри сызыхуейрати, Фрицыр гъусэ къэсщIри, ди штабым сыкъэкIуащ.

— Азалыхьыр согъэпцI лIыгъэшхуэ зумыхьам! — жаIэри Гирой Советский Союз сащIащ.

АрщхьэкIэ си документхэр зауэм хэкIуэдащ, алыхьым ещIэ здэщыIэ!

А штабым Сталиныр къэкIуауэ щIэсу къыщIокIри, си Iуэхур абы деж щынагъэсым, сыщIешэри:

— Мэлэдцы куркужинцы! — жи. — Мыр едапщанэ къулъкъужын щIалэ гирой тщIырэ! Фэр нэмыщIамэ, сыт тщIэжынт дэ! — Си Iэр къиубыдыжри: — Еуэ-тIэ, Кумыщ и къуэ, хьейт жегъэIэ! Зауэр иухмэ дызэхуэзэнщ, иджыпсту емыкIу сыкъыумыщI, сопIащIэ! — жиIэри шэсыжри ежьэжащ.

Зауэр иухщ аби, Германым сыкъикIыжу сыкъыздэкIуэжым, ПащIэм деж сыдэхьащ: слъагъунщ, жысIэри. Сыздыдэхьам, зы цIыхубз къабзэ гуэр матэкIэ — мис а зи кIуэцI къиикIа матэ цIыкIухэм хуэдэкIэ — хугу щIигъэпщу пщIантIэм дэтт; лъэныкъуэкIи, къахьа къудейуэ, къэрэкъурэ пхыр щылът. ЦIыхубзым сыбгъэдохьэри:

— Хэзяныр дэс? — жызоIэри, соупщI.

— Дэсщ хэзянри, неблагъэ! — жи цIыхубзым. — Нэчыхьытх къикIыжауэ, тIэкIу зигъэукIуриящи, къэгъэуш: и гуапэ хъунщ укъызэрыкIуар! — жери бжэр сегъэлъагъу.

СытемыуIуэу, сымынэгъуэщIу сыщIохьэри, и щхьэ тхъуам соIусэр аби, къызогъэуш. СыкъимыцIыхужыпIэр иIэт? Зызэддзщ аби, IэплIэ зэхуэтщIащ. Абдеж хьэгъуэлIыгъуэ къызищIэкIри, жэщибл-махуиблкIэ сигъэхьэщIащ, сигъэлъэпIащ.

— Къанэ, фыз къозгъэшэнщ, унэ дэгъуэ пхуезгъэщIынщ! — жиIэри къызэлъэIуащ, арщхьэкIэ сэр папщIэ ди анэм джэш иригъэдзу къысхуэзэшырт, къыспэплъэрт жэщи махуи, сыкъыхуэнакъым. СыкъыщыхуэмынэмI:

— ЕмыкIу сыкъыумыщI, Кумыщ и къуэ, зауэм рэсхуодышхуэ щытщIащ, хьэгъуэлIыгъуэ-сыт жыпIэми дызэтехуаци, мызэкIэ мы тIэкIур щIалэ ахъшэ пхуэхъунщ! — жиIэри, сом минищэ си жып кърилъхьэщ аби, сыкъиутIыпщыжащ.

## АВТОРХЭМ ПАПЩІЭ

Журналым къытехуа тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къищтэр зэи къытемыхуа, компьютеркIэ тедзэжа тхыгъэхэрщ (дискыр щIыгъумэ, нэхъыфIыжщ).

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэнкIэ хъумэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахар къэгъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 47-26-21 (редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ); 42-42-14 (жэуапыхь секретарым и къалэнхэр зыгъэзащIэ, прозэ); 47-35-32 (публицистикэ); 47-32-94 (оператор, бухгалтерие). Электроннэ адрес:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам сэкъат гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, ООО «Тетраграф».

10 Заказ № 74